

Wungu kanggé
Mranata Cyesang



MANGSA PASKAH 2024

LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH

Samironobaru 77 kompleks LPPS

Yogyakarta 55281

Mangsa Paskah 2024: “Wungu kanggé Mranata Gesang”
Hak Cipta © 2023, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Diterbitkan oleh:

LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal,
Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386

E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,

Website: lpps.or.id

Gantos biaya cetak (dèrèng kalebet biaya kintun) Rp.

Cecala

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan Sinode GKJ dan GKI SW Jateng (LPP Sinode) sowan malih lumantar bahan panggegulang kanggé nggegilut Mangsa Paskah. Ing satengahing mawarni-warni éwah-éwahan menggahing gesang ingkang rikat sanget, kita ngunjukaken panuwun sokur awit Gusti Allah Sang Rama, Putra tuwin Roh Suci tansah nunggil Umatipun. Gusti Allah nunggil gesang kita miwah nggayutaken Umatipun kanggé mranata pagesangan. Awit saking punika, ing taun 2024 punika kita badhé nggegilut Mangsa Paskah lumantar jejer: “Wungu kanggé Mranata Gesang”.

Menawi ing taun-taun sadèrèngipun, LPP Sinode ngginakaken tembung “Paska”, ing taun 2024 punika kawula ngginakaken tembung “Paskah”. Éwah-éwahan punika dipun-tindakaken kanggé ngajak kita sadaya nggegilut bilih ingkang wigatos sanget saking panggegiluting Mangsa Paskah punika underanipun mboten dhateng tembung Paska utawi Paskah, awit kalih-kalhipun mujudaken tembung pertalan saking tembung “*Pesakh*” (kawaos: péсах). Minangka pertalan, kalih-kalhipun sami nggadahi tetales tuwin kaleresanipun, lan bab ingkang wigatos sanget ing sawingkingipun sadaya punika pakaryanipun Gusti ingkang ngluwaré Umatipun saking pangawulan. Ing ngriki dipun-betahaken kadiwasaning pangraos salebetipun nanggapi sadaya prakawis. Kanthi kadiwasaning pangraos punika kita badhé tuwuh tuwin ngalami Gusti Yésus Kristus ingkang wungu ing satengahing éwah-éwahaning punapa kémawon. Gréja utawi pasamuwan badhé ngagem tembung Paska utawi Paskah, sadaya sami-sami nggegilut kaunggulan ing Sang Kristus Yésus.

Gegayutan kaliyan éwah-éwahan, ing bahan punika katingal ugi wonten bédanipun kabandhingaken kaliyan bahan ing taun sadèrèngipun, inggih punika cara kita nggegilut Triduum Paskah. Ing ibadah Kemis Pethak, Jumuwah Adi saha Sabtu Suci, ukaraning berkah ing pungkasaning ibadah mboten dipun-ucapaken. Ukaraning berkah kaucapaken ing Minggu Paskah. Awit saking punika gréja/pasamuwan saget maringi

katrangan dhateng umat. Menawi gréja/pasamuwan badhé nambahi ukaraning berkah, punika ugi pikantuk. Tegesipun, jumbuh kaliyan wewaton kawula, bahan punika saget dipun-éwahi trep kaliyan kawontenanipun (*kontèks*) piyambak-piyambak.

Bahan punika kadamel lumantar panyambutdamel sesarengan ingkang saé saking Tim Mangsa Paskah 2024. Kawula ngaturaken panuwun dhumateng:

1. Pdt. Immanuel Adi Seputro – Bapelsin XXVIII GKJ Bidang Pembinaan.
2. Pdt. Paulus Kristian Mulyono - DPG GKI SW Jateng
3. Pdt. Duta Lumadi Arsanta Tridarmanto - GKJ Ungaran
4. Pdt. Geget Elite Sucining Hyang - GKJ Bogor
5. Pdt. Pradita Noviantoro - GKJ Gondangwinangun
6. Pdt. Rivaldi A.K - GKJ Wisma Kasih Mangunharjo
7. Pdt. Kartini Astuti - GKJ Bekasi
8. Pdt. Yemima Widi Nurani - GKJ Sragen
9. Pdt. Yakobus Dwi Martyanto Saputro - GKJ Banjarnegara
10. Pdt. Gidion Pratama Yoga – GKJ Candirotro
11. Pdt. Yusak Rimanto - GKI Parakan
12. Pdt. Nathaniel Valentino Saleky - GKI Taman Cibunut Bandung
13. Pdt. Cristnandi Putra - GKI Peterongan
14. Pdt. Chiko Kwit Liem - GKI Pahlawan
15. Pdt. Iwan Sukmono - GKI Bojonegoro
16. Pdt. Boas Tarigan - GKI Palsigunung
17. Pdt. Iswanto - GKI Pengampon

mBoten kesupèn, ugi ngaturaken panuwun dhumateng bapak dalah ibu ingkang sampun mijèkaken wekdal mbiyantu mortal bahan-bahan ing buku Mangsa Paskah 2024, inggih punika:

1. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho – LPP Sinode
2. Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto – UKDW
3. Pdt. Uri Christian Sakti Labeti – GKJ Danukusuman
4. Pdt. Mardita G. Kusuma – GKJ Ngempon
5. Pdt. Em. Tanto Kristiono – GKJ Margoyudan

6. Pdt. Lukas Eko Sukoco – GKJ Purworejo
7. Pdt. Indar Prasetyotomo – GKJ Wonosari Klaten
8. Pdt. Wiwik Wulandari – GKJ Gumulan
9. Pdt. Em. Widdwiesoeli MS – LPP Sinode
10. Pdt. Agung Jatmika – GKJ Grobogan
11. Pdt. Hery Windarto – GKJ Gantiwarno

Atur panuwun kawula unjukaken ugi dhumateng Gréja-gréja/Pasamuwan-pasamuwan dalah para mitra sadaya ingkang sampun maringi panyengkuyung kanggé LPP Sinode saé awujud pandonga, daya, redana, punapadéné kawigatosaning katresnan. Sadaya punika kawula raosaken minangka wujud manunggaling manah minangka Sariranipun Sang Kristus.

Saking komplèks Samironobaru nomer 77 Ngayogyakarta, kawula ngaturaken sugeng nyawisaken dhiri kanggé nggegilut katresnan tuwin pakaryanipun Sang Kristus anggènipun nunggil gesangipun umat lumantar Mangsa Paskah 2024. Mugi kita saget ndhèrèk tumandang sesarengan Sang Kristus mranata gesang.

Ngayogyakarta, Wiwitaning Desember 2023
Salam kawula,
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Murtini Hehenussa

Dhaptar Isi

Cecala	i
Dhaptar Isi	v

Bahan Kotbah

Kotbah Rebo Awu	1
Kotbah Minggu Pra Paskah 1	5
Kotbah Minggu Pra Paskah 2	11
Kotbah Minggu Pra Paskah 3	17
Kotbah Minggu Pra Paskah 4	23
Kotbah Minggu Pra Paskah 5	29
Kotbah Minggu Palem	33
Kotbah Kemis Pethak	39
Kotbah Jumuwah Adi	45
Kotbah Sabtu Suci	51
Kotbah Minggu Paskah Wanci Énjang	53
Kotbah Minggu Paskah Wanci Sonten	59
Kotbah Minggu Paskah 2	63
Kotbah Minggu Paskah 3	67
Kotbah Minggu Paskah 4	73
Kotbah Minggu Paskah 5	79

Bahan Liturgi

Liturgi Rebo Awu	85
Liturgi Minggu Pra Paskah 1	95
Liturgi Minggu Pra Paskah 2	103
Liturgi Minggu Pra Paskah 3	111
Liturgi Minggu Pra Paskah 4	121
Liturgi Minggu Pra Paskah 5	129
Liturgi Minggu Palem	139
Liturgi Kemis Pethak	147
Liturgi Jumuwah Adi	155
Liturgi Sabtu Suci	163
Liturgi Minggu Paskah Wanci Énjang	177
Liturgi Minggu Paskah Wanci Sonten	187
Liturgi Minggu Paskah 2	195

Liturgi Minggu Paskah 3.....	203
Liturgi Minggu Paskah 4.....	211
Liturgi Minggu Paskah 5.....	219

Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa

Bahan PKS 1 Mèngeti Rebo Awu	227
Bahan PKS 2 Minggu Pra Paskah 1	233
Bahan PKS 3 Minggu Pra Paskah 2	239
Bahan PKS 4 Minggu Pra Paskah 3	245
Bahan PKS 5 Minggu Pra Paskah 4	253
Bahan PKS 6 Minggu Pra Paskah 5	259
Bahan PKS 7 Minggu Palma	263
Bahan PKS 8 Minggu Paskah	267
Bahan PKS 9 Minggu Paskah 2.....	271
Bahan PKS 10 Minggu Paskah 3	277
Bahan PKS 11 Minggu Paskah 4.....	281
Bahan PKS 12 Minggu Paskah 5	287

Bahan Pakempalan Pandonga

Bahan Pakempalan Pandonga 1.....	293
Bahan Pakempalan Pandonga 2	298
Bahan Pakempalan Pandonga 3	305
Bahan Pakempalan Pandonga 4	311
Bahan Pakempalan Pandonga 5	317
Bahan Pakempalan Pandonga 6	323

“BAHAN KOTBAH”

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*

**KOTBAH
Rebo Awu**

Rebo, 14 Februari 2024

Waosan 1: Yoèl 2:1-2, 12-17
Tanggapan: Masmur 51:3-19
Waosan 2: 2 Korintus 5:20-6:10
Injil: Matius 6:1-6, 16-21

**Wangsula
Malih Ngener
dhateng Gusti**



KOTBAH JANGKEP

“Wangsula Malih Ngener dhateng Gusti Allah”

Ing satunggaling dinten wonten brayat tindak lelana nuju dhateng papan plesiran. Ing satengahing margi, bapakipun dumadakan émut bilih wonten bektan wigatos ingkang kantun. Pun bapak sanalika minggir saking anggènipun nitih titihan, saha ngandika dhateng sadaya tiyang saising titihanipun: “Kita kudu bali manèh menyang ngomah, amarga ana siji gawan wigati kang kita butuhaké kanggo plesir, isih kèri ana ngomah!” Garwanipun mangsuli: “Yaaa... kena apa lagi kèlingan saiki, mangka iki wis olèh separo dalan lo.....”. Anak-anakipun ugi mangsuli: “Iya lo, iki wis olèh separo dalan, menawa kita bali manèh, mengko tekan nggoné plesiran wis kesorèn, mundhut waé bapak?”.

Punika namung satunggaling tuladha lelampahan padintenan ingkang kita alami, kanggé mbalik malih – bali ngener marang asalé – jebul sanès prakawis ingkang gampil. Wonten kathah prakawis ingkang kedah dipun-penggalih, dipun-lelimbang ngantos dumugi ing netepaken pancasan.

Makaten ugi ingkang gegayutan kaliyan iman utawi kapitadosan. Wangsul ngener malih (mratobat) dhateng Gusti Allah (Pangéran Yéhuwah) sanès prakawis ingkang gampil. Punapa malih menawi pandamel kita sampun tebih saking Gusti.

Kanggé wangsul ngener malih – mratobat – dhumateng Gusti, mbetahaken perjuangan ingkang mboten limrah. Wangsul ngener malih dhumateng Gusti ngedahaken ngéwahi enering gesang kanthi mboten wangsul malih dhumateng pepénginan lami amargi badhé gesang manut karsanipun Gusti.

Sesambat kanggé wangsul ngener malih (mratobat) dhumateng Gusti dipun-ngendikakaken déning nabi Yoèl dhateng bangsa Israèl ingkang gesang ing sanjawining karsanipun Gusti. Mloroting wewatekan kelampahan ing pundi-pundi papan. Para pangarsaning umat mboten gesang malih manut karsanipun Gusti. Para pangarsaning umat mboten saged dados patuladhan salebetipun njagi tuwin ngreksa kasucèning gesang.

Ing kawontenan ingkang makaten, Gusti Allah nimbali nabi Yoèl kanggé ngèngetaken Umatipun Allah supados umat punika mratobat. Menawi purun nindakaken pamratobat mesthi paukumanipun Gusti Allah mboten badhé kaetrapaken malih kanggé Umatipun Allah punika. Wonten ing pawartosipun, nabi Yoèl ngajak umat nyumerepi kasunyatan ingkang saweg kelampahan ing satengahing umat. Mangsa ngerak sarta tumempuhing walang ingkang ngrisak pondhasining ékonomi ingkang dipun-alami punika satunggaling pepènget saking Gusti. Sayektosipun wonten bab sanès ingkang dumunung ing sawingkinging kanyatan punika. Menawi umat mboten purun santun kawontenaning gesang, paukuman ingkang badhé dumugi langkung awrat malih saking punapa ingkang saweg dipun-alami. Gegambaran walang punika lambang saking wadya-balanipun Gusti Allah ingkang badhé nempuh kanthi nggegirisi wonten ing dinten-dinten ingkang badhé kelampahan menawi Umatipun Allah mboten èstu-èstu mratobat (Yoèl. 2:11-17).

Nanggapi kawontenan ingkang badhé kelampahan ing wekdal ingkang badhé kelampahan, nabi Yoèl ngajak sadaya pangarsaning agami Yahudi supados nuntun umat sowan ing Ngarsanipun Gusti Allah dhateng pamratobat lumantar ndedonga tuwin siyam (Yoèl 1:13-14). Makaten ugi ingkang dipun-ngendikakakaken wonten ing Yoèl 2:13 “*Atimu suwèken, aja sandhanganmu, sarta mratobata marang Pangéran Yéhuwah Allahmu, déné Panjenengané iku asipat asih lan welasan, gedhé*

sabaré lan lubèr kamirahané, Panjenengané piduwung ing bab paukuman kang karancang”. Punika tegesipun Gusti Allah ngersakaken pamratobat ingkang leres, mboten namung minangka tata lair kémawon, ananging katindakaken saking rumaosing manah ingkang lebet. Umat dipun-ajak kanggé ènget bilih dhirinipun tiyang dosa saha namung Gusti Allah ingkang saged milujengaken gesangipun.

Kitab Suci maringi tuladha sanès menggahing pamratobat kados ingkang katindakaken Sang Prabu Dawud, wonten ing kekidungan Masmur 51:3-19. Sang Prabu Dawud sampun nglampahi dosa dhateng Gusti. Sang Prabu Dawud sampun ngrenggut Batsyéba saking astanipun Uria miwah ngrenggut nyawanipun Uria pisan kanthi kaculikanipun. Nalika Nabi Natan ngèngetaken Sang Prabu Dawud, panjenenganipun ngrumaosi panerakipun. Sang Prabu Dawud nelangsani pandamelipun. Kita ningali sawetawis pitembunganipun gegayutan kaliyan pamratobatipun kadosta: panerak kawula, kalepatan kawula, nglampahi ingkang Paduka galih awon. Pitembungan punika dados gambaran panelangsaning manahipun. Sang Prabu Dawud nyenyuwun supados Gusti karsa mulihaken piyambakipun malih. Sang Prabu Dawud nyuwun supados Gusti Allah ngwijiki panjenenganipun saha nyuwun supados manahipun kabirat tuwin kaanyaraken malih. Sang Prabu Dawud kepéngin supados Gusti Allah sampun ngantos mundhut Rohipun ingkang suci, supados Gusti Allah sampun ngantos nampik panjenenganipun minangka raja kados ingkang naté katindakaken dhumateng Sang Prabu Saul. Sang Prabu Dawud kepéngin Gusti Allah karsa kondur malih dhateng piyambakipun tuwin karenan dhateng Israèl.

Menawi kita mirsani kanthi satiti prosès utawi reruntutaning tumindak pangakening dosanipun Sang Prabu Dawud ing ngarsanipun Gusti, kita saged nyumerepi saiba nelangsani Sang Prabu Dawud menggahing kalepatan miwah dosanipun.

Kanthi makaten, mboten wonten pandamel sanèsipun kanggé milujengaken Israèl kejawi kanthi cara mratobat. Menawi pamratobat èstu-èstu kelampahan, nabi Yoèl ngandika:

“Sapa kang ngreti, bokmanawa karsa mengker lan piduwung, sarta nilari berkah,” (Yoèl 2:14).

Dinten punika kita nindakaken ibadah Rebo Awu minangka wiwitan lumebet ing Mangsa Pra Paskah, inggih punika mangsa kanggé mratobat, ingkang kinanthénan ndedonga, siyam, tuwin dedana utawi sedhekah. Gusti Yésus ndhawuhi dhateng para Murid-muridipun supados ngantepaken wigatosipun resiking/murnining manah ing babagan nindakaken sedhekah, ndedonga, tuwin siyam. Punika dipun dhawuhaken Gusti Yésus dhateng para murid supados para murid mboten nindakaken kados ingkang katindakaken déning ahli Torèt saha tiyang Farisi, ingkang mamèraken lelamisanipun salebeding ngecakaken agaminipun.

Piwelingipun Gusti Yésus cetha: *“Padha diéling, aja padha nglakoni kamursidanmu ana ing sangareping wong, supaya katona ing wong iku, awit yèn mangkono, kowé ora bakal nampa ganjaran apa-apa saka Ramamu kang ana ing swarga.” (Mat. 6:1).*

Lumantar ibadah punika kita badhé nampèni pangoséran awu ing palarapan. Dhawuhipun Gusti punika ugi tumanduk kanggé kita sadaya, inggih punika supados ritual utawi tata upacaraaning agami ingkang katindakaken punika mboten kapenuhan patrap lelamisan, ananging kanthi manah ingkang kebak panelangsa tuwin wangsul malih ngener (mratobat) dhumateng Gusti. Supados kados ingkang dipun-ngendikakaken déning Rasul Paulus mawujud: *“..... supaya aja nganti padha gawé muspraning sih-rahmaté Allah, kang wis koktampa.” (2 Kor. 6:1).* Amin.

(IAS-DEN)



KOTBAH

Minggu Pra Paskah 1

Minggu, 18 Februari 2024

Waosan 1: Purwaning Dumadi 9:8-17
Tanggapan: Jabur Masmur 25:1-10
Waosan 2: 1 Pétrus 3:18-22
Injil: Markus 1:9-15

**Nggesangi
Pakaryanipun
Allah
Inggang Éndah
Ing
Sang Kristus**
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

**“Nggesangi Pakaryanipun Allah inggang Éndah ing
Sang Kristus”**

Nggesangi pakaryanipun Gusti Allah ateges cumawising gesang kita nampèni sadaya inggang saged kelampahan inggang pinanggih ing sanjawining pamanggih kita, amargi kita mitadosaken gesang sawetahipun dhumateng Gusti Allah. Tiyang inggang nyawisaken manahipun katuntun déning Gusti badhé cumawis kanggé ngéwahi punapa inggang dipun-rancang utawi dipun-kersakaken. Ing ngriki dipun-betahaken andhap-asor inggang ngènetaken manungsa, amargi asring puguh dhateng pepénginanipun piyambak. Pitembungan “mustaka séla”, inggang ateges sikap mboten purun ndhèrèk pituturipun tiyang sanès temtu sampun kita tepangi. Tiyang inggang wangkal (*keras kepala*) angèl nampi pamanggihipun tiyang sanès, lan tetep manut pamanggihipun piyambak. Piyambakipun angèl nyambut damel sesarengan tuwin angèl tinarbuka dhateng éwah-éwahan. Ing ngriki kita saged miterang: kadospundi menawi satunggaling tiyang mboten nggesangi pakaryanipun Gusti Allah? Tiyang punika mboten badhé gampil ngraosaken bab-bab inggang saé saking Gusti.

Dinten punika sumangga kita sinau saking sabdanipun Gusti inggang nuntun kita dados inggang nindakaken

sabdanipun Gusti. Nggesangi pakaryanipun Allah ateges cumawis katuntun déning Allah kanggé ndhèrèk kesangkut nindakaken punapa ingkang dipun karsakaken Gusti Allah. Sumangga kita ngraos-raosaken pokok-pokoking panyuraos atetales sabdanipun Gusti:

Kapisan, Gusti Allah maringi prajANJI berkah ingkang éndah kagem Umatipun kadosdéné kaserat wonten ing Purwaning Dumadi 9:11-13:

11 Ingsun nganakaké prasetyaningSun karo sira, yèn sabanjuré bakal ora kelakon manèh makhluk kang urip katumpes déning banjir, lan bakal ora ana banjir gedhé manèh kang nyirnakaké bumi.”12 Gusti Allah banjur nyambeti pangandika: “Iki pratandhané prasetya kang Sundamel ing antaraningSun lan sira tuwin sadhéngah makhluk kang urip kang mèlu sira, nganti turun-tumurun kanggo ing salawasé. 13 KluwungingSun Sunpapanaké ana ing mendhung, iku kang minangka tandhaning prasetyaningSun lan bumi.

Lumantar Prasetyanipun Gusti ingkang kapapanaken kanthi tandha kluwung éndah ing mendhung, umat badhé ènget saiba agunging sih-kasetyanipun Gusti. Amargi wangkoting manahipun manungsa, Gusti Allah ngèngetaken umat ingkang katitahaken kanthi Astanipun piyambak. Gusti Allah ingkang nitahaken punika keduwung krana sadaya pandamelipun umat ingkang duraka ing Paningalipun Gusti (kacundhukna Purwaning Dumadi 6:6). Gusti Allah ndhawahaken paukuman kalawan bena ageng dhateng umat ingkang nampik gesang ing salebeting Karsanipun Gusti. Mila sasampunipun lelampahan bena ageng, Gusti Allah nélakaken Prasetyanipun bilih Panjenenganipun mboten badhé nyirnakaken umat manungsa malih kanthi bena ageng. Gusti Allah sanès pribadi ingkang ngrumiyinaken paukuman, ananging kosokwangsulipun ngutamèkaken katresnan tuwin kawilujenganing umat manungsa.

Prasetyanipun Gusti Allah ingkang nélakaken bilih Panjenenganipun mboten badhé nyirnakaken manungsa kalawan bena ageng punika dados kayakinan (pangandel)

menggah tinarbukaning lembaran énggal kanggé gesangipun manungsa. Kanthi cara pratandha, kita manggihaken bilih menawi badhé jawah deres, mendhung lelimengan dados tandhanipun. Sanadyan kluwung mujudaken tandha telasipun jawah tuwin pepeteng. Lumantar kluwung, Nuh pinaringan tandha tumrap lembaran énggal kanggé gesangipun manungsa. Tandha kluwung punika babar-pindhah dados uleman kanggé wekdal ingkang badhé kelampahan tumrap gesangipun manungsa. Ingkang lami sampun sirna, ingkang énggal sampun dumugi.

Sinten kémawon ingkang nampèni Prasetyanipun Gusti Allah? Prasetyanipun Gusti Allah punika kaparingaken dhateng sadaya tiyang, tanpa kejawi, dadosa dhumateng tiyang-tiyang ingkang nggadhahi sikap leres, punapadéné dhumateng ingkang gesang mboten leres. Mapag prasetyanipun Gusti, punika ngecakaken manah ingkang tansah ngener dhumateng Panjenenganipun. Pangudi ngecakaken prasetyanipun Gusti Allah punika lumantar gesang ing katresnan saha pangapunten. Tumindak punika dipun-lampahi amargi kita badhé nulad Panjenenganipun, mboten miturut pikajengipun jagad. Saben tiyang ingkang ngalami pepanggihan kaliyan Gusti Allah, badhé gesang kanthi welas asih, dhemen ngluwari, ngrumiyinaken pangapunten, mbekta kabingahaning kawilujengan.

Kaping kalih, pisungsung sampurna: total (sakabèhé), kanthi gumolonging manah. Nggesangi pakaryanipun Gusti Allah ingkang Éndah mboten gampil. Awit saking punika, saben muridipun Sang Kristus wajib mangertosi bilih sédanipun Sang Kristus punika sapisan kanggé sadaya dosanipun manungsa. “Sapisan” ateges mboten prelu wongsal-wangsul. Kanthi sapisan punika ugi ateges bilih sadaya sampun tuntas, tumanduk kanggé salajengipun malah salaminipun. Kanggé sinten kémawon, tanpa kejawi, sédanipun Sang Kristus punika peparing sampurna. Peparang punika nggèrèd saben tiyang kanggé misungsungaken gesangipun apatrap total, mboten tanggel-tangel.

Nggesangi pakaryanipun Gusti Allah ingkang Éndah kanthi panebusan tuwin pambirating dosa “sapisan” kanggé

salami-laminipun ngènetaken kita bilih katresnan punika mboten kénging kirang temenan. Katresnan kedah kanthi gumolonging manah. Wonten kathah wewengan kanggé ngecakaken katresnan wonten ing gesang padintenan.

Kaping tiga, cumawis nindakaken bebahan kanthi pacawisan ingkang cekap. Ing ngriki kita saged sinau saking lelampahan anggènipun Gusti Yésus kabaptis. Lumantar baptisan, Gusti Yésus ngepyakaken Idhèntitasipun utawi Tetengeripun. Panjenenganipun rawuh saking Nazarèt ing tanah Galiléa tuwin cumawis gesang kanggé manungsa. Panjenenganipun nélakaken kasaénan kanthi nimbali miwah nuntun saben tiyang wangsul dhumateng Gusti Allah. Lumantar Gusti Yésus, manungsa dipun-ajak pitados dhumateng Gusti Allah ingkang sanget anggènipun nresnani jagad sarta éklas dados kurban kanggé mbekta kita dhumateng Panjenenganipun.

Sasampunipun Gusti Yésus ngepyakaken Dhirinipun saha nampéni baptisan, pinaringan “pasarujukan” saking Allah Sang Rama: “Sira iku Putraningsun kang kinasih” (Mrk. 1:11). Ketingal ing ngajengipun tiyang kathah, Roh pindha peksi dara nedhaki Panjenenganipun. Kathah juru tafsir ingkang nyebat peksi dara punika minangka pratandha alusing bebudèn. Awit saking punika, salebedipun makarya Panjenenganipun nuntun saben tiyang kanthi alusing bebudèn miwah katresnan.

Kanggé nyawisaken Dhirinipun lumebet ing Pakaryanipun ing satengahing jagad, énggal-énggal sasampunipun anggènipun Gusti Yésus kabaptis, Roh nuntun Gusti Yésus dhateng pasamunan kanggé kagodha déning iblis salebedipun 40 dinten. Injil nyariyosaken bilih Gusti Yésus ingkang kapimpin déning Roh ngadhepi kiyating panggodhanipun iblis ing pasamunan. Kajawi kagodha déning iblis, pamanggèné Panjenenganipun ing pasamunan ing antawisipun sato alas déné malaékat-malaékat ngladosi Panjenenganipun.

Panjenenganipun ingkang manggèn ing antawisipun sato alas mujudaken pratandha manunggiling titah wonten ing kawontenan wetahing antawisipun katentreman kaliyan kawontenan mboten tutut. Malaékat-malaékat ingkang ngladosi

Panjenenganipun punika utusanipun Gusti Allah ingkang nyantosakaken. Sasampunipun gemblènganing pasamunan, Gusti Yésus nélakaken rawuhipun Kratoning Allah. Saben tiyang dipun-timbali kanggé ngeneraken gesang dhateng Kratoning Allah punika, saha mboten namung ing ngriki tuwin wonten ngriki kémawon. Punika ingkang dipun-kersakaken menggahing mratobat.

Lumantar lelampahan panggodha, umat dipun-émutaken bilih gesang mboten uwal saking panggodha. Lumantar panggodha, Gusti Yésus wiwit mulangaken kadospundi panggah ing satengahing panggodha tuwin tumemen nyrantos pitulunganipun Gusti Allah. Gusti Allah badhé nunggil saha mitulungi Umatipun.

Keparenga baptisanipun Gusti Yésus nyegeraken malih maknaning baptisan kita. Kita nyathetaken dhiru kanggé siyaga ndhèrèk Gusti Yésus sarta siyaga nindakaken bebahan timbalan kita. Nalikanipun pacobèn tumanduk, sumangga kita sukani makna minangka pérangan nyata ing gesang kita. mBokmenawi wekdal punika kawontenan kita mboten patos prayogi, ananging pitadosa bilih pandadaran punika saged kaagem Gusti kanggé nyantosakaken iman. Kanthi manggihaken makna ing sawingkingipun pandadaran punika, kita badhé saya wuled tuwin tanggon salebedipun nggesangi pakaryanipun Gusti, ngantos kita dados berkah kanggé gesang.

Sampun ajrih, ing satengahing kawontenan gesang ingkang awrat, Gusti Allah mboten ngèndelaken kita. Kadosdéné nalikanipun Gusti Yésus kagodha iblis, Malaékat-malaékatipun Gusti ngladosi Panjenenganipun, makaten ugi menggahing kita. Ing saben pangudi ngadhepi pandadaran, Gusti Allah maringi patrap ngekahaken lumantar “Malaékatipun Gusti”. Malaékat-malaékat punika sok sintena saha punapaa kémawon ingkang kaagem déning Gusti Allah kanggé nunggil tuwin mitulungi kita. Amin.

[PKM-DEN]



KOTBAH

Minggu Pra Paskah 2

Minggu, 25 Februari 2024

Waosan 1: Purwaning Dumadi
17: 1-7, 15-16
Tanggapan: Masmur 22: 24-32
Waosan 2: Rum 4: 13-25
Injil: Markus 8: 31-38

**Gesang
Adhedhasar
Pracaya**
❧❧❧

KOTBAH JANGKEP

Gesang Adhedhasar Pracaya

Kula aturi nyimak langkung rumiyin lagu ing ngadhap punika:

*Aku ingin begini
Aku ingin begitu
Ingin ini ingin itu banyak sekali*

*Semua, semua, semua
Dapat dikabulkan
Dapat dikabulkan
Dengan kantong ajaib*

Kathah tiyang ingkang saged ugi mboten sami tepang kaliyan lagu ing nginggil. Punika lagu pambuka cariyos *kartunipun* Doraémon. Doraémon punika wujud blegripun *kartun animasi* Jepang, ingkang arupi *robot* kucing, ingkang angéja-wantahaken gesang ingkang badhé dhateng. Piyambakipun nggadhahi manékawarni pirantos canggih ingkang sumimpen ing salebeting kanthong ajaibipun. Kados ingkang kagambaraken ing wiwitaning lagu ing nginggil, kacariyosaken bilih Doraémon punika saged nyembadani sadaya

pepénginan kanthi migunakaken pirantos canggih ingkang badhé kababar saking wekdal ingkang badhé dhateng. Nobita, kanca kenthelipun Doraémon, migunakaken kasagedanipun Doraémon punika kanggé nyekapi sadaya pepénginan lan pangajeng-ajengipun piyambak. Nobita asring sanget ngrudapeksa Doraémon nindakaken punapa ingkang dipun péngini.

Kariptanipun lagu-lagu kartun Doraémon punika ketingalipun mboten namung sadremi penggalihan ingkang tanpa dhasar. Pagesangan kita sadaya punika ketingalipun ugi kados makaten punika. Nalikanipun kita sami nggadhahi pepénginan lan pangajeng-ajeng, asring kita ngrudapeksa mawujudipun pepénginan punika kanthi manékawarni cara kita piyambak. Namung kémawon kita mboten ndarbèni Doraémon ingkang saged mujudaken saben pepénginan kita sarana migunakaken kanthong ajaibipun.

Injil Markus 8:31-38 nyariosaken bab anggènipun Pétrus kepéngin supados gesang pracayanipun kalampahan kadosdéné tumindakipun Nobita dhateng Doraémon. Inggih awit saking punika nalika Pétrus mireng pangandikanipun Gusti Yésus ingkang mulang para muridipun supados sami tumut nandhang sangsara lan katampik déning para pinisepuh, para pangarsaning Imam, lan para ahli Torèt, lajeng kasédanan lan wungu malih ing dinten kaping tiganipun, Pétrus lajeng nggèrèt Gusti nyisih lan nyarwé panjenenganipun (ayat 31-32). Tumrap Pétrus, Sang Mesih mesthi mboten badhé nandhang sangsara lan pejah. Pratélanipun Pétrus punika ketingalipun mboten laras kaliyan waosan sadèrèngipun. Ing Injil Markus 8:27-30 dipuncariosaken bab pangakenipun Pétrus dhumateng Yésus minangka sang Mesih. Ing mriki katingal bilih Pétrus saèstu saged mitadosi bilih Yésus punika nyata sang Mesih. Nanging ing salebeting pirembagan salajengipun, Pétrus dipun dukani déning Gusti Yésus, lan tumindakipun Pétrus winastan dados tumindakipun iblis. Punika sadaya kalampahan karana Pétrus lan Gusti Yésus ndarbèni panggalih lan pangertosan ingkang béda ngéngingi tugas lan tanggel-jawabipun Yésus minangka sang Mesih. Pétrus nggadhahi pangajeng-ajeng supados sang

Mesih punika badhé lumawan para panjajah lan karsa ngluwari bangsa Israèl saking pangawulanipun. Pétrus namung menggalih bab sang Mesih ingkang asipat politik ingkang ndarbèni panguwasa lan kasagedan lumawan perang dhateng para panjajah. Déné Gusti Yésus mangertosi lan maknani kalenggahanipun minangka sang Mesih ingkang béda kaliyan pamanggihipun Pétrus. Panjenenganipun nggambaraken tugas tanggel-jawabipun sang Mesih punika kalebet kedah nandhang sangsara lan séda. Mirsani tumindakipun Pétrus ingkang nggèrèt Gusti Yésus lan nyarwé panjenenganipun, Gusti Yésus ndukani Pétrus lan nyarwé ugi piyambakipun. Punapa ingkang dipun péngini déning Pétrus namung winates ing bab pepénginanipun manungsa kémawn. Piyambakipun mboten mangertos punapa ingkang dados penggalihipun Allah.

Pétrus ngekahi pamanggih lan pepénginanipun ngéngingi sang Mesih tumrap Yésus. Yésus mboten karsa nempèni pamanggih ingkang makaten punika. Awit saking punika saben tiyang ingkang badhé ngetut buri Gusti Yésus mesthi kedah ndarbèni katetepan ingkang kedah dipun lampahi. Injil Markus 8:34-35 mratélakaken: “Saben wong kang arep ngetut buri Aku, iku nyingkura marang awaké dhéwé, mikula salibé lan mèlu Aku. Amarga sing sapa kumudu-kudu nylametaké nyawané, iku bakal kélangan nyawané, nanging sing sapa kélangan nyawané marga saka Aku lan marga saka Injil, iku bakal nylametaké nyawané”. Apa gunané wong oleh jagad iki kabèh, nanging kélangan nyawané? Awit apa ta kang bisa diwènèhaké kanggo ngijoli nyawané?”. Pangandikanipun Gusti Yésus punika ngemu teges ingkang makaten: *Sepisan*, ngetut buri Yésus lan nyingkur awaké dhéwé, ingkang ateges samaptaning para siswanipun Yésus, gesang sawetahipun nuju dhateng Sang Kristus. Punika ateges wantun nilaraken kanikmataning gesang mligi kagem Sang Kristus. Punika sanès prekawis ingkang gampil. Kathah tiyang ingkang mboten purun lan wantun kécalan kanikmataning gesang. *Kalih*, Manggul Salib. Manggul Salib ateges ngetutaken lampah ingkang sampun katindakaken déning Gusti Yésus, sarana masrahaken gesang sawetahipun dhumateng Panjenenganipun. Manggul salib punika saged anjalari kécalan

nyawa inggih wonten ing prekawis punika, kita sadaya badhé tansah kauji.

Saben tiyang ingkang sami badhé ngetut buri Gusti Yésus, manggul salibipun dalah nyingkur dhiri, sami katimbalan gesang adhedhasar pracaya. Gesang adhedhasar pracaya kedah dipun lampahi ing sadaya kawontenan, mboten namung ing salebeting kawontenan gesang ingkang mbingahaken kémawon. Ing mriki kita saged sami sinau saking paseksinipun kitab Mazmur 22. Masmur punika mujudaken salah satunggaling Masmur ingkang paling kawentar tumrapipun pasamuwan. Ing salebeting Masmur punika, kathah dipun wartosaken bab panangis lan panyuwunan pitulungan dhumateng Allah. Inggih wonten ing kitab Masmur punika pinanggih pangandikanipun Yésus nalika dipun salib (Mat. 27: 46).

Marie Claire Barth lan B.A. Pareira (panyerat tafsir Mazmur) ngandharaken bilih Masmur 22 punika dumadi saking kalih pérangan ageng: *Sepisan*, pandonga panyuwunan, ingkang kaserat wonten ing ayat 2-23. *Kalih*, satunggaling pamuji sokur, ayat 24-32. Masmur 22 ngandharaken kalih prekawis ingkang katingal cecengkahan, inggih punika panangis, pitakènan lan sesambat nyuwun pitulungan dhumateng Gusti, sinarengan pamuji sokur konjuk Gusti. Manawi kalih prekawis kalawau kita sambetaken, lan kita cobí mangertosi caranipun juru Masmur mawas dhiri, kita badhé mangertosi kados pundi sang juru Masmur punika pitados dhumateng Allah. Nalika nembé ngadhepi kathah panandhang, katingal manawi sang juru Masmur kados-kados rumaos sampun katilaraken déning Allah, nanging ing sisih sanèsipun, sang juru Masmur ngrumaosi bilih Allah tansah nyarengi gesangipun. Inggih awit saking punika sang juru Masmur mboten kécalan kapitadosanipun lan tetep pitados bilih Gusti piyambak ingkang badhé paring pitulungan. Kapitadosan ingkang kados makaten punika ingkang èstunipun ndamel piyambakipun tansah memuji Gusti, sanadyan ing wekdal punika piyambakipun rumaos kados déné dipun tilaraken déning Gusti.

Sasisihipun saking sang juru Masmur, kita ugi saged sinau saking Abraham. Abraham pitados dhumateng janjinipun

Allah nadyan janji punika kapireng anèh. Miturut nalaripun manungsa, Abraham lan Sarai ingkang sampun yuswa sepuh mesthinipun mokal manawi saged ngandheg lan nggadahi turun. Nanging karana pracaya, kekalihipun tetep lumampah lan ngetut buri karsanipun Allah. Saking paseksi lan pengalaman gesangipun Abraham lan Sarai punika, kita sangsaya kaantebaken ing pitados bilih ngetut buri Allah punika èstunipun prekawis pracaya lan kumandel dhumateng saben rancangan ingkang sampun katetepaken déning Allah.

Pracayanipun Abraham nglairaken opah ingkang mboten namung migunani kanggé dhiri pribadinipun piyambak, nanging malah ugi kanggé sadaya ingkang tumitah wonten ing jagad punika. Sadayanipun dumadi karana Abraham sampun nampèni janjinipun Allah. Adhedhasar pitados ingkang makaten punika, rasul Paulus ngandika bilih saben tiyang sami kaajak ndarbèni kapitadosan dhumateng Allah. Tumrap rasul Paulus, ngetut buri lan pitados dhumateng Allah mboten sadremi namung setya tuhu dhateng angger-anggering Torèt. Ngetut buri Gusti Yésus ateges masrahaken gesang sawetahipun lan andadosaken Allah punjering gesangipun.

Para sadhèrèk pasamuwan ingkang kinasih wonten ing sang Kristus, samangké kita badhé ningali malih dhateng gasang kita pribadi satunggal lan satunggalipun. Kados pundi cara kita pitados dhateng Gusti Allah? Punapa kita saèstu sumadya nilaraken saben pepénginan kamanungsan kita lan pitados sawetahipun dhumateng rancanganipun Allah? Punapa kita sami sagah tansah pitados lan kumandel dhumateng Allah sanadyan kita kedah ngadhepi gesang ingkang mboten gampil?

Pangandikanipun Allah ing dinten punika ngèngetaken kita supados mboten sami nganggep Allah kadosdéne Doraémon ingkang saged kita peksa kanggé njangkepi sadaya ingkang sami kita betahaken? Manawi kita kepéngin gesang adhedhasar pracaya, kita pikantuk nugraha saking Allah lan sami katimbalan supados sami nyuwungaken dhiri kagantos gesang adhedhasar karsanipun Allah. Amin

(DL/YTD)

KOTBAH

Minggu Pra-Paskah 3

Minggu, 3 Maret 2024

Waosan 1: Pangentasan 20:1-17
Tanggapan: Masmur 19
Waosan 2: 1 Korinta 1:18-25
Injil: Yokanan 2:13-22

**Yésus:
Padalemané
Allah kang
Sejati**
✠✠✠

KOTBAH JANGKEP

“Yésus: Padalemané Allah kang Sejati”

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti.

Tumrap bangsa Israèl, Padaleman suci ingkang kabangun déning sang raja Solaiman, ingkang makaping-kaping nemahi karisakan amargi peperangan nanging kabangun malih, sanès mujudaken wangunan limrah kémawon, nanging nggadahi makna ingkang saèstu wigatos sanget, suci lan mirungan. Wonten sawetawis bab ingkang anjalari padaleman punika wigatos. *Sepisan*, Padaleman Suci punika lambang karawuhanipun Allah tumrap bangsa Israèl, amargi inggih wonten ing salebeting Padaleman ingkang suci punika Gusti Allah dedalem. *Kaping kalih*, Padaleman Suci punika ugi dados papan punjering sadaya upacara pangibadah kaleksanakaken. Wonten ing Padaleman Suci punika sadaya pangibadah dipuntindakaken, pisungsung kurban kaaturaken saha sadaya pandonga kaunjukaken. *Kaping tiga*, Padaleman Suci punika ugi dados papan punjering sadaya piwulang kawucalaken. Wonten ing Padaleman Suci punika para Imam lan para guru sanèsipun mulangaken Angger-anggeripun Allah dhumateng bangsa Israèl. Padaleman Suci punika dados papan ing mriku bangsa Israèl

nyinaoni karsanipun Allah dalah kados pundi nglampahi gesang leres miturut Angger-anggeripun Allah. *Kaping sekawan*, tumrap bangsa Israèl, Padaleman Suci ugi mboten winates namung dados papan pangibadah kémawon, nanging ugi ndarbèni makna ingkang wigatos kanggé prekawis-prekawis ingkang sesambetan kaliyan politik lan *nasionalisme*. Ing Padaleman Suci punika lambang gesang nyawiji dalah jati dhirinipun bangsa kakumandhangaken. Karana ngèneti sadaya prekawis punika, kita sadaya saged mangertosi bilih Padaleman Suci saèstu ndarbèni makna ingkang wigatos tumrap bangsa Israèl.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Ing salebeting waosan Injil Markus punika katerangkaken bilih wekdaling lelampahan punika kalampahan sadèrèngipun riyaya Paskah Yahudi. Riyaya Paskah tansah dipuntindakaken kanthi kebak raos kabingahan saha kasukan ingkang ageng. Ing pahargyan punika umat sami ngènet-ènet pakaryanipun Gusti Allah ingkang sampun ngentasaken umat Israèl saking tanah pangawulan Mesir. Awit saking punika, kita saged mbayangkaken swasana bingah ingkang karaosaken déning tiyang-tiyang Yahudi salebetipun sami nyawisaken pahargyan Paskah punika. Kabingahan punika ugi katingal ing sakiwa-tengening Padaleman Suci, ingkang ugi katenggan déning tiyang ingkang sami sesadéan. Punika sadaya ingkang dipun seksèni déning Gusti Yésus nalika Panjenenganipun rawuh wonten ing Padaleman Suci. Padaleman Suci kebak para tiyang ingkang sami sesadéan.

Nglenggana lelampahan punika, Yésus duka lan kados déné juru pranata tata tertibing Masyarakat, Yésus nundhungi para bakul ingkang sampun ndadosaken laladan Padaleman Suci papan bebakulan (ay. 16). Tiyang-tiyang ingkang rumaos rugi awit dukanipun Gusti Yésus punika lajeng sami protès. Tiyang-tiyang punika lajeng sami pitakèn bab kawenangan punapa ingkang anjalari Yésus nundhungi tiyang-tiyang ingkang sami bebakulan punika. Wangsulaniipun Gusti Yésus dhateng

pitakènan punika paring piwulang dhateng kita bab makna ingkang satuhu, ingkang pinanggih ing sewaliking cariyos punika.

Sepisan, Gusti Yésus ngandika bilih Padalemanipun Allah ingkang sejati punika mboten wonten sanès kajawi Dhiri pribadinipun piyambak. Allah saèstu rawuh wonten ing Sariranipun. Kanthi kapitadosan ingkang makaten punika, kita sadaya mangertosi bilih rawuhipun Allah ing satengah-tengahing umatipun punika mboten ing salebeting wangunan. Padalemanipun Allah punika awujud pribadi ingkang gesang, inggih punika Gusti Yésus Kristus. Inggih punika jati dhirinipun Gusti Yésus ingkang dipun wartosaken ing Injil Yokanan. Minangka Padalemanipun Allah, Gusti Yésus dados punjering sadaya panembah lan sagung gesangipun para umat. Déné jati dhirinipun Allah piyambak sampun katingal cetha wonten ing waosan ingkang wiwitan. Panjenenganipun punika ingkang paring pangluwaran, déné kita sadaya punika umat ingkang kaluwaran, lan kanthi makaten kita sadaya punika sampun mardika. Kita dipun luwari lan luwar saking bandaning dosa lumantar sangsara, séda, lan wungunipun Gusti kita Yésus Kristus.

Kaping kalih, wonten ing pamirsanipun Gusti Yésus, tiyang kathah sampun ndadosaken Padalemanipun Allah ing Yérusalèm dados “papan sesadéan” ingkang kebak rékadaya (ay. 16). Ing salebeting rékadaya, mesthi kémawon tebih utawi malah kalis saking tumindak tresna-tinresnan. Sinau saking punapa ingkang dipun wucalaken déning Gusti Yésus, para muridipun sami ngrumaosi bilih Padalemanipun Allah punika kedah dipungesangi ing salebeting katresnan. Para murid sami ènget dhateng pangandikanipun Gusti Yésus “Katresnan Kawula dhateng Padaleman Paduka punika ngantos nggrantesaken Kawula” (ay 17). Pangandika punika kapangandikakaken nalikanipun Gusti Yésus ngandika badhé ngebrukaken Padaleman Suci punika lan badhé mbangun malih ing salebeting tigang dinten. Pangandika punika dipun tetepi nalikanipun Gusti wungu saking antawisipun tiyang pejah ing dinten ingkang

kaping tiga. Menawi Padalemanipun Allah katampèn sarana katresnan, swasana gesang ingkang badhé kelampahan mesthi mahanani tuwuhipun gesang nyawiji kebak karahayon. Kosokwangsulipun, menawi Padalemanipun Allah katampèn lan kadadosaken papan sesadéyan, ingkang kebak pangrékadaya, mila swasana gesang ingkang badhé karaos mboten sanès namung swasana ingkang tansah nengenaken kaperluanipun piyambak-piyambak. Gusti Yésus minangka Padalemanipun Allah ingkang sejati, mboten madosi utawi nengenaken kaperluanipun piyambak. Panjenenganipun mboten ngétang bathi lan rugi ing salebetipun mitulungi lan nresnani manungsa. Panjenenganipun karsa nglampahi gesang kebak panandhang lan kasangsaran supados saben tiyang ingkang dipun tresnani nampèni gesang tentrem rahayu,

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,

Manawi Gusti Yésus Kristus punika Padalemanipun Allah ingkang sejati, mila kita prelu mawas dhiri lan pitakèn: “sinten ta kita sadaya punika?”

Kanggé atur wangsulan dhateng pitakènan punika, kula kepéngin pitakèn dhateng panjenengan sadaya: punapa ingkang panjenengan raosaken manawi panjenengan mireng tembung “geréja”. Saged ugi ingkang wiwitanipun panjenengan penggalih menawi mireng tembung “geréja” inggih gedhungipun ingkang magrong-magrong, kinanthènan lambang salib ingkang mratélakaken bilih punika sanès gedhung limrah, nanging gedhung papanipun tiyang Kristen sami ngabekti. Pancèn leres bilih gambaran ingkang kiyat wonten ing panggalih kita menawi mireng tembung “geréja” punika langkung rumiyin gedhungipun. Punika cetha saking tetembungan kita: “aku arep menyang geréja dhisik”. Alamat geréjamu ana ngendi?, lan sapiturutipun. Nadyan pangertosan ingkang makaten punika pancèn mboten lepat, nanging punika sanès pangertosan ingkang trep. Pangertosan ingkang leres lan trep kaserat kanthi prasaja wonten pujian Kidung Jemaat 257. Kanthi jangkep makaten ijemanipun pepujèn punika:

*“Gereja bukanlah gedungnya
dan bukan pula menaranya
Bukalah pintunya, lihat di dalamnya
Gereja adalah orangnya.*

Punika ingkang èstunipun winastan “geréja”! Geréja punika tiyangipun, saé ing salebeting kawontenan piyambakan utawi ing salebeting tetunggilan. Déné gedhung geréja, punika papan kanggé tiyang-tiyang pitados sami masamuwan, nindakaken sawarnining peladosan, paseksi lan sapiturutipun.

Minangka geréja, sumangga sami andadosna Yésus Kristus minangka punjering pangibadah lan gesang pitados kita. Panjenenganipun dados punjer karena Panjenenganipun punika Allah kita utawi Padalemanipun Allah ingkang sejati. Andadosaken Allah wonten ing sang Kristus dados punjering gesang badhé dados jaminan gesang ingkang kebak karahayon.

Minangka patunggilan, sumangga kita nglampahi gesang tetunggilan kita kanthi katresnanipun Kristus. Gesang patunggilan kita sanès gesang ingkang dipun kebaki étangan bathi lan rugi dalah nengenaken kapreluan kita pribadi. Kristus sampun maringaken tuladha dhateng kita sadaya bilih katresnanipun ingkang ageng lan suci punika, sampun anjalari Panjenenganipun ngurbanaken sarira kanggé kawilujengan kita sami.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Swasana gesang ing Indonesia, nembé kémawon rampung ngleksanani pemilihan umum. Kita sampun sami milih wakil-wakil législatif kita. Kita ugi sampun milih présidèn kita dalah wakilipun. Saged kémawon thukul pangraos ingkang kirang sekéca ing manah kita karena ingkang kita pilih jebul mboten unggul, nanging kosokwangsulipun, wonten ugi ingkang sami abebingah karena pilihanipun tetéla unggul lan kapilih. Nanging ing wekdal samangké pésta démokrasi punika sampun rampung. Kita ingkang sami béda ing pamilih, samangké sami katimbangan nyawiji malih ing salebeting gesang tetunggilan ingkang katangsulan déning katresnanipun Kristus.

Mugi-mugi ing wekdal pacawisan Paskah punika, kita sami kaèngetaken lan kabereg kanggé andadosaken Kristus punjering gesang kita. Ing salebeting tetunggilan lan ngabekti sesarengan, kita kepéngin sami neksèni bilih Kristus kadadosaken punjering gesang kita. Pakaryan panebusanipun sang Kristus mboten badhé kita lirwakaken ing saben nindakaken pangibadah dalah ing gesang padintenan. Ing pundia papan lan panggènan, kita sadaya sami cecengklungen saged misungsungaken gesang minangka pisungsung ingkang gesang, konjuk dhumateng Kristus.

(BPT/YTD)

KOTBAH

Minggu Pra Paskah 4

Minggu, 10 Maret 2024

Waosan 1: Wilangan 21:4-9

Tanggapan: Masmur 107:1-3, 17-22

Waosan 2: Éfesus 2:1-10

Waosan Injil: Yokanan 3:14-21

**Tiyang Dosa
Dados Tiyang
Ingang
Ndongakaken**



KOTBAH JANGKEP

“Tiyang Dosa Dados Tiyang Ingkang Ndongakaken”

Salam ing katresnanipun Gusti,

Ing wekdal samangké kita sami badhé ngraos-ngraosaken irah-irahan ageng khotbah kita ingkang mungel: “Tiyang Dosa Dados Tiyang Ingkang Ndongakaken”. Antawis 6 tahun kapengker, kawentar pawartos ing warta sosial bab satunggaling pendhita anami Agus Sutikno. Piyambakipun priya kalairan Probolinggo 17 Agustus 1975. Piyambakipun dipunjuluki juru khotbah samargi-margi (khotbah jalanan), ingkang angabdi lelados ing leladan sarwa reged ing Banjir Kanal Wétan kitha Semarang. Saking blegering badan ingkang katingal, piyambakipun punika satunggaling pendhita ingkang saranduning badanipun kebak tato, nanging punika mboten ngajrih-ajrihi tiyang sanès, karana gesangipun dipun rengga déning gregeting tumindak preduli dhateng tiyang sanès.

Pdt. Agus Sutikno ngakeni bilih sadèrèngipun dados pendhita, piyambakipun mboten tepang dhateng Gusti Allah. Gesangipun namung dipun rengga déning kasenenganipun pribadi, ingkang wekasanipun anjalari dhumawah ing

kawontenan gesang ingkang saèstu mrihatosaken. Saged ugi dipun wastani billih gesangipun punika kebak tumindak-tumindak dosa. Ananging ing salebeting kawontenan ingkang paling asor, piyambakipun ngraosaken kados pundi Gusti ngrengkuh gesangipun lan mblebedi tatuning manah ingkang sampun remuk punika. Pamawas dhiri ingkang makaten punika ingkang tetéla sampun mbekta piyambakipun kanggé lumebet ing timbalanipun Gusti kanggé lelados, mliginipun dhumateng tiyang-tiyang ingkang kasisihaken saking tengah-tengahing masyarakat. Punika dipun buktèkaken sarana ngadegaken Yayasan Hati Bagi Bangsa.

Lumantar sekedhik paseksi gesangipun Pdt. Agus Sutikno punika, kita sami saged pikantuk piwulang ingkang saé bab kados pundi gesang punika kedah dipunlabuhi kanthi sadaya kasagedan kita. Labuhaning gesang ingkang makaten punika kadhasaraken wonten ing timbalanipun Gusti. Katresnanipun Gusti prelu kita tampèni minangka timbalan nganyaraken gesang tumuju ing kasampurnanipun.

Rasul Paulus mratélakaken bilih tiyang ingkang ndlarung ing salebeting dosa, gesangipun badhé rinengga ing wohing panandhang lan kasangsaran. Punika sadaya saged anjalari tiyang mboten tansah nglengganani dhateng karawuhanipun Gusti wonten ing gesangipun. Ewasamanten, karana sih katresnanipun Gusti, manungsa sami kaparingan pangluwaran. Dhumateng pasamuwan ing Éfesus rasul Paulus ngandika: “Nanging Gusti Allah kang sugih kawelasan, awit saka gedhéning katresnan kang kalubèraké marang kita, wus nguripaké kita bareng karo Sang Kristus, sanadyan ta kita wis padha mati, awit saka kaluputan-kaluputan kita—marga saka sih Rahmat kowé padha kapitulungan rahayu”. Kawilujengan punika peparingipun Allah, lan sanès karana kekiyatan kita para manungsa ingkang nyagedaken kita nampèni kawilujengan punika.

Para sadhèrèk kakung miwah putri ingkang dipun tresnani Gusti,

Pawartos Kitab Suci ingkang mratélakaken bilih Allah nedahaken sih-palimirmanipun punika ugi saged kita panggihaken ing salebeting waosan kita dinten punika. Ing kitab Wilangan 21: 4-9 kacariyosaken kados pundi anggènipun Allah milujengaken bangsa Israèl ingkang nandhang sangsara lan pejah karana dipuncokot sawer. Sawer-sawer punika dipundhawuhi Allah supados nyokoti bangsa Israèl awit dosa-dosanipun ingkang ageng, ingkang anjalari sami mbrontak Allah. Bangsa Israèl sampun sami lumawan Allah lan abdinipun Musa. Sadaya pakaryan lan pangrimatipun Allah ingkang sampun mitulungi bangsa Israèl luwar saking pangawulan Mesir dipunrèmèhaken. Gusti Alah ingkang sampun maringaken manna kanggé nedha ngantos mboten sami kaliren, dipun supèkaken. Bangsa kalawau ugi ndakwa Musa badhé nyilakani bangsa punika. Bangsa punika saèstu dados bangsa ingkang mboten saged atur panuwun sokur dhumateng Allah, malah kados-kados sampun sami nampik Allah ingkang sampun kanthi setya tuhu ngrawat gesangipun bangsa punika. Dosanipun bangsa Israèl ingkang makaten punika anjalari dhumawahipun paukumanipun Allah arupi panyokotipun sawer-sawer kalawau. Wonten ing salebeting panandhang ingkang ngédab-édabi punika, bangsa Israèl sami nyuwun pitulunganipun Musa, supados Musa ndedonga dhumateng Allah nyuwun pangapuntening dosa lan sih kawelasanipun Allah.

Musa ndedonga dhumateng Allah lan Allah paring pangènget supados bangsa Israèl nggadahi sikep sumarah dhumateng Pangéran. Panguwasanipun Allah kapralambangaken ing sawer tembaga ingkang kaedegaken déning Musa. Saben tiyang ingkang kacokot déning sawer lan lajeng mandeng sawer tembaga kalawau badhé gesang malih. Ing mriki kita sami

kawulang bilih ingkang ndarbèni panguwasa, sanès sawer tembaga punika, nanging Gusti Allah piyambak.

Para sadhèrèk pasamuwan kakung miwah putri ingkang dipuntresnani Gusti,

Panguwaos lan katresnanipun Allah punika kita raosaken dumunung wonten ing Gusti kita Yésus Kristus. Menawi bangsa Israèl kasarasaken awit mandeng sawer tembaga, mila jagad punika badhé kapulihaken déning Allah manawi sami purun mandeng Gusti Yésus, mandeng Putranipun Allah ingkang mratélakaken kanugrahaning kawilujengan. Injil Yokanan 3: 14-15 ngandika: “Kaya déné nabi Musa anggoné manjer rerékan ula ana ing ara-ara, iya mangkono uga Putrané Manungsa anggoné pinesthi kapanjer, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané oleh urip langgeng”. Gusti Yésus kamulyakaken karana pangurbananipun kagem jagad. Lumantar salib, kita sadaya mandeng kamulyanipun Allah ingkang sadèrèngipun mboten saged kita tindakaken. Ing mriki kita manggihaken kanthi cetha bilih kita sadaya kawilujengaken awit saking sih kamirahanipun Allah.

Awit inggih namung sih kamirahanipun Allah, kita sadaya sami kawilujengaken. Mboten wonten tembung sanès kajawi nganyaraken gesang. Nganyaraken gesang saking tiyang dosa dados tiyang ingkang ndongakaken. Manawi tiyang dosa gesang sarana ngetut buri manahipun piyambak, dados tiyang ingkang ndongakaken ateges gesang ngetut buri Allah kanthi kebak setya tuhu. Kita saged kémawon nuladhani tiyang ingkang swaunipun dados tiyang dosa, lajeng nalangsani dosa-dosanipun lan ndedonga dhumateng Alah kados ingkang sinerat wonten ing kitab Wilangan 21: 7: “... Kula sampun sami damel dosa, déné ngantos nglawan dhateng Pangéran Yéhuwah saha dhateng panjenengan; panjenengan mugi karsaa dedonga dhateng Sang Yéhuwah, supados karsaa nyirnakaken sawer-sawer punika saking kula”. Panalangsa punika njalari kita sadaya mangertosi

bilih tanpa Allah, kita punika mboten wonten maknanipun punapa-punapa.

Timothy Kèller ing salebeting bukunipun ngandharaken: ing salebeting pandonga, kita sadaya ngraosaken wontenipun kaéraman lan raos caket kaliyan Allah. Kèller mratélakaken bilih pandonga punika èstunipun bab kaéraman lan sesambetan ingkang raket; bab rerembagan lan pepanggihan kaliyan Allah. Lumantar pandonga, umatipun Allah mboten namung sadremi mangretosi sinten ta Allah punika, nanging ugi saged manggihaken sinten ta sejatosipun dhiri pribadinipun piyambak.

Wohing pandonga punika tumindak nyata ingkang cundhuk kaliyan karsanipun Allah. Wusananipun kamulyanipun Allah punika badhé kita raosaken ing salebeting gesang padintenan kita, awit kita gesang kanthi setya tuhu dhumateng Allah. Sikep gesang setya tuhu punika ingkang badhé anjalari saben tiyang ingkang gesangipun sampun kaanyaraken déning Allah, badhé nglampahi gesang padintenanipun kados ingkang kapangandikakaken déning rasul Paulus wonten ing serat Éfesus 2: 9-10: “Aja ana wong kang gumunggung. Marga kita iki titahé Gusti Allah, katitahaké ana ing Sang Kristus Yésus, supaya padha nglakoni panggawé becik kang kacawisaké Gusti Allah sadurungé, minangka ambah-ambahan kita”.

Para sadhèrèk pasamuwan kakung miwah putri ingkang dipunkasihi déning Gusti,

Gusti mboten nutupi paningalipun dhateng tiyang ingkang ngrumaosi bilih gesangipun taksih kebak dosa. Malah Gusti Allah kepareng nimbali tiyang-tiyang ingkang ngrumaosi prelunipun kawilujengaken saking cengkeremanipun dosa, lan sagah ngetut buri marginipun Pangéran. Saking margi punika Gusti nimbali saben tiyang sesarengan kaliyan Gusti nyebaraken katresnan dhateng sadaya titah ing bumi punika. Bab prasaja ingkang saged kita tindakaken inggih punika kanthi ndongakaken tiyang kathah ing salebeting pandonga kita. Mugi

Gusti tansah nuntun anggèn kita sami lelana ing pagesangan
punika. Amin.

(PN/YTD)

KOTBAH

Minggu Pra Paskah 5

Minggu, 17 Maret 2024

Waosan 1: Yérémia 31:31-34
Tanggapan: Jabur Masmur 51:3-15
Waosan 2: Ibrani 5:5-10
Injil: Yohanes 12:20-33

**Mranata Gesang
Ngudi Sikep
Kadya Imam**



KOTBAH JANGKEP

“Mranata Gesang Ngudi Sikep Kadya Imam”

Para sadhèrèk ingkang kinasih, asma Martin Luther inggih punika satunggaling bapak reformasi gréja, naté mratélakaken, “Ing madyaning paladosan kang kita tindakaké anèng donya iki, awaké dhéwé mung kristus-kristus tumrap sesama.” Punapa maknaning pangandikanipun Luther kasebat? Maknanipun inggih punika, minangka pandhèrèkipun Sang Kristus ingkang makarya wonten ing jagad punika, kita punika wujud ing kaca benggalanipun Sang Kristus. Tutur tembung punapa déné pandamel kita dados kaca benggalaning pangandika lan pakaryanipun Sang Kristus. Dados, wonten ing pundi kémawon, kita njinggleng kados déné Sang Kristus ingkang mirsani. Kita ugi krungu kados déné Sang Kristus mireng. Kita ngucap kados déné Sang Kristus ngandika. Kita ngraosaken sakiwa tengen kita kados déné Sang Kristus ugi ngraosaken. Kita makarya kados déné Sang Kristus ingkang mbabar pakaryan ing jagad punika.

Wonten ing Kitab Suci, kita manggihaken kathah conto patuladhanipun Sang Kristus. Ing antawisipun inggih punika: Panjenenganipun wantun njejegaken kaleresan, jujur anggènipun mucal, anggènipun ngapunten tumrap sadaya tiyang, lan kalegawanipun kanthi sumadhiya ngurbanaken sugengipun

murih jagad rahayu. Wonten ing Injil Yohanes 12:20-33, kita manggihaken satunggaling wewatekanipun Sang Kristus ingkang kapi-adreng magepokan kasadhiyan ngurbanaken Dhiri. Pangurbanan ingkang katindakaken déning Gusti Yésus punika sanès pangurbanan salimrahipun. Panjenenganipun ngurbanaken Dhiri murih jagad tinebus saking panguwaosing dosa. Béda kaliyan pangurbanan ingkang katindakaken déning para imam Israèl inggih punika anggènipun sami nyowanaken kurban kanthi wujud sanès (sanès dhirinipun piyambak) kanthi ancas murih dosanipun punapa déné dosaning bangsanipun katebus. Gusti Yésus ngulungaken Dhirinipun Pribadi minangka kurban panebusan. Punika sababipun, tumraping panyerat kitab Ibrani ingkang kacathet ing Ibrani 5:5-10 Gusti Yésus sinebat Imam Agung ingkang sejati. Pangurbananipun Gusti kasebat ancasipun boten kagem Dhirinipun piyambak, utawi supados Dhirinipun sangsaya kawentar minangka manungsa salimrahipun ingkang loma lubèr ing budi. Pangurbananipun katindakaken kanggé tiyang kathah. Kadya winih gandum saelas, ingkang tumanem ing siti, winih kasebat kedah nemahi pejah, lan salajengipun tuwuh trubusan satemah ngedalaken woh ingkang ngrembuyung kathah (Yoh. 12:24). Sédanipun Gusti Yésus punika séda satunggaling Priyagung murih sadaya manungsa sami rahayu.

Para sadhèrèk ingkang kinasih, sédanipun Gusti Yésus Kristus punika njangkepi pamecaning nabi Yérémia ingkang sinerat ing Yérémia 31:33. Gusti prajANJI dhateng Yérémia, “TorètingSun bakal Sunparingaké ana ing batiné, sarta Sunserat ana ing atiné; Ingsun banjur bakal jumeneng dadi Allahé lan wong-wong iku bakal padha dadi umatingSun.” Sang Kristus ingkang sampun séda ngurbanaken sugengipun punika, jejerling Torèt sajati wonten ing telenging batos tiyang pitados. Sang Kristus ingkang dados pandoming gesang mbandhangi umatipun Gusti Allah nuju gesang ingkang langkung adi nyondhongi karsanipun Gusti Allah. Sang Kristus ingkang séda punika, sampun ngraketaken malih jagad kaliyan para kagunganipun lan saben tiyang pitados bilih Gusti Yésus Kristus minangka Gusti ugi Juru Wilujengipun.

Para sadhèrèk ingkang kinasih, kados déné Sang Kristus ingkang legawa ngurbanaken gesangipun piyambak murih jagad rahayu, makaten ugi kita para tiyang pitados tinimbalan ndarbèni wewatekan kasebat wonten ing gesang padintenan kita. Menawi wewatekan kados makaten punika wewatekanipun Imam Agung sajati, kita ingkang mbudidaya nindakaken ing pagesangan badhé sinebat imam ugi. Tegesipun ing lampah gesang padintenan kita, kita gesang kanthi tinalesan sikep legawa éklas ngurbanaken darbèk kita. Kados déné ingkang kapangandikakaken déning Sang Kristus tumrap para siswanipun, “Sapa kang ngawula marang Aku, padha ngetut-buria Aku lan ing ngendi padununganKu, kawulaKu iya bakal ana ing kono uga. Sing sapa ngawula Aku, dhèwèké bakal diajèni déning Sang Rama” (Yoh. 12:26).

Para sadhèrèk ingkang kinasih, nalika kita pinitaya déning Gusti Allah supados ing jagad punika kita nindakaken pakaryan, punika ateges bilih kita badhé aben ajeng kaliyan pilihan inggih punika kita purun utawi boten ngurbanaken darbèk kita kanggé kapentingan sesami. Makaten ugi ing jagading paladosan, kita ugi aben ajeng kaliyan pilihan purun utawi boten ngurbanaken darbèk kita. Upaminipun, ing satunggaling panitia. Wonten satunggal tiyang pérangan panitia ingkang boten purun nyambut damel babar pisan. Dhiri kita minangka pérangan saking panitia kasebat katètèr punapa kita purun kurban kanthi tandang damel ingkang sanès bagéyan kita murih panitia kasebat kasil ancas tujuwanipun? Asring kalampahan kita milih boten purun nindakaken bagéyanipun tiyang sanès awit sanès tanggel-jawab kita. Pangangkahipun kita nggulawenthah tiyang kasebat supados tanggel jawab nanging ingkang kelampahan kosok wangsulipun inggih punika panyambut damel satunggal patunggilan babar tanpa gina awit tanpa tinalesan sikep lila ngurbanaken dhiri murih tujuwan patunggilan.

Kedah dipun akeni bilih nglampahi gesang tinalesan sikep lila legawa ngurbanaken dhiri punika boten gampang. Nalika taksih darbé wewatekan nengenaken dhiri pribadi, nglampahi gesang kanthi mangun sikep lila legawa ngurbanaken dhiri punika prakawis ingkang angèl katindaken. Lumantar Jabur Masmur 51:3-15 saboten-botenipun kita kaparingan pitedah. Jabur punika

ngewrat pangakening dosanipun Daud sasampunipun piyambakipun kawelèhaken déning Natan jalaran kedadusan Daud laku jina kaliyan Batsyéba. Ing masmuripun, Daud nglengganani dosanipun. Piyambakipun nggetuni lan nyuwun pangapuntening dosa dhateng Gusti. Ing ngarsanipun Gusti, Daud ngasoraken dhiri lan mratélakaken, “Pancèn saèstu, anggèn kawula kalairaken punika nandhang duraka, sarta biyung kawula ngandhut kawula ing salebeting dosa” (Jabur Masmur 51:7).

Punika underan sikep éklas ngurbanaken gesang punika awit wontenipun krenteg ngasoraken dhiri ing ngarsanipun Gusti. Kita kedah nglengganani kasunyataning dhiri kita kados déné Daud mawas dhiri ngakeni karingkahanipun saha pitados bilih piyambakipun kuwang nglajengaken gesang awit saking sih-piwelasipun Gusti Allah. Tanpa nglengganani bilih dhiri kita punika boten wonten punapa-punapanipun ing ngarsanipun Gusti Allah, saged kapesthèkaken kita badhé kangèlan nindakaken gesang ingkang purun ngurbanaken dhiri ing lampah padintenan kita.

Para sadhèrèk ingkang kinasih, sumangga kita gesang sesarengan kanthi ngudi wewatekanipun imam ing tata gesang padintenan kita inggih punika lila legawa ngurbanaken dhiri murih kababar kawontenan gesang ingkang langkung prayogi malih. Sumangga kita wiwiti kanthi ngasoraken dhiri ing ngarsanipun Gusti. Kados déné Daud, kita mawas dhiri kita bilih kita punika manungsa dosa nanging kita darbé kalodhangan gesang winengku ing sih-katresnanipun Gusti Allah ingkang agung tumrap kita. Sugeng ngudi sikep gesang minangka imam. Gusti Yésus tansah mberkahi. Amin.

(NVS/UCSL)

KOTBAH

Minggu Palem (Palma)

Minggu, 24 Maret 2024

Waosan 1: Yésaya 50:4-9

Masmur: Masmur 118:1-2; 19-29

Waosan 2: Filipi 2:5-11

Injil: Yohanes 12:12-16

**Pitados
Kanthi
Prasaja**



KOTBAH JANGKEP

“Pitados Kanthi Prasaja”

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Ing jagading budaya Indonésia, saged kelampahan saben kelompok sami tetandhingan nindakaken pista neningkahan ingkang regeng sanget. Sangsaya agung pawiwahan, rerenggan ketingal éndah sanget, lan segahan kanggé para tamu ingkang éca; mesthinipun para tamu ingkang kauleman badhé ngalembana pawiwahan kasebat. Kosok wangsulipun menawi pista katindakaken kanthi prasaja, pawiwahan kasebat badhé karèmèhaken lan dipun poyoki: Sing duwé gawé uthil medhit, kurang greget, nyepèlèkké tamuné, lan damel lingsem.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Tumindak ingkang ngéramaken lan kadya pahlawan ingkang katindakaken déning satunggaling tiyang badhé ngenèni pangalembana. Upaminipun filem *Spiderman*, nalika *Spiderman* nylametaken kitha kanthi kasagedan, kakendelan, lan karosanipun; piyambakipun ngenèni pangalembana. Kathah ingkang boten nglenggana bilih sajatosipun wonten pangaribawa tiyang sanès. Kekasih ingkang saèstu tresna, bulik ingkang nuwuhaken bombing manah, makaten ugi Nick Furi (*teknisi*) ingkang ndamelaken rasukan saha nggladhi *Spiderman*. Kasiling

gati *Spiderman* kasunyatanipun wonten pangaribawa “tiyang-tiyang mirungga ing suwaliking geber.” Cariyos ingkang kafilemaken ing filem *Spiderman* kasebat sajatosipun ugi kalampahan ing kasunyataning gesang padintenan. Prakawis ingkang sami ugi asring kalampahan ing satengahing gréja ta? Ing salebeting gréja asing kaprangguli sikep-sikep ingkang dipun anggep ngéramaken satemah satunggaling tiyang ingkang kawawas ngéramaken kasebat dipun subya-subya déning tiyang kathah katimbang sikep pérangan gréja sanèsipun ingkang dipun anggep limrah kepara prasaja.

Lumantar kalih conto kasebat, ingkang katandhesaken inggih punika prakawis prasaja ingkang singidan, dipun lirwakaken, lan asring boten kawawas saking pamawas kita katandhingaken tumindak ngéramaken saking sawenèh tiyang.

Sikep minangka pahlawan kaantu-antu ing pundi-pundi papan lan déning sinten kémawon, kalebet dhumateng Gusti Allah. Miturut pamawasipun manungsa, kita asring ngantu-antu Gusti Allah nindakaken pakaryan ingkang ngéramaken ing gesang kita. Ing kawontenan gesang ingkang kapeteg, kita ngajeng-ajeng Gusti Allah mitulungi kita kanthi pakaryan ingkang kadya pahlawan. Kamangka boten sadaya pitulunganipun Gusti Allah punika kados déné sikepipun pahlawan. Wohipun kita asring boten manggihaken rawhipun Gusti Allah awit kita rumaos gela gayut panyuwun ingkang kita bubuhaken dhumateng Gusti Allah. Panjenenganipun nulungi kita kanthi cara ingkang asring boten kita nyana wujuding pitulunganipun.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Minggu punika kita lumebet ing Minggu Palem. Ing minggu punika kita ngraos-raosaken kamulyanipun Gusti Yésus nalika Panjenenganipun lumebet ing kitha Yérusalèm saprelu nindakaken pakaryan agung nandhang sangsara, séda, lan wungu. Wekdal samanten satunggaling tiyang ingkang kaanggep Mulya punika padatan kaarak kanthi nitih turangga ingkang gagah prakosa. Kados ingkang katindakaken déning pemimpin Romawi; nunggang turangga ingkang gagah prakosa kanthi

ancas nedahaken kaagungan panguwaosipun. Caranipun Gusti Yésus nedahaken kamulyan ingkang béda kaliyan pemimpin Romawi. Panjenenganipun miji kuldi dados titihan anggènipun lumebet ing Yérusalèm.

Nalika Gusti Yésus miji kuldi dados titihanipun, tanpa wonten rerenggan pahlawan babar pisan ing Pribadinipun Gusti. Kuldi asring dipun wawas kéwan ingkang bodho lan lakunipun alon-alon. Boten kathah tiyang ingkang manggihaken kaéraman kuldi ingkang mirungga katandhingaken turangga. Kaéraman ingkang kapisan, reginipun kuldi langkung mirah. Pramila kuldi saged dipun darbèni sinten kémawon kanggé tunggangan. Kalih, kuldi mujudaken kéwan ingkang mbekta momotan ingkang trep kaliyan kawontenan alam Israèl. Kuldi punika tahan kawontenan bentèr, langkung ngirit toya kanggé ombènipun, cocok menawi kabekta ing pasitèn ingkang kathah sélanipun, éngga kuldi punika gadhah pangéling ingkang tajem yèn dipun bekta kekésahan. Sinaosa kawontenanipun boten kadya pahlawan, nanging kuldi ingkang langkung kapiji déning masyarakat magepokan kabetahan gesang padintenan. Kanyatan bab kuldi kasebat kita saged manggihaken makna ingkang lebet nalika Gusti Yésus miji kuldi anggènipun lumebet ing kitha Yérusalèm. Panjenenganipun ngagem cara ingkang katingal prasaja kepara rèmhèh, boten ngéramaken, lan tebih saking prakawis pahlawan. Éwa samanten, Panjenenganipun ngrengkuh sadaya golongan masyarakat. Ingkang katindakaken déning Gusti Yésus punika dados gambaran caranipun Gusti Allah mitulungi umatipun. Pitulunganipun Gusti ingkang sampurna asring ketingal namung prasaja, boten ketingal kadya pahlawan kados ingkang kaajeng-ajeng.

Cara anggènipun Gusti Allah mitulungi kita tanpa kita nyana, upaminipun: Nalika sakit, Panjenenganipun maringi kasarasan sekedhik mbaka sekedhik. Nalika ketaman prakawis ingkang awrat, Gusti Allah mesthi maringi margi karampunganing prakawis sekedhik mbaka sekedhik. Nalika ketaman ing sungkawa, Gusti badhé miyak kasungkawan lan paring panglipuran kanthi cara ingkang boten kanyana. Dados,

sinaosa kita boten ngraosaken sacara kasatmata, nanging pitulunganipun Gusti punika tetep kababar nyata.

Awit saking punika, wigati tumrap umat kagunganipun Gusti supados tansah tanggon ing pangajeng-ajeng. Bok menawi pitulunganipun Gusti Allah nembé kababar, namung kémawon kita kirang landhep ing pangraos. Ing Jabur Masmur 118 kapratélakaken pangajeng-ajengipun juru masmur ingkang wiwit sakawit sampun meca karahayon ingkang pinangkanipun saking Sang Mesih minangka juru wilujeng. Wonten ing pangraos-raosipun, juru masmur nggegilut bilih karahayon boten namung karaosaken ing samangké (wekdal sapunika, ing ngriki, dumadakan). Juru masmur nggegilut bilih pitulunganipun Gusti ndhatengaken tentrem-rahayu. Ing jamanipun Daud Israèl gesang kanthi winengku kaunggulan, mas-masan jarahan, saha mranani galihipun Gusti Allah. Nanging tentrem-rahayuning Gusti wonten ing sang mesih karaosaken langkung adi katimbang ingkang dipun darbèni, kalebet langkung agung katimbang karatonipun. Saking pangalamanipun Daud punika, kita saged suka pitakèn dhateng dhiri kita: “Ing sadhéngah prakawis, kalebet nalika ing kawontenan kapeteg, punapa kita taksih tetep ngraosaken tentrem-rahayu wonten ing salebeting manah?” Tentrem-rahayunipun Gusti Allah tansah manunggil ing sadhéngah kawontenan. Punika pitulunganipun Gusti ingkang sanyatanipun sinaosa kita boten ngleggana kanthi tumemen.

Jejering tiyang pitados, sumangga kita nuwuhaken landheping batos saha pamawas kita magepokan pitulunganipun Gusti ingkang kababar lumantar prakawis-prakawis ingkang prasaja. Sampun ngantos kèndel manembah lan tansah ngegungna pitulunganipun Gusti sinaosa ing kanyatan ingkang rèmhèh-prasaja lan tebih saking sikep pahlawan.

Pitados kanthi prasaja kedah mawujud ing katresnan tinalesan pangleggana bilih Gusti Allah rawuh ing sadhéngah prakawis. Cobi sami ngraos-raosaken rawuhipun Gusti ing prakawis-prakawis ingkang ketinggal prasaja; upaminipun: Nalika kita ngraos-raosaken wit-witan, peksi ing awang-awang, saha kumriciking toya. Wujuding tumitah punika mesthi

nggambaraken pasemoning ingkang nitahaken. Prakawis prasaja ingkang celak kaliyan kita punika rak nedahaken anggènipun Gusti jumeneng Ratu ingkang tansah nunggil umatipun ing sadhéngah kawontenan ta? Sumangga kita ngraos-raosaken Minggu Palem punika kanthi ngetut-wingking Gusti Yésus ingkang tindakan lumebet Yérusalèm kanthi cara ingkang prasaja. Salajengipun sumangga kita ngwujudaken gesang padintenan kanthi cara ingkang prasaja, awit Gusti Allah ingkang kita pitados punika Gusti ingkang prasaja.

(GESH/UCSL)

**KOTBAH
Kemis Pethak**

Kemis, 28 Maret 2024

Waosan 1: Pangentasan 12:1-14
Tanggapan: Masmur 116:1-2,12-19
Waosan 2: 1 Korintus 11:23-26
Injil: Yohanes 13:1-17,31-35

**Manggihaken
Tresna ing
Kawontenan
Peteng**



KOTBAH JANGKEP

“Manggihaken Tresna ing Kawontenan Peteng”

Wonten tigang larik tetembungan ingkang kawentar ingkang kapanggihaken saking papan panggènan pakunjaranipun (*kamp konsentrasi*) Nazi ing Cologne, Jerman. Tetembunganipun makaten: “Aku pracaya marang srengéngé sinaosa datan nyunaraké cahya manèh; aku pracaya marang katresnan sinaosa nora ana siji-sijia kang mratélakaké; aku pracaya marang Gusti sinaosa Panjenengané katon kèndel anteng.”

Pratélan prasaja kasebat kaserat ing tembok gudhang ing ngandhap siti déning satunggaling tiyang Yahudi ingkang kinunjara ing ngrika. Ing papan pakunjaran punika, piyambakipun sareng-sareng kathah tiyang Yahudi ingkang nemahi kanyatan karangkèt kanthi tumindak kejem. Sadaya dipun kunjara kanthi pangangkah badhé dipun perjaya kanthi dipun perjaya sareng-sareng. Sadangunipun nengga kaleksananing sedya kaperjaya sareng-sareng, tiyang-tiyang Yahudi kasebat nemahi panandhang ingkang awrat kepara sawenèh saking tiyang Yahudi nyuwun kawelasan kanthi dados berah peksan.

Satléraman, pratélan kasebat damel mirising manah, mratélakaken pangajeng-ajeng ing satengahing kawontenan ingkang winengku ing rudatin. Ing gudhang papanipun ing ngandhap siti, piyambakipun boten saged ningali srengéngé

malih ngantos dumugi puput gesangipun. Ing papan pakunjaran, piyambakipun boten saged manggihaken tiyang ingkang mratélakaken katresnan satunggal lan satunggalipun. Piyambakipun namung saged manggihaken sikep sengit, paniksa kejem, lan semplahing pangajeng-ajeng. Ing wekdal samanten, piyambakipun ngraosaken Gusti kados-kados kèndel, boten makarya punapa-punapa nulungi tiyang-tiyang kasebat.

Nanging pratélan kasebat boten namung mandheg dumugi ing ngriku. Piyambakipu nerasaken pratélanipun:

Aku pracaya, lumantar manéka warna pacoban
mesthi ana dalan karampungané
nanging kerep anèng jroning panandhang
lan pepesing gegadhangana tanpa tuwuhing pangarep-arep
atiku njerit sora ngupadi pangayoman,
ngyakini isih ana pawongan anèng kono
nanging ana suwara kang awisik anèng jroning kalbu,
Panjenengané ngandika, “Ditahan tanggona anakku,
Aku bakal maringi kakuwatan,
Aku bakal maringi pangarep-arep,
amung, ditahan tanggon sadhéla manèh.”

Aku pracaya bakal ana srengéngé
sinaosa wus ora sumunar
lan aku pracaya bakal kababar tresna
sinaosa ora ana sijia kang mratélakaké
nanging aku pracaya sajatiné Gusti,
sinaosa Panjenengané katon kèndel.
Aku pracaya lumantar saben pacoban iki,
bakal ana dalaning pangluwaran.
Bok menawa sawijining wektu mengko bakal ana
srengéngé
Bok menawa sawijining wektu mengko bakal ana
kabungahan
Bok menawa sawijining wektu mengko bakal ana tresna
Bok menawa sawijining wektu mengko bakal ana
katentraman...

Nalika geguritan punika dipun mangretosi kanthi wetah, kita badhé nglenggana bilih piyambakipun manggihaken katresnan. Boten sinerat cetha nanging asingidan, inggih punika mitadosi sajatosipun Gusti Allah ingkang nresnani kados déné satunggaling bapa dhateng anakipun, ingkang ngarsakaken supados tahan tanggon sekedhap malih. Kita boten mangretos kawontenan wusananipun tiyang ingkang nyerat geguritan punika, nanging kita saged mangretosi bilih katresnan ingkang kapanggihaken tiyang kasebat ndadosaken piyambakipun ngrungkebi kapitadosanipun sinaosa binanda ing satengahing panandhang ingkang awrat sanget.

Prakawis kasebat rak ugi saged kita panggihaken ing Kitab Suci ta? Kalih waosan saking dhaftar waosan lèksionari dinten samangké, nyariosaken kalih kedadosan ingkang béda nanging kapanggihaken prakawis ingkang mèh sami satunggal lan satunggalipun. Pangentasan 12:1-14 nyariosaken magepokan pranatan bujana Paskah tumrap bangsa Israèl. Kapratélakaken sacara jangkep prakawis-prakawis ingkang kedah katindakaken déning tiyang Israèl. Nanging ing pérangan pungkasan kapratélakeken ancas tujuwaning bujana ingkang katetepaken kasebat. Ing ayat 12 sinerat makaten, “Awitdéné ing bengi iku Ingsun bakal tindak ndlajahi tanah Mesir, lan sakèhé anak pembarep, iya anaké manungsa dalah anaké kéwan, bakal Sunpatèni, mangkono uga sakèhé allahé wong Mesir bakal Sunpatrapi paukuman, Ingsun iki Yéhuwah.” Wonten wewelak ingkang kababar tumrap satanah Mesir minangka bebendu awit durakanipun bangsa Mesir. Punika wewelak ingkang saèstu nyilakani, tiyang Israèl ingkang wonten ing ngrika ugi saged kinging wewelak kasebat. Ayat 13 mratélakaken, “Lah getih iku dadia tengeran ana ing omah kang sira enggoni. Samangsa Ingsun mirsani getih mau, tindakingSun bakal nglangkungi, temah ing antaranira bakal ora ana wewelak kang mbilaèni, samangsa Ingsun nggebag marang tanah Mesir.”

Bujana kasebat dados cara anggènipun Gusti Allah milujengaken umatipun. Nanging langkung bebles malih kita mrangguli, bujana punika dados wujud katresnanipun Gusti Allah ingkang katedahaken ing satengahing kawontenan ingkang peteng lan nguwasaken. Nalika tiyang Israèl wonten ing

pangawulan ingkang boten énggal rampung, Gusti Allah maringi margi pangluwaran lan bujana punika dados sarana ingkang ndadosaken tiyang Israèl kuwagang jumangkah nuju gesang ingkang mardika. Ing kawontenan ingkang saèstu nguwasaken, nalika pepejah ngancam sadaya laré pambajeng dadosa tumrap kéwan punapa déné manungsa ing tanah Mesir, Gusti Allah nedahaken sih-katresnanipun inggih punika kanthi ngidini wontenipun bebanten tumrap laré-laré pambajeng tiyang Israèl. Ménda ingkang katedahaken déning Gusti Allah kanggé nanggél pepejah kasebat, satemah tiyang Israèl tetep nemahi gesang.

Langkung bebles malih, kasunyatanipun pejahipun ménda pambajeng minangka gantosing kurban dados pratandha makaten ugi sasmita badhé rawuhipun Gusti Yésus ingkang ngurbanaken Sugengipun nggantosi kita sadaya. Kados ingkang sinerat ing 1 Korintus 11:23-26, Gusti Yésus nyebat roti pambujanan minangka Sariranipun lan anggur minangka Rahipun. Kekalihipun kakurbanaken murih manungsa rahayu. Sacara nyata, Gusti Yésus ngurbanaken sadaya punika lumantar sédanipun ing kajeng salib. Nanging sadèrèngipun dinten kasebat winedhar, Yohanes 13 mratélakaken anggènipun Gusti Yésus maringi kalodhangan manunggil sesarengan para siswanipun. Panjenenganipun boten namung kembul bujana Paskah sesarengan siswanipun, Panjenenganipun ugi maringi paréntah énggal inggih punika supados sami déné tresnatinresnan. Punapa naté kita suka pitakèn, punapa sababipun paréntah énggal kasebat mulang magepokan kanthi sih-katresnan? Punapa punika namung underaning piwulangipun Gusti Yésus inggih punika nresnani Gusti Allah punapa déné sesaminipun?

Sanyata, punika wonten sambung rapetipun kaliyan ingkang nembé dipun temahi déning siswanipun. Sawatawis wekdal para siswa kaparingan wewengan nunggil kaliyan Gusti Yésus, Sang Guru ingkang dipun tresnani; nanging sekedhap malih Gusti Yésus badhé kapulung saking ing antawisipun para siswa. Kawontenan ingkang nggegirisi, damel sungkawa, ugi wontenipun pangancaming nyawa ginelar ing sangajengipun para siswa. Kantun sekedhap sanget. Ing kawontenan ingkang

peteng nggegirisi punika, tiyang-tiyang kasebat mbetahaken sih-katresnan.

Sih-katresnan punika dados kakiyatan supados tetep tanggon ing satengahing pergumulan ingkang boten ènthèng. Sih-katresnan dados kakiyatan tuwuhing pangajeng-ajeng ingkang damel angeting gesang ing satengahing kawontenan peteng lan asrep. Sih-katresnan dados pratandha rawuhipun Gusti Yésus ing satengahing gesang tiyang-tiyang punika, sinaosa Gusti Yésus boten manunggil sesarengan satata kadonyan kaliyan tiyang-tiyang punika, sih-katresnanipun Gusti Yésus saged karaosaken lumantar ingkang katedahaken dhateng para siswa. Kepara tiyang-tiyang ingkang wonten ing sanjawining pepanthan Kristen ugi saged njinggleng saha ngraosaken sih-katresnan punika, kados ingkang kapangandikakaken déning Gusti Yésus, “Kanthi mangkono saben wong bakal padha weruh, yèn kowé padha dadi siswaKu, yaiku manawa kowé padha tresna-tinresnan” (Yoh. 13-35).

Kados déné ingkang dipun temahi déning satunggaling tiyang kinunjara ing cariyos kala wau; piyambakipun kuwagang tetep rosa, tetep ndarbèni daya gesang, tetep ndarbèni pangajeng-ajeng awit piyambakipun gondhèlan dhateng sih-katresnan punika. Petenga kados punapa kawontenan sakiwa tengenipun, sacara ngeblak punapa déné sasmita, piyambakipun tetep mitadosi bilih Gusti pirsu saha Gusti langgeng nresnani dhirinipun.

Awit saking punika paréntah anyar punika samangké kapapanaken ing ngajeng kita. Punapa kita kuwagang mratélakaken sih-katresnan tumrap sesami, utaminipun ing wekdal kawontenanipun ingkang boten prayogi? Nalika sesami rumaos sampun boten saged tinulungan malih, boten wonten pangajeng-ajeng malih, lan boten wonten sinten-sinten malih; punapa kita saged ngènetaken sesami magepokan sih-katresnanipun Sang Kristus lumantar babaring katresnan kita? Lan nalika gesang kita winengku ing kawontenan ingkang boten prayogi, dinten-dinten karaos surem, punapa kita ugi saged manggihaken sih-katresnanipun Gusti ing satengahing gesang kita?

Gusti tansah mitulungi kita sadaya. Amin

(XND/UCSL)

KOTBAH

Jumuwah Adi

Jumuwah, 29 Maret 2024

Waosan 1: Yésaya 52:13-53:12
Tanggapan: Jabur Masmur 22
Waosan 2: Ibrani 10:16-25
Injil: Yokanan 18:28-19:37

Nglabuhi Panandhang? Ora Gigrig!



KOTBAH JANGKEP

Nglabuhi Panandhang? Ora Gigrig!

Para sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani Gusti Yésus, Panandhang inggih punika salah satunggaling kahanan ingkang ndadosakên tiyang rumaos pèpès, sêdhih, kêpara kécalan pangajêng-ajêng ugi. Bab punika ndadosakên kathah tiyang nêdya nyingkur, kêpara nyélaki. Malah mênawi sagêd, panandhang sampun ngantos karaosakên ing gêsangipun. Ewasêmantên, nalika sabên tiyang nêdya nyélaki, panandhang adat-sabên malah sangsaya ngrêridhu ing gêsangipun.

Nalika ing gêsang para sêdhèrèk sawêg ngraosakên panandhang, punapa ingkang mrêntul ing panggalih lan manah panjenengan? Punapa wonten panggrêsula, kacuwan, duka, nyélaki, utawi malah wonten tumindak-tumindak sanès ingkang ndadosakên kita rumaos kawratan nyanggi momotaning panandhang ingkang katêmbèn nêmpuh gêsang punika?

Ing dintên Jumuwah Adi punika, kita badhé nyinau lan ngladhêsakên panyuraos ing lèlampahanipun Gusti Yésus, jangkêp kaliyan panandhang ingkang sawêg karaosakên. Kita ugi badhé nyinau lan njumbuhakên saking para lèluhur ing kapitadosan kita. Ing gesangipun, para leluhur punika ugi ngraosakên sami kados ingkang kita raosaken. Panandhang

punika kanyatan ingkang boten sagêd kapêgatakên saking gêsang padintênan.

Saking Yésaya, kita sagêd ningali magêpokan panandhang ingkang sawêg karaosakên déning tiyang, malah ingkang kawastanan Abdinipun Gusti Allah. Sadhêngah tiyang ingkang gêsangipun tansah cêcakêtan kaliyan Gusti Allah. Kalamangsanipun, sêsambêtan mirunggan kaliyan Gusti Allah, ndadosakên kathah tiyang gadhah pangintên bilih tiyang kasebat tansah manggih kabêgjan, sinubya-subya, lan kaluhuraken, lajeng ndadosaken tiyang sanès ngungun. Ananging, pranyata wangsitipun Yésaya bab Abdinipun Gusti Allah boten kados pangangên-angenipun tiyang kathah, amargi Abdi punika risak pasêmonipun, ngantos boten kados limrahipun tiyang malih (14). Sinaosa mekaten, pranyata Abdi punika ing têmbé badhé ndadosakên kathah tiyang ngungun, malah pra ratu ugi bungkêm njingglêngi Panjenenganipun. Lumantar Panjenenganipun, kathah bab ingkang dèrèng naté kacariosakên badhé kawiyak, lan bab ingkang dèrèng naté kapingrêng badhé gampil dipun mangêrtosi.

Juru Mazmur nélakakên panguda-raosipun ngéngingi gidhuhing manahipun, amargi rumaos tinilar déning Gusti Allah. Ing salêbêting panandhangipun, Juru Mazmur nguwuh-uwuh nyuwun pitulungan dhumateng Gusti Allah. Ananging piyambakipun tetep rumaos bilih Gusti Allah sampun nilar. Sakathahing tetembungan ingkang kalésanaken ing panguwuh-uwuhipun kados sampun boten kapingrêngaken déning Gusti Allah malih. Kapitadosanipun dhumateng Gusti Allah, ingkang awêwangi Inggang Mahasuci lan lênggah ing dhamparing kidung-pangalêmbanipun Israèl, pèpès lan sêmplah. Momotan awrat ingkang kasandhang ndadosakên Juru Mazmur rumaos lungkrah. Malah ngantos nganggêp dhirinipun botên kados manungsa malih, nanging kados cacing ingkang boten aji. Juru Masmur mbêtahakên Gusti Allah, amargi rêrakêtan kaliyan kasisahan lan rumaos boten wonten ingkang mitulungi. Ing ngriku Juru Masmur rumaos ajrih ngadhêpi panandhangipun. Salebeting panandhang, sedaya tiyang kadosdéné kéwan galak ingkang katêmbèn ngupêngi lan nêdya ngrêmêk sarta ngrisak.

Panguwuh kalawau mijil awit awrating momotan amargi rumaos tebih kaliyan Gusti Allah.

Lumantar waosan Injil Yokanan, kita kasumêrêpakên kadospundi anggènipun Gusti Yésus nglampahi panandhangipun. Injil Yokanan nyariosakên lèlampahan bab panandhangipun Gusti Yésus, ingkang sabên dintênipun botên sangsaya ènthèng, ananging malah sangsaya awrat. Kepara tumuju ing kasédan jati. Panandhang punika nêmpuh nalika Panjenenganipun abên-ajèng kaliyan kathah tiyang ingkang nggêthing, lan kaadilan ingkang sampun kiniwakakên. Ing ngarsanipun Hanas, Gusti Yésus nampi têtêpan ingkang ndadosaken nggrantês.

Rêngu ing galih ugi karaosaken rikala para sakabat ingkang cecaketan, inggih punika Pétrus, ingkang nyélaki Panjenenganipun. Panandhang ingkang sawêg karaosakên boten namung bab wadhag, ananging ugi amargi sinélakan déning sakabatipun. Boten namung mandhêg ing ngriku kémawon, Gusti Yésus ugi kaaturaken dhumateng Sang Pilatus ing gedhong pangadilan. Tiyang kathah ingkang gadhah pikajèng wontening kaadilan malah boten purun lumebet ing gedhong punika. Tiyang kathah ajrih dados najis, amargi sêkêdhap malih lumebet ing mangsa Paskah. Émanipun, nalika Sang Pilatus ugi boten manggihi kalepatan ing Gusti Yésus, piyambakipun boten lajeng mbéla. Inggih amargi kadhêsêk déning tiyang kathah. Sang Pilatus ajrih kaliyan tiyang kathah, salajengipun piyambakipun masrahaken Gusti Yésus dhumateng tiyang kathah kagêm kaukum pêjah.

Panandhangipun Gusti Yésus sangsaya awrat, duk nalika Panjenenganipun manggul salib. Panjenenganipun kaanggêp sami kaliyan kalih durjana ingkang dosanipun sampun boten saged kaapunten malih. Pucaking panandhang ingkang karaosaken, inggih punika nalika sedaya tiyang sampun boten nganggep Panjenenganipun kadosdéne manungsa. Piwucal-piwucal bab agami ingkang asring kapingrêng nêntremakên ing gedhong-gedhong pamujan, sapunika sampun kaénggokakên dados sesorah ingkang ngêmot dedukan lan kanêpson.

Pangolok-olok, panandhang, penyênnyamah lan sawêrnining piala katamèkakên ing Panjenenganipun. Gusti Yésus nglabuhi punika minangka timbalan ing salebeting panandhangipun. Kanthi mantêp, Panjenenganipun nanggêl kadurakan, dosa, lan sawernining panindhês ingkang nempuh ing gesangipun manungsa. Sinaosa Gusti Yésus kedah séda awit awrating panandhangipun, tiyang kathah ugi dèrèng rumaos marêm. Malah, kanggé nêtêpi kabêtahaning riyaya Sabat, tiyang kathah têngêl njojoh lambungipun Gusti Yésus, kanggé mantêpakên bilih Panjenenganipun sampun saèstu séda.

Gusti Yésus ingkang nglabuhi panandhang, inggih supados pasamuwanipun saged ngraosaken gesang mardika saking sawernining panjirêting ukuman awit kadurakan lan dosa. Sakathahing panandhang ingkang ndhèrèkakên Panjenenganipun tumuju ing pêpêjah, sedaya dipun labuhi kanthi ngênêr ing Gusti Allah. Bilih taksih wontên sakathahing raos mangu-mangu lan ajrih, nanging sedaya dipun-labuhi kanthi jangkêp. Panandhang boten kanggé dipun sélaki amargi raos ajrih, ananging dipun-adhepi kanthi nyumèndhèkakên gesang ing Karsanipun Gusti Allah. Tuladhanipun Gusti Yésus punika saged kadadosaken sumbering kekiyatan tumrap kita supados tansah wantun nglabuhi panandhang.

Para Sêdhêrèk ingkang tinrêsnanan déning Gusti Yésus.

Mbokmenawi wonten sadhéngah tiyang dipun tawani kanggé ngraosaken panandhang, sedaya tiyang mèsthi sélak, sinaosa agêng pituwasipun. Panandhang mesthi boten badhé kaarep-arep ing sadanguning gesang. Éwasemanten, nalika panandhang punika sawêg nempuh, èstunipun kedah dipun adhêpi, sampun ngantos dipun sélaki. Kados pundi anggèn kita sagêd lan wantun ngadhêpi sawêrnining panandhang?

Sêpisan, mangga nyinau kadosdéné Gusti Yésus, Juru Masmur lan para leluhur kita, ingkang kaêmot ing Kitab Suci. Nalika ngadhêpi panandhang, tiyang-tiyang kalawau ngadhêpi kanthi manah ingkang ngênêr ing Gusti Allah, lan boten sinarengan kaliyan kanêpson. Boten nglêpatakên kawontenan, dhiri pribadi, kepara Gusti Allah. Tiyang-tiyang punika langkung nêngênakên patrap ingkang tansah ngênêr Karsanipun Gusti.

Tuladha bab gesangipun Gusti Yésus nalika kaabên-ajêngakên kaliyan sawêrnining panandhang, ndadosakên kita sagêd njingglêngi Pakaryaning Allah ingkang ngédap-édapi.

Kaping kalih, mitadosaken gesang ing Rêgêman Astaning Gusti. Kadosdéné Gusti Yésus ingkang kuwagang ngadhêpi panandhangipun awit panuntunipun Sang Rama, kita ingkang mitadosi Pakaryanipun, ugi badhé binerkahan karosan nglangkungi panandhang ingkang nempuh.

Kaping tiga, manggihakên panggêgilut lêbêt nalika ngadhêpi panandhang. Panandhang ugi minangka sarana kita mangun pepanggihan kaliyan Gusti Allah. Pramila, sumangga adrêng nggegilut nalika penandhang katêmbèn nêmpuh. Lumantar panandhang ingkang karaosaken déning Gusti Yésus, jagad katata tumuju jagad anyar, manut Karsanipun Gusti Allah. Panjenenganipun kedah nglampahi margining panandhang, murih jagad kawilujengaken. Nyinau saking bab punika, nyagêdakên kita nggegilut kanthi lebet magepokan kaliyan panandhang ingkang sawêg karaosaken.

Para Sêdhèrèk ingkang tinrêsnanan déning Gusti Yésus.

Tansah pitadosa dhumateng Gusti ingkang ngiyataken kita. Nglampahana gesang kanthi tuhu lan setya. Kita pitados badhé tansah mimpang ing gesang, sinaosa panandhang tansah ngrêridhu. Kasetyan lan pambangun-turut tansah ngatêpakên kita ngraosaken rengkuhan, sinanggi, lan pitulunganipun Gusti ingkang tanpa winates. Sami nglajengna lampah kanthi mandêng Salibipun Gusti. Gusti tansah ngêkahakên lan mberkahi kita. Amin.

(KA/MGK)

KOTBAH

Sabtu Suci

Sabtu, 30 Maret 2024

Waosan 1: Ayub 14: 1-14
Tanggapan: Jabur 31: 2-5, 16-17
Waosan 2: 1 Pétrus 4: 1-8
Injil: Yokanan 19: 38-42

**Sabtu Suci,
Sabtu
Mingsering
Kawontenan**


ANCASING PANGIBADAH:

1. Lumantar pangibadah Sabtu Suci punika, warganing pasamuwan sagêd mangertos lan nyuraos bilih sêdanipun Sang Kristus ing Sabtu Suci minangka wêkdal alihan – mingsering kawontenan – (*transisi*) kémawon, sanès pungkasaning sêdaya samukawis.
2. Warganing pasamuwan nggadhahi pangertosan ingkang lérês lan tumindak ingkang prayogi menggah lelampahan bab séda, inggih punika lelampahan mingsering kawontenan tumuju gesang salajengipun sesarengan kaliyan Sang Kristus.
3. Warganing pasamuwan nggadhahi patrap gesang ingkang leres nalika ngadhêpi wekdal mingsering kawontenan ing gesangipun.

KOTBAH JANGKEP

Kotbah jangkêp nyawiji kaliyan liturgi/tata pangabêkti *kontèmplatif* Sabtu Suci. (sagêd pinirsanan ing pérangan tata pangabekti kaca 167)

(YR/MGK)

KOTBAH

Minggu Paskah Wanci Énjang

Minggu, 31 Maret 2024

Waosan 1: Yésaya 25:6-9
Tanggapan: Jabur 118:1-2, 14-24
Waosan 2: Lelakoné Para Rasul
10:34-43
Waosan Injil: Markus 16:1-8

Wungu kanggé Mranata Gêsang



KOTBAH JANGKEP

Wungu kanggé Mranata Gêsang

Para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani Gusti Yésus.

Gusti Yésus sampun wungu, mangga mahargya wungunipun kanthi bingah. Ngaturakên sugêng paskah! (*Umat kasuwun sami ngaturakên Sugêng Paskah, kanthi sami jawat asta*).

Paskah – wungunipun Gusti Yésus nyêthakakên bilih punapa ingkang kagalih lan karancang déning manungsa kalamangsani pun boten sami kaliyan Karsanipun Gusti Allah. Bab punika katingal ing waosan Kitab Suci dinten Minggu Paskah punika. Ing panyuraos Paskah punika, ngatingalaken bilih Karsanipun Gusti Allah ingkang asring bèntên kaliyan rancanganipun manungsa, punika nêdahakên bilih Panjenenganipun saèstu wungu. Panjenenganipun saèstu wungu lan salêbêting wungunipun punika Panjenenganipun mranata gesang.

Énjang umun-umun, Maryam Magdaléna lan Maryam ibunipun Yakobus, ugi Salomé sowan ing Pasaréyanipun Gusti Yésus sasampunipun riyaya Sabat. Anggènipun séba, sowan ing Pasaréyanipun Gusti Yésus rikala taksih *isuk uthuk-uthuk; pêtêng rêmêng-rêmêng*, punika ateges tetiganipun sampun

ngrêrancang sowan wiwit sadèrèngipun riyaya Sabat, rikala kunarpanipun Gusti Yésus kasarèkakên. Ananging amargi ing dinten Sabat boten dipun parengaken kèkésahan, tetiganipun sowan tumuju Pasaréyanipun Gusti Yésus sasampunipun Sabat. Tetiganipun ngrêrancang tuwi kunarpanipun Gusti Yésus ingkang sêda rikala dintên Jumuwah.

Ing margi tumuju pasaréyan, têtiganipun rêrasanan ngèngingi sintên ingkang badhé ngglundhungaken sêla, korining pasaréyan. Rikala rerasanan, tetiganipun *gojag-gajêg*. Sêla punika agêng sangêt. Tetiganipun rumaos botên kwawi ngglundhungaken sêla kasêbat. Bab sêla, korining pasaréyan punika, wonten satunggaling juru tapsir nganggep bilih sêla punika minangka tandha pêpêsthèn lambanging pêpêjah. Sok-sintena boten wonten ingkang darbé daya kanggé miyak pêpêsthèn pêpêjah punika, kejawi Gusti Allah ingkang kagungan kuwaos nglangkungi pepêjah.

Punapa ingkang karancang lan kapikiraken manungsa kados ingkang sinulihan déning Maryam Magdaléna lan Maryam Ibunipun Yakobus, kanyata bèntên kaliyan Panggalih lan Karsanipun Gusti Allah. Pangintên bilih Gusti Yésus sampun sêda, pranyata wungu. Anggi-anggi ingkang èstunipun badhé kaginakaken kagem njêbadi kunarpanipun Gusti Yésus, ing tênggah malah kaginakaken kagem sarana ngluhuraken Gusti Yésus ingkang sampun wungu. Sadumuginipun ing sangajênging pasaréyan, sêla agêng sampun gumlimpang. Injil Markus boten nandhêsakên kadospundi slaganipun Maryam Magdaléna lan Maryam Ibunipun Yakobus nalika mrangguli sêla sampun gumlimpang. Sasampunipun nyumêrêpi bilih sêla korining pasaréyan gumlimpang, piyambakipun lumebet lan boten mrangguli kunarpanipun Gusti Yésus sumaré ing papan sakawit malih. Inkang dipun tingali malah tiyang nèm mawi jubah pêthak-mêmplak, lênggah ing sisih tênggah.

Sumêrêp nèm-nèman ngginakakên rasukan pêthak-mêmplak punika, ndadosaken kekalihipun kagêt. Ing Injil Markus, magepokan kaliyan agêman pêthak, sampun naté kasêrat ing Markus 9: 53, inggih nalika Gusti Yésus santun wewujudan (*transfigurasi*). Ing lelampahan kasebat, Gusti Yésus

katingal ngagem ageman pêthak-mêmplak. Sasampunipun *transfigurasi*, Gusti Yésus paring pangandika dhumateng Pétrus, Yakobus, lan Yokanan supados boten nyariosaken dhateng sadhéngah tiyang menggah bab punapa ingkang dipuntingali tetiganipun, sadèrèngipun Putraning Manungsa wungu saking antawisipun tiyang pejah (Markus 9: 9). Kanthi nggatosaken lan jumbuhaken kawontenan kasebat, Markus badhé nyêbatakên bilih kanèman punika minangka pratandha gesang ingkang kaanyaraken. Ateges, punapa ingkang sampun kapangandikakaken déning Gusti Yésus rikala *transfigurasi* kaambalan malih minangka kababaring Pangandikanipun. Inggih punika Putraning Manungsa saèstu sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah. Panjenenganipun wungu kanggé mranata gesang ingkang kapungkasan déning pepejah. Gumlimpangipun sêla korining kubur mratandhani kawiyakipun pêpêsthèning pêpêjah, nuju gesang utami.

Para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani Gusti Yésus.

Kawiyakipun pêpêsthèning pêpêjah nuju kanyataning gesang mratandhani Karsaning Allah tumrap jagad estu kababar. Jagad ingkang taksih mangu-mangu lan linimputan raos ajrih amargi rumaos kaancam lan semplah. Wonten kathah lelampahan ingkang ndadosaken manungsa kabidhung ing raos mangu-mangu, ajrih, lan lungsé. Punika gegambaran bab sêla ingkang ngêkahakên pêpêsthèning pêpêjah. Tundhanipun, kathah tiyang ajrih mandêng lan nglabuhi gesang ing wekdal ngajeng. Kathahing ramalan magepokan kaliyan reribêting gesang, ndadosaken kathah tiyang sami ajrih. Ramalan ingkang minangka tandha murih jagad sansaya waspada nggatosaken sawernining rubêda ingkang badhé nêmpuh ing gesang, malah kadadosaken sêla pêpêsthèning pêpêjah ingkang damêl ajrih.

“Aja wêdi!” Pangandikan punika kalisanaken déning kanèman ingkang ngginakaken jubah pêthak sawau, inggih amargi panjenenganipun mirsa bilih para pawèstri sami kagèt. Para pawèstri kagèt amargi punapa ingkang wonten ing panginten sadèrèngipun, boten sami kaliyan kanyatan ingkang dipun tingali. Sakawit para pawèstri nginten badhé njêbadi

kunarpanipun Gusti Yésus, ananging kanyatan ingkang dipun sumêrêpi malah icalipun kunarpanipun Gusti Yésus amargi Panjenenganipun sampun wungu. Bab punika ngemu suraos bilih punapa ingkang wonten ing pangintenipun manungsa, sinaosa ugi sampun kanggep prayogi, pranyata boten sami kaliyan Karsanipun Gusti Allah. Raos ajrih lan mangu-mangu amargi nggega pikajengipun piyambak, punika ingkang karaosaken déning tetiganing pawèstri punika.

Tumrap tetiganing pawèstri ingkang katêmbèn ngraosaken sumelang lan ajrih, kanèman ingkang ngginakaken rasukan sarwa pethak martosaken bilih Gusti Yésus saking Nazarèt, ingkang pinênthang lan ingkang samangké sawêg dipun padosi sampun wungu. Ing ngriki Markus njumbuhaken Gusti Yésus ingkang pinênthang lan Gusti Yésus ingkang kawungokakên. Lampahing pamênthangan lan kasédan nyatunggil kaliyan kanyatan wungunipun Gusti Yésus. Awit saking punika, salajêngipun kapangandikakaken tumrap tetiganing pawèstri supados nyakêd lan ningali papan ing pundi Gusti Yésus kasarèkakên. Sagêd ugi tetiganipun ndhèrèkakên nalika Gusti kapêtak, pramila kanèman ingkang ngginakaken rasukan sarwa pêthak mrayogèkakên supados para pawèstri mbuktèkakên bilih Gusti Yésus saèstu wungu lan boten wonten malih ing pasaréyanipun. Ing ngriki wiwitan wontening éwah-éwahan pangertosan, ingkang sadèrèngipun rumaos sumelang lan ajrih, éwah dados pitados. Inggih amargi tetiganipun pitados dhumateng Gusti Yésus ingkang kawungokaken, tetiganipun kadhawuhan wangsul, martosaken tumrap para sakabat sanèsipun, ugi tumrap Pétrus, bilih Gusti Yésus sampun wungu. Panjenenganipun sampun ngrumiyini akathah tumuju ing Galiléa. Ing ngriku sedaya badhé nyumêrêpi Panjenenganipun.

Para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani Gusti Yésus.

Para pawèstri ingkang manut tata pakulinan tiyang Yahudi boten saged kadadosaken sêksi (kakiwakaken), lumantar wungunipun Gusti Yésus kaparingan kapitadosan kanggé martosaken Gusti Yésus ingkang sampun wungu dhumateng para sakabat jalêr lan pawèstri sanèsipun. Wungunipun Gusti

Yésus dados srana mulihaken jajaring kalenggahan ingkang kaaosan ing bebrayan ageng nuju gesang ingkang kebak ing tata krama lan alusing bebudèn. Kanthi sampun kaanggep ajar ing antawisipun para pawèstri lan para jalér, punika ateges pêpêsthèning agesang ugi sampun kapulihaken.

Ing waosan kaping kalih (Lelakoné Para Rasul 10: 34-43) lelampahn ingkang sami, karaosaken déning Pétrus. Pétrus ingkang sakawit taksih mbèntèn-bèntênakên tetiyang adhedhasar bangsa lan kapitadosan, pikantuk pangertosan anyar bilih sejatosipun Gusti Allah boten naté mbèntèn-bèntênakên. Pétrus paring paseksi, “Kula sampun saèstu mangretos, bilih Gusti Allah boten mbèntèn-bèntênakên tiyang. Saben tiyang ingkang kagolong bangsa punapa kémawon, ingkang ngabêkti dhatêng Pangéran saha ingkang nindakakên kalêrêsan, punika ndadosakên keparèngipun Gusti Allah (34-35).

Ingang dados pitakénan mirunggan wekdal punika, kénging punapa Gusti Yésus ngrumiyini tumuju Galiléa lan mrayogèkaken supados sabên tiyang mrangguli Panjenenganipun ing ngrika? Gusti Yésus rak kasarèkakên wonten Yérusalèm? Galiléa minangka papan sepisanan Gusti Yésus miwiti paladosanipun. Saking ngriku Gusti Yésus nimbali para sakabat. Kanthi martosaken bilih Gusti Yésus ngrumiyini para sakabat tumuju Galiléa, Markus nyethakaken bab kasetyanipun Gusti Yésus. Panjenenganipun ngedalaken para sakabat saking Galiléa, lan mangsulaken malih kanthi ancas murih para sakabat saged nyumerepi Gusti Yésus, Sang Guru lan Gustinipun mawi tata cara anyar lan nyampurnakakên bab punapa ingkang boten pinanggih akal lan kalampahan sadèrèngipun. Kita nyumêrêpi bilih para sakabat asring boten kasil nglampahi sadhéngah ayahan, Gusti Yésus nimbali para sakabat wangsul tumuju ing Galiléa lan manggihi kanthi cara ngémutakên bab pangandika ingkang naté kapangandikaken sadèrèngipun. Kanthi mekaten para sakabat saged mangertos bab Gusti Yésus ngginakaken cara ingkang anyar. Gusti Yésus ingkang wungu njangkêpi dhawuh lan timbalanipun para sakabat. Kanthi mekaten, Panjenenganipun ugi ngéwahi sipatipun (*mentransformasi*) para sakabat.

Para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani Gusti Yésus.

Dinten punika, kula lan panjenengan tinimbangan tumuju “Galiléa” gesang punika, inggih gesang kanthi tata cara ingkang anyar. Wungunipun Gusti Yésus nganyaraken sedaya ingkang kita rancang lan pikiraken. Wungunipun miyak pepejah ingkang kagambaraken kadosdéné sêla korining pasaréyanipun Gusti Yésus. Pepejah njalari gesang sarwa boten gumathok (*chaos*). Kawungokaken dados lampahing éwah-éwahan ingkang anyar (*cosmos*). Ing kanyatan wungunipun Gusti Yésus kababar wontening Lumampahing Kang Mahawikan tuwi lan ngrimat gesang padintenan ingkang ketingal prasaja. Kadosdéné para pawèstri ingkang kaulêman kanggé ndhèrèk ngraosaken wungunipun Gusti Yésus lan gesangipun nglampahi éwah-éwahan ngênêr Karsanipun Gusti Allah, mekaten ugi ing gesanging pasamuwan ing wekdal samangké. Gusti Yésus wungu kanggé mranata gesang. Saben tiyang ingulêman kanggé ngraosaken wungunipun lan mranata gesangipun ngênêr ing Sang Kristus. Sugeng ngriyadinaken Paskah! Amin.

(WSN/MGK)

KOTBAH
Minggu Paskah Wanci Sonten
Minggu, 31 Maret 2024

Waosan 1: Yésaya 25:6-9
Tanggapan: Masmur 114
Waosan 2: 1 Korintus 5:6-8
Injil: Lukas 24:13-49

**“Panjenengani
pun Wungu,
Rawuh
Neguhaken
Pakaryan
Kita”**
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

**“Panjenenganipun Wungu, Rawuh Neguhaken
Pakaryan Kita”**

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus,

Kathah tiyang ingkang adreng pikantuk padamelan ingkang laras kaliyan pepénginan lan kasagedanipun. Kabingahan ingkang mboten kininten karaosaken nalika punapa ingkang kagayuh punika kasembadan, inggih punika dipun tampi wonten ing papan panyambut damel ingkang dipun kajengaken. Bab punika saged nuwuhaken semangat, temahan anggènipun nglampahi padamelan kanthi tekun lan telatèn.

Namung émanipun, kathah ingkang nggadhahi semangat nyambut damel namung wonten ing wiwitanipun kémawon. Laras kaliyan lampahing wekdal, kinemulan ing swasana lan prakawis tuwin tantangan salebeting makarya, njalari semangat ingkang makantar ing ngajeng lajeng ical. Malahan nalika ngraosaken bilih ingkang dipun lampahi punika padamelan ingkang ajeg, dangu-dangu karaos mbosenaken. Tundhonipun, makarya nanging mboten kanthi semangat nanging sauger makarya, sakecandhakipun, sapikajengipun, ingkang penting pikantuk upah.

Tantangan, reribet lan prakawis ing panyambut damel mboten kawawas minangka wewengan, nanging kosok-wangsulipun, malah kaanggep bab ingkang adamel ajrih

manahipun tuwin nyuda semangat nyambut damel. Bab punika lajeng kadadosaken alesan kanggé ngleresaken sadaya cara, sanadyan caranipun kalebet culika. Mila mboten nggumunaken wontenipun penyelèwèngan lan tundhonipun mendhet arta ingkang mboten samesthinipun dados hakipun.

Ndarbèni sikep lan semangat salebeting makarya dipun betahaken déning saben tiyang ingkang nyambut damel. Sikep ingkang makaten lan bakuh badhé kawujud wonten ing kedhisiplinan, tanggel jawab, *integritas*, lan *dedikasi* salebeting nindakaken padamelanipun. Sikep makarya kanthi semangat ingkang saé badhé numusi satunggaling tiyang nggayuh punapa ingkang dipun kajengaken.

Lumantar lelampahan Paskah, kita sinau saking pengalamanipun para sakabatipun Gusti Yésus ingkang ing wekdal samanten kesah dhateng dhusun Émaus. Kados ingkang kaandharaken déning Injil Lukas. Ing tengahing margi, tiyang kekalih ingkang nembé rerembagan bab sadaya ingkang kalampahan salebeting panyaliban lan sédanipun Gusti Yésus. Jangkep ing tigang dinten sédanipun Gusti Yésus, tiyang kekalih punika kaget, nalika mireng pawarta saking para sakabat ingkang nyariosaken bilih Gusti Yésus sampun wungu. Wekdal samanten, Gusti Yésus rawuh, nyarengi lampahipun, ananging tiyang kekalih mboten sami sumerep Panjenenganipun. Gusti Yésus mundhut pirsu dhateng tiyang kekalih bab ingkang nembé dipun rembag. Tiyang kekalih wau nyariosaken sadaya ingkang kalampahan. Salajengipun Gusti Yésus wiwit paring katrangan isining Kitab Suci dhateng tiyang kekalih wau kanthi nerangaken kadospundi pamecanipun Kitab Suci bab Sang Mesih ingkang sampun katetepan.

Ketingalipun mlampah tumuju dhateng Émaus lajeng mboten karaos, awitdéné samidéné anggatosaken pirembaganipun. Lelampahan punika dados pralambang nalika Gusti Allah nyarengi lampahing gesang kita, kita inggih makantarkantar kebak ing raos adreng lan semangat. Lelampahan ingkang awrat karaos dados ènthèng.

Makatena ugi nalika Gusti Allah nyarengi umat Israèl medal saking Mesir, wonten ing Pamuji Paskah; Jabur 114, Gusti Allah

rawuh lan mbabaraken panguwaosi-Pun, punapa ingkang dipun langkungi umat Israèl ing lampahipun, sadaya nungkul lan gumeter ing ngarsanipun Gusti Allah. Gusti Allah piyambak ingkang mitulungi lan nyarengi lampahipun umat. Gusti Allah nandukaken panguwaos tumrap jagad kanthi kaélokani-Pun, minangka bukti pitulungani-Pun dhateng umat Israèl.

Yésaya ing pamecanipun nggambaraken kadospundi pitulungan lan kawilujengan ingkang dipun prasetyakaken déning Gusti Allah lumantar redi Sion. Redi Sion dados pralambang ingkang nedahaken papan punjeranipun Gusti ngerèh lan ngilèkaken berkah-berkahi-Pun dhateng bangsa-bangsa. Bangsa-bangsa badhé sami marek ing redi Sion kanggé nampi kawilujengan lan panglipuran.

Lumantar pengalamanipun tyang kekalih sakabatipun Gusti Yésus ingkang mlampah tumuju dhateng Émaus lan umat Israèl, kita manggihaken makna menggahing pralambang rawuhipun Gusti Allah. Gusti ingkang kawasa lan sampun wungu, rawuh wonten ing lampahing gesang kita. Rawuhipun Gusti Allah maringi semangat kanggé kita lan nyumerepaken bilih kita mboten naté piyambakan. Panjenenganipun ingkang kawasa lan wungu tansah nyarengi kita ing saben lampah gesang kita. Makaten ugi ing pakaryan ingkang kita tindakaken. Nalika kita wonten ing pandadaran salebeting padamelan ingkang njalari adeging gesang kita saèstu kadadar, nalika kita rumaos kesel, lungkrah, utawi pedhot pangajeng-ajeng kita ngadhepi padamelan lan prakawisipun, Panjenenganipun rawuh maringi kakiyatan kanggé nglajengaken padamelan kita. Tetepa nyambut damel kanthi tumemen, makarya kanthi tekun lan jujur. Makarya kanthi *integritas* ingkang inggil.

Punapa kémawon swasana ing padamelan ingkang kita adhepi, kita katimbalan tansah ndarbèni sikep lan semangat makarya ingkang prayogi. Makarya kanthi nengenaken kautaman kayektènaning Gusti Allah. Makarya mboten mligi kanggé ngudi kasenangan pribadi ananging makarya kagem kamulyanipun Gusti Allah, ingkang wungu lan rawuh ing gesang kita.

Kadosdéné pangatagipun Rasul Paul dhateng pasamuwan ing Korinta, Rasul Paulus nerangaken bilih pasamuwan kedah

mbucal ragi ingkang lami lan damel adonan anyar karana Cempéning Paskah. Ragi ingkang lami punika piawon lan kekejeman, wondéné ragi ingkang anyar punika murnining gesang lan kayektèn.

Kita katimbangan nindakaken pakaryan lan makarya kanthi murnining gesang lan kayektèn saking Gusti Allah. Kita pitados bilih ndarbèni sikep lan semangat ingkang prayogi, temtu nguwohaken kabingahan lan katentreman. Kita inggih badhé tansah rumaos lega salebeting nindakaken sakathahing padamelan kita.

Sumangga ing saben kahananing pakaryan, lumantar wontenipun tantangan lan reribed, kita pitados dhumateng Allah ingkang sampun wungu lan rawuh tuwin nyanggi, nuntun kita umati-Pun kanggé nindakaken pakaryan salebeting kayektènanipun. Sanadyan pakaryan ingkang katindakaken kanthi pambudidaya tuwin sinarengan tètèsing kringet lan luh, punapadéné pengalaman kadhangkala mboten ngremenaken, ingkang njalari kita asring ketaman pedhoting pangajeng-ajeng, yakin lan pitados sesarengan kaliyan Panjenenganipun ingkang wungu temtu kita kasagedaken nglampahi. Gusti mitulungi kita. Amin.

(YWN/TK)

KOTBAH
Minggu Paskah 2
Minggu, 7 April 2024

Waosan 1: Kisah Para Rasul 4:32-35
Tanggapan: Mazmur 133
Waosan 2: 1 Yohanes 1:1–2:2
Injil: Yohanes 20:19-31

**“Andum
Tentrem
Rahayunipun
Sang Kristus”**
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

“Andum Tentrem Rahayunipun Sang Kristus”

(Kotbah saged kawiwitan sarana ngaturaken sapérangan lagunipun Band Gigi ingkang jejeripun “perdamaian.”

*“Perdamaian, perdamaian, perdamaian, perdamaian.
Banyak yang cinta damai, tapi perang semakin ramai.
Bingung, bingung ‘ku memikirnya.”)*

Tentrem rahayu sejatinipun dados pangajeng-ajengipun saben manungsa. Nanging kita saged pitakèn, menawi saben tiyang kepéngin tentrem rahayu, kénging punapa bab punika mboten kawujud kanthi saé? Kénging punapa taksih kathah kawontenan ingkang mboten tentrem ing pundi-pundi papan? Tentrem rahayu punika wigati sanget, nanging émanipun inggih dados kapentinganing pihak-pihak tertamtu. Kapentingan punika adamel tiyang ngukur tentrem rahayu miturut panyawang, pepénginan, tujuwan, lan pengalaman kelompokipun piyambak. Kepénginipun mujudaken tentrem rahayu sesarengan, nanging ingkang kalampahan malah kapentingan wau ndadosaken sipat nengenaken dhiri pribadi lan inggih punika ingkang malangi kababaring tentrem rahayu.

Kadospundi menggahing tiyang Kristen? Punapa kita ndarbèni kapentingan ndhatengaken tentrem rahayu miturut timbalan Kristen? Sejatinipun tentrem rahayu wonten ing

kapitadosan Kristen inggih punika tentrem rahayunipun Sang Kristus. Punapa kanthi andum tentrem rahayunipun Sang Kristus, kita lajeng dhumawah wonten ing kalepatan ngginakaken kapentingan pribadi utawi golongan satemah gagal mujudaken tentrem rahayu ingkang sejati? Mesthi kémawon mboten, awit Sang Kristus paring tuladha lan sipat suka rila ingkang ngurbanaken sakathahing kapentingan dhiri lan kapentingan sepihak.

Injil Yokanan ngandharaken wungunipun Gusti Yésus ing satengahing para sakabat. Wunguni-Pun kinanthénan paring tentrem rahayu dhateng para sakabat ingkang nembé ngraosaken kuwatir lan ajrih. Tentrem rahayu dipun betahaken sanget déning para sakabat. Manéka warni raos tintrim lan was sumelang sirna déning tentrem rahayu ingkang kaparingaken déning Gusti Yésus. Sasampunipun punika Gusti Yésus. maringaken malih tentrem rahayuni-Pun, ingkang wekdal punika sinarengan dhawuh ngutus para sakabat. Para sakabat inggih kaparingan Roh Suci tuwin nampèni panguwaos ageng. Para sakabat kautus martosaken Injil, inggih punika pakaryan kawilujengan saking Gusti Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus.

Pawartosing Injil punika ngrembaka lan tebanipun wiyar. Gunggungipun para tiyang pitados sansaya wewah. Inggih punika paseksinipun Lukas wonten ing Lelakoné Para Rasul. Para tiyang pitados punika gesangipun wonten ing patunggilan. Patunggilanipun inggih kanthi nggegesang tetuladhanipun Gusti Yésus., inggih punika rila ngurbanaken tumrap sesami. Bab punika dipun tedahaken sarana anggènipun sami dundum punapa ingkang dipun darbèni, ingkang mboten kaanggep darbènipun piyambak, ananging kanggé kapentingan lan kabetahanipun asanès.

Gesang sesarengan wonten ing patunggilan kedah sinarengan sesambetan ingkang kebak pirukun. Inggih punika pepènget saking Jabur 133, bilih Gusti Allah karenan dhateng gesang ingkang kebak pirukun. Gesang kanthi rukun punika gesang ingkang dipun aturaken dhumateng Allah, kadosdéné lisah ingkang kaginakaken kanggé njebadi Harun dados imam. Kadosdéné gesangipun imam ingkang ngladosi umat lan

ngaturaken gesangipun kagem Gusti Allah, makaten ugi gesang wonten ing patunggilan ingkang rukun dados gesang ingkang kaaturaken dhumateng Allah. Gesang ingkang rukun ugi ndhatengaken berkah, karana gesang tamtu badhé ngrembaka ing salebeting pirukun. Gesang ingkang rukun tansah laras kaliyan tentrem rahayu.

Patunggilaning tiyang-tiyang pitados mboten namung kaliyan sesamipun, ananging ugi minangka patunggilan kaliyan Allah Sang Rama lan Sang Putra, Gusti Yésus Kristus. Inggih punika pawarta ingkang kaandharaken wonten serat 1 Yokanan dhateng para maos. Panyerat 1 Yokanan ngandharaken bab pengalamanipun gesang tetunggilan kaliyan Sang Rama lan Sang Putra. Patunggilan punika ndadosaken tiyang-tiyang pitados gesang salebeting pepadhang, amargi Gusti Allah punika Sang Padhang. Wonten ing pepadhang punika samukawisipun katingal, satemah tiyang-tiyang pitados mboten gesang ing salebeting dosa malih, nanging wonten ing pamratobat amargi sampun kasucèkaken lan kawilujengaken wonten ing rahipun Gusti Yésus.

Sapunika, wonten sawatawis bab saking waosan lèksionari kita, ngraosaken timbalan kanggé “andum tentrem rahayunipun Sang Kristus.” *Sepisan*, tentrem rahayu punika langkung rumiyin kita tampèni saking Gusti Yésus Kristus ingkang ngurbanaken sarira kanggé kita, amargi agenging katresnani-Pun ingkang sampun milujengaken lan nucèkaken kita tiyang pitados. *Kaping kalih*, tentrem rahayu punika mboten kanggé gesangipun piyambak, jalaran kanthi makaten malah mbekta kita dhateng sikep *egois* ingkang nyatru kaliyan rohing tentrem rahayu. Tentrem rahayu ingkang dipun paringaken Gusti Yésus supados para sakabat lan saben tiyang pitados, nglajengaken tentrem rahayu wau dhateng jagad lan sesaminipun. Inggih punika pangutusan saking Gusti Yésus tumrap sadaya tiyang pitados, mboten namung dhateng para sakabat wekdal samanten, temahan kita inggih dados dhutaning tentrem rahayunipun Sang Kristus.

Dados utusan ingkang mbekta tentrem rahayunipun Sang Kristus, kedah sinarengan sikep rila ngurbanaken dhiri kanggé sesaminipun. Mboten wonten katresnan tanpa pangurbanan,

ingkang tegesipun katresnan punika tansah sinarengan pangurbanan tumrap sesami. Pangurbanan punika dipun gegesang laras kaliyan tetuladhanipun Gusti Yésus kanggé kita.

Kaping tiga, tentrem rahayu ingkang sinarengan pangurbanan kanggé sesami nguwohaken gesang ingkang purun dundum, gesang wonten ing pirukun, tuwin gesang ingkang dados berkah. Gusti Allah tansah karenan dhateng prakawis-prakawis kasebat. Awit saking punika, sumangga kita wujudaken kanthi sawetahing manah, ngraosaken tentrem rahayu ingkang kita tampèni minangka kawilujengan kita, ndhatengaken tentrem rahayu kanggé sesami kinanthènan rohing rila ngurbanaken, tuwin gesang ing pirukun kaliyan sesami minangka prakawis ingkang ndadosaken karenanipun Gusti Allah. Sugeng andum tentrem rahayunipun Sang Kristus dhateng sesamining agesang lan jagad punika. Amin.

(RAK/TK)

KOTBAH

Minggu Paskah 3

Minggu, 7 April 2024

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul
3:12-19

Tanggapan: Jabur Masmur 4

Waosan 2: 1 Yohanes 3:1-7

Injil: Lukas 24:36b-48

**Martosaken Bab
Pamratobat lan
Pangapuraning
Dosa**



KOTBAH JANGKEP

**“Martosaken Bab Pamratobat
lan Pangapuraning Dosa”**

Pasamuwan ingkang kinasih wonten patunggilanipun Gusti Yésus Kristus

Ing Satunggaling wekdal, wonten tetinggalan (*tayangan*) ing stasiun télévisi, kanthi jejer “*Kejamnya Dunia*”. Ing adicara kasebat, dipun gambaraken bab Kahananing Donya ingkang kebak ing perkawis nggegirisi: rodapeksa, kakejeman, pangertosan tetaunan ingkang nganggep pribadinipun kedah dipun tengenaken (*individualisme kronis*), pratingkah nengenaken dhiri pribadi (*egoisme*) ing babagan manékawarni kawontenaning gesang ingkang mrihatosaken sanget. Ing tetinggalan kasebat ugi wonten blegering warga masyarakat ingkang miskin sanget. Saking mlaratipun, piyambakipun kapeksa pados tedha pindhah-pindhah saking tong sampah satunggal, tumuju ing tong sampah sanèsipun, madosi punapa kémawon ingkang saged dipun tedha.

Wonten ing tetinggalan kasebat ugi dipun suguhaken tiyang-tiyang ingkang sakit *kronis* (sakit ingkang mataun-taun mboten saras), samung saged pasrah dhateng kawontenan Wonten ugi, tiyang ingkang dipun siya-siya, dipun *bully*, dipun ina – dipun poyoki, dipun dadosaken tontonan amargi

sadhèrèk punika cacad jasmani. Mboten cekap punika, ugi kacariyosaken bab manékawarni pasulayaning kapentingan (*konflik kepentingan*), tukar paben/kakerasan, malah memengsahan/dredah ing antawisipun sadhèrèk piyambak... lan sanès sanèsipun. Miris... wonten ugi cariyos bab tiyang sugih ingkang koncatan katresnan, mboten gadhah émpati lan mboten purun tetulung tumrap sesamining agesang....

Sedaya kanyatan gesang ingkang mekaten punika pancèn gampil lan kepara asrring kita tingali ing gesang sakiwa tengen kita; malah mbok bilih ugi kita alami piyambak... Sedaya punika pancèn kanyatan. Kanyatan bilih gesanging manungsa ing ndonya samangké rinangkèt déning dosa, temah kita kécalan katresnan, sami déné dhumawahing dosa, koncatan katentreman lan karahayan.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten patunggilanipun Gusti Yésus Kristus

Lajeng kadospundi sikep kita ngadhepi kanyatan kasebat? Punapa kula lan panjenengan namung “luwèh-luwèh”, namung cuèk kémawon?. Punapa kita namung nengenaken kabetahan pribadi lan mboten preduli dhateng tiyang sanès? Ah masa bodho, sing penting uripku kepénak lan ora gawé kapitunaning wong liya? Punapa mekaten?...

Punapa kita malah kepara kèli ing kawontenan: tumindak mboten adil, tumindak kejem, lan kèlu déning kahanan tumut nindakaken bab-bab ingkang mboten saé?

Sikep sanèsipun, punapa kita lajeng pasif... sagedipun namung nggresula, nggrundel, nyalahaké kahanan, protès mrika–mriki; nanging èstunipun mboten tumindak punapa-punapa ingkang maédahi tumrap sesami... mboten kuwang damel kasaénan... punapa malih mbudidaya ing bab *pemulihan* lan *pembaharuan*.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten patunggilanipun Gusti Yésus Kristus

Minangka pandhèrèkipun Sang Kristus. Èstunipun kula lan panjenengan mboten kepareng namung pasif ... Kénging punapa mekaten?

Sepisan, kita punika sampun piniji dadya tiyang ingkang kawilujengaken déning Sang Kristus. Gusti Yésus sampun wungu lan ngutus kita minangka para seksining “tentrem rahayu”. **Kalih**, kita kaparingan jejibahan/tanggél jawab supados martosaken bab kawilujengan, katentreman tuwin karahayon ingkang sejati wonten ing Gusti Yésus Kristus, dhumateng sedaya manungsa... Kita kautus déning Sang Kristus madeg dados seksinipun. **Tiga**, kedah purun lan wantun atur paseksi bilih Gusti Yésus mboten namung nresnani kita/tiyang Kristen... nanging ugi nresnani sedaya manungsa sajagad wradin, supados manungsa nampèni katentreman lan karahayon. Yokanan 3:16 maratélakaken kanthi cetha: *“Awitdéné Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iku nganti masrahaké Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwèna urip langgeng”* **Sekawan**, Kita kedah sumadya kaagem déning Gusti Yésus minangka pirantining peladosan murih pakaryan kawilujengan kasebat, binabar sacara nyata ing gesang sakiwa tengen kita.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten patunggilanipun Gusti Yésus Kristus

Para murid ...kados kahananing manungsa samangké ugi ngadhepi gesang ingkang suwung, bingung, ragu-ragu, ajrih, lan tan kadunungan pengajeng-ajeng. Pawartos yèn Gusti Yésus sampun wungu .., malah dipun tampik. Senadyan ta wonten paseksi wonten Murid kalih ingkang mentas wangsul saking Émaus, ngandharaken bilih saged pepanggihan kaliyan Gusti Yésus ingkang wungu... Émanipun... para murid dèrèng saged nampi lan pitados; Punapa èstu bilih Gusti Yésus saged wungu saking antawisipun tiyang pejah?... Sedaya dèrèng, malah kepara mboten sami pitados... Mangka... katentreman lan karahayon wonten ing Sang Kristus: kedah kawiwitan saking

raos pitados bilih Gusti Yésus sampun wungu. Paskah! Lan Gusti Yésus kuwawi sung pitulung paring katentreman saha karahayon.

Awit saking punika... Gusti Yésus rawuh lan nakyinaken bilih èstu wungu.. èstu kadunungan panguwaos linangkung. Rikala para murid sami nyawiji... Mboten kanyana-nyana... Dumadakan Gusti Yésus rawuh lan jumeneng ing satengah-tengahing para sekabat. Mila sami kagèt. Malah sami gadhah panginten bilih ingkang prapta punika minangka memedi (24:36) *Nalika isih padha guneman bab kuwi mau kabèh, dumadakan Gusti Yésus piyambak jumeneng ana ing tengahé para murid mau, lan ngandika: “Tentrem rahayu anaa ing kowé!”* (24:37) *Murid-murid kabèh padha kagèt campur wedi, lan ngira weruh memedi.*

Awit saking punika Gusti Yésus paring katrangan lan nandhesaken bilih punika èstu Gusti Yésus lan mboten memedi... Caranipun, sinebat mekaten:

24:39 Delengen tangan-Ku lan sikil-Ku. Iki Aku dhéwé! Padha grayangana lan setitèkna, sebab memedi rak ora duwé daging lan balung, kaya sing kokdeleng ana ing Aku iki.”
24:40 Sajroné ngandika mengkono kuwi Gusti Yésus nedahaké asta lan sampéyané.

Semantena, para murid taksih sami madeg mangu.

Gusti Yésus nuli ngandika: *“Apa ing kéné kowé duwé sing kena dipangan?”*

Para murid mau banjur ngaturaké iwak goréngan sairis. Iwak mau nuli ditampani déning Gusti Yésus lan didhahar ana ing ngarepé para murid mau. (ayat 43).

Selajengipun, Gusti Yésus ngandharaken sedaya piwucal wigati tumrap para murid... Mila, sedaya murid tumuli kadunungan keyakinan bilih Gusti Yésus pancèn Wungu saking antawisipun tiyang pejah.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten patunggilanipun Gusti Yésus Kristus

Kados déné para murid. Ing jaman samangké kathah tiyang ingkang mboten tentrem gesangipun, semplah, bingung,

frustrasi, mboten gadhah pengajeng-ajeng.... Amargi dèrèng pinanggih kaliyan Gusti Yésus ingkang sampun wungu!

Rawuhipun Gusti Yésus minangka Mésias ... Sang Mesih ingkang lajeng nandhang sangsara, seda, lan wungu malih saking antawisipun tiyang pejah... mesthinipun kita Imani dadya tandha lan pangajeng ajenging gesang tentrem rahayu.

Sepisan malih, Gusti Yésus Kristus pancèn èstu sinalib, seda, lajeng kasarekaken nanging lajeng wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.... Punika satunggaling kanyatan, bilih manungsa tinimbalan nglenggana karingkihan tuwin dosa dosanipun, mratobat lan purun anampèni Gusti Yésus minangka Mésias paring kawilujengaken déning Sang Kristus. Sih Rahmat ipun Gusti punika kaparingaken dhumateng sedaya manungsa sajagad wradin Yokanan 3:16: *Awit saka gedhéning sihkatresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing percaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng.*

Bab punika ingkang tuhu wigati kawartosaken dhumateng sedaya manungsa ing sakiwa tengen kita!

Wonten salah satunggaling tokoh reformasi gréja, asmanipun **Martin Luther**. Piyambakipun kadunungan niat, semangat lan keyakinan kanggé nélakaken kautamèn bab gesanging pasamuwan ingkang leres. Awit semangatipun ingkang makantar-kantar. Luther kaagem Gusti supados Gréja/pasamuhan Kristen rikala semanten nampèni pemulihan malih. Luther lajeng ngèngetaken mawi tembung: SOLA GRACIA – SOLA FIDÉ – SOLA SCRIPTURA.

Tegesipun: Bilih kawilujengan sejati punika namung **sih rahmat/anugerah**, peparing saking gusti Allah wonten ing Sang Kristus. Lan kawilujengan sejati namung saged dipun udi srana **kapitadosan**/iman wonten ing Gusti Yésus Kristus. Selajengipun, kawilujengan sejati kasebat namung saged kapanggihaken kanthi gamblang wonten andharan suci ing **kitab suci**/Alkitab .

Punika kanggé kita, bilih kita pancèn kedah ngudi saged madeg dadya tiyang ingkang gesang maédahi kanggé sesami

katur kagem kaluhuraning asmanipun Gusti. Pramila sumangga ngudi niat, semangat, tuwin sumarah mring Gusti supados kita sedaya purun lan wantun dadya piranting Sang Kristus... Ing pundia papan, lan wekdal sumangga madeg minangka seksi-seksinipun Gusti Yésus, supados kathah manungsa manungsa ingkang mratobat lan gesang salebeting tentrem rahayu, AMIN.

[Chk/LES]

KOTBAH

Minggu Paskah 4

Minggu, 21 April 2024

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul
4:5-12

Tanggapan: Jabur Masmur 23

Waosan 2: 1 Yokanan 3:16-24

Waosan Injil: Yokanan 10:11-18

**Pangon Kang
Utama
Ingkang Mranata
Gesang Kita**

KOTBAH JANGKEP

**“Pangon Kang Utama
Ingkang Mranata Gesang Kita”**

Ibu, bapak, para sedhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti kita Yésus Kristus. Saben wekdal, kita mrangguli kanyatan kaprihatosan ingkang tumama wonten ing masarakat sakiwa tengen kita. Wonten ingkang kénging bebaya bancana alam, wonten ingkang nandhang kacingkrangan, wonten ingkang sakit, wonten ugi ingkang mboten tentrem ing brayatipun, lss. Lajeng punapa ingkang kita tindakaken? Punapa kita namung badhé mèndel, *acuh tak acuh*, pasif, cuèk, mboten tumindak punapa-punapa?

Punapa kita purun lan wantun cawé-cawé amargi *émpati*? Lajeng tuwuh raos tresna mring sesamining agesang, tumuli mbudidaya sung pitulung midhèrèk kasagedan lan kakiyatan kita sami.

Pancèn, minangka tiyang Kristen, kita perlu saèstu mbudidaya paring pitulung tumrap ingkang mbetahaken; mirunggan ingkang wonten ing sakiwa tengen kita. Bab punika kita tindakaken amargi: (1) Kita kadhawuhan déning Gusti Yésus Sang Juru Pangèn ingkang utami. Kita mboten kénging mbaléla... mila kedah nindakaken dhawuhipun Gusti Yésus, sanadyan bab punika pancèn mboten gampang. (2) Kita

kadunungan keyakinan ingkang kiyat bilih Gusti Yésus mesthi mranata gesang kita temahan kita kasagedaken nindakaken pakaryan punika; kanggé pancèn pulihing katentreman lan karahayon ingkang kiblatipun wonten ing Gusti Yésus.

Ing kitab Injil Yokanan 10:10 – 18 maringi katerangan ingkang cetha tumrap kitab bab Gusti Yésus. Gusti Yésus sampun madeg dadya Juru Pangèn ingkang utami. Juru Pagon ingkang sa Pangèn inggih punika Gusti Yésus. Ingkang tuhu nindakaken jejibahan kanthi èstu. Kanthi *komitmen* utawi prajanjèn nindakaken kuwajiban ingkang inggil, mila Gusti Yésus nindakaken pakaryan: Ngrimati ménda, ngayomi lan mbélani ngantos dumugi ing pralaya; séda ing kajeng salib. Minangka Pagon ingkang utami, mesthi kémawon tepang lan nitèni para méndanipun. Semanten ugi, ménda-ménda kasebat sami wanuh dhateng Juru Pangènipun. Menawi wonten tiyang asing, saged punika pancèn tiyang ingkang badhé tumindak awon. Ingkang ugi ngremenaken, Juru Pagon ingkang Utami ugi nggatosaken sedaya ménda-méndanipun; kalebet saking “kandhang sanès”. Sedaya dipun rimati lan dipun upakara, dipun ayomi kanthi kebak ing katresnan. Mboten namung punika, Juru Pangèn ingkang utami ugi purun nresnani ménda-méndanipun ingkang mapan ing kandhang sanèsipun.

Kanthi ringkes saged kita gatosaken bilih Juru Pangèn Utami: *sepisan*, cumawis lan sumadya maringaken nyawanipun murih kawilujenganing ménda-méndanipun. *Kalih*, Pagon ingkang utami, mesthi kémawon tepang lan nitèni para méndanipun. *Tiga*, Juru Pagon ingkang Utami ugi nggatosaken sedaya ménda-méndanipun; kalebet saking “kandhang sanès”. Sedaya dipun rimati lan dipun upakara, dipun ayomi kanthi kebak ing katresnan.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus.

Punapa ingkang kaandharaken bab Gusti Yésus minangka Juru Pangèn ingkang utami; èstu cundhuk kaliyan andharan ing Jabur Mazmur 23. Pérangan Jabur Masmur 23 punika ngemot paseksining Dawud bilih Sang Yéhuwah Allah

kagambaraken kadosdéné “Juru Pangon kang sejati” ingkang tansah ngrimati, ngayomi lan njagi gesanging para ménda-méndanipun kanthi kebak rasa tresna. Minangka Juru Pangon ingkang sejati, Gusti Allah ugi tansah setya mberkahi, ngrimati, ngayomi... lan mesthèkaken bilih umating Allah tansah gesang kaayoman tan kirang punapa kémawon. Tembung “*Aku diplegungaké ana ing pangonan kang akèh suketé, aku digiring menyang ing banyu ing panggonan kang tentrem*”. Punika gegambaran bilih kasetyan lan katresnaning Allah punika nyata. Mila saged kita pahami. Bilih Gusti Yésus madeg dadya Juru Pangèn ingkang utami, punika jangkeping paseksi ing Kitab Jabur Masmur 23 kalawau.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus.

Samangké kita paham, bilih alandhesan Injil Yokanan 10:11-18 lan Jabur Mazmur 23 sangsaya cetha bilih pancèn leres bilih Gusti Yésus punika “Pangon Kang Utama Ingkang Mranata Gesang Kita” umatipun, inggih ménda-ménda kagunganipun. Pangon ingkang utami tetep njagi lan mbélani. Mboten namung ngrimati. Ingkang baken ménda-ménda saged kopèn, lan tentrem gesangipun. Pramila, kita mboten perlu kadunungan raos was sumelang... Inggih mekaten punika ménda-ménda ingkang begja rinengkuh déning Sang Juru Pangèn ingkang utami.

Wonten bab ingkang tuhu wigati, ingkang sinerat ing 1 Yohanes 3:16-24. Rasul Yokanan ngèngetaken bilih wonten kakiyatan ingkang ageng, ingkang sumunar saking Katresnaning Sang Kristus. Ingkang wiwit nresnani inggih Gusti Yésus Kristus. Katresnan agung tumrap manungsa sajagad; Ngantos Gusti sinalib saperlu sung tetulung tumrap kita sami. Yok. 3:16: *Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng*. Cetha mboten amargi kasaénan utawi kesalèhan kita. Sedaya amargi Katresnaning Allah ingkang rumentah tumrap kita sami. Gusti

ngersakaken, amargi kita sampun dipun-tresnani mila saklimrahipun kita ugi sumadya lan purun tresna dhumateng sesaminé agesang, menawi perlu ugi kedah cumawis dados korban tumrap sesami. *Mungguh katresnané Sang Kristus iku wus kita sumurupi, yaiku: manawa Panjenengané wus masrahaké nyawané kanggo kita, dadi kita iya padha kawajiban masrahaké nyawa kita kanggo sadulur-sadulur kita.* (1 Yok. 3:16).

Pasamuwan ingkang kinasih. Dados tiyang Kristen ing satengahing masarakat pancèn mboten gampil.... Tumindak saé kémawon tetep kaanggep lepat.... Rasul Pétrus tuwin Yokanan, kaanggep lepat, amargi paring pitulung “atas asmanipun Gusti Yésus Kristus” matemah tiyang ingkang lumpuh wiwit lair mila, lajeng pulih saras ... amargi Asma Dalem Sang Kristus. Wonten ing Parepatan (*persidangan*) Yérusalèm kasebat, Rasul Pétrus saha Yokanan, dipun priksa mawi pitakènan ingkang wigati, ip. “*Panggawému kang mangkono mau kalawan panguwasa apa lan atas jenengé sapa?*” (Ayat 7).

Ing kalodhangan kasebat Rasul Pétrus kanthi lugas dan manteb, bilih piyambakipun nindakaken mukjizat punika atas asmanipun Gusti Yésus. “*Sarèhning sapunika kula sami kapriksa bab pandamel saé dhateng tiyang sakit saha kedah nerangaken kalayan panguwaos ingkang pundi tiyang punika anggènipun kasarasaken, pramila panjenengan sadaya dalah sabangsa Israèl sami kula aturi uninga, **bilih punika margi saking asmanipun Gusti Yésus Kristus saking Nasarèt,** ingkang sampun panjenengan salib, nanging ingkang sampun kawungokaken saking antawisipun tiyang pejah déning Gusti Allah -- inggih margi saking Gusti Yésus punika tiyang punika saged ngadeg, pinanggih sampun saras wonten ing ngarsa panjenengan sapunika.*”(ayat 8-10)

Mekaten kakendelan, keyakinan lan semangatipun para rasul anggènipun purun lan wantun atur paseksi. Pramila ing ayat tumuli katandhesaken bilih kawilujengan sejati namung wonten ing Gusti Yésus Kristus : “*Kaliyan malih boten wonten karahayon wonten ing sintena kémawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika boten*

wonten asma sanèsipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita.”

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus. Mekaten kita samangké manggihaken patuladhan saking peladosanipun rasul Pétrus lan Yokanan. Senadyan tiyang prasaja, nanging sumadya kaagem déning Gusti Yésus. Mugi mugi kita kasagedna nulad lan cumawis kaagem dadya pirantining katentreman tuwin karahayon. Kita mboten perlu uwas lan sumelang amargi Gusti Yésus Sang Juru Pangèn ingkang utami mesthi tansah mberkahi lan mranata gesang kita.
AMIN

(IWS/LES)

KOTBAH

Minggu Paskah 5

Minggu, 28 April 2024

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul
8:26-40

Tanggapan: Masmur 22:26-32

Waosan 2: 1 Yokanan 4:7-21

Injil: Yokanan 15:1-8

**Sanès
Kemladhéyan,
Sanès *Parasit***



KOTBAH JANGKEP

“Sanès Kemladhéyan, Sanès *Parasit*”

Para Sedhèrèk ingkang kinasih,

“Parasite” satunggaling jejer (irah-irahan) film saking negri Koréa ingkang pikanthuk *penghargaan bergengsi*. Film punika saged ngrebut *Piala Oscar* 2020 cacah 4 lan ugi pikantuk *piala* (tuwung slaka kanggé ganjaran) sanèsipun cacah 263 ing tahun 2019. Saèmper kaliyan jejeripun, film saé ingkang wusananipun damel trenyuh punika nyariosaken ngèngingi gesangipun satunggaling brayat ingkang gumantung dhateng gesangipun brayat sanès ingkang langkung sembada. Kawontenan mekaten ndadosaken brayat sanès ingkang dipun jagakaken punika dados risak, ing wasana mrihatosaken sanget. Kawontenan ingkang tansah gumantung punika kadya kemladhéyan ingkang nunggilaken sawetahing gesangipun dhateng taneman sanès lan nyesep sari pati tetedhanipun taneman sanès wau.

Para pendhèrèkipun Gusti Yésus kagambaraken kadya pang wit anggur ingkang nunggil kaliyan witipun. Pang punika kedah nèmplèk ing witipun anggur supados gesang awit panging taneman pancèn kedah nunggil, nèmplèk ing witipun menawi kepéngin tetep gesang. Cara gesangipun pang béda kaliyan kemladhéyan utawi *parasit*. Bèntenipun inggih punika taneman *parasit* nyesep *ènergi* (kakiyatan) taneman bakunipun lan

danguning-dangu ndadosaken taneman bakunipun pejah. Sedaya sari pathining tetedhan saking taneman ingkang dipunntèmplèki namung kanggé dhirinipun piyambak. Déné pang anggur ingkang nunggil kaliyan witipun ndadosaken pang wau saged gesang sesarengan kaliyan witipun, lan wusananipun saged nguwohaken woh anggur. Woh ingkang dipun dalaken saking pang anggur saged kanggé titikan bédanipun pang anggur kaliyan *parasit* ingkang tumèmplèk ing witing taneman.

Para sedhèrèk ingkang Kinasih,

Kita temtu kèmutan lagu Sekolah Minggu, “Yésus Pokok dan Kitalah Rantingnya”. Kanthi tetep nunggil, nèmplèk, kita badhé saged ngedalaken woh. Nunggil, tumèmplèk ing Sang Kristus tegesipun tansah mbangun sesambetan ingkang tanpa pedhot lan teras-terasan kaliyan Gusti Yésus. Namung kanthi nunggil, nèmplèk kaliyan Panjenenganipun kita badhé ngalami bab-bab ingkang saé ing gesang, saged ngedalaken woh. Woh ingkang dipun dalaken para pendhèrèkipun Sang Kristus inggih punika woh kayektosan lan kasaénan sarta tentrem rahayu ingkang nyata ing jagad, ingkang mbetahaken kawilujengan.

Gesang ingkang ngedalaken woh dipun-tuladhani ing Lelakoné Para Rasul 8:26-40. Cariyos ing kitab punika mratélakaken kanthi gamblang kados pundi pakaryaning Sang Roh Suci nguwohaken wohing gesang ingkang saé lan manis. Wujudipun kawistingal ing patrap gesang ingkang saé nanggapi pakaryaning Sang Roh Suci, kados ingkang lumampah ing gesangipun para priyantun ing cariyos punika:

- **Filipus**

Filipus ngetingalaken cara gesang ingkang sumuyud nglampahi pepakèning Allah ingkang kaparingaken dhateng piyambakipun, “Ngadega lan mangkata...”. Kitab Suci mratélakaken bilih margi punika margi ingkang sepi (ay.26). Bab punika mratélakaken bilih punapa ingkang katindakaken déning Filipus mboten badhé populèr (kondhang), mboten dipun mangertosi déning tiyang kathah. Filipus nindakaken pakaryanipun kanthi **inisiatif** (ada-ada), **kapredulèn** lan **kréatif** (duwé daya cipta). Sedaya

pepakènipun Gusti pancèn kaparingaken tanpa katrangan ingkang gamblang, nanging pepakèn punika dipun udi katindakaken kanthi saé lan jangkep déning Filipus. **Pakaryaning Filipus mboten naté kandheg**, sanajan ing pungkasaning cariyos karaos nyala wadi. Filipus kados-kados ical ngaten kémawon saking cariyos. Jejibahanipun Filipus pancèn sampun dipun tindakaken, piyambakipun mesthi kasurung déning Sang Roh nindakaken ayahan sanès. Piyambakipun késah kanthi suka rena.

- **Priyagung Panjaga Kaputrèn Nagari Éthiopia**

Ing satengahing margi, priyagung punika maos Kitab Suci Prajanjian Lami lan manggihaken bab ingkang taksih katutupan, angèl dipun mangertosi. Panjenenganipun nyuwun pirsa, “*Kados pundi anggèn kula saged mangretos, manawi boten wonten ingkang nuntun?*” bab punika mratélakaken bilih panjenenganipun **kersa dipun tuntun, inggih kersa dipun èngetaken lan kersa tansah majengaken dhiri**. Anggènipun kersa katuntun déning Filipus ndadosaken panjenenganipun saged mangertosi kersanipun Kitab Suci, inggih punika ing bab pakaryan kawilujengan wonten ing Gusti Yésus Kristus.

Para sedhèrèk ingkang kinasih,

Tumraping tiyang Kristen, adeging Gusti Allah punika katresnan. Pramila mesthinipun bab punika ambekta pangaribawa dhateng gesanging para pendhèrèkipun Gusti Yésus. Saben pendhèrèkipun Gusti Yésus ingkang gesangipun tumèmplèk, nunggil ing Panjenenganipun kedah saged ngedalaken wohing katresnan ing gesangipun. Awit saking punika, ing gesangipun tiyang kristen mboten samesthinipun wonten patrap rempuning manah ing salebeting nresnani sesami. Kanthi tresna dhateng sesami, tiyang kristen mujudaken katresnan ilahi saking dhirinipun.

Wonten tetembungan saking basa Latin ***Gloria Dei Homo Viven***, tegesipun Gusti Allah kaluhuraken nalika sesami dipun gatosaken. Wujuding katresnan punika nyata ing salebeting wohipun peladosan ingkang kita pratélakaken ing

gesang punika. Kita sanès kemladhéyan utawi *parasit*, nanging kita punika pang ingkang nunggil lan nèmplèk ing witipun anggur ingkang leres.

Satunggaling panyerat kawentar, Gede Prama nyariyosaken satunggaling cariyos ingkang narik kawigatosan. Saking salah satunggaling cariyos fantasinipun (pangangen-angenipun), wonten priya sugih ingkang gadhah garwa cacah tiga. Priya punika sampun badhé tilar donya. Garwa ingkang sepisan dipun timbali. Garwa sepisan punika inggih garwanipun ingkang paling enèm, paling nengsemaken, lan ugi paling kathah pikantuk kawigatosan. Nalika garwa enèmipun pirsu bilih sémahipun badhé tilar donya, piyambakipun malah mlajar lan mbanting konten kanthi keras. Ujaripun kanthi kasar, “*Yèn mati, yo mati-a dhéwé!*” Mirsani tanggapan garwa enèmipun, manahipun priya wau cuwa. Mila lajeng nimbali garwa kaping kalih sinartan nangis sesenggukan. Nalika dipun ngendikani bilih sémahipun badhé tilar donya, wanita ingkang sampun radi sepuh punika matur kanthi alus, “*Kangmas, kula namung saged ndhèrèkaken ngantos dumudi ing pasaréyan. Sasampunipun punika Kangmas kedah mlampah piyambakan.*” Pramila priya sugih wau sangsaya sedhih lan nangis, nggetuni gesangipun. Awit sampun mboten wonten pilihan malih, kapeksa priya punika nimbali garwa ingkang paling sepuh, ingkang asring dipun lirwakaken lan asring katandukan patrap ingkang mboten saé. Kinanthènan patangisipun ingkang sangsaya nggrantes, priya sugih punika ngendikakaken anggènipun sekedhap malih badhé tilar donya. Mboten kanyana, garwa sepuh punika malah ngasta astaning sémahipun kanthi supeket (*mesra*), mèsè lan malah ngaras pipi kanthi matur lirih-lirih, “*Sampun kuwatos Kangmas, kula badhé tansah ngancani panjenengan dhateng pundi kémawon, lan ngantos mbénjang punapa, kula tetep ngancani.*”

Menawi jujur, cariyos priya sugih punika èstunipun cariyos gesang kita sami nalika ngadhepi pepèsthèn pejah. Garwa enèm minangka gegambaraning panguwaos lan kasugihan bandha donya. Saèstu nengsemaken panguwaos lan kasugihan punika. Kathah tiyang ingkang rila nilar agaminipun namung

kanggé mburu kasugihan. Mboten sekedhik tiyang ingkang ngudi kasugihan lan panguwaos ngantos dumugi ing pangimpènipun. Makna ingkang saged kapethik, mboten kok namung sasampunipun tilar donya, nalika raga punika taksih séhat menawi kasugihan lan panguwaos kedah ical, sedaya punika inggih temtu ical. Sapéranganipun tiyang sugih lan gadhah panguwaos malah kadongakaken énggal sakit lan nemahi patinipun déning tiyang-tiyang ingkang *ambisius*.

Garwa kaping kalih mboten sanès inggih raga fisik (jasmani) punika. Raga dipun uja déning manungsa samangké. Dhedhaharan éco, piknik ingkang sarwi méwah, nguja paningal kanthi tontonan ingkang nengsemaken, ngginakaken kosmètik ingkang wah lan awis malah ngantos nglampahi operasi plastik. Sedaya punika mbetahaken redana lan tenaga ingkang mboten sekedhik. Nanging kados pundia kémawon, kados ingkang sampun cinathet ing sujarahipun manungsa, bilih raga punika namung saged ndhèrèkaken ngantos ing pasaréyan.

Wondéné garwa sepuh ingkang sampun kalirwakaken, dipun sepèlèkaken lan dipun tilar inggih punika peladosan kita ing gesang. Nresnani garwa, ngladosi sémah, ngrigenaken para anak tumuju dhateng kadiwasanipun, ngurmati pimpinan, ngasihi para anak buah, mitulungi sinten kémawon lan punapa kémawon ingkang kabetahaken, nindakaken padamelan kanthi sakatogipun, punika sedaya sapérangan tugas-jejibahan peladosan ingkang asring dipun supèkaken. Ing babagan spiritual sinebat spiritualitas ing salebeting tumindak.

Para Sedhèrèk ingkang kinasih,

Cariyos wau mboten saged tinampi kanthi wantahan kémawon. Cariyos punika mbekta hikmah ngèngingi kekiyatanipun katresnan. Katresnan badhé tetep nyata ing salebeting pribadi tiyang-tiyang ingkang gesangipun nèmplèk, nunggil kaliyan Gusti Allah. Anggènipun nunggil, tumèmplèk punika badhé nguwohaken wohing katresnan.

Tansaha nunggil kaliyan Gusti Yésus, wit anggur ingkang leres supados nguwohaken woh. Tiyang ingkang tetep nunggil kalayan Sang Kristus badhé saged mbabaraken katresnan

ingkang wetah dhateng sesami. Inggih awit piyambakipun sanès
kempladhéyan, sanès *parasit*.

(IS-IP)

“BAHAN LITURGI”

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*

LITURGI

Rebo Awu

Rebo, 14 Februari 2024

Katrangan:

PS.: Pamedhar Sabda

PL: Pelados Liturgi

L: Lèktor

M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)

U: Umat

**Wangsula malih
ngener dhateng
Gusti**
ꦮꦱꦸꦭꦩꦭꦶꦁ

PACAWISAN (nyalarasaken pakulinaning pasamuwan sapanggènan)

- Organis/pianis/juru musig ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaos.
- Arak-arakaning lilin kajumbuhaken kaliyan pakulinaning pasamuwan sapanggènan.

VOTUM

(Umat jumeneng)

- PS: Ibadah Rebo Awu punika kita sengker kanthi pangaken bilih: “Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi”
- U: *(ngidungaken **KPJ 464b “Amin, Amin, Amin”**)*
Amin, Amin, Amin.

SALAM

- PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan.
- U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

BEBUKA

(*Umat lenggah*)

M: Dinten Rebo Awu punika tetenger kawiwitanipun Mangsa Pra Paskah. Ing dinten punika, saben umat kaajak supados ngasoraken manah ing ngarsanipun Gusti minangka solah tingkahing pamratobat.

“Atimu suwèken, aja sandhanganmu, sarta mratobata marang Pangéran Yéhuwah Allahmu,” (Yoèl 2:13)

Makaten panguwuhipun Yoèl tumanduk ugi dhateng kita, supados kita saged gesang dados keparengipun Gusti. Mangsa Pra Paskah dados sarana kanggé wangsul malih ngener dhumateng Gusti saha madhepaken dhiri ngraosaken kanthi èstu-èstu pangorbananipun Gusti Yésus Kristus kanggé saben tiyang.

Kanthi makaten, tindak kautamaning gesang kita mboten kebak lelamisan tuwin ndamel muspraning sih-rahmatipun Gusti Allah, ingkang sampun kita tampèni.

U: (*Ngidungaken KPJ 15:1 “Kula Tumenga Mring Gusti”*)

KPJ 15. KULA TUMENGA MRING GUSTI

Do=G 4/4

- 1) Kula tumenga mring Gusti
kang pinarak ing swarga,
kados mripatipun abdi,
mulat dhateng Gustinya.
Nggih mekaten mripat amba,
mandeng mring Gusti kula,
ngajeng-ajeng pitulungan,
ngadhang rentahing sih-Nya.

TIMBALAN MRATOBAT

M: Para sadhèrèk ingkang kinasih, Gusti Allah sampun milujengaken manungsa saking dosa. Panjenenganipun ngurbanaken Putranipun ontang-anting kanggé nebus dosanipun manungsa ing kajeng salib tuwin unggul saking pejah. Ngantos wekdal punika kita dèrèng saged nélakaken raos sokur kanthi saé saha dèrèng saged

nanggapi pakaryanipun Gusti jumbuh kaliyan Karsanipun. Asring kita pados margi piyambak saha mboten manut margi ingkang dipun-kersakaken Gusti. Sumangga kita wangsul malih ngener dhumateng Panjenenganipun ing salebeding eningipun batos miwah ngakeni kekirangan saha kalepatan kita wonten ing ngarsanipun Gusti.

(Wekdal ening: umat nélakaken pangakening dosa tuwin piduwungipun wonten ing pandonga pribadi)

PL: Dhuh Gusti Allah kawula, kawula sadaya ngrumaosi kalepatan tuwin dosa kawula ing ngarsa Paduka. Salaminipun kawula gesang, asring nerak dhawuh Paduka saha gesang manut pranatan kawula piyambak. Asring kawula mboten nanggapi pakaryan Paduka kanthi kebak tanggel jawab, ananging sasekéca kawula. Mangka pangurbanan Paduka ageng sanget ing ngatasipun kawula.

Kawula keduwung tuwin nyuwun pangapunten Paduka dhuh Gusti. Wonten pangapunten Paduka, mugi ndadosaken kawula kaanyaraken; dalah wonten ing aubing swiwi Paduka, nyagedaken kawula nanggulangi tiyang awon. Kawula badhé gesang miturut kaliyan ingkang Paduka kersakaken. Wonten ing Asmanipun Gusti Yésus kawula nyenyuwun. Amin.

U: *(Ngidungaken **KPJ51:1, 4 “Gusti Mugi Mirsani”**)*

KPJ 51 GUSTI MUGI MIRSANI

Do=F 6/4

- 1) Gusti mugi mirsani nggèn kula kasrakatan.
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangéran.
Nyuwun tulung, dhuh Allah, mugi nglanting kawula sing sagung karibedan, dimèn pulih lejara.
- 4) Gusti tukung kadarman, mugi mlasu mring kula.
Uwala sing momotanwah kali sing panggodha.
Gusti tukung kraharjan kang kwasa mbirat dosa,
Mugi nucèkken kula, temah gesang sembada.

PRATÉLANING PAMRATOBAT

PL: Sasampunipun nelangsani kalepatan tuwin dosa kita, sumangga kita ing Mangsa Pra Paskah punika kita mersudi gesang jumbuh kaliyan karsanipun Gusti kados ingkang sinerat ing **Yakobus 4:8-10**

“Padha nyedhaka marang Allah, temah Panjenengané bakal nyelaki kowé. Tanganmu padha resikana, hé para wong dosa lan sucèkna atimu, hé wong kang atiné mangro! Padha rumangsaa cilaka, padha prihatina lan nangisa; guyumu salinana tangis, sarta kabungahanmu salinana prihatin. Esorna badanmu ana ing ngarsané Pangéran, sarta Panjenengané bakal ngluhuraké kowé.”

U: (Ngidungaken **KPJ 82:1, 3** *“**Lamun Kula Kasayahan**”*)

KPJ 82. LAMUN KULA KASAYAHAN

Do=D 9/8

- 1) Lamun kula kasayahan, kamomotan, kèmengang;
kula marek dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Reff.: Kula marek, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Nyuwun ayem, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
- 3) Mugi ngirid lampah kula, dhuh Pamarta kang setya,
tinuntuna maring swarga, manggih tentrem raharja.
Reff.: Kula marek, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Nyuwun ayem, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.

PALADOSAN SABDA

Pandonga Épiklése

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun tedhakipun Roh Suci*)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan I:

L: Waosan kapisan kapendhet saking **Yoèl 2:1-2, 12-17**
(*maos Yoèl 2:1-2, 12-17*)
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan:

L: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan kanthi maos imbal-imbalan **Jabur Masmur 51:3-19**.

Waosan II:

L: Waosan kaping kalih kapendhet saking **2 Korintus 5:20 – 6:10** (*maos 2 Korintus 5:20 – 6:10*)

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil:

PS: Waosan Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus Kristus manut Matius, **Matius 6:1-6, 16-21** (*maos Matius 6:1-6, 16-22*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken miwah nggatosaken Sabdanipun Allah (Luk. 11:28).

Hosiana!

U: (*Ngidungaken Hosiana manut ungeling KPJ 468*)
Hosiana, Hosiana, Hosiana!

Khotbah

“Wangsula Malih Ngener Dhateng Gusti”

PANGOSÈRAN AWU

PS: Awu kaginakaken minangka simbul utawi sawenèhing tandha kanggé nélakaken panelangsa tuwin pamratobat, pisan simbul pangajeng-ajeng menggahing petangèn, ing pundi samukawis sadaya badhé sirna tuwin geseng déning urubing latu miwah kagantos déning bumi anyar lan langit anyar. Awu ugi dados simbul sekeling penggalih ingkang sanget (Ayub 2:8) utawi minangka simbul pambirating dosa (Wi. 19:9, 17-18; Ibr. 9:13).

Wekdal samangké, kita nengeri panelangsa tuwin pamratobat kita punika mawi awu, minangka tandha

kasanggeman kita masrahaken gesang karukunaken déning Gusti Allah, supados kita saged gesang jumbuh kaliyan tuladhanipun Gusti Yésus Kristus.

Awu kaosèraken ing bathuk (palarapan), minangka tandha bilih dosa mboten supados dipun-dhelikaken ananging dipun-akeni minangka satunggaling panelangsa saha dipun-pungkasi kanthi pamratobat. Kanthi awu ingkang kaosèraken ing bathuk, mila kita sumadhiya nglampahi Mangsa Mratobat kanthi tumemen ndedonga, siyam tuwin dedana.

(*Nalika awu kaosèraken, Pamedhar Sabda ngandika: “Amarga sira iku lebu, lan sira bakal bali dadi lebu manèh.” [Kacundhukna PD 3:17, 19]. Utawi: “Padha mratobata, lan pracayaa marang Injil!” [Kcn. Markus 1: 15]. Mila, umat ngandikaa ing salebeding manah [ngunandikaa]: “Karsaa ngapunteni kalepatan kawula, dhuh Gusti” minangka pratélaning panelangsa tuwin pamratobat.*)

(*Pangosèran awu kawiwitan kanthi ngidungaken **KPJ 56:1-3 “Muliha Anggèr”**. Saparipurnaning kidung, PS dalah umat, saé ingkang wonten gedhong gréja punapadéné wonten ndalem, nindakaken pangosèran awu, kairingan instrumèntalia utawi lelagon musik tanpa nyanyian KJ 56 ngantos pangosèran awu paripurna*)

U: (Ngidungaken **KPJ 56:1-3 “Muliha Anggèr”**)
KPJ 56 MULIHA ANGGÈR

Do=Es 4/4

- 1) Muliha anggèr, muliha dèn énggal!
Paranmu wus adoh, lakumu kesasar.
Adhuh cilaka anggèr muliha! Dèn énggal muliha!
- 2) Élingasira, wong dosa tobata.
Ramamu kang asih nganti klawan sedhih.
Adhuh, cilaka sira wong dosa, dèn énggal tobata.

- 3) Tobata sira, wong dosa nlangsaa!
Suwarga omahmu, naraka satrumu.
Adhuh, cilaka sira wong dosa, nging Allah ngaksama.

WEKDAL ENING

PANGAKEN PITADOS RASULI *(Umat jumeneng)*

M: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing sadaya abad lan panggénan, sumangga kita mratélakaken sahadat kita srana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli makaten

PANDONGA SYAFAAT *(Umat lenggah)*

PS: *(Nuntun ngonjukaken pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG

M: Sumangga kita aturaken panuwun sokur kita dhumateng Gusti tinalesan pangandika ing Matius 5:24,
“pisungsungmu tinggalen ana ing ngarepé misbyah kono, nuli maranana sadulurmu mau, rukuna dhisik, sawisé iku banjur balia, nyaosna pisungsungmu.”

U: *(Ngidungaken **KPJ 154:1-2 “Adrenging Tyas Kula”**)*

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagungan ta.
Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
Sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
Mugi katampia atur kawula,
Mrih gesang kawula kagema Paduka
pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
Sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
Mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.

Pandongga Pisungsung

M: (*Ngonjukaken pandonga pisungsung, kapungkasan
sesarengan ngidungaken **KPJ 152 “Rama Kawula
kang Wonten Swarga”***)

U: (*Ngidungaken **KPJ 152 “Rama Kawula kang
Wonten Swarga”***)

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,
ingkang Asma kasucèkna.
Kraton Paduka rawuh,
karsa Paduka klampah
ing bumi kadya anèng swarga.
Ing dinten sapunika
Sinunga cekap rejeki;
kula kaapuntenna,
kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
sampun nandukken kula dhateng panggodha,
kalepasna kula saking piawon,
jer Gusti kang kagungan lan wisésa
sarta kamulyannya ngantos slami-lamina.
Amin, amin.

KIDUNG PANGUTUSAN (*Pasamuwan Jumeneng*)

U: (*Ngidungaken **KPJ 439:1, 2 “Ing Jagad kang
Peteng”***)

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,
Kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya nggresah
Miwah semplah ing manah.
Reffr : Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti
Kanthi setya nglampahi
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.
Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
Mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

PANGUTUSAN

- PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti!
- U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti.**
- PS: Lampahana Mangsa Pra Paskah kanthi sinau wangsul malih ngener dhumateng Gusti!
- U: **Kawula badhé mersudi ngawonaken pangawak dursila / miwah ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti.**
- PS: Pinujia Gusti.
- U: **Samangké ngantos salami-laminipun.**

BERKAH

- PS: “Gusti Allah mugi mberkahi lan ngayomi panjenengan.
Gusti Allah mugi karsa nyunaraken cahyaning
Wedananipun lan maringi panjenengan Sih-rahmat.

Gusti Allah mugi kepareng nungkulaken Wedananipun
dhumateng panjenengan lan maringi panjenengan
tentrem rahayu.”

(kcn. Wi. 6:24-26)

U: (Ngidungaken **KPJ 464 “Amin”**)

Amin, Amin, Amin.

[IAS-DEN]



LITURGI

Minggu Pra Paskah 1

Minggu, 18 Februari 2024

Katrangan:

PS: Pamedhar Sabda

PL: Pelados Liturgi

M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)

U: Umat

L: Lèktor

**Nggesangi
Pakaryanipun
Allah
Ingkang Èndah
ing
Sang Kristus**
卐

Arak-arakan wiwitaning pangibadah kajumbuhaken kaliyan pakulinaning pasamuwan sapanggénan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Umat jumeneng)

PL: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning kalasangka. Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi clempung lan slukat!

U: **Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi terbang lan jejogédan, padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning clempung lan suling!**

PL: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang kumencring,

U: **Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang gumenjrèng!**

PL: Kabèh kang ambekan karebèn padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah!

U: **Haléluya!**

U: *(Ngidungaken **KPJ 19:1, 3 “Pamuji Konjuk Gusti”**)*
KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya.
Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.
- 3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci,
kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

VOTUM

- PS: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisènipun, saha ingkang setya tuhu netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun Katetepaken.
- U: (*Ngidungaken **KPJ 464a “Amin”***)
Amin, Amin, Amin.

SALAM

- PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan (kita) sadaya.
- U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

ATUR BEBUKA

(*Umat lenggah*)

- M: Para sadhèrèk, dinten punika kita lumebet ing Minggu Pra Paskah kapisan. Lumantar Minggu Pra Paskah, kita tinimbangan ngraosaken lebet ing penggalhipun Gusti Allah, ngraosaken Kasedhihanipun mirsani Titahipun. Ing Sang Kristus, Gusti Allah maringi tuladha sikap ing penggalih ingkang cumawis ngalami prosèsing kaasoraning panggalih miwah makarya ing satengahing umat ingkang dipun-wilujengaken Panjenenganipun. Gusti Yésus Kristus mbudidaya kanggé katresnan ing salebeting pambangun-turut. Sang Kristus ngalami tuwin nglawan saben pacobèn tuwin panggodha, sarta cumawis ngrembat risiko kanggé kawilujenganing jagad. Sabdanipun Gusti ing Minggu Pra Paskah kapisan punika, ngajak kita sinau saking Gusti Yésus. Lumantar

jejer: “**Nggesangi Pakaryanipun Allah Ingkang Éndah ing Sang Kristus**”, kita badhé ndhèrèk kagiyatanipun Sang Kristus. Keparenga kita sadaya nyawisaken manah supados saya kinebakan déning citraning salibipun Kristus.

U: (*Ngidungaken **KPJ 59:1, 3 “Pinujia Tansah Allah Mahamirah”***)

KPJ 59. PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

Do=F 3/4

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresna nira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki
Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.
- 3) Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya.
Tyang bekti lan setya sinung nugraha,
gesang langgeng nyata néng kraton swarga.
Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

PANGAKENING DOSA

- PL: Para sadhèrèk, rak kita asring sumerep punapa ingkang leres, ananging asring mboten milih ingkang leres?
Sumangga kita ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti saha nyuwun pangapunten saking Panjenenganipun.
(*Pasamuwan kaaturan ngonjukaken pandonga pribadi langkung rumiyin, watawis 30 sekon*)
- PL: Dhuh Allah, katresnan Paduka ageng dhateng kawula, ananging kawula asring mboten nresnani Paduka. Kawula nindakaken punapa ingkang nyerikaken

penggalhipun Gusti. Paduka apunteni kawula, amargi kawula ugi asring kesupèn caos sokur menggahing panganthi Paduka ing salebeting gesang kawula. Paduka apunteni kawula ingkang asring rumaos langkung ageng tuwin langkung ngébat-ébataken tinimbang tiyang sanès. Mugi karsaa nglebur sadaya dosa tuwin panerak kawula, dhuh Allah. Kaéwahana gesang kawula dados énggal, gesang manut ing sakarsa Paduka. Punika pandonga ingkang kawula onjukaken miwah kawula ladhesaken ing Gusti Yésus Kristus Juru Wilujeng kawula. Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 49:1, 3 “Gusti Kang Maha Wilasa”*)

KPJ 49. GUSTI KANG MAHAWILASA

Do=G 4/4

- 1) Gusti Kang Mahawilasa mugi paring aksama kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran; nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng
- 3) Gusti Inkgang Mahakwasa, mugi nuntun kawula; ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka. Awit kwasaning Roh Suci, nyingkur karsèng pribadya, nglawan kapèncuting donya, mrih raharja slaminya.

PAWARTOS SIH RAHMAT (*Umat jumeneng*)

PL: Tampènana pawartos sih rahmat saking Gusti miturut 1 Pétrus 2:24-25 ingkang makaten,

“Panjenengané piyambak wis ngrembat dosa kita ing sarirané ana ing kayu salib, supaya kita kang wis mati tumrap ing dosa, padha urip tumrap prakara kang bener. Marga saka bilur-biluré kowé wis padha kawarasaké. Awitdéné biyèn kowé padha kaya wedhus kang kesasar, nanging saiki wis padha bali marang Pangon sarta Pamomonging nyawamu.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

U: (Ngidungaken **KPJ 78:1, 3 “Iba Begjaku”**)
KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

PALADOSAN SABDA

(Umat lenggah)

PS: (Nuntun pandonga *Épiklése*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Purwaning Dumadi 9:8-17**.
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan wau, kanthi
maos imbal-imbalan **Jabur Masmur 25: 1 – 10**.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Pétrus 3:18-22**.
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Markus 1:9-15**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang nggatosaken tuwin ngecakaken Sabdanipun Gusti kanthi setya ing gesang padintenan. Hosiana.

U: (Ngidungaken **Hosiana** manut ungeling **KPJ 468**)

Khotbah:

“Nggesangi Pakaryanipun Gusti Allah ingkang Éndah ing Sang Kristus”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados (Umat jumeneng)

M: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting jaman, sumangga kita ikraraken tuwin kita antebaken malih menggah punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Pandonga Syafaat (Umat lenggah)

PS: (Ngonjukaken pandonga syafaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

M: Wedharaning caos sokur ingkang kita télakaken ing pangibadah wekdal punika kita talesi Sabdanipun Gusti kados ingkang kaserat ing 1 Babad 16:29 makaten,

“Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yéhuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yéhuwah kalawan ngrasuk kasucén.”

U: (Ngidungaken **KPJ 157:1-3** “**Caosna Pisungsungmu**”)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNG MU

- 1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan
Klayan lilaningati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
Reff. : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
Minangka panuwunmu, witsihing Allah.
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.
Reff. : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, witsihing Allah.
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.
Reff. : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
Minangka panuwunmu, witsihing Allah.

Pandongang Pisungsung

(Umat jumeneng)

PL: (Nuntun pandonga pisungsung)

Kidung Pangutusan

(Umat jumeneng)

U: (Ngidungaken **KPJ 427:1, 2 “Begja Sejati”**)

KPJ 427. BEGJA SEJATI

Do=d 6/8

- 1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti,
yéku gesang kang pangaji.
Dadya lantaran mrih karukunan,
Katentreman kelampahan
Reff. : Mung Sang Kristus yéku Gusti,
Panebus kula sejati
Gesang kawula, kagem asmanya
nggih martosken sihrahmatnya
- 2) Begja sanyata, gesang nèng donya,
lelados mring Sang Pamarta.
Dipunbélani, sabar ing kardi,
Temah kalis ing bilahi.
Reff. : ...

PANGUTUSAN

(*Umat jumeneng*)

PS: Tetepa setya supados gesang panjenengan kapulihaken saha enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U: **Kawula cumawis dados seksi kagem Sang Kristus!**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké ngantos salami-laminipun!**

PS: Mengkera kanthi bingah, émuta Sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang panjenengan. Lampahana gesang ing salebeting raos sokur saha samektaa nindakaken Timbalanipun Gusti. Gusti ngiring lampahing gesang Panjenengan srana Berkahipun.

BERKAH

PS: “Gusti Allah mugi mberkahi lan ngayomi panjenengan (kita).

Gusti Allah mugi karsa nyunaraken cahyaning Wedananipun lan maringi panjenengan (kita) Sih-rahmat.

Gusti Allah mugi kepareng nungkulaken Wedananipun dhumateng panjenengan (kita) lan maringi panjenengan (kita) tentrem rahayu.”

Amin.

U: (*Ngidungaken* **Hosiana Amin** manut ungelipun **KPJ 472**)

Hosiana (5x) Amin (3x)

(PKM-DEN)



LITURGI

Minggu Pra Paskah 2

Minggu, 25 Februari 2024

Keterangan:

PS.: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)

U: Umat

L: Lèktor

Gesang Adhedhasar Pracaya



PACAWISAN (kajumbuhna kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organ is ngungelaken lagu-lagu ingkang saged mbiyantu warga pasamuwan lumebet ing salebeting pangibadah
- M lumebet ing papan pangibadah, umat sami ening
- Prosèsi lilin kajumbuhaken kados padatan

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

PL: Allah ingkang kebak katresnan tansah ngrawuhi umatipun. Panjenenganipun nimbali para kagunganipun sowan marek lan sami karengkuh kanthi katresnan. Allah nimbali kita lumebet dhateng patunggilan gesang anyar, ingkang rinengga ing katresnan. Sumangga kita tampèni timbalanipun saha kita raosaken éndahing katresnanipun.

U: (Memuji **KPJ 5: 1, 2 “DHUH PANGÉRAN”**)

- 1) Dhuw Pangéran ingkang Maha Suci
Kula sami marek tetunggilan,
Salir bangsa salumahing bumi
Amemuji asmané Pangéran
- 2) Gusti tresna mring kula sadaya
Saking kilèn miwah saking wétan
Sami nunggil klayan Sang Pamarta
Yésus Kristus kang dados Panutan

VOTUM

PS: Kita lumebet ing wekdal Pra Paskah II kanthi pangaken:
Allah ingkang Maha asih, ingkang nitahaken langit dalah
bumi punika etuking pitulungan kita.

U: $\underline{1 \cdot 5} \ 5 \cdot | \underline{2 \cdot 5} \ 5 \cdot | \underline{4 \ 3 \ 2 \ 1 \ 2 \cdot 3} | 3 \cdot \cdot \cdot |$
A - min, a - min, A - min

$\underline{1 \cdot 5} \ 5 \cdot | \underline{2 \cdot 5} \ 5 \cdot | \underline{4 \ 3 \ 2 \ 1 \ 2 \cdot 1} | 1 \cdot \cdot \cdot ||$
A - min, a - min, A - min

SALAM

PS: Sih Rahmat lan Tentrem rahayu saking Allah Rama kita,
lan saking Gusti kita Yésus Kristus wontena ing
panjenengan sadaya.

U: **Wontena ing panjenengan ugi**

PAMBUKA

(lenggah)

PL: Gesang adhedhasar pracaya asring kedah ngadhepi
manékawarni prekawising gesang. Nalika kita ngadhepi
kawontenan ingkang angèl, nalika punapa ingkang sami
kita ajeng-ejeng mboten jumbuh kaliyan karsanipun
Allah, pracaya kita sami kauji. Gesang anyar adhedhasar
pracaya ateges ngetut buri marginipun Allah sanadyan
mboten jumbuh kaliyan pangajeng-ajeng kita.

U: (Memuji **KPJ 106: 1,2,3 “AMUNG KUMANDEL IKU”**)

- 1) Amung kumandel iku, uwiting karosanku
Amung kumandel iku, etuking kraharjanku
Reff.
Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku
- 2) Amung pracaya iku, kang mbungahken driyaku
Amung pracaya iku, panglipuring batinku
Reff.: ...
- 3). Srana pangandel iku, ngilangken prihatinku
Srana pracaya iku, sirna was sumelangku
Reff.: ...

PANGAKENING DOSA

PS: Sumangga kita resep i dhawuh pangandikanipun Gusti Yésus ingkang pinanggih wonten ing **Matius 5:44-45** *“Nanging aku malah pitutur marang kowé: Padha tresnaa marang mungsuhmu, wong kang nganiaya kowé padha dongakna slamet, supaya kowé padha katitika yèn dadi putrané Ramamu kang ana ing swarga, kang mlethèkaké srengéngé marang wong ala lan wong becik, sarta nurunaké udan marang wong kang ambek adil lan kang ora”*.

PL: Yésus mulang kita sadaya supados sami ngetut buri Allah ingkang nresnani sabèn tiyang ing kiwa tengen kita. Namung kémawon kita asring kablenggu déning raos nepsu, sengit lan nengenaken kapreluan kita piyambak lan pandamel sanèsipun. Awit saking punika sumangga kanthi lembah manah kita akeni sadaya dosa lan kekirangan kita wonten ing ngarsanipun Gusti sacara pribadi kanthi ening sawatawis.

Wekdal ening

PL: Sumangga kita sami nalangsani dosa kita wonten ing ngarsanipun Allah.

U: Kawula ngakeni dhuh Allah déné sampun nindakaken dosa ing pamikir kawula, ingkang kapenuhan raos nepsu, sengit lan nengenaken namung kapreluan kawula piyambak, satemah kawula sami mboten saged nresnani mengsah kawula. Mugi paduka melasi kawula. Wonten ing ngarsa paduka ingkang maha tresna, kawula sampun nindakaken dosa saé ing pamikir kawula, ucapan kawula dalah ugi ing sadaya pandamel kawula. Kawula saèstu tiyang dosa, saèstu dosa kawula. Mugi paduka melasi kawula.

U: (Memuji **KPJ 50: 1 “GUSTI MUGI MELASI”**)

1. Gusti mugi melasi, Gusti mugi melasi
Mugi mlasi kula

PL: Allah ingkang maha tresna mugèni kepareng mratélakaken katresnanipun sarana ngresiki dosa-dosa kawula. Mugèni Allah sumbering sih rahmat nuntun kawula sadaya lumebet ing gesang anyar ing patunggilanipun sang Rama, Putra lan Roh Suci.

U: **Amin**

PL: Dhuh Allah ingkang nresnani kawula sami, mugèni mitulungi kawula para tiyang dosa punika. Mugèni lumantar Gusti Yésus Kristus, Paduka karsa mratélakaken panebusan lan pangapuntèn Paduka dhumateng kawula sami. Mugèni Paduka kepareng maringaken katentreman lumantar rahipun sang Cempénipun Allah.

U: (*Memuji **KPJ 80: 1** “KRANA ALLAH TRESNA”*)
Karna Allah tresna mring jagad, sarta nggènira angasihi Iku kongsi masrahaké ingkang Putra ontang anting Supaya sakèhing jalma kang pracaya lan ngugemi Ywa Kongsi nemu karusakan, nanging langgeng gesangira

PAWARTOS SIH RAHMAT

(*Jumeneng*)

PS: Rahayu saben tiyang ingkang marek sowan ing ngarsanipun Gusti lan ngupadi sih-nugrahanipun. Gusti Allah kepareng rawuh lan mratélakaken sih katresnanipun sarana paring wartos pangluwaran kados ingkang sinerat wonten ing serat **Rum 5: 1-2** “*Mulané kita kang wus kabeneraké awit saka pracaya, kita padha urip kalawan rukun karo Gusti Allah marga déning Gusti kita, Gusti Yésus Kristus. Panejenengané iku kang njalari kita padha olèh dalan kang anjog ing sih-rahmat marga saka pracaya. Ana ing sih-rahmat iki dumunung kita sarta ngalembana sajroning pangarep-arep bakal tanpa kamulyaning Allah*”.

Makaten pawartos sih Rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

PS: Katentremanipun Gusti wontena ing panjenengan

U: **lan wontena ing panjenengan ugi**

*(Warga pasamuwan sami jawat asta ngaturaken salaming
Tentrem rahayu)*

U: (*Memuji **KPJ 91: 1, 3 “SALIR WONG PRACAYA”***)

- 1) Salir wong pracaya, ywa urip sembrana
Sih rahmaté Gusti, samya dèn tampèni
Nadyan lelahanan, nging sih kanugrahan
Yéku kurban sejati, Sang Kristus Gusti
- 3) Wong pracaya samya, ditansah waspada
Dosa wah panggodha, énggal dènkalahna
Tampanana sih-rahmat srana pitobat
Antuka tentrem mulya nèng Gustinira

PELADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: Sumangga kita sami nyawisaken manah kanggé nampèni
sabdani pun Gusti sarana ngunjukken pamuji saking:

KPJ 194: 1,2,4 “KITAB SUCI KANG ADI”

- 1) Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
Éndah saklangkung éndah, nugraha saking Allah
Nugraha saking Allah
- 2) Lembar Sabda Paduka, nuntun gesang kawula
Dadya padhang manjila, tamèng saking bebaya
Tamèng saking bebaya
- 4) Kitab Suci kang adi, Sabdèng Gusti sejati
Ngreksa wiwit cilikku, ngedohken siksa pati
Ngedohken siksa pati

Waosan sepisan

L1: Waosan wiwitan kapendhet saking Purwaning Dumadi
17:1-7, 15-16

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi sabdanipun Allah sarana maos
sesautan **Masmur 22:24-32** (*saged ugi kadasaraken*)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Rum 4:13-25**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, kapendhet saking **Markus 8:31-38**

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti, ngrawat dalah nindakaken kanthi setya tuhu ing salebeting gesang padintenanipun. HOSIANA.

U: (*Memuji “HOSIANA” manut ungelipun KPJ 470*)

Khotbah “Gesang Anyar Adhedhasar Pracaya”

Wekdal Ening

Pangaken pitados (*Jumeneng*)

M2: Sesarengan kaliyan umat ing sadaya jaman, sumangga kita ikraraken lan kita kekahaken malih punapa ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan mratélakaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten:

U: (*Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli***)

Pandonge Syafaat (*Lenggah*)

PS: (*Ngunjukaken pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

M3: Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung ingkang kalambaran pangandikanipun Gusti kados ingkang sinerat wonten ing **Masmur 50:14**: “Ngaturna panuwun minangka kurban marang Gusti Allah, lan luwarana nadarmu marang kang Maha luhur.” Sumangga kita aturaken pisungsung kita sinarengan pamuji kidung:

U: (*Memuji **KPJ 176:1-4 “PADHA SAOSA PUJI SOKUR”***)

1. Padha saosa puji sokur, marang Allah kang Maha Luhur
Wulang bab asmané suci, dèn gelarna anèng bumi
Pangwasané disuwurna, anèng tengahé pra bangsa
2. Padha saosana pamuji, klawan masmur lan kidung
suci
Mukjijaté caritakna, marang sakèhing manungsa
Padha luhurna asmanya, klawan panabuhing gangsa
3. Abungaha wong kang ngupaya, pangayunané Kang
Makwasa
Padha anitik-nitika, mungguh kwasané Pangéran
Ngupaya wedanané, élinga mring mujijaté
4. Yéhuwah ngèngeti Sabdané, lan prasetyané mring
abdiné
Kalawan bungah umaté, dènirid dhateng tanahé
Supaya anetepana lan ngèstokna pranatan-Nya

Pandongang Pisungsung

(Jumeneng)

M3: (Nuntun pandonga, lan dipun pungkasi sarana ndedonga
donga Rama Kawula)

Pepujèn Pangutusan

(Jumeneng)

U: (Memuji **KPJ 114: 1,2 “GUSTI, SÈSTU KULA
TRESNA”**)

- 1) Gusti sèstu kula tresna, dhumateng Paduka
Kula masrahken manah, badan dalasan nyawa
Paduka kang agung sih, ingkang sampun menang
Saèstu kula pasrah, dhumateng Paduka
Reff.
Kula tresna, dhateng Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula
kula sèstu tresna Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula
- 2) Gusti anandhang sangsara, ngrembat dosa kula
Ngantos sinalib séda, karana gunging tresna
Mila kawula pasrah, klayan trusing manah
Dhawuhnya kula pundhi, nresnani sesame
Reff.: ...

PANGUTUSAN

(*Jumeneng*)

PS: Para sedhèrèk pasamuwan ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus Kristus, sami tansah lumampaha ing salebeting pracaya ingkang nuntun panjenengan sadaya nuju ing pakaryanipun Allah. Sumaraha ing karsanipun Allah lan kadadosna Panjenenganipun punjering gesang panjenengan. Samangké enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U: **Kawula sami nggeneraken manah kawula dhumateng Allah**

PS: Sami dadosa seksi-seksinipun sang Kristus.

U: **Kawula samapta dados seksi-seksinipun sang Krisus**

PS: Pinujia Allah, Gusti kita

U: **Samangké lan ngantos ing salami-laminipun**

PS: Mengkera kanthi kebak raos kabingahan, tansah sami èngeta dhateng Sabdanipun Allah, bilih panjenenganipun tansah makarya ing salebeting gesang panjenengan. Gusti nyarengi gesang panjenengan sadaya sarana berkahipun.

LUMANTARING BERKAH

PS: Sih Rahmat lan Tentrem rahayu dalah patunggilanipun sang Roh Suci mugi wontena ing sadaya tiyang ingkang sami nresnani Gusti kita Yésus Kristus, kanthi katresnan ingkang mboten naté kendhat. Amin.

U: (*Memuji “HOSIANA! AMIN!” manut ungelipun KPJ 472*)

(DL/YTD)



LITURGI

Minggu Pra Paskah 3

Minggu, 3 Maret 2024

Keterangan:

PS.: Pelados Sabda
PL: Pelados Liturgi
M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)
U: Umat
L: Lèktor

Yésus:
Padalemanipun
Allah Ingang
Sejati
☩

PACAWISAN (Kajumbuhna kaliyan padatanipun)

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang saged mbekta lumebet dhateng swasana ibadah.
- Umat sami ening sawatawis minangka pacawisan pribadi.
- Pérangan warta pasamuwan kawaosaken.
- Arak-arakan lilin kajumbuhaken kaliyan padatanipun.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

PL: Para sedhèrèk pasamuwan kakung miwah putri ingkang dipun tresnani Gusti

Geréja punika sanès wangunanipun gedhung,

Nanging saben pribadi ingkang ndarbèni pracaya

dhumateng Kristus.

Sanès témbok ingkang inggil utawi loncèng ingkang ngumandhang.

Geréja punika kita sadaya, para tiyang pracaya ingkang sami pitados dhateng Gusti

Geréja sanès kayu lan sélanipun

Nanging patunggilanipun para tiyang pitados

Kita sadaya ingkang sami ndedonga ing salebeting katresnan

Geréja punika kita sadaya, katetélakaken ing saben jumangkahing gesang kita

Geréja punika kita sadaya, ingkang darbé pracaya mboten naté kendhat

Geréja punika kita sadaya, katetélakaken ing sadaya kasaénan lan katresnan

Geréja punika kita sadaya, ingkang gesang ing salebeting pangajeng-ajeng dhumateng Allah ingkang sampun karsa nandhang sangsara, séda lan wungu saking antawisipun tiyang pejah kanggé nylametaken kita.

Para sadhèrèk pasamuwan kakung miwah putri ingkang kinasih, sumangga kita sami memuji lan sungkem sujud dhumateng Gusti sarana mujèkaken KPJ 111:1-3.

*(Memuji **KPJ 111: 1-3 “GUSTI YÉSUS PAMARTA”**)*

- 1) Gusti Yésus Pamarta, parang ingkang sampurna
Krana ngungsi mring Gusti, kula dipun ayomi
Srana rahé Sang Kristus, gesang kula tinebus
- 2) Datan badhé ndayani, datan saged ngluwari
Sagung pandamel kula, nadyan kados punapa
Namung sihé Sang Kristus, gesang kula tinebus
- 3) Gesang kula mung nglaha, tan wonten lelabetnya
Amung salibé Gusti, ingkang kula gondhèli
Mila kula mung pasrah, klayan tulusing manah

*(Nalika taksih sami memuji, Pelados Sabda lan
Pradata lumebet ing griya pamujan. Pasrahipun Kitab
Suci saking Pradata dhumateng Peladosing Sabda)*

VOTUM LAN SALAM

PS: Pangibadah Minggu Pra Paskah kaping tiga punika kelampahan kanthi pangaken bilih pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah sadaya isinipun, lan

ingkang tansah kanthi setya tuhu ngasihi dhateng sadaya
ingkang sampun tinitah.

U : (*Memuji*) **Amin, amin, amin.**

PS: Sih Rahmat lan Tentrem rahayu saking Allah Rama kita
saha saking Gusti kita Yésus Kristus mugi wontena ing
panjenengan sadaya.

U: **lan wontena ing panjenengan ugi**

PAMBUKA

(*Lenggah*)

PL: Para sadhèrèk pasamuwan ingkang dipun tresnani
déning Gusti. Wonten ing Prajanjian Lami, rawuhipun
Allah ing satengah-tengahing umatipun kapratandhan
sarana ngadegipun Kémah Suci. Ing Kémah Suci punika
kapapanaken Tabut Prajanjian ingkang isinipun Pepakèn
Sadasa. Nanging wonten ing Injil Yokanan, rawuhipun
Allah kapratélakaken mboten lumantar satunggaling
wangunan Kémah, nanging lumantar satunggaling
pribadi inggih punika Yésus Kristus.

Ing salebeting pangibadah Minggu Pra Paskah kaping
tiga punika, lumantar irah-irahan: “Yésus:
Padalemanipun Allah Inkang Sejati”, kita badhé
mesthèkaken bilih Yésus punika Allah piyambak. Wonten
ing lan lumantar Panjenenganipun, kita sami saged
tepatang kaliyan Allah ingkang sejati. Panjenenganipun
punika Allah ingkang rawuh angéjawantahaken
kawilujengan dhateng jagad lumantar sangsara, séda lan
wungunipun saking antawisipun tiyang pejah. Awit
Panjenenganipun punika saèstu Padalemanipun Allah
ingkang Sejati, pramila sampun pantes menawi kita
sadaya sowan marek dhumateng Panjenenganipun
saprelu asujud sembah.

U: (*Memuji*) **KPJ 347: 1,2**

1) Papan pangibadah, èstu ngangeni

Kawula sami ngabekti, ngraosken nunggil lan Gusti
Ngluhurken asmanya, mirengken Sabdanya

Reff.

Mareka mareka, kanthi manah tulus memuji
Nampi berkahing Gusti, mrih saged mbabarken tresna

- 2) Papan pangibadah, papan ingkang adi
Mangga nggumolongken manah, nyuwun manteping
pracaya
Mrih wantun neksèni sih-rahmating Gusti.
Reff.

PANGAKENING DOSA

PL: Para sadhèrèk, sumangga kita sowan marek dhumateng
Gusti ing salebeting pandonga lan pepujèn ing KPJ 44:3
“Aku Wong Kang Dosa”

KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan
dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.
Reff.: Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

PL: Pangandikanipun Gusti wonten ing **1 Yokanan 1: 8-9**,
“Saupama kita padha ngaku ora duwé dosa, dadi padha
ngapusi awak kita dhéwé lan ora kadunungan kayektèn.
Manawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengané iku
setya tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakèhing dosa
kita, sarta ngresiki sakèhing piala kita”.

Adhedhasar sabdanipun Gusti punika, sumangga kita
sami sowan marek wonten ngarsanipun Gusti.

*(sacara pribadi umat sami ndedonga lan ngakeni dosa-
dosanipun, lajeng katutup déning PL)*

*(Memuji **KPJ 53: 1-3** “KAPYARSI GUSTI NIMBALI”)*

- 1) Kapyarsi Gusti nimbali, Hé wong kamomotan
Mareka lan mbukak ati, nampi pangluwaran
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati

- Awit tansah binerkahan, sinung karaharjan
2) Kapyarsi Gusti nimbali, wong ngelak mareka
Ngombé banyu panguripan, kang saka ing swarga
Kula ngungsi maring Gusti, sinunga Roh Suci
Tinuntun mrih mursid yekti, tresna mring sesami
3) Kapyarsi Gusti nimbali, wong dosa mareka
Nampnanana kurban suci, rah srira sampurna
Kula pasrah maring Gusti, kalis saking pati
Wah ingangkat putrèng Allah, lantaraning berkah

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: Tumrap kita sadaya ingkang sami sowan merek ing ngarsanipun Gusti lan nyenyuwun sih-nugrahanipun, sami kaaturan mirengaken sih-rahmatipun Gusti kados ingkang sinerat wonten ing kitab nabi Yésaya 43:11-12, ingkang makaten: “Ingsun, iya Ingsun iki Yéwuwah lan ora ana Juru Slamet kajaba Ingsun. Ingsun iki kang paring sumurup, kang paring karahayon lan pawarta, tuwin dudu allah ngamanca kang ana ing tengahira. Sira iku padha dadi seksiningsun,”

Makaten sih-rahmatipun Allah

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

U: *(Memuji **KPJ 74: 1-3 “GUSTI MUGI NUNGGILA”**)*

- 1) Gusti mugi nunggil mring kula
Yèn ta kesaput petenging ratri
Namung Paduka kang mitulungi
Sumangga Gusti nunggil mring kula
- 2) Éwah gingsir sabarang nèng donya
Datan langgeng ing kaananira
Nging iman kula panggah santosa
Wit Paduka tansah nunggil kula
- 3) Saèstu Gusti dados peparang
Pikekah jroning gung karibedan
Tamèng prahara anèng samodra
Wit Gusti tansah nunggil mring kula

PELADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Épiklése)

Waosan Kapisan

L1: Waosan ingkang kapisan kapendhet saking kitab
Pangentasan 20:1-17
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga sami kita tanggapi Sabda Pangandika kalawau
sarana maos (utawi kapujèkaken) Masmur 19 sacara
sesautan

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking seratipun rasul
Paulus dhumateng pasamuwan ing Korinta kados sinerat
wonten ing 1 Korinta 1:18-25
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, kita pireng saking Injil miturut Yokanan
2:13-22, makaten:....

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus. Inggang
rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang sami
mirengaken Sabdanipun Gusti lan ingkang sami
nindakaken kanthi setya tuhu ing gesang
padintenipun. HOSIANA.

U: (Memuji **HOSIANA** manut ungelipun KPJ 470)

Khotbah “Yésus: Padalemanipun Allah Inggang Sejati!”

Wanci Ening

(Lenggah)

Pandonga Syafaat

(Lenggah)

PS: (Pandonga syafaat katutup kanthi ndedonga donga
Rama Kawula)

Pangakening Pitados Rasuli *(Jumeneng)*

M: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadaya jaman,
sumangga kita ikraraken pangaken pitados rasuli
makaten:

U: **Kawula pitados dhumateng...**

PISUNGSUNG

M: Para sadhèrèk pasamuwan ingkang dipun tresnani
déning Gusti, sumangga kita sowan marek wonten
ngarsanipun Gusti sarana ngaturaken pisungsung kita
kanthi tinalesan ing pangandikanipun Gusti kados
ingkang sinerat wonten ing serat Rum 11:36-12:1, ingkang
makaten:”Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka
Panjenengané, lan marga déning Panjenengané, sarta
lumadi marang Panjenengané: Kamulyan kagama ing
Panjenengané salawas-lawasé! AMIN. Kang iku para
sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku
pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu
minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi
keparenge Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati”.

U: *(Memuji KPJ 162: 1-2)*

“KATUR NGARSA PADUKA, GUSTI”

- 1) Katur ngarsa Paduka Gusti, sawetahing gesang kula
Jiwa lan raga kula mugi, aso nèng asta Paduka
Manah kula tansah lipura, asumaos mring Kang
Maha Kwasa

*(Kanthong pisungsung kaideraken. Sasampunipun
rampung, M ngajak umat jumeneng lan mujèkaken
ayat 2)*

- 2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus
Tresna miwah suka pirena, Pduka srahken mring kula
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari

Pandonga Pisungsung *(Jumeneng)*

M: *(Nuntun pandonga pisungsung)*

PANGUTUSAN

PS: Para sadhèrèk pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti. Yésus Kristus punika Padalemanipun Allah ingkang sejati. Wonten ing pakaryan panebusanipun, saben kita punika dipunsucèkaken satemah kita ugi lajeng dados padalemanipun Allah, papanipun Allah dedalem lan adhedhampar. Allah ugi karenan tindak nyarengi kita sadaya, lan awit saking punika, sumangga tansah lumampah sesarengan kaliyan Allah kanthi kebak kasetyan.

Pepujèn Pangutusan

(Jumeneng)

U: (Memuji **KPJ 144: 1,2,5**)

“YEN NUNGGIL LAN GUSTI

- 1) Yèn nunggil lan Gusti, rintèn dalu
Manah langkung Tentrem, arahayu
Reff.: ...
Kula angantos Gusti, siyang klayan ratri
Kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi
- 2) Yèn nunggil lan Gusti, jro ginodha
Kula saged unggul maring dosa
Reff.: ...
- 5) Yèn nunggil lan Gusti, saged ngertos
Kang dados karsa-Nya ing sayektos
Reff.: ...

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Mengkera kanthi Tentrem rahayu. Tansah lumampaha ing salebeting pracaya dhumateng Kristus, ingkang nandhang sangsara, séda lan wungu saking antawisipun tiyang pejah kanggé kawilujengan kita sami. Tansah setya tuhua nindakaken timbalanipun. Gusti ngrimati pajejengan sami, sarana katresnan lan berkahipun.

LUMANTARING BERKAH

Ps: Allah, sumbering pangajeng-ajeng, mugi maringaken dhateng panjenengan sakathahing kabingahan lan Tentrem

rahayu, dalah ngiyataken pitados panjenengan supados sarana kekiyatanipun sang Roh Suci, panjenengan sadaya tansah lubèr ing pangajeng-ajeng. Amin.

U: (memuji **“HOSIANA! AMIN!”** manut ungelipun **KPJ 472**)

(BPT/YTD)

LITURGI

Minggu Pra Paskah 4

Minggu, 10 Maret 2024

Katerangan:

PS: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)

U: Umat

L: Lèktor

Tiyang Dosa Dados Tiyang Ingkang Ndongakaken

☪☪☪

PACAWISAN (Kajumbuhna kaliyan padatanipun)

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta dhateng swasana ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pérangan warta pasamuwan kawaosaken.
- Arak-arakan lilin kajumbuhaken kaliyan padatanipun.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

M1: Para sadhèrèk pasamuwan kakung miwah putri ingkang dipun tresnani Gusti, kita prelu ngrumaosi kados pundi Gusti Allah tansah anyarengi gesang kita lumantar manékawarni pratandha ingkang ngéram-éramaken. Kula kinten prayogi menawi kita sadaya atur panjawab dhateng sadaya prekawis punika, ingkang mujudaken tandha pamatur-nuwun kita dhateng Gusti. Ing wekdal samangké atur panuwun kita punika badhé kita éjawantahaken lumantar pangibadah kita. Kita lumebet ing pangibadah Minggu pra-Paskah ingkang kaping sekawan, kanthi ngraos-ngraosaken kanthi satuhu bilih Gusti Allah kita punika tetéla tansah setya tuhu ngrimati gesang kita. Sumangga langkung rumiyin kita sami

memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepèkaken kidung:
KPJ 78: 1, 2.

U: (*Memuji **KPJ 78: 1,2 “IBA BEGJAKU”***)

- 1) Iba begjaku, lamun yakin
Yésus duwèkku ing salaminya
Aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé
Reff.
Aku memuji, klayan rena
Nggunggung asmané, salamanya
Aku memuji, klayan rena, nggunggung assmané salaminya
- 2) Lamun pasrahku, trusing kalbu
Temah sampurna kabungahanku
Pra malaékat asung puji,
Samya ngundhangken sihing Gusti
Reff.: ...

VOTUM

PS: Kita lumebet ing Minggu pra-Paskah ingkang kaping sekawan punika kanthi pangaken: Pitulung kita ingkang sejati punika Gusti Allah ingkang sampun nitahaken langit kaliyan bumi dalah sadaya isinipun, lan ingkang tansah setya tuhu netepi prajanji kawilujengan ingkang sampun kajanjèkaken.

U: (*Memuji: **Amin, Amin, Amin***)

SALAM

PS: Sih Rahat lan Tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yésus Kristus mugi wontena ing panjenengan sadaya.

U: **Wontena ing panjenengan ugi**

PAMBUKA

(*Lenggah*)

PL: Para sadhèrèk pasamuwan kakung miwah putri ingkang dipun tresnani déning Gusti, sikep serakah tetéla sampun ngrisak lampahing gesang kita. Mesthinipun manungsa kedah saged nyunaraken citranipun Allah.

Nanging karana sikep serakah punika, manungsa lajeng kakungkung ing salebeting dosa ingkang mbekta dhateng pati. Samangké kita sadaya badhé ngraos-ngraosaken irah-irahan “Tiyang Dosa Dados Tiyang Inggang Ndongakaken”. Lumantar pandonga, kita sami nyawiji kaliyan Allah nggantos sikep serakah kaliyan sikep sumarah dhumateng Allah lan ngraosaken pangrengkuhing Allah ingkang kebak katresnan. Allah sampun karsa jumeneng dados mitra ingkang sejati.

U: (*Memuji **KPJ 339: 1, 2 “IBA DÈNNYA MBINGAHKEN”***)

- 1) Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajadat wrata
Kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya
Reff.
Srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih-Rahmat
- 2) Iba dènnya nengsemaken, yèn manungsa sabumi
marsudi tentrem rahajeng mbabarken sihing Gusti
Reff.: ...

PANGAKEN DOSA

PL: Minangka putra-putra Paduka, kawula asring kesupèn dhateng pangurbanan paduka ing kayu salib, kanggé ndadosaken kawula sadaya titah anyar. Kawula nglampahi gesang miturut karemenan kawula piyambak, malah asring kawula sami ndadosaken sekel penggalih Paduka.

U: ||: 3 . 2 1 3 | 4 . 3 2 4 | 3 . . . : ||
Ky – ri – e e - le - i - son!
Gus- ti mu-gi me- lasi

PL: Minangka manungsa, kawula sami tanpa daya. Asring kawula sami supé dhateng jati dhiri kawula minangka manungsa ingkang sampun kasucèkaken déning Paduka Gusti, satemah kawula asring gagal nglampahi gesang ingkang nyunaraken katresnanipun Kristus ing gesang padintenan kawula.

U: ||: 3 . 2 1 3 | 4 . 3 2 4 | 3 . . . : ||
 Ky – ri – e e - le - i - son!
 Gus- ti mug i me- las i

PL: Dhuh Gusti, welas asiha dhateng kawula sami. Gusti,
 mug i ngapunteni kawula. Mug i Paduka kepareng
 mitulungi kawula supados saged ngatingalaken gesang
 minangka titah anyar, ingkang ndadosaken renaning
 galih Paduka. Wonten ing asmanipun Gusti Yésus
 Kristus kawula sami ndedonga. Amin.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: Awit ageng sih-katresnanipun ingkang tan winates, Allah
 kepareng nampèni panalangsa lan patobatipun sabèn
 tiyang ingkang kaaturaken kanthi tulus. Pramila ingkang
 Maha Tresna kepareng ngapunteni kita lumantar
 pakaryanipun, lan ugi karsa nuntun sabèn tiyang ingkang
 sampun sami kaapunten kalawau madeg dados mitra-
 mitranipun gesang. Inggih punika pawartos sih-rahmat
 kados ingkang sinerat wonten ing Injil Yokanan 15:13-14,
 ingkang makaten : “Ora ana katresnan kang gedhéné
 ngluwihi katresnaning wong kang ngetohaké nyawané
 kanggo nglabuhi mitra-mitrané. Kowé iku mitraku,
 manawa kowé padha nglakoni pepakonKu marang
 kowé”.

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

PS: Sumangga kita sami jawat asta sinarengan ngucap:
 “Salam Tentrem rahayu ”

U: (*Sami jawat asta kanthi ngucapaken: **Salam Tentrem
rahayu**.*)

U: (*Memuji **KPJ 92: 1,2 “SÈSTU AGUNG SIHÉ GISTI”***)

1. Sèstu agung sihé Gusti, mring titah sabumi
 Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja
2. Sih Rahmat sihé Pangéran, mring tyang kang pracaya
 Sèstu punika ganjaran, dahat agugira

PELADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

U: (Memuji **KPJ 205: 1,2,3** Lèktor samapta)

“SABDÈNG ALLAH MAKARTI”

1. Sabdèng Allah makarti, wradin salumahing bumi
Kita kang tinimbalan, tampi kawilujengan
2. Sabdèng Allah Hyang Widhi, ngrimat sagung dumadi
Nuntun srana nimbali, tumrap kang nyimpang margi
3. Sabdèng Allah kang Suci, Lestari nguwaosi
Ngantos jagad kang peteng, nampi pepadhang langgeng

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking kitab **Wilangan 21:4-9**

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kalawau sarana maos **Masmur 107:1-3, 17-22, sacara sesautan** (utawi kadasaraken)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Éfesus 2:1-10**

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking **Yokanan 3:14-21**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ugi sami katindakaken ing gesang padintenipun. HOSIANA.

U: (Memuji **HOSIANA** amanut ungelipun **KPJ 470**)

Khotbah:

**“Tiyang Dosa Dados Tiyang Ingang
Ndongakaken”**

Wekdal Ening

Pangaken Pitados Rasuli *(Jumeneng)*

M: Sesarengan kaliyan umat ing sadaya jaman, sumangga kita ikraraken lan kita kekahaken malih pangaken pitados kita sarana sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten:

U: *(Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)*

Pandongga Syafaat *(Lenggah)*

PS: *(Nglantaraken pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG *(Lenggah)*

M: Atur panuwun awujud pisungsung ingkang kita aturaken samangké kalandhesan pangandikanipun Allah kados ingkang kaserat wonten ing Lelakoné Para Rasul 20:35 *“Tumrap ing sadhéngah prakara aku wis awèh tuladha marang kowé, yèn wong padha kawajiban nyambut gawé mangkono kagawé mbiyantu wong-wong kang sèkèng sarta kudu éling marang pangandikané Gusti Yésus sabab Panjenengané piyambak wis ngandika: “Rahayu wong kang wèwèh, katimbang karo nampani”.*

U: *(Atur pisungsung sinarengan memuji **KPJ 158: 1,2,3:** “DITANSAH PADHA BUNGAHA”*

1. Ditansah padha bungaha, nampèni kabegjan swarga
Karana kita wong dosa, ingentas saking antaka
Reff.:
Tansah bungah, ing patunggilané Gusti
Tansah bungah, wit sinung gesang sejati
2. Tansah ulah kabecikan, dhemen awèh pitulungan
Yéku pratandhaning sokur, mring sihé Allah Maluhur
Reff.: ...

3. Ditansah mantep pracaya, tan was sumelang ing ati
Tegen nyenyuwun ndedonga, pasrah wit Gustimu nganthi
Reff.: ...

Pandongang Pisungsung

(Lenggah)

M: (Nuntun pandonga pisungsung, kapungkasan kanthi
ndedonga donga Rama Kawula)

Pepujèn Pangutusan

(Jumeneng)

U: (Memuji **KPJ 427: 1,2 “BEGJA SEJATI”**)

1. Begja sejati ngabdi mring Gusti
Yéku gesang kang pangaji,
Dadya lantaran mrih karukunan
katentreman kalampahan
Reff.
Mung Sang Kristus yéku Gusti,
Panebus kula sejati
Gesang kawula, kagem asmanya
Nggih martosken sih-rahmatnya
2. Begja sanyata, gesang nèng donya
Lelados mring Sang Pamarta
Dipun bélani, sabar ing kardi
Temah kalis ing bilahi
Reff.: ...

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Sami setya tuhwa awit gesang panjenengan sampun
kapulihaken déning Allah. Enerna manah panjenengan
dhumateng Allah

U: **Kawula sami ngeneraken manah dhumateng
Allah**

PS: Sami dadosa seksi-seksinipun Kristus

U: **Kawula samapta dados seksi-seksinipun Kristus**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

U: **Samangké ngantos dumugi ing salami-laminy**

PS: Mengkera saking papan pangibadah punika kanthi suka
rena, lan sami èngeta dhateng Sabdanipun Gusti bilih

Gusti tansah makarya ing gesang panjenengan.
Lampahana gesang panjenengan ing salebeting pamuji
sokur lan sami setya tuhua nindakaken timbalanipun
Gusti. Gusti ngamping-ampingi gesang panjenengan
sarana berkahipun:

Lumantaring Berkah

PS: Ing patunggilan langgengipun sang Rama, sang Putra lan
Sang Roh Suci, aku ndedonga supaya Panjenengané saka
gunging kamulyané nguwataké lan nyantosakaké kowé
déning Rohé ing batinmu, temahan marga saka
pracayamu, Sang Kristus dedalem ana ing atimu sarta
kowé padha ngoyoda lan atetalesa ana ing katresnan” (Ef.
3:16,17) Amin.

U: **Amin**

PEPUJÈN PANUTUP

U: (*Memuji **KPJ 346a: 1,2***)

“NDEDONGA LAN MAKARYA”

- 1) Ndedonga lan makarya, kanthi trusing driya
Mbabarken sihing Gusti, mring sagung sesami
Murih tentrem raharja, sumrambah sadonya
Asmanya kang Mamulya, pinuji slaminya
- 2) Ndedonga lan makarya, kanthi sukarena
Martosken Injil Suci, wrata ing sabumi
Mrih sih-rahmating Gusti tinampi sesami
Temah samya wilujeng, sarta gesang langgeng

(PN/YTD)

LITURGI

Minggu Pra Paskah 5

Minggu; 17 Maret 2024

Katrangan:

PS: Palados Sabda
PL: Palados Liturgi (Liturgos)
PP: Pradata Pasamuwan
U: Umat
L: Lèktor

Mranata Gesang Ngudi Sikep Kadya Imam



PACAWISAN

(kajumbuhaken padatan ing pasamuwan ngriki)

- Organis/pemusik rengeng-rengeng kidungan ingkang nuntun pasamuwan cecawis ngibadah
- Umat ening dhiri cecawis badhé ngibadah
- Warta Pasamuwan kawaosaken
- Panyumeting lilin kajumbuhaken padatan pasamuwan ngriki

WEKDAL ENING

UMAT JUMENENG

- PL: Para sadhèrèk ingkang kinasih, Gusti Yésus jumeneng Imam Agung sajati. Panjenenganipun misungsungaken Sariranipun piyambak minangka kurban panebusan tumrap panebusaning jagad punika satemah luwar saking pamengkuning dosa. Para sadhèrèk, sumangga ing minggu Pra-Paskah kaping 5 punika, kita mbikak manah saha nalar kita ngraos-raosaken pakaryanipun Gusti.
- U: **Kawula sumadhiya | ngraos-raosaken pakaryanipun Gusti Yésus | minangka Imam Agung sajati.**

PL: Sumangga kita nengga lan ugi mahargya rawuhipun
kanthi jumeneng ngrepèkaken kidungan.

ARAK-ARAKAN PALADOS PANGIBADAH

KIDUNGING UMAT

KPJ. 33 “SWAWI TA KANCA KULA”

1. Swawi ta kanca kula sami memuji Allah
ing dinten puniki; kula dipun paringi
bingah linuwih, bingah linuwih.
2. Asurak-surak, kanca, sami asuka-suka;
manganggé kang saé, sampun kirang sekaré
kang éndah-éndah, kang éndah-éndah.

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Pra Paskah kaping 5 punika
katindakaken wonten ing sawab Asmaning Allah Rama,
Allah Putra, lan Allah Roh Suci. Amin.

U: (aklamasi) **KPJ. 464d “AMIN” 3X**

SALAM

PS: “Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah Rama lan
saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk
(kita).”

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

PRATÉLAN BEBUKA

(*Umat Lenggah*)

PL: Para sadhèrèk ingkang kinasih, asma Martin Luther
inggih punika satunggaling bapak reformasi gréja, naté
mratélakaken, “Ing madyaning paladosan kang kita
tindakaké anèng donya iki, awaké dhéwé mung kristus-
kristus tumrap sesama.” Pratélan punika ngènetaken
kita bilih ing madyaning gesang bebrayan agung, kita
punika wujud ing kaca benggalanipun Sang Kristus
dadosa lumantar tutur tembung punapa déné pandamel
kita. Gusti Yésus Kristus satuhu Imam Agung sejati.
Anggènipun lila legawa ngurbanaken Sarira mujudaken

satunggaling patuladhan ingkang kedah kita sunaraken lumantar lampah gesang padintenan kita. Kados déné pangandikanipun Gusti tumrap para siswanipun, ingkang sinerat ing Yohanes 12:26, “Sapa kang ngawula marang Aku, padha ngetut-buria Aku lan ing ngendi padununganKu, kawulaKu iya bakal ana ing kono uga. Sing sapa ngawula Aku, dhèwèké bakal diajèni déning Sang Rama.” Ing minggu Pra-Paskah kaping 5 punika kita kaatag ngraos-raosaken pakaryan kaswarganipun Gusti Yésus Kristus.

KIDUNGING UMAT

KPJ. 262 “KWAOSING ASMA PADUKA”

1. Kwaosing asma Paduka ingkang kita sebar;
pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.
Kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,
amrih tuwuh angrembaka, temahan medal wohira,
mumpangati salumahing bumi.
2. Kados tuladha Paduka kang nandhang sangsara,
dé sinalib nulya séda, wit dosaning jalma.
kados wiji kang katanem ing siti samnya kapendhem,
makaten kita kang nistha, kepareng nunggil Paduka,
binerkahan, pikantuk kaswargan.

PANGAKENING DOSA

PS: Para sadhèrèk sumangga kita nunggilaken manah ngakeni dosa-dosa kita wonten ing ngarsanipun Gusti kanthi atetales Jabur Masmur 51; kanthi imbal-imbalan kita pratélakaken makaten: “Duh Allah, kawula mugi Paduka welasi awit sih-kadarman Paduka. Mugi karsaa nglebur dosa kawula awit saking agunging sih-kadarman Paduka.

U: **Mugi kawula Paduka resiki babar pisan | saking sakathahing dosa kawula, | sarta dosa kawula | mugi Paduka ruwat.**

PS: Amargi kawula ngrumaosi panerak kawula saha dosa kawula tansah wonten ing ngajeng kawula.

- U: **Kawula damel dosa dhumateng Paduka, | inggih namung dhumateng Paduka piyambak | anggèn kawula sampun damel dosa punika, | sarta nglampahi | ingkang Paduka galih awon, | supados tetélaa | bilih pancasan Paduka punika adil | saha patrap anggèn Paduka ngadili punika resik.**
- PS: Pancèn saèstu anggèn kawula kalairaken punika nandhang duraka sarta biyung kawula ngandhut kawula ing salebeting dosa.
- U: **Pancèn saèstu, | Paduka punika karenan dhateng kaleresan | ing salebeting batos, kanthi kèndel-kèndelan | Paduka paring sumerep | bab kawicaksanan dhumateng kawula.**
- PS: Dosa kawula mugi Paduka icali kalayan hisop temah dados resik kawula Paduka edusi temah dados pethak nglangkungi salju... Paduka mugi karsaa damel resiking manah kawula sarta batos kawula mugi Paduka énggalaken klayan roh ingkang santosa!
- PS+U: **Dhuh Gusti | mugi melasi kawula ingkang winengku dosa punika. | Wonten ing Asma nDalem Gusti Yésus Kristus | kawula ndedonga. | Amin.**

KIDUNGING UMAT

KPJ. 58 “PANGLUWAR KANG SEJATI”

1. Pangluwar kang sejati, myarsakna pasambat kula.
Gusti mugi ngresiki manah kula sadaya.
Gusti mugi rah Paduka nucèkken manah kawula temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.
Refrein:
Suci sèstu, suci sèstu, temah suci saèstu
wah sirna najis ing kalbu.

2. Pangluwar kang sejati, paringa kiyat mring kula;
setya ing lampah suci, ngetut wingking Paduka.

Refrein:

Suci sèstu, suci sèstu, temah suci saèstu
wah sirna najis ing kalbu.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Pawartos sih-rahmat kapethik saking **2 Pétrus 1:3-4**,
“Marga saka pangawasané kaallahané, kita wis padha
kaparingan samubarang kang prelu tumrap ing urip kang
mursid, srana wanuh marang Panjenengané kang wis
nimbali kita marga saka pangawaosé kang mulya lan
ngéram-éramaké. Kalawan patrap mangkono iku
Panjenengané wis maringi marang kita prasetya-prasetya
kang adi sarta pinunjul, supaya srana iku kowé padha bisa
tunggal kodrat kaallahan lan ora kena ing dayaning hawa-
nepsu kadonyan.” Makaten sih-rahmatipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS: Wonten ing Sang Kristus, dosa panjenengan kaapunten.

U: **Wonten ing Sang Kristus | dosa panjenengan ugi
kaapunten.**

PS: Tentrem rahayu kagem panjenengan sadaya.

U: **Tentrem rahayu | wontena ing panjenengan ugi.**

*(umat sami tangkep asta/ salam lan ngucap “**Tentrem
rahayu**”*

*Kalajengaken ngrepèkaken kidungan “**TENTREM
RAHAJA**”)*

KPJ. 460 TENTREM RAHARJA

1. Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita;
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

KIDUNGING UMAT

KPJ. 196 “KULA PÉNGIN LIR GUSTI”

1. Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,
tandang tanduk lan tembung mrak ati ngresepi.

Refrein: O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.
Kula mugè winulang, nulad maring Gusti.

2. Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,
napa kang sunlampahi,
nut karsaning Allah. Refrein: ...
3. Kula péngin lir Gusti, melasi pra miskin,
tetulung kang kribedan
klawan trus ing batin. Refrein: ...

PALADOSAN PANGANDIKA *(Umat Lenggah)*

PS: Sumangga kita ndedonga: Gusti Yésus Kristus, karsaa
Paduka paring pambudi satemah kawula kuwagang
mangretosi kanthi cetha pramana karsa Paduka. Punika
kawula para putra tetebusan Paduka, kawula sumadhiya
nampèni Sabda Paduka. Amin.

Pamaosing Kitab Suci

 Waosan I: **Yérémia 31:31-34**

PL: Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

 Masmur Tanggapan : **Masmur 51:3-15**
 **(saged ugi kakidungaken)**

 Waosan II : **Ibrani 5:5-10**

PL: Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk.**

 Waosan Injil: **Yohanes 12:20-33**

PS: Makaten Injiling Yésus Kristus. “Ingkang rahayu inggih
punika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun
Gusti lan dipun gatosaken.” Hosiana!

U: **(aklamasi) KPJ. 476 “HOSIANA”**
Hosiana, Hosiana, Hosiana!

Kotbah

“Mranata Gesang Ngudi Sikep Kadya Imam”

WEKDAL ENING

PANGAKENING KAPITADOSAN *(Umat Jumeneng)*

PP: Sesarengan umatipun Gusti Allah ing mangsa kapengker, mangsa samangké, lan mangsa ngajeng; kanthi ngèneti pratélan pambaptisan kita, sumangga kita ucapaken pangaken kapitadosan miturut Pangaken Pitados Rasuli...

U: **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama ...**

UMAT LENGGAH

DONGA SYAFAAT *(Umat Lenggah)*

PS: *(mimpin donga syafaat kapungkasan donga* **Rama Kawula***).*

PISUNGSUNG

PP: Sumangga kita ngaturaken panuwun sokur awit saking sih-kamirahanipun Gusti Allah lumantar pisungsung kanthi ngèneti Sabdanipun Gusti ing kitab **Maléakhi 3:10**, “Sira padha nggawaa pisungsung prasepuluhan kabèh menyang ing gedhong parawatan, supaya ing padalemaningSun anaa tandhon pangan; tumuli Ingsun titi-priksanen, -- mangkono pangandikané Sang Yéhuwah Gustiné sarwa dumadi, -- apa sira ora Sunwengani inebé langit, sarta apa Ingsun ora ngesoki berkah marang sira nganti lubèr?” Kanthi suka bingahing manah kita aturaken pisungsung kita konjuk Gusti. Kidung pisungsung “Urip Kang Samesthiné.”

KIDUNG PISUNGSUNG

KPJ. 186 “URIP KANG SAMESTHINÉ”

1. Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sukur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Refrein:
Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yèku karsa-Nya!
2. Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sukur, konjuk mring Gustiku. Refrein:
3. Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus. Refrein:
4. Dhuh Gusti mugi rena nampi atur kawula,
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga. Refrein:

DONGA PISUNGSUNG

(Umat Jumeneng)

PP : *(Pradata Pasamuwan ngunjukaken donga pisungsung)*

KIDUNGING UMAT

KPJ. 406 “KRATONING SWARGA WUS PRAPTA”

1. Kratoning swarga wus prapta;
swawi, sami bebingah.
Tetiyang sami pracaya
klayan tulusing manah,
ngluhuraken Pangéran,
srana sagung pakaryan
2. Tyang pitados aywa semplah
klayan giyak tumandang,
methukken kratoning Allah,
kanthi manah agirang.
Gusti sèstu anjangkung,
tansah paring pitulung.
3. Babaré kratoning swarga,
sajatiné sih-tresna
Salir tiyang kang pracaya,
dèn sengkuta makarya,
nulad tindaké Gusti,
karya tentreming bumi.

PANGUTUSAN

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti!

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Nindakna gesang kanthi nyunaraken Sang Kristus Sang Imam Agung Sajati.

U: **Kawula sumadiya nyunaraken Sang Kristus | Sang Imam Agung Sajati.**

PS: Pinujia Gusti.

U: **Samangké éngga salaminipun.**

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah ingkang ngreksa panjenengan (kita), Pangéran Yéhuwah punika pangayoman panjenengan (kita) wonten ing tengen panjenengan (kita). Srengéngé boten badhé nyakiti panjenengan (kita) ing wanci rina, utawi rembulan ing wanci ratri. Panjenengan (kita) badhé kareksa déning Sang Yéhuwah, tumrap ing sakathahing bilai; nyawa panjenengan (kita) tansah kareksa. Pangéran Yéhuwah badhé ngreksa marang mlebet lan medal panjenengan (kita), wiwit ing samangké dumugi ing delahan.” (Mzm. 121:5-8)

U: **(aklamasi) KPJ. 464a “AMIN”**

ARAK-ARAKAN MEDAL

UMAT LENGGAH

WEKDAL ENING

(NVS/UCSL)

LITURGI

Minggu Palem (Palmarum)

Minggu; 24 Maret 2024

Katrangan:

PS: Palados Sabda

PL: Palados Liturgi (Liturgos)

PP: Pradata Pasamuwan

U: Umat

L: Lèktor

**Pitados
Kanthi
Prasaja**



PACAWISAN

(kajumbuhaken padatan ing pasamuwan ngriki)

- Organis/ pemusik rengeng-rengeng kidungan ingkang nuntun pasamuwan cecawis ngibadah
- Umat ening dhiri cecawis badhé ngibadah
- Warta Pasamuwan kawaosaken
- Panyumeting lilin kajumbuhaken padatan pasamuwan ngriki

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

PL: Para sadhèrèk ingkang kinasih, minggu punika kita mèngeti Minggu Palem. Sumangga kita ngeningaken cipta lan karya.

(*wekdal ening*)

PL: “Hosana! Binerkahana Panjenengané kang rawuh ana ing Asmané Gusti Allah, Ratuning Israèl.

U: **Hosana! Hosana! Hosana!** (*kaliyan nglèbètaken ron palem*)

PL: Aja wedi, wruhanira ratunira rawuh lenggah ing sanginggilé kuldi

U: **Hosana! Hosana! Hosana!** (*kaliyan nglèbètaken ron palem*)

KIDUNG PAMBUKA PANGIBADAH

KPJ. 226 “HOSIANA, GUSTIKU”

1. Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.
Pra manungsa sajagad dèn paringi sih rahmat,
gedhé cilik ywa kliwatan. Payo muji Pangéran.
2. Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.
Pra manungsa sadonya samya amanembrama;
samangkya sajagad bingah, wit katresnaning Allah.
3. Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.
Pra manungsa sabumi samya atur pamuji;
samangkya samya ngabekti
maring Sang Kristus Gusti.

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah Minggu Palem punika kanthi atetales kamirahanipun Gusti Allah. Panjenenganipun ingkang ngasoraken manah, manjalma awit sih-katresnanipun tumrap para putranipun punika etuking pitulungan kita.

U: **(aklamasi) KPJ. 464b “AMIN” 3X**

SALAM

PS: “Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah Rama lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk (kita).”

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

PRATÉLAN BEBUKA

(Lenggah)

PL: Para sadhèrèk kinasih, pitulungan kados punapa ingkang kita antu-antu kababar saking Gusti? Limrahipun pitulungan ingkang ngéramaken lan kadya pahlawan ingkang kaantu-antu. Tiyang adreng kababaring prakawis ingkang agung lan kadya pahlawan wonten ing salebeting kapitadosan. Prakawis ingkang prasaja asring kalirwakaken kepara kasingkiraken. Dinten punika, kita sesarengan sinau saking Gusti Yésus lan kuldi ingkang

dados titihanipun. Kita kabereg nilar pangajeng-ajeng ingkang ngéramaken lan sikep pahlawan wonten ing salebeting kapitadosan. Kita kaatag nyèlèhaken manah ing gegering kuldi kapitadosan ingkang prasaja.

KIDUNG PAMUJI

KPJ. 231 “KADOSPUNDI, DHUH GUSTI”

1. Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat, methukken klayan puji mring Ratuning jagad? Mugi Gusti madhang i lantaran Roh Suci. Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
2. Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga, Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma, tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan, ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

PANGAKENING DOSA

PS: Gusti ngandika, “Kang iku padha mendhaka ing sangisoré astané Gusti Allah kang kuwat, supaya kowé padha linuhuraké ing mangsa kang wis katemtokaké. Sakabèhing sumelangmu pasrahna marang Panjenengané, sabab Panjenengané kang ngopèni kowé kabèh” (1 Pétrus 5:6-7).

Asring kalampahan anggèn kita nglampahi gesang punika ngumbar sikep gumungung kumenthus, ngendel-ndelaken karosan piyambak, lan boten mitadosi pitulunganipun Gusti Allah. Punika dosa kita. Pramila sumangga kita ngakeni dosa kita wonten ing ngarsanipun Gusti.

KIDUNG PANALANGSA

KPJ. 58 “PANGLUWAR KANG SEJATI”

1. Pangluwar kang sejati, myarsakna pasambat kula. Gusti mugi ngresiki manah kula sadaya. Gusti mugi rah Paduka nucèkken manah kawula temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu. Suci sèstu, suci sèstu,

- temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.
2. Pangluwar kang sejati, paringa kiyat mring kula;
setya ing lampah suci, ngetut wingking Paduka.
Gusti mugè rah Paduka nucèkken manah kawula
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.
Suci sèstu, suci sèstu,
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: Tumrap sadaya tiyang ingkang purun mratobat lan ngudi
sikep gesang andhap asor, Gusti Allah maringaken
pambudi kados ingkang sinerat ing Wulang Bebasan
22:4, “Andhap-asor lan pangabekti marang Sang
Yéhuwah iku diganjar, kasugihan, kaluhuran lan urip.”
Makaten sih-rahmatipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS: Cihnaning sokur kita awit nampèni sih-rahmatipun Gusti
Allah, sumangga kita sami mratélakaken katresnan
kanthi samidéne tangkep asta.

U: ***(umat ngrepèkaken kidung kabingahan)***

“SUNG TENTREM RAHARJA”

[judul asli: “**HAVENU SHALOM ALAECHIM**”

cakepan: Uri Christian Sakti Labèti]

Sung tentrem rarja mring ndika,
sung tentrem rarja mring ndika,
sung tentrem rarja mring ndika,
sung katentreman, rarja, mring pra sudara.

PALADOSAN SABDA *(Lenggah)*

PS: *(donga badhé nampèni Sabda)*

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapethik saking **Yésaya 50:4-9**.
Makaten Pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita ngunjukaken masmur kagem Gusti kanthi sesautan maos **Jabur Masmur 118:1-2, 19-29** (*utawi saged karepèkaken*)

Waosan Kalih

L3: Waosan kalih kapethik saking **Filipi 2:5-11**
Makaten Pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, kapethik saking Injil **Yohanes 12:12-16**.
Makaten Injiling Yésus Kristus, “Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.” HOSIANA.

U: (**ngrepèkaken kidung nampèni Sabda**)

KPJ. 205 “SABDÈNG ALLAH MAKARTI”

1. Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.
Kita kang tinimbalan tampi kawilujengan.
2. Sabdèng Allah Hyang Widi ngrimat sagung dumadi
nuntun srana nimbali tumrap kang nyimpang margi.

KOTBAH: “Pitados Kanthi Prasaja”

WEKDAL ENING

PANGAKEN PITADOS

(*Jumeneng*)

PP: Sesarengan umatipun Allah ing sadhéngah jaman, sumangga kita pratélakaken lan kita teguhaken isining kapitadosan kita kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (**Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli**)

DONGA SYAFAAT

(*Lenggah*)

PS: (*nuntun donga syafaat*)

PISUNGSUNG

PP: Para sadhèrèk kinasih, sumangga kita ngaturaken pisungsung konjuk Gusti kanthi kapitadosan ingkang prasaja. Nas anggèn kita ngaturaken pisungsung, kapethik saking Lukas 21:3-4, “Banjur ngandika: ‘Aku pitutur marang kowé: Satemené kang dipisungsungaké randha miskin iku luwih akèh katimbang wong kabèh iku. Amarga wong-wong kabèh iku ngaturaké pisungsung saka kasugihané, nanging randha iki ngaturaké saka ing kamiskinané, malah nyaosaké sakabèhing darbèké kang kanggo urip.’”

KIDUNG PISUNGSUNG

KPJ. 154 “ADRENGING TYAS KULA”

1. Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagunganta.

Refrein:

Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang,
jiwa lan raga, wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.

Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.

(kanthong pisungsung kaubengaken)

2. Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.

Refrein:

DONGA PISUNGSUNG

(Jumeneng)

PP: *(nuntun donga pisungsung, pungkasan pangibadah, lan Donga Rama Kawula)*

KIDUNG PANGUTUSAN

(Jumeneng)

KPJ. 146 “YÈN SIRA SANGSARA”

1. Yèn sira sangsara sarta sedhih,
manteba pracaya, Allah tan tebih.
Aja wedi, Gustimu nganthi.

Rèhing kadursilan mesthi kasoran.

Pepeteng dosa ilang sirna,

mung gung karaharjan, linubèran.

2. Yèn nyanggi momotan wah panandhang,

sira aja semplah alit ing manah.

Iblis julig memilut driya,

milih margi ènthèng nging dugèng nraka.

Pasrah mring Allah nyuwun kiyat,

sira rinoban sih-rahmat.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Dadosa seksinipun Gusti Yésus, Ratu ingkang prasaja.

U: **Hosana! Hosana! Hosana!** (*kaliyan nglèbètaken ron palem*)

PS: Raosna pitulunganipun Gusti kanthi kapitadosan ingkang prasaja.

U: **Hosana! Hosana! Hosana!** (*kaliyan nglèbètaken ron palem*)

PS: Kaasaha pamawas panjenengan lan kaasuha manah panjenengan satemah landhep ngraosaken pitulunganipun Gusti sinaosa namung prasaja.

U: **Hosana! Hosana! Hosana!** (*kaliyan nglèbètaken ron palem*)

BERKAH

PS: Nampènana berkahipun: ““Pangéran Yéhuwah maringana berkah dhateng panjenengan (kita) lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi tentrem rahayu.” Amin.

U: **(aklamasi) KPJ. 472 “HOSIANA! AMIN!”**

[GESH/UCSL]

LITURGI

Kemis Pethak

Kemis; 28 Maret 2024

Katrangan:

PS: Palados Sabda
PL: Palados Liturgi (Liturgos)
PP: Pradata Pasamuwan
U: Umat
L: Lèktor

**Manggihaken
Tresna ing
Kawontenan
Peteng**
☪☪☪

PACAWISAN

(kajumbuhaken padatan ing pasamuwan ngriki)

- Lilin Pra Paskah cacah 6 kasumet; 5 werni ungu lan 1 werni pethak ing pungkasaning pangibadah kabekta medal nandhani lilining Sang Kristus ingkang kabekta medal ing pungkasaning pangibadah
- Organisme/pemusik rengeng-rengeng kidungan ingkang nuntun pasamuwan cecawis ngibadah
- Umat ening dhiri cecawis badhé ngibadah
- Warta bab lampahing pangibadah kabyawarakaken

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

(Miturut Yésaya 55:6-7a)

PL: Padha ngupayaa Pangéran Yéhuwah pupung isih karsa disowani;

U: **padha sesambata marang Panjenengané | pupung isih ana ing celakan!**

PL: Wong duraka karebèn ninggal dalané,

U: **lan wong ala | cikbèn ninggal pangrantamé;**

PL: karebèn mratobat marang Sang Yéhuwah,

U: **Panjenengané bakal maringi sih-palimirma.**

ARAK-ARAKAN MLEBET

KPJ. 74 “GUSTI MUGI NUNGGILA”

1. Gusti mug i nunggil mring kula.
Yèn ta kesaput peteng ing ratri,
namung Paduka kang mitulungi.
Sumangga, Gusti nunggil mring kula.
2. Éwah-gingsir sabarang nèng donya.
datan langgeng ing kaananira;
ninging iman kula panggah santosa,
wit Paduka tansah nunggil kula.
3. Saèstu Gusti dados peparang,
pikekah jroning gung karibedan,
tamèng prahara anèng samodra;
wit Gusti tansah nunggil mring kula.

PRATÉLAN BEBUKA

(Lenggah)

PL: Kemis Pethak mèngeti dalu ingkang nabet sanget ing antawisipun Gusti Yésus kaliyan para siswani-Pun. Para siswani-Pun nggadahi wewengan kanggé nedha bujana Paskah sesarengan Gusti Yésus, pisandéné pikantuk dhawuh anyar supados samidéné tresna-tinresnan. Ananging, dalu punika ugi dados dalu peteng tuwin ngajrih-ajrihi, amargi mboten dangu malih, Gusti Yésus Sang Pepadhang punika badhé kacepeng saha kasalib. Trep kados punapa ingkang naté dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus sadèrèngipun,

“Pepadhang iku ana ing kowé mung kari sagebyaran baé. Sasuwéné pepadhang iku ana ing kowé, pracayaa marang dhèwèké, supaya kowé aja nganti kesaput ing pepeteng, sing sapa lumaku ana ing pepeteng, iku ora weruh menyang ngendi parané. Mumpung kowé padha kanggonan pepadhang, padha pracayaa marang pepadhang iku, supaya kowé padha dadia ahlining pepadhang” (Yoh. 12:35b-36a).

KIDUNGING UMAT

KPJ. 343 “KULA NEDYA KADYA GUSTI”

1. Kula nedya kadya Gusti, gesang suci, gesang suci.
Kula nedya kadya Gusti, gesang suci,
gesang suci, gesang suci.
Kula nedya kadya Gusti, gesang suci.
2. Kula nedya ajrih-asih dhateng Gusti, dhateng Gusti.
Kula nedya ajrih-asih dhateng Gusti,
dhateng Gusti, dhateng Gusti.
Kula nedya ajrih-asih dhateng Gusti.
3. Kula nedya olah-tresna mring sesami, mring sesami.
Kula nedya olah-tresna mring sesami,
mring sesami, mring sesami.
Kula nedya olah-tresna mring sesami.

TENEBRAE/ NGRAOS-RAOSAKEN PEPETENG

PS: *Tenebrae* tegesipun pepeteng. Kita kaatag nalisik mawas dhiri binarung napaki dalu nalika Gusti Yésus kapisahaken saking para siwanipun. Dhumateng para siswanipun wekdal samanten, Gusti Yésus ngadika, “Ing bengi iki kowé kabèh bakal padha kecuwan marga saka Aku. Sabab ana tulisan kang surasané mangkéné: Ingsun bakal nggebag juru pangon lan wedhus-wedhusé ing pepanthané bakal buyar” (Mat. 26:31).

Punapa kita pinanggih kados déné Pétrus, ingkang kanthi adreng ngucap, “Sanadyan sadaya sami kecuwan margi saking Paduka, kawula babar pisan boten” (Mat. 26:33).

Utawi, kanthi jujur kita ngakeni boten kuwagang lan kawengku ing dosa. Ing salebeting panalangsa, sumangga kita ngakeni pratingkah-pratingkah ingkang peteng lan kita sumarah maring sih-piwelasipun Gusti.

Gusti Allah mugi rena ing galih satemah nuwuhaken sih-katresnan ingkang ndhatengaken pangapunten tumrap kita, kadya sunaring cahya ing satengahing pepeteng.

(*Jumeneng*)

PP: Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula, awit kawula asring nampik dhawuh paréntahipun Gusti, kawula ngulungaken manah kawula kapilut ing raos sengit punapa déné dosa. Kawula kawratan ngrungokaken piwulang saé saking tiyang sanès, kawula nampik timbalanipun Gusti murih makarya sesarengan Paduka. Dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula nyowanaken raos keduwung kawula punika.

U: **Dhuh Gusti, | karsaa melasi kawula.**

PP: *(satunggal lilin dipun pejahi)*

PP: Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula awit kapitadosan kawula asring kirang santosa. Kawula asring mburu pepénginan kawula piyambak, kepara nampik pangatag sumarah dhumateng Gusti, nampik ndadosaken Gusti minangka punjering gesang kawula. Dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula nyowanaken raos keduwung kawula punika.

U: **Dhuh Gusti, | karsaa melasi kawula.**

PP: *(mejahi lilin angka kalih)*

PP: Dhuh Gusti karsaa ngapunteni kawula awit kawula asring nyupèkaken Paduka ingkang dados enering pangibadah kawula. Nalika kawula ngibadah, kawula taksih kadereng ing kabetahan kawula piyambak. Kawula langkung remen madosi kalepatanipun tiyang sanès. Kawula namung nengenaken dhiri kawula piyambak. Kawula ugi asring nyupèkaken timbalan bilih gesang kawula sawetahipun minangka pangibadah ingkang mranani ing ngarsa Paduka. Dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula nyowanaken raos keduwung kawula punika.

U: **Dhuh Gusti, | karsaa melasi kawula.**

PP: *(mejahi lilin angka tiga)*

PP: Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula awit kawula asring boten setya dhumateng Paduka. Kawula langkung mbangun-turut dhateng hawa nepsu kawula, satemah

éwah-éwahan gesang nuju ener ingkang saé boten énggal kalampahan. Kawula asring kawraton ndonga murih kababar éwah-éwahaning gesang kawula, kawula ugi kawraton ndedonga murih saénipun sesami kawula. Dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula nyowanaken raos keduwung kawula punika.

U: **Dhuh Gusti, | karsaa melasi kawula.**

PP: *(mejahi lilin angka sekawan)*

PP: Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula awit kawula asring boten nglengganani jati dhiri kawula ingkang sayektosipun. Kawula asring gumunggung kumenthus lan rumaos boten naté damel dosa. Kawula asring nampik timbalan ngurbanaken gesang, ngutamèkaken kapentinganipun sesami katimbang pekareman kawula piyambak. Dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula nyowanaken raos keduwung kawula punika.

U: **Dhuh Gusti, | karsaa melasi kawula.**

PP: *(mejahi lilin angka gangsal)*

PP: Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula awit kawula asring boten landhep ing pangraos. Nalika Paduka aruh-aruh kanthi cara ingkang prasaja, kawula nglirowakaken. Kawula pados-pados prakawis ingkang ngéramaken, mukjijat ingkang damel ngungun; nanging nalika Paduka mberkahi kawula lumantar prakawis ingkang ketingal rèmhèh lan prasaja kawula mawas bilih Gusti boten nindakaken punapa-punapa ingkang prayogi linangkung tumrap kawula. Dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula nyowanaken raos keduwung kawula punika.

U: **Dhuh Gusti, | karsaa melasi kawula.**

PP: *(mejahi lilin angka enem)*

U: *(sasampunipun 6 lilin pejah, ngrepèkaken)*

KPJ. 100 “ALLAH INKGANG MASUCI”

1. Allah ingkang masuci, mugi Gusti melasi, sampun ngukum kula, merdi klayan bramantya,

- nging énggal dèn entasna sing sisah sangsara.
2. Allah ingkang makwasa ngrentahna sih-wilasa.
Nyawa kula giris kanthi deres ing tangis.
Badan sangsaya pepes manah kraos nggrantes.
 3. Allah ingkang matresna nglubèrna kawlasanta.
Rinten dalah ratri, luh kula tansah mili.
angantya pangluwaran sing gung karupekan.
 4. Allah ingkang maluhur, puji panuwun katur.
Wit gunging sih-rahmat dé myarsakken pasambat;
nguwalken sing pra satru, anentremken kalbu

PALADOSAN PANGANDIKA

(Lenggah)

PS: (*Donga badhé nampi Sabda*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapethik saking **Pangentasan 12:1-14**.
Makaten pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapni Sabdanipun Gusti, kanthi
pamaosing **Jabur Masmur 116:1-2, 12-19** imbal-
imbangan (*utawi saged karepèkaken*).

Waosan Kalih

L1: Waosan kalih kapethik saking **1 Korintus 11:23-26**.
Makaten pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Punika Injiling Yésus Kristus, manut paseksining
Yohanes 13:1-17, 31-35.

Makaten Injiling Yésus Kristus, “ingkang rahayu inggih
punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan
dipun gatosaken.” HOSIANA.

U: **(aklamasi) KPJ. 466 “HOSIANA, AMIN”**

KOTBAH: “Manggihaken Tresna ing Kawontenan Peteng”

DONGA SYAFAAT

NGRUCAT MISBYAH TEMAH KOSONG

[STRIPPING OF THE CHANCEL]

PS: Gusti Yésus lan para siswa tindak menyang Gètsemané. Ing wengi iku, Gusti Yésus wus dumugi ing ngarepé kori kasangsaran. Ing wengi iku, Panjenengané ndedonga nganti eluhé tumètès kadya rah. Panjenengané ngandika:

U: **“AtiKu sedhih banget, | rasané kaya arep mati. | Padha anaa ing kéné, | Aku rewangana melèk.”**

PS: Nanging para siswané padha ngantuk lan turu kepati éngga ora bisa krungu panguwuhé Gusti:

U: **“Dhuh, Rama kawula | manawi pancen saged, | mugi tuwung punika sumingkir | saking Kawula, | nanging sampun ngantos | kajeng Kawula, | namunga sakarsa Paduka.”**

PS: Nembé waé rampung anggoné Gusti Yésus ndedonga, Yudas sowan lan masrahaké Sang Guru kanthi pratandha nyucup Panjenengané. Ing wengi iku, Gusti Yésus ngulungaké Astané karangkèt. Ing wengi iku, Gusti Yésus masrahaké Sarirané kagiring ing papan panyembelèhan. Panjenengané kèndel anteng, kadya wedhus kang kagiring ing papan panyembelèhan.

[Arak-arakan mbekta simbol-simbol ing mimbar utawi altar ingkang saged kaasta medal gedhong pangibadah. Simbol-simbol ingkang boten saged kabekta medal dipun tutupi kain werni cemeng. Lilin Kristus kausung medal. Lampu dipun suremaken satunggal mbaka satunggal Nalika lilin Sang Kristus sampun dumugi ing njawining gedhong pangibadah lampu dipun pejahi sedaya]

U: **(nalika simbol-simbol kabekta medal, umat ngrepèkaken kidungan)**

KPJ. 254 “GUSTI NÈNG TAMAN GÈTSEMANÉ”

1. Gusti nèng taman Gètsemané
nampi siksa miwah bebendu,
nglawan pagiris ing pati, krana gunging dosaku.
Refrein: Yogya nggonku nanggapi sihrahmaté Gusti,
yekti amung sawiji, pracaya lan bekti.
2. Gusti Yésus siniya-siya, ginebagan sarta sinapu,
saèstu nandhang sangsara, krana gunging dosaku.
Refrein:
3. Gusti sinami lir durjana, nir pamoré Ratuning ratu,
dadya kurban tan suwala, krana gunging dosaku.
Refrein:
4. Gustiku sinalib ing Golgota,
wit sih-tresnanya kang satuhu;
tedhak ing telenging pati, krana gunging dosaku.
Refrein:

[Sarampunging kidungan, sadaya lampu ing gedhong pangibadah dipun pejahi. Umat kaaturan lumebet ing wekdal ening sawatawis wekdal lajeng miyos medal ruangan kanthi sikep kèndel anteng. Ing pangibadah Kemis Pethak boten kaucapaken berkah.]

[XND/UCSL]

LITURGI

Jumuwah Adi

Jumuwah, 29 Maret 2024

Katerangan:

PS.: Palados Sabda
PL: Palados Liturgi
Prd: Pradata (Pinisepuh/Dhiaken)
U: Umat
L: Lèktor/Juru Maos Kitab Suci

**Nglabuhi
Panandhang?
Ora Gigrig!**



PACAWISAN (manut pakulinan ingkang sampun kalampah)

- Organis/pianis nglagokaken kekidungan ndhèrèkakên pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah.
- Pasamuwan nyawisaken dhiri kanthi tidhem.
- Kawartosaken bilih sasampunipun pangibadah Jumuwah Adi boten wonten berkah. Pramila pasamuwan kasuwun nilar papan pangabekti kanthi tidhem lan tansah nyuraos lelampahan Gusti Yésus ingkang kasalib.
- Lampahing *Prosesi lilin* katata manut pakulinan ingkang sampun kalampah.

TIMBALAN NGABEKTI

(Pasamuwan Jumeneng)

PL: Sami ningalana, Panjenenganipun nandhang sangsara kadhèrèkakaken kakanthi pêcutan tumuju sèdanipun. Ing papan pacumplungan, inggih punika papanipun. Sumangga nyarèngi Panjenenganipun, sapangraos ing panandhang tumrap jagad punika. Sesarengan kita mujèkakên **KPJ 270: 1-3 SANG KRISTUS SINANGSARA**

Sang Kristus sinangsara sinandhangan wirang
Rikinarya makutha, pinoyok tyang kathah.

Rinangkèt lir durjana, ci nampah siniya.
Dhuh Allah, punapaa tan ngeman kang Putra?

Wit aku uga Gusti ginitik winirang.
Ngagem makutha eri lan singep poyokan.
Wit aku gawé dosa, tinaton sliranya.
Sinungkawan ing driya lir tingalan nistha

Dhuh Yésus kang ingajep pra luhur wit kina.
Mugi kula sadaya émuta slaminya.
Sangsara lan kwirangan ageman Paduka,
nyawisi kedrajan kula tiyang nistha.

*(Ing salebeting Pasamuwan kekidungan, Pangrukti lan
Palados Sabda lumebet ing papan pangibadah, kalajengaken
lung-tinampi Kitab Suci)*

VOTUM LAN SALAM

PS: Dosa, kalepatan, lan panandhang kita ingkang kasanggi déning Panjenenganipun. Kasangsaranipun ngiyataken kita sowan ing pangibadah punika kanthi pengakên: Pitulungan kita ingkang sejati inggih Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun, ingkang setya netepi prasetyan kawilujengan, ingkang kababar ing Saliranipun Gusti Yésus Kristus.

PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus tumedaka ing sêdhèrèk sadaya.

U: *(Ngidungaken **Refrèin KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI kalih rambahan**)*

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

Kalajengaken ngidung Amin 3x

CÊCALA

(*Lenggah*)

PL: Raos ajrih anggèn ngadhêpi panandhang ndadosaken kita kawon kaliyan kawontenan. Saben tiyang mêsthi kumudu-kudu nyélaki panandhang, ananging kasunyatanipun panandhang malah dados peranganing gesang. Lan nalika panandhang nêmpuh, sok-sintena boten kwawi nyélaki. Saged ugi wekdal punika para sedhèrèk katêmbèn tinêmpuh ing panandhang lan momotan ingkang sangêt awratipun, sumangga sowan ing ngarsanipun Gusti Allah. Sami mandênga Panjenenganipun, Gusti Allah ingkang nglabuhi panandhang ing pamênthangan awit dosaning jagad.

U: (*Ngidungaken **KPJ 275: 1, 2 SRANA MANDENG ING SALIB***)

1

Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,
tinebus sagung dosanira.

Dé cempéning Allah kang sinalib ngrembat,
ngésahaken duraka kita.

Swawi dèn pandeng!

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

2

Napa ta damelé Gusti Yésus séda,
yèn datan ngruwat dosa kita?

Napa ta damelé nombokaken nyawa,
yèn datan nebus dosa kita?

PENGAKÊNING DOSA

PL: Swawi kita nyuraos Pangandikanipun Gusti ing Éfêsus 5:1-2: Awit saka iku padha nulada marang Gusti Allah, dikaya putra-putra kang kekasih lan padha lumakua ing katresnan, kayadéné Sang Kristus Yésus uga wus ngasihi kowé kabèh lan masrahake sarirané kanggo kita minangka pisungsung lan korban kang arum kagem Gusti Allah.

PL: Sumangga kita nyuwun sih-rahmating Gusti Allah murih saged mbangun turut ing Gusti Yésus, inggih punika kanthi gesang salebeting katresnan. Kita akèni bilih kita boten sampurna. Kita ringkih pramila dèrèng sagêd nglampahaken katresnan. Wekdal punika, sumangga kita wiwiti kanthi nampèni katresnanipun Gusti Allah ingkang saklangkung agung, ingkang sampun kaparingaken tumrap kita. Sesarengan kita pujèkakèn
KPJ 45: 1-3 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

U: (*Ngidung KPJ 45: 1-3 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI*)

1

Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti

2

Anèng ngarsané Gusti,
tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku,
anèng ngarsané Gusti.

3

Anèng ngarsané Gusti,
rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah,
anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIHRAHMAT

(*Jumeneng*)

PS: Awit piwêlasipun Gusti Allah ingkang tanpa winatès, Panjenenganipun kersa nampi têtélaning prasetyan lan pangakèn winatesing pasamuwanipun. Pamratobat ingkang kapratélakakèn kanthi tulus badhé mulihakèn. Awit saking punika, Kang Mahatrêsna makarya ing salabeting paring pangapunten lan pambirating dosa lumantar Pakaryan Astanipun ingkang agung lan mulya. Samangké sami nampènana Sihrahmating Allah saking Yésaya 53: 4 “*Mangka sanyatané lelara kita kang disanggi lan kasangsaran kita kang dirêmbat, ewasamono kita padha ngira Panjenengané iku kena*

ing ipat-ipat, kagêbag tuwin katindhês déning Gusti Allah.”

Saiba agengipun sihrahmat ingkang kaparingaken tumrap kita. Lumantar kasangsaran lan sédanipun, ingkang kita èngêt wekdal punika, mbêrêg kita boten ngémungkakên malah mangu-mangu awit sedaya lelabuhanipun Allah tumrap kita. Tansaha tekun lan setya dumugèng wêkasan. Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

U: **(Ngidung KPJ 250: 1 – 3 ANÈNG SALIB PADUKA)**

1

Anèng salib Paduka, pangayom kawula,
toyaning gesang mulya ing ardi Golgota.
Salibnya, salibnya, kamulyan kawula
ngantos mbénjing nampèni palereman baka.

2

Anèng salib Paduka, katresnan kababar;
inggih namung Paduka pindha lintang fajar.

3

Anèng salib Paduka; pikekah kawula;
tansah kula èngeti, ing gesang slaminya.

WEDHARING SABDA

(Lenggah)

PS: *(Nuntun pandongan pacawisan)*

Waosan kaping sepisan

L1: Waosan kaping sepisan kadhasaraken manut Kitab
Yésaya 52:13-53:12
Mekaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos
Jabur 22 secara sesautan (utawi kalagokaken)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kadhasaraken manut **Ibrani 10:16-25**

Mekaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kadhasaraken manut **Injil Yokanan 18:28-19:37**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti lan ing ngrimati saha ngèstokakên kanthi setya ing gesang padintenan. HOSIANA.

U: (*ngidung*) **HOSIANA**

Khotbah “Nglabuhi Panandhang? Ora Gigrig!”

Wêkdal Tidhêm (*sagêd kairingan pepujèn*)

Pandonga Syafaat

(*Lenggah*)

PS: (*Nuntun pandonga syafaat*)

Pengaken Pitados

(*Jumeneng*)

Prd: Sêsarêngan kaliyan warga pasamuwanipun Gusti Allah ing pundia papan, sumangga kita lisanakên lan antêpakên kapitadosan kita kanthi sêsarêngan ngucapakên Sahadat kalih wêlas, ingkang mêkatên...

PISUNGSUNG

Prd: Raos sokur badhé kita wujudaken ing caos pisungsung. Kita landhêsi cecaosan punika kanthi pangandikanipun Gusti kados ingkang kawucalaken déning Rasul Paulus ing serat Rum 12:1 “Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparêngé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati. “

U: (*Ngidung KPJ 171: 1-4 MANGGA SAOS
PISUNGSUNG utawi sacekapipun*)

1

Mangga saos pisungsung mring Allah
Maagung krana gunging sihrahmat
kang luber tan kendhat

2

Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,
de gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.

3

Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.

4

Saos pisungsung kathah cacahnya tan timbang,
lan gung berkahing Allah tan kènging winilang.

Pandonga Pisungsung

(*Jumeneng*)

Prd: (*Nuntun pandonga pisungsung, mungkasi pangibadah,
lan Pandonga Rama Kawula – saged kalagokaken*).

Kidung Pangutusan

U: (*Ngidung KPJ 155: 1,2 AKU TAN NATÉ
MANGERTI*)

1

Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.

2

Aku asring tan mangerti karsèng Allah Makwasa.
Donga panyuwuning ati tan kajurungan mulya.
Nging yektiné, Gusti nganthi; astanya tansah ngreksa.
Dé panuntuning Roh Suci, sirna pangrèhing dosa.

PANGUTUSAN

PS: Nalika panandhang nêmpuh, sami mandênga Salibipun Gusti. Tansaha sêtya, supados gesang panjenengan kapulihaken. Sami ngênêrna manah dhumateng Gusti.

U: **Kawula ngênêrakên manah dhumateng Gusti.**

PS: Gusti Allah ngêrsakakên panjênêngan dados sêksi kagêm Sang Kristus.

U: **Kula sadaya sumadya dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Tansah ngluhurna Asmanipun Gusti Allah ing pundia papan panjenengan kautus.

U: **Kula sadaya badhé tansah ngluhurakên Asmanipun.**

PS: Sami mêngkêra kalawan bingah, sami nglajêngna lampah lan ngèngêtana pangandikanipun Gusti: Panjenenganipun nglêstantunakên pakaryanipun ing gesang panjenengan. Nglampahana gesang salebeting raos sokur, tumemen, lan setya nglampahi Timbalanipun. Gusti Allah nganthi lampah panjenengan....

Sadèrèngipun mêngkêr, para sêdhèrèk kaaturan wekdal kinèn tidhêm sawêtawis. Sasampunipun kawawas cekap, kasuwun nilar dalêm pamujan kanthi tidhêm, binarung ngrêsêpakên sihrahmatipun Gusti.

(Para pelados pangibadah lumêbêt ing konsistorium. Pasamuwan têtêp tidhêm. Penabuh musik ngungêlakên instrumèn KJ 375 – SAYA MAU IKUT YÉsus ngantos sedaya pasamuwan nilar papan pangibadah).

[KA/MGK]

LITURGI

Sabtu Suci

Sabtu, 30 Maret 2024

Keterangan:

-

**Sabtu Suci
(*Sabbatum
Sanctum*), Sabtu
Mingsering
Kawontenan**




Palados pangibadah ingkang
kabetahaken, antawisipun:

- Pamaos (*Narator*) 1; Pamaos (*Narator*) 2
- Lèktor (Pamaos Kitab Suci) 1; Lèktor (Pamaos Kitab Suci) 2
- PNJ (*Pemimpin Nyanyian Jemaat* – Panuntun Pamujining Umat) PPU.
- Pamaos *Reflèksi dan Aksi* – waosan saking Ayub 14: 1-14 (Pinisepuh/Dhiaken 1)
- Pamaos *Reflèksi dan Aksi* – waosan saking 1 Pétrus 4: 1-8 (Pinisepuh/Dhiaken 2)
- Pamaos *Reflèksi dan Aksi* – waosan saking Yokanan 19: 38-42 (Pandhita/Pelados Sabda)
- Juru Musig (*Pemusik*)

Peranganing tata pangabekti ingkang mbetahaken kawigatosan:

- Papan pangibadah katata kanthi swasana rêmêng- rêmêng, kinèn nandhêsakên swasana *kontèmplatif* utawi tidhêm.
- “*Setting*” ruangan saged pinirsanan ing dhénah.
- Sadèrèngipun pangibadah, dipun wontenaken cêcala bab Tata Pangabêkti “Sabtu Suci”.
- Lelagon ingkang dèrèng pana kalagokaken déning warga pasamuwan, sagêd kagladhi sadèrèngipun pangibadah kawiwitan.
- Pasamuwan ingkang rawuh kasuwun tidhem lan ndedonga secara pribadi.
- Sadèrèngipun “prolog” (pangibadah kawiwitan), dipun purwakani kanthi pandonga pambuka.
- Nyawisaken dlancang lan piranti tulis, kanggé pérangan “RÈFLÈKSI DAN AKSI” ing angka 5.



■ Denah Ruang Ibadah SABTU SUNYI

o. Pandonga Pambuka katuntun déning Pradata. (*Umat lenggah*).

1. PROLOG/BEBUKA (*Umat jumeneng*)

- Kawiitan kanthi ungêling loncèng/bèl (*manut tata cara ingkang sampun dados pakulinan*)
- Lilin dipun patèni.
- Umat jumeneng
- *Narasi* kawaos kinanthèn instrumèn musig nglagokaken:
KPJ 250 ANÈNG SALIB PADUKA

Pamaos 1:

Saben kita mesthi naté ngalami mingser utawi *transisi*. Wekdal mingser saking satunggaling kawontenan dhateng kawontenan sanèsipun. Wekdal mingser punika sanès pungkasaning gesang, ananging kadosdéné wot utawi krêtêg ingkang tumuju dhateng gesang salajengipun.

Pamaos 2:

Sawernining raos giris lan sumelang asring kedadosan ing wekdal *transisi* punika. Bab punika karaosaken amargi ing wekdal kasebat tuwuh raos sarwa boten gumathok.

Pamaos 1:

Ing wekdal ingkang kawastanan “*transisi*” punika, ala beciking gesangipun tiyang sangsaya ngégla katingal. Punapa tiyang punika kalebet péranganing tiyang ingkang sampun nyamêktakakên gesangipun, utawi kagolong tiyang ingkang ngêmundhakên gesangipun.

Pamaos 2:

Sabtu Suci, Sabtu mingsering kawontenan. Mingsering kawontenanipun Jemuwah ingkang linimputan marus, tumuju Minggu ingkang ambata-rubuh surakipun. Saking sêdanipun Cempéning Allah tumuju wungunipun Sang Mesih, Yésus Kristus.

Pamaos 1:

Ing wekdal “*transisi*” punika kababar pêpêsing pangajeng-ajengipun para sakabat lan pawartos ngagêtakên ingkang boten dipun-ajeng-ajeng rikala Gusti Yésus kalenggahaken minangka Sang Mesih.

Pamaos 2:

Sumangga, lumantar pangibadah Sabtu Suci punika, kanthi jêjêr “Sabtu Suci, Sabtu mingsering kawontenan”, kita nyuraos lan nggegilut, murih manggihaken patraping gesang utami, rikala wekdal “*transisi*” sawêg kita raosaken ing gesang punika. Sumangga kita gesang tetunggilan kaliyan Panjenenganipun lan Panjenenganipun nyatunggil kaliyan kita ing salebeting pangibadah Sabtu Suci punika.

2. PEPUJÈNING UMAT KPJ 250: 1 – 3 ANÈNG SALIB PADUKA

1. Anèng salib Paduka, pangayom kawula,
toyaning gesang mulya ing ardi Golgota.
Salibnya, salibnya, kamulyan kawula
ngantos mbénjing nampèni palereman baka.
 2. Anèng salib Paduka, katresnan kababar;
inggihi namung Paduka pindha lintang fajar.
 3. Anèng salib Paduka; pikekah kawula;
tansah kula èngeti, ing gesang slaminya.
- 3. WAOSAN AYUB 14: 1-14** kawaos déning Lèktor (Pamaos Kitab Suci) 1
- 1 “Manungsa ingkang lair saking tiyang èstri, celak umuripun, tuwuk ing kasisahan, 2 mekar kadosdéné sekar lajeng alum, icalipun kados wewayangan, boten saged lestantun. 3 Punapa inggihi Paduka badhé karsa mirsani tiyang ingkang kados makaten punika saha badhé Paduka tarik dhateng ing pangadilan Paduka? 4 Punapa naté wonten tiyang resik katuwuhaken déning tiyang jember? Satunggal kémawon temtu boten wonten! 5 Inggang punika sarèhning umuripun manungsa sampun kapesthèkaken watesipun, tuwin cacahing wulanipun sampun Paduka temtokaken, punapa déné wates-watesipun sampun Paduka tetepaken, satemah boten saged kalangkahan, 6 mila Paduka mugi karsa nilar méngo, supados piyambakipun saged aso, satemah saged ngraosaken nikmating dintenipun kados tiyang berah. 7 Amargi tumraping wit-witan taksih wonten pangajeng-ajengipun; manawi kategor, medal trubusipun malih, ingkang nunten gesang ing salajengipun. 8 Sanadyan oyodipun dados sepuh wonten ing salebeting siti, sarta tunggakipun ngantos pejah dumunung ing lebu, 9 éwasemanten angger mambet toya, mesthi semi sarta medal pangipun ingkang dados taneman énggal. 10 Nanging manawi tiyang nemahi pejah sampun boten gadhah daya kakiyatan malih; manungsa manawi sampun pejah, tiyang wau lajeng wonten ing pundi? 11 Kadosdéné toyanipun tloga ingkang nguwab tuwin lèpèn ingkang asat saha pejah, 12 makaten ugi manungsa inggihi ambruk, saha boten tangi

malih, ngantos dumugi sirnanipun langit sami boten tangi utawi ginugah anggènipun tilem. 13 Iba begja kawula saupami Paduka karsa ngumpetaken kawula wonten ing teleng palimengan; manawi Paduka karsa ngaling-alingi kawula ngantos sasirepipun bebendu Paduka sarta saupami Paduka karsa paring wangenan lajeng Paduka ènget dhumateng kawula! 14 Manungsa manawi sampun pejah, punapa saged gesang malih? Manawi makaten kawula gadhah pangajeng-ajeng salaminipun kawula nglampahi kangèlan, ngantos dumugi ing giliran kawula.

4. PEPUJÈNING UMAT KPJ 251: 1 – 2 DOSA PUNAPA

1. Dosa punapa déné Gusti kula,
nadyan ma suci, nging siniya-siya?
Krana sih tresna Paduka mring kula,
nandhang sangsara.
2. Dhuh, Ratuning rat, napa ta sababnya,
makutha eri ngrenggani mestaka?
Dimèn pra umat rinoban sih-rahmat,
luwar sing laknat.

5. REFLEKSI LAN AKSI (Kawaos déning Pinisepuh/Dhiaken 1)

Kasangsaran sampun kasanggi déning Ayub. Malah kasangsaran punika nedya ngêtêraken piyambakipun tumuju èmpèraning pêpêjah. Ngadhèpi kawontenan punika, Ayub boten namung mèndêl. Kados ingkang kapitutoraken déning mitranipun Zofar. Tumraping Zofar, mèndêl, boten protès – mboten nglairaken raos mboten sarujuk – dhumateng Gusti Allah, kaanggep patrap prayogi salebetipun ngadhèpi kasangsaran ingkang kasebabaken déning dosa utawi kalepatan. Éwasemanten Ayub boten saget mèndêl. Kosok wangsulipun, Ayub sangsaya adrêng munjuk dhumateng Gusti Allah. Ayub mundhut pirsu lan miterang dhumateng Gusti Allah bab kasangsaran ingkang saweg karaosaken. Sedaya punika katindakaken déning Ayub, amargi piyambakipun rumaos boten nglampahi dosa utawi

kalepatan, ingkang ndadosaken pantês nampi laknating Allah. Wusananipun, trontong-trontong pangajeng-ajeng sumunar malih, nalika Ayub adreng miterang dhumateng Gusti Allah. Ayub munjuk: “*Manawi makaten kawula gadhah pangajeng-ajeng salaminipun kawula nglampahi kangèlan, ngantos dumugi ing giliran kawula.*” Pangajeng-ajeng punika nglangkungi sadhéngah kawontenan. Ing antawisipun gesang lan pepejah. Sinaosa ing têmbé Ayub nemahi surud, Ayub taksih gadhah pangajeng-ajeng, wonten gesang sasampunipun nemahi pêpêjah.

Wekdal punika, saged ugi para sedhèrèk ugi saweg ngraosaken kasangsaran sami kaliyan ingkang karaosaken déning Ayub. Panjenengan ngraosaken panandhang ingkang awrat. Malah ngantos karaosaken kadosdéné manggèn ing èmpèraning pepejah. Krêntêging gesang sampun cures! Kamangka panjenengan boten rumaos nglampahi lepat lan dosa, ingkang ndadosaken panjenengan pantes ngraosaken ukumaning Allah. Ngadhepi momotan ingkang kados mekaten, panjenengan kaparengaken miterang lan nyuwun katrangan dhumateng Gusti. Awit saking punika, ing wêwêngan punika, para sedhèrèk kaparingan wêwêngan kanggé nyerat sakathahing pamundhut-pirsa, ngéngingi momotan ingkang karaosaken dhumateng Gusti. Sumangga penjenengan serat pamundhut-pirsa kasebat ing dlancang ingkang sampun kacawisaken. Salajengipun, panjenengan bekta lan sèlèhaken kertas punika ing “pasaréyanipun Gusti Yésus” (dhékorasi/rerenggan panggung nggambaraken pasaréyanipun Gusti Yésus), kanggé pratandha panjenengan masrahaken pamundhut-pirsa punika ing ngarsanipun Gusti.

*(Nalika umat majeng, juru musig nglagokaken Kidung
Mazmur 31: 2-5, 16-17 kanthi lirih)*

6. PEPUJÈNING UMAT MAZMUR 31:2-5, 16-17 (*mawi
Bahasa Indonesia*)

MAZMUR 31:2-6; 16-17

la = c 4 ketuk MM = 70

REFRAIN (umat) ay. 10a, 16b

Cm **G** **Cm** **A^b** **Fm**
6 7 | 1 1 . 6 7 | 1 3 3 0 2 3 | 4 3 2 1 |
Ka-sih-an-i a-ku, ya TU-HAN, se-bab 'ku ra-sa se-
G **Fm** **Cm** **Fm**
7 . . 7 1 | 2 2 . 2 1 3 | 2 2 . 7 1 |
-sak. S'la-mat-kan-lah a-ku, ya TU-HAN o-leh
G⁷ **Cm**
2 1 7 6 5 | 6 . ||
ka-sih se-ti-a - Mu!

BAIT 1 (Cantor) 1:ay. 2-3a

C⁷ **Fm** **B^b** **E^b**
0 6 6 3 | 4 4 . 6 5 6 | 3 3 0 3 3 1 |
Pa-da-Mu TU-HAN a-ku ber-lin-dung, ja-ngan se-
Fm **G** **Cm** **C⁷**
2 2 2 4 3 2 1 2 | 3 3 0 6 6 3 |
ka-li-ka-li 'ku men-da-pat ma-lu. Lu-put-kan
Fm **B^b** **E^b**
4 4 0 6 5 6 7 5 | 3 3 0 3 2 3 |
a-ku se-bab ke-a-dil-an-Mu, ya Tu-han
Fm **G** **Cm**
4 3 2 6 7 1 7 | 6 . 0 ||
sen-deng-kan, te-li-nga - Mu.

Bait 2

Jadilah Tuhan gunung batuku
tempat berlindung dan kubu pertahananku,
dan oleh karna namaMu ya Tuhan,
Engkau menuntun dan membimbingku.

Bait 3

Engkau yang akan lepaskan aku
dari jaring yang dipasang terhadap aku,
sebab Engkaulah tempat perlindunganku,
Engkaulah Tuhan penyelamatku.

Bait 4

Engkaulah Tuhan tempat berlindung,
ke dalam tanganMu 'ku serahkan nyawaku,
Engkaulah Tuhan yang membebaskan aku,

Engkaulah Tuhan, Allah yang setia.

Bait 5

Namun pada-Mu aku percaya,
aku berkata: “Tuhan Kaulah Allahku!
Masa hidupku ada dalam tangan-Mu.
Lepaskanlah aku dari musuh-Mu!”

Bait 6

Buat wajahkupun bercahaya atas hambaMu,
Ya Tuhan penyelamatku
S’lamatkan aku dari yang menjejarku,
s’lamatkan oleh kasih setiaMu.

7. WAOSAN 1 Pétrus 4: 1-8 (Kawaos déning Lèktor/Pamaos Kitab Suci 2)

1 Dadi sarèhné Gusti Yésus Kristus wis nglampahi sangsara kadagingan, mulané kowé iya sikepa gegaman pikiran mangkono, amarga sapa kang wis nandhang sangsara kadagingan iku wis marèni anggoné nglakoni dosa, 2 supaya wektu kang isih ana, aja kokanggo nuruti kapèncuting manungsa, nanging mituhu marang ing karsaning Allah. 3 Jalaran wus cukup suwéné anggonmu nindakaké kekarepane wong kang ora wanuh ing Allah. Kowé wis padha nuruti ubaling hawa-nepsu warna-warna, pepénginan, mendem, jibar-jibur, sarta nyembah brahala kang ora kaparengaké. 4 Marga saka iku kowé padha digumuni, déné kowé padha ora mèlu nyemplung ing blethokaning pamblasar iku uga karo wong-wong iku temahan kowé banjur padha dipitenah. 5 Nanging wong-wong iku kudu padha ngunjukaké panjawab marang Panjenengané kang wis mirantos bakal ngadili wong urip lan wong mati. 6 Awit iya iku preluné dalah wong mati iya wis padha kaundhangan Injil, supaya padha diadili ing kadagingané kaya manungsa kabèh, nanging mungguh ing roh bisa urip manut karsaning Allah. 7 Kawusanané samubarang kabèh wis cedhak. Marga saka iku dibisa ngemudhèni dhirimu sarta disarèh, supaya kowé padha bisa ndedonga. 8 Nanging kang prelu dhéwé padha mèmpega

anggonmu tresna-tinresnan, jalaran katresnan iku nutupi dosa kang akèh banget.

8. PEPUJÈNING UMAT KPJ 261: 1,2 ING GOLGOTA

1. Ing Golgota, ing Golgota, Gusti Yésus sinalib.
Kang karebat luwar kula, saking bandaning Iblis.
Siksa kula dipun rembat, kula luwar saking laknat.
Ing Golgota, ing Golgota, Gusti Yésus sinalib.
2. Ing Golgota, ing Golgota dosa kula linebur,
mila mangké gesang kula, bingah ayem alipur.
Rahing Gusti winutahken, pangluwaran pinaringken.
Ing Golgota, ing Golgota dosa kula linebur.

9. REFLÈKSI DAN AKSI (Kawaos déning Pinisepuh/Dhiaken 2)

Ngadhepi kasangsaran punika kadosdéné ngadhepi paprangan. Gaman ingkang kita ginakaken, saged dados jalaraning kita mimpang utawi kawon ing paprangan. Rasul Paulus paring pangandikan supados kita nggêgamani dhiri kaliyan “panggegilut bab Kasangsaranipun Sang Kristus”, nalika kita katêmbèn ngraosaken kasangsaran. Amargi Sang Kristus nandhang sangsara boten awit nindakaken kalepatan, ananging malah nggesangi kautaman. Kanthi panyuraos bab kasangsaranipun Sang Kristus, ndadosaken kita siyaga ngadhepi kasangsaran salebeting kautaman. Lan nyagedaken kita katebihaken saking sawernining kasangsaran amargi kalepatan utawi dosa. Kasangsaran amargi kalepatan tumuju ing pepejah langgeng. Kosok wangsulipun, nandhang sangsara amargi nglabuhi kautaman ngênêrakên lampah tumuju gesang lan kawungokaken ing Sang Kristus. Awit saking punika, sasampunipun Sang Kristus nandhang sangsara lan séda, Panjenenganipun wungu. Panjenenganipun boten mènèl ing pepejah, ananging tindak lan gesang kagem martosaken pawartos kabingahan tumrap umat manungsa, saé ingkang taksih gesang punapadéné ingkang sampun pejah.

Kasangsaran ingkang kados pundi, ingkang saweg kita raosaken wekdal punika? Kasangsaran amargi sawernining kalepatan, utawi kasangsaran amargi nglabuhi kautaman? Kita punapa sampun nggêgamani dhiri kaliyan panggegilit bab kasangsaranipun Sang Kristus? Sumangga kita nyadhong duka awit sakathahing dosa lan kalepatan kita, mbokbilih sadanguning gesang kita nandhang sangsara awit sedaya kalepatan kita piyambak. Lan sumangga kanthi adrêng kita nyenyuwun ugi, murih Gusti ngiyataken kita nggêgamani gesang kaliyan panggegilit bab kasangsaranipun Sang Kristus. (*Umat kaparingan wêwêngan kanggé ndedonga secara pribadi*)

10. PEPUJÈN UMAT KPJ 61 SAÈSTU KEDUWUNG

1. Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti. Adhuh Gusti, nyuwun suci
2. Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.
3. Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.
Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat,
mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

11. WAOSAN YOKANAN 19: 38-42 (Kawaos déning Pendhita/PaladosSabda)

38 Sawusé mangkono Yusuf saka ing kutha Arimatéa -- iku dadi siswané Gusti Yésus nanging kanthi sidheman marga wedi karo wong Yahudi -- duwé atur panyuwun marang Sang Pilatus, supaya dililanana ngukup layoné Gusti Yésus. Lan Sang Pilatus uga nglilani. Yusuf tumuli sowan sarta ngukup layoné. 39 Apadéné Nikodhémus uga teka ing kono. Iya iku kang sakawit sowan ing ngarsané Gusti Yésus ing wayah bengi. Nikodhémus nggawa caruban lenga mur lan lenga garu, boboté watara sèket kati. 40 Wong-wong mau ngukup layoné Gusti Yésus lan diulesi ing lawon nganggo adon-adon kaya adaté wong Yahudi yèn metak layon. 41 Sacedhaké

papan panggonané Gusti Yésus kasalib iku ana patamanané lan ing patamanan mau ana pakuburan anyar kang durung tau dianggo ngubur wong. 42 Sarèhné pinuju dina pacawisané wong Yahudi, sarta kuburané iku cedhak, mula Gusti Yésus banjur disarèkaké ana ing kono.

12. PEPUJÈNING UMAT KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA

1. Awit kathah dosa kula,
mila tansah kèmgangan
Gusti kang madhang
manah myang tukung kabingahan
2. Mugi karsa angaksama
ing klepatan kawula.
Tyas kula mugi dadosa
padaleman Paduka.
3. Gusti kang kula ndelaken,
mugi nuntun mring kula.
Kula badhé ngèstokaken
ing sakarsa Paduka.

13. REFLEKSI DAN AKSI (Kawaos déning Pendhita/Palados Sabda)

Wonten kalih golonganing manungsa ingkang gesangipun naté rêrakêtan kaliyan Sang Kristus anggènipun nyuraos lelampahan Sabtu Suci. Golongan kapisan, sinulihan déning para sakabatipun Gusti Yésus, ingkang mboten tèdhèng aling-aling kasebat muridipun Gusti Yésus. Golongan kaping kalih sinulihan déning Yusuf tiyang Arimatéa lan Nikodhémus, ingkang saged sinebat minangka muridipun Gusti Yésus ingkang sesidhèman. Inggang nengsemaken, sakabat ingkang saged kawastanan sesidhèman, malah ingkang ngayahi tumindak ngeblak tanpa tèdhèng aling-aling. Kosok wangsulipun, para sakabat ingkang kasebat muridipun Gusti Yésus ingkang mboten tèdhèng aling-aling malah nglampahi tumindak sesidhèman.

Nalika ngadhepi lelampahan pepejah, wonten tiyang ingkang jati-dhirinipun sangsaya surem rêmêng-rêmêng. Kosok wangsulipun, wonten tiyang ingkang sangsaya kakêkahakên jati-dhirinipun sasampunipun ngadhepi lelampahan pepejah. Yusuf tiyang Arimatéa lan Nikodhémus kalebet golonganing tiyang ingkang kaping kalih. Sasampunipun Gusti Yésus séda, jati-dhirining kekalihipun sangsaya kakekahaken minangka para muridipun Gusti Yésus. Lelabuhanipun rikala kumawantun nyuwun kunarpanipun Gusti Yésus inggih punika ingkang kawastanan pambangun-turuting murid. Kosok wangsulipun, jati-dhirinipun para sakabat sangsaya surem boten ketingal. Para sakabat langkung milih nyingidaken dhiri ing papan sêpi, amargi raos ajrihipun.

Anggènipun Yusuf tiyang Arimatéa lan Nikodhémus ngrengkuh kunarpanipun Gusti Yésus, ngatingalaken bilih kekalihipun nganggep Gusti Yésus sanès manungsa limrah. Tumrap kekalihipun, Gusti Yésus punika Ratu. Pramila kekalihipun nyarèkaken Gusti Yésus kadosdéné nyarèkakên Sang Ratu. Nyarèkaken Gusti Yésus ing papan pasaréyan anyar. Mbalsêmi kunarpanipun Gusti Yésus mawi caruban lisah mur lan lisah garu, ingkang awis reginipun.

Nalika kasangsaran lan pepejah nempuh ing gesang kita, kados pundi jati dhiri kita minangka siswanipun Sang Kristus, sangsaya boten ketingal, utawi sangsaya cetha? Punapa kita sampun misungsungaken ingkang paling aji katur Sang Kristus, minangka wujud kanyataning jati dhiri kita ingkang sangsaya cetha ketingal adeging siswanipun Gusti? Sumangga kita nyinau ngunjukaken lan misungsungaken pérangan ingkang paling aji ing gesang punika kagem Sang Kristus, minangka pengaken kita katur Panjenenganipun, bilih Sang Kristus punika Ratu tumrap kita. Sumangga kita nyaosaken pisungsung katur Panjenenganipun, kanthi ngaturaken pisungsung saking darbèk kita ingkang paling aji.

(kanthong pisungsung kaidersten/kaladosaken, utawi umat majeng tumuju kothak pisungsung ingkang sampun kacawisaken, kakanthi ungeling lelagon KPJ 171)

14. PEPUJÈNING UMAT KPJ 171 MANGGA SAOS PISUNGSUNG

1. Mangga saos pisungsung mring Allah Maagung
krana gunging sihrahmat, kang luber tan kendhat
2. Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,
dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.
3. Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.
4. Saos pisungsung kathah cacahya tan timbang,
lan gung berkahing Allah tan kènging winilang.

15. ÈPILOG/PANUTUP (umat jumeneng)

- Pandonga pisungsung lan mungkasi pangibadah déning
Pendhita utawi Pamedhar Sabda.
- Pangutusan lan Berkah
Pdt/PS: Nalika wekdal punika gesang panjenengan
sawêg ngadhepi éwah-éwahan ingkang awrat
kasanggi, sampun ngatos sumelang lan ajrih! Sami
ngémutana, Gusti Allah boten naté mèndêl.
Sihrahmatipun tansah lubèr nunggil panjenengan.

Umat: (ngidung) KPJ 392 MUGI SIH-RAHMATÉ NJENG GUSTI

1. Mugi sih rahmaté Njeng Gusti lan sihé Allah Sang Rama,
nunggila ing prasudara, pinanggiha sami basuki.
Wilujeng mlampah, wilujeng mlampah,
mbénjing nggih pinanggiha malih.
Wilujeng mlampah, wilujeng mlampah,
mbénjing nggih pinanggiha malih.
2. Mangsa tamtu silih-gumanti; wanci siyang gantos ratri,
swau kita tetunggilan, samangkya kita pepisahan

Pdt/PS: Para Sêdhèrèk, ing I Pétrus 5: 10-11, nyêthakakên:

Déné Gusti Allah sumbering sakèhé sih-rahmat, kang wis nimbali kowé kabèh ana ing Sang Kristus marang kamulyané kang langgeng, bakal nyampurnakaké, neguhaké, nyantosakaké sarta ngukuhaké kowé, sawisé kowé padha nandhang sangsara sawatara mangsa. Iya Panjenengané iku kang kagungan panguwaos langgeng salawas-lawasé! Amin.

Samangké sami ngraosna Gusti Yésus ing gesang panjenengan. Kagem ingkang taksih mbetahaken wekdal kanggé tidhem sawetawis wekdal, kasumanggakaken. Déné ingkang sampun ngersakaken jengkar, kaaturaken nilar papan punika kanthi lon-lonan. Kita pinanggih malih ing pangibadah Minggu Paskah.

(KPJ 392 MUGI SIH-RAHMATÉ NJENG GUSTI kalagokaken ngantos pasamuwan sampun wangsul sedaya)

16. PANGIBADAH PURNA

(YR - MGK)

LITURGI

Minggu Paskah Wanci Énjang

Minggu, 31 Maret 2024

Katerangan:

PS.: Palados Sabda

PL: Palados Liturgi

Prd: Pradata (Pinisepuh/Dhiaken)

U: Umat

L: Lèktor/Pamaos Kitab Suci

Kolèktan: Ingkang kajibah ngideraken
kanthong pisungsung

PPU: Panuntun Pamujining Umat
(*Song Leader*)

Wungu kanggé Mranata Gêsang



PACAWISAN (manut pakulinan ing gréja piyambak-piyambak)

- *Organis/pianis* ngungêlakên lelagon kagem ndhèrèkakên pacawisaning umat badhé ngibadah.
- Umat nyawisaken dhiri kanthi tidhem.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

(swasana papan pangibadah kadamel remeng-remeng, umat kasuwun mènèl lan tidhem)

CECALANING PANGIBADAH

(Umat Lenggah)

PL: Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti, ngaturaken sugeng énjang lan sugeng pepanggihan ing pangibadah paskah wanci énjang punika. Pangibadah punika badhé kaladosan déning (*nyebataken Pelados Sabda*). Kita badhé nggegilut sabdanipun Gusti kanthi jejer: “Wungu kanggé Mranata Gêsang”. Samangké sumangga kita nyawisaken dhiri mahargya wungunipun Gusti Yésus Kristus, Gusti kita.

U: (*Ngidung* **KPJ 267: 1,2 PAMARTA KULA AGESANG**)

Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang
kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula
wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

2

Gesang, Gusti kang wus séda,
dènnya gesang krana kula,
mila kula puji
Saiba dènnya ngasihi
kula ngantos dènparingi
gesang langgeng ugi

TIMBALANING PANGIBADAH (*Umat Lenggah*)

PL: Sumangga kita sowan dhumateng Gusti ingkang ngulêmi
lumêbêt ing sulaking pepadhang ingkang ngungunaken.

U: **Panjenenganipun rawuh kinèn madhangi gesang
ingkang mbetahaken sunaring cahyanipun.**

PL: Kamulyaning Allah nyata ing gesang kita.

U: **Kamulyanipun ngrengkuh gesang.**

PL: Panjenenganipun wungu lan mranata gesang.

U: **Kita ugi kawungokaken sesarengan
Panjenenganipun.**

Sadaya: Kita badhé tansah gesang sesarengan Sang Rama,
lumantar Sang Kristus ingkang wungu salebeting
kamulyanipun.

U: **Samangké lan salaminipun. Haléluya!**

ARAK-ARAKAN PALADOS PANGIBADAH (*Jumeneng*)

U: (*Ngidung KPJ 267: 3,4 PAMARTA KULA
AGESANG*)

3

Tyas kula yogya agirang
dé gadhah Pamarta gesang,
sung gesang mring kula.
Gusti gesang anèng swarga
nyawisi papan mring kula,

kula ndhèrèk gesang.

4

Gusti Pamarta kang gesang

nimbali marek salir tyang,

kinèn tobat samya.

Datan wonten gesang malih,

namung déning kang sinalib kang agesang mulya.

Panyumêting Lilin Paskah

(Umat Jumeneng)

PS: Pêpêtêng ndadosaken manungsa boten kwawi ningali ênêring gesang. Wekdal ing têmbé karaos lamur lan surêm. Tumindak lamis, laku cidra, kasrakahan, pêpénginan nguwasani, lan sawêrnining tumindak ala inggih punika kekiyataning kadursilan ingkang kakuwasani déning pêpêtêng lelimêngan. Lumantar margining kasangsaran lan salib, sedaya piala katamèkaken dhumateng Panjenenganipun. Éwasemanten pepadhang boten saged kawon déning pêpêtêng. Wungunipun Sang Kristus minangka kamulyaning Allah ingkang nglangkungi sawernining piala. Panjenenganipun wungu nedya madhangi gesang, murih gesang kapranata déning kamulyaning Allah. Kita badhé nyumêt lilin Paskah punika kanthi sesurak Sang Kristus sampun wungu!

U: Sang Kristus sampun wungu!

(PS nyumêt lilin Paskah)

PS: Gusti ingkang wungu nunggil ing kita.

U: Samangké lan salaminipun.

(lampu gedhung greja kaêmpakakên)

(Umat Lenggah)

*(Umat ngidung **KPJ 268 PANGLIPURING TYANG PRIHATOS; Pada 1 karêpèkakên déning PPU)***

PPU: Panglipuring tyang prihatos, klangenana ing tyas kula. Sakathah sumlanging batos, kasirnakken sadaya.

Sing swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki,
nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji.

U: Iba-iba Gusti mlasi bangsa apes lan nistha.
Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda.
Riwé, rah, waspa Paduka nèng Gètsémané mili.
Ngluwar kula sing ukuman, mbikak margining swargi.

Sadaya: Gusti tinuwèk ing galih déning poyok kang sengkak.
Benduné Allah kang adil sinanggi Gusti pyambak.
Nggirisi Gusti siniya wonten ardi Golgota,
pasrah sinalib sarira, krana jagad duraka.

PANGAKÈNING DOSA

PL: Dhuh Gusti Yésus, Gusti kawula. Ing ngarsa Paduka
kawula ngilo bab ringkihing gesang kawula. Boten
wonten malih ingkang saged kaumpêtakên saking
Paduka. Paduka mirsa sedaya dosa ingkang kawula
umpêtakên.

U: (*Ngidung KPJ 45: 1 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI*)
Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.

Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti
PL: Dhuh Sang Kristus ingkang sampun wungu, kawula
ngalêntrih, rumaos sayah, lan rumaos tanpa daya amargi
ginubed déning dosa. Ing ngarsa Paduka kawula kangen
pinaringan kasantosan.

U: (*Ngidung KPJ 45: 2 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI*)
Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.

Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
PL: Gusti Yésus, wungu Paduka nuwuhaken krêntêg kanggé
kawula sami mratobat lan mbikak manah murih
pepadhang Paduka nguwaosi gesang kawula ingkang
pêtêng.

U: (*Ngidung KPJ 45: 3 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI*)
Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

- PL: Sang Kristus, Gusti kawula, Katresnan Paduka ngrengkuh gesang kawula ingkang sayah lan ringkih. Wungu Paduka ngêkahakên kapitadosan kawula murih mbangun-turut ngener Paduka, gumrégah, lan mranata gesang.
- U: (Ngidung **KPJ 45: 4 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI**)
Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubêring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIHRAHMAT *(Umat Jumeneng)*

- PS: Sami nampènana pawartos sihrahmat lan pangapunten saking Gusti, ingkang kapratélakaken ing Kolosé 3: 1, ingkang mekaten:
Marga saka iku yèn kowé wus padha ndhèrèk katangèkaké kalawan Gusti Kristus, padha ngupayaa sabarang kang ana ing ngaluhur, ing papan pinaraké Gusti Kristus ing satengené Gusti Allah. Mekaten pawartosing sihrahmat lan pangapunten saking Gusti.
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**
- PS: Tentrem rahayu saking Sang Kristus nunggila ing panjenengan.
- U: **Lan nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *Umat sami ngaturaken salam “tentrem rahayu”* ---

- U: (Ngidung **KPJ 258: 1,2 GUSTI YÉsus WUS WUNGU**)

1

Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya!
Samya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!

2

Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!

WEDHARING SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga pacawisan)

Waosan kaping sepisan

L1: Waosan kaping sepisan kadhasaraken manut **Yésaya 25:6-9**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti ing **Yésaya 25:6-9**, kanthi maos **Jabur 118:1-2, 14-24** (utawi kakidungaken)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kadhasaraken ing **Lelakoné Para Rasul 10:34-43**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kadhasaraken manut **Markus 16:1-8**
Mekaten pamaosing Injil. Ingkang rahayu inggih punika sok-sintena ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti lan ngrimati, saha ngèstokakên kanthi tumemen ing gesang panditenan. HALÉLUYA.

U: (Ngidung **HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA**)

Khotbah

(Umat Lenggah)

“WUNGU KANGGÉ MRANATA GESANG”

Wekdal Tidhêm

Pangakên Pitados

(Umat Jumeneng)

Prd: Sesarengan kaliyan Pasamuwanipun Allah ing sadhéngah kawontenan, sumangga kita kêkahakên malih

kapitadosan ingkang kita antepi, kanthi nglisanaken
Sahadat Kalih Welas ingkang mekaten....

U: (Sesarengan nglisanakaken **Sahadat Kalih Welas**)

Pandongga Syafaat

(Umat Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga syafaat lan kapungkasan kaliyan
Pandonga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

Prd: Caos sokur ingkang kita wujudaken salebeting atur
pisungsung ing pangibadah punika, kita landhêsi kanthi
Sabdanipun Gusti kados ingkang katêlakaken déning
Rasul Paulus, AbdiNipun, ingkang kacetha ing Serat Rum
11: 36

Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka ing
Panjenengané, lan marga déning Panjenengané, sarta
lumadi marang Panjenengané: Kamulyan kagama ing
Panjenengané salawas-lawasé!

Sadhèrèngipun kita ngunjukaken pisungsung sokur
punika, sumangga kita jumeneng lan ndedonga kanggé
pisungsung ingkang badhé kita caosaken katur Gusti
Allah.

Prd: (Nuntun pandonga pisungsung)

U: (Ngidung **KPJ 170: 1, 3 LUBÈRING BERKAH SING
GUSTI**)

1

Lubèring berkah sing Gusti, yéku prajanjé suci;
urip mulya anèng swarga, pinaringken Sang Putra.
Refr.

Berkahing Gusti, iku dak anti-anti,
sayogya tansah tinampi klayan tulusing ati.

2

Lubèring berkah sing Gusti, dadya seger uripku
saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu. Refr.

3

Lubèring berkah sing Gusti, iku kang daksesuwon;
"Aparinga lubèr agung, maring umat sadarum!" Refr.

Doksologi

(Umat Jumeneng)

(Kolektan jumeneng ing ngajeng Altar, umat jumeneng lan ngidung doksologi)

KPKL 95 Ing Waktu Badhé Winulang

Kula sami kekempalan; Memuji dhateng Paduka

Dhuh Allah ingkang Sinuwun; Ing salami-laminipun

Kidung Pangutusan

(Umat Jumeneng)

U: *(Ngidung **KPJ 256 GUSTI SINALIB ING GOLGOTA**)*

1

Gusti sinalib ing Golgota ngrembat dosaning para jalma,
srana rah kang suci sampurna. Puji asmanya!

Refr.

Swawi muji asmanya! swawi muji asmanya!

Srana rahé, kita tinebus. Puji asmanya!

2

Saiba begjaning awakku, lamun Yésus dadya duwèkku,
kang angluwari saka dosa. Puji asmanya! Refr.

PANGUTUSAN

PS: Wungunipun Sang Kristus ngênêraken gesang
panjenengan dhumateng Panjenenganipun, murih
panjenengan kakiyataken tumut mranata gesang
sesarengan kaliyan Gusti lan sesami.

U: **Kawula ngênêraken manah dhumateng Gusti,
kanggé mranata gesang.**

PS: Sami wartosna Sang Kristus ingkang sampun wungu.

U: **Kawula sumadya dados seksi kagem Gusti.**

PS: Tansah pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké lan salaminipun.**

BERKAH

PS: Gusti Yésus ingkang wungu mranata gesang
panjenengan, murih panjenengan ugi tumut mranata
gesang. Panjenenganipun ingkang wungu ngêkahakên,

murih panjenengan kwawi ngadhepi kanyataning gesang. Panjenenganipun ingkang wungu nuntun lampah panjenengan, murih panjenengan lumampah sesarengan Panjenenganipun. Panjenenganipun ingkang wungu paring berkah kawilujengan lan gesang langgeng ing rengkuhaning katresnan suci Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci, ingkang katresnanipun langgeng salaminipun. Amin.

U: (*Ngidung* **HALÉLUYA! AMIN!**)

[WSN/MGK]

LITURGI

Minggu Paskah Wanci Sonten

Minggu, 31 Maret 2024

Katrangan:

PS.: Palados Sabda
PL: Palados Liturgi
M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)
U: Umat
L: Lèktor

Panjenenganipun Wungu, Rawuh Neguhaken Pakaryan Kita



PACAWISAN (miturut pakulinan ing pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang ndayani umat ngraosaken lumebet dhateng pangibadah.
- Umat nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.
- Prosesi lilin dipun jumbuhaken kaliyan pakulinaning pasamuwan.

TIMBALAN PANGABEKTI

(Umat Jumeneng)

PL: Panjenengani-Pun sampun wungu! Wunguni-Pun dados bukti bilih panguwaosipun Allah tanpa tinandhingan.

U: **Haléluya!**

PL: Pati kawon déning wunguni-Pun!

U: **Haléluya!**

PL: Wunguni-Pun nyumerepaken kababaring prasetyani-Pun dhateng kagungani-Pun!

U: **Haléluya!**

PL: Panjenengani-Pun neguhaken lampahing gesangipun umat!

U: **Sapunika lan salami-laminipun, Haléluya!**
U: (Ngidungaken: **KPJ 267 PAMARTA KULA AGESANG**)

- 1) Pamarta kula agesang
tyas kula mila agirang kang sinalib gesang.
Dènnya séda krana kula wunguné dados panjernya,
kula ndhèrèk gesang.
Reff.:
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- 2) Gesang, Gusti kang wus séda,
dènnya gesang krana kula, mila kula puji
Saiba dènnya ngasihi kula ngantos dènparingi
gesang langgeng ugi. Reff.: ...
- 3) Tyas kula yogya agirang
de gadhah Pamarta gesang, sung gesang mring kula.
Gusti gesang anèng swarga nyawisi papan mring kula,
kula ndhèrèk gesang. Reff.: ...

VOTUM

PS: Tetalesing Pangibadah Paskah Sonten punika wonten ing pangaken: Pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti ingkang nitahaken langit kaliyan bumi lan saisinipun, lan ingkang tansah setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun katindakaken.

U: (Ngidung: **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama, lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing panjenengan sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

PL: Gusti Yésus ingkang wungu nedahaken bilih Panjenenganipun rawuh netepi prastyani-Pun. Panjenenganipun rumeksa wonten ing gesangipun umat

lan neguhaken gesanging umat, lumantar pakaryanipun umat ing saben dinten. Wunguni-Pun dados pambereg tumrap umat nindakaken pakaryan kanthi kebak ing kabingahan, semangat, lan njunjung ing bebener.

U: (Ngidungaken: **KPJ 115 IBA RAHJENG TYANG KANG SAMI SUMÉNDHÉ**)

- 1) Iba rahjeng tyang kang sami suméndhé mring Gusti, jroning sisah wah kesrakat, Gusti paring kiyat
Reff.:
Sumangga suméndhé Gusti!
Sumangga suméndhé Gusti!
Sumangga suméndhé Gusti!
mesthi Gusti karya ayem ira.
- 2) Adhuh Gusti, kula sowan ing ngarsa Paduka masrahken gesang kawula nèng asta Paduka. Reff.: ...
- 3) Adhuh Gusti, lamun kula pasrah mring Paduka, kula datan sélak, sagah sangsara wah pejah. Reff.: ...

PANGAKENING DOSA

PS: Dosa adamel jembering gesangipun manungsa, njalari pinisah tebih antawisipun Gusti Allah kaliyan manungsa. Awit saking punika, sumangga kita nitipriksa dhateng gesang kita lan ngakeni dosa lan panerak kita ing ngarsanipun Gusti Allah:

Gusti Allah, Paduka ingkang tansah rawuh ing gesang kawula, kawula ngakeni kasèkènganing kamanungsan kawula ing ngarsa Paduka. Kawula asring ringkih lan mboten tumemen salebeting nindakaken padamelan kawula ing saben dinten. Kawula kécalan semangat, lan mboten sembada anggèn kawula nyambut damel.

U: **Apuntenana kawula...**

PS: Kawula asring gumunggung lan rumaos kuwawi nindakaken samukawis kanthi kakiyatan kawula piyambak. Kawula kesupèn dhateng dhiri pribadi lan namung ngeneraken manah dhateng kapentinganing gesang kawula piyambak.

U: **Apuntenana kawula...**

PS: Kawula asring nggadhahi sedya ingkang klèntu salebeting panyambut damel. Satemah kawula kécalan ener lan tebih saking kayekten Paduka.

U: **Apuntenana kawula...**

Sadaya: Paduka mugi karsa miyarsakaken pangaken kawula umat Paduka ingkang dosa punika. Dhuh, Gusti, kasokana kawula lumantar sih-pangapunten Paduka. Amin.

U: (*Ngidungaken:* **KPJ 162 KATUR NGARSA PADUKA, GUSTI**)

- 1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Mahakwasa.
Amin
- 2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.
Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.
- 3) Katresnanta Paduka, Gusti wonten ing Yésus kawedhar.
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar.
Kula sèstu rumaos begja linubèran rahmat Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT (*Umat Jumeneng*)

PS: Nampènana pawartos sih-rahmat saking Gusti kados ingkang kaandharaken ing Kolosé 3: 12, 23 ingkang makaten: “*Mulané sarehné kowé wus padha dadi pepilihané Gusti Allah, kang wus kasucèkaké lan kinasihan, padha nyandhanga asih welas, kaloman, andhap-asor, alusing bebudèn lan sabar. lan sadhéngah apa kang koktindakaké iku tindakna kalawan terus ing batin kayadéné kagem Gusti, ora kanggo manungsa.*” Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

PS: Tentrem rahayunipun Sang Kristus wonten ing panjenengan!

U: **Wonten ing panjenengan ugi!**

(Umat samidéné sesalaman kaliyan pratéla, “Tentrem rahayu.”)

U: *(Ngidungaken: **KPJ 106 AMUNG KUMANDEL IKU**)*

- 1) Amung kumandel iku uwiting karosanku.
Amung kumandel iku etuking kraharjanku
Reff.:
Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku
- 2) Amung pracaya iku kang mbungahken driyaku.
Amung pracaya iku panglipuring batinku. Reff.: ...
- 3) Srana pangandel iku ngilangken prihatinku.
Srana pracaya iku sirna was-sumelangku. Reff.: ...

PALADOSAN SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Pandonga Épiklésê)

Waosan sepisan:

L1: Waosan sepisan kawaos saking **Yésaya 25:6-9**
Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Pangandikanipun Gusti wonten ing **Yésaya 25:6-9** wau kanthi maos **Jabur 114** sesautan *(utawi kakidungaken)*

Waosan kaping kalih:

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking **1 Korintus 5:6-8**
Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kawaos saking **Lukas 24:13-49**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang sami mirengaken
Pangandikanipun Gusti lan ngèstokaken kanthi setya
wonten ing gesang padintenan. HALÉLUYA.

U: (Ngidungaken **HALÉLUYA**)

Khotbah (Umat Lenggah)
**“Panjenenganipun Wungu, Rawuh Neguhaken
Pakaryan Kita.”**

Wekdal Ening

Pangaken Pitados (Umat Jumeneng)

M: Sesarengan umatipun Gusti ing sauruting wekdal,
sumangga kita mratélakaken pangakening pitados kita
kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandonga Syafaat (Umat Lenggah)

PS: (Ngunjukakaen pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

M: Pratélaning panuwun ingkang kita uningakaken wonten
ing pangabekti punika, kita talesi sarana Pangan-
dikanipun Gusti kados ingkang kaandharaken déning
Rasul Paulus ingkang sinerat wonten ing 1 Korinta 6:19–
20 “Apa kowé padha ora sumurup, yèn badanmu iku dadi
padalemané Sang Roh Suci kang ana ing kowé, Sang Roh
Suci kang kaparingaké marang kowé déning Gusti Allah,
sarta yèn awakmu iku dudu awakmu dhéwé? Sabab kowé
wus padha tinuku lan wus kabayar lunas? Mulané padha
ngluhurna Gusti Allah srana badanmu!”

U: (Ngidungaken: **KPJ 344 LAMUN DUDU
YÉHUWAH**)

- 1) Lamun dudu Yéhuwah kang ayasa wisma,
tanpa guna, tanpa gawé karyané tukangé.

Lah, ing samangkya kita andulu yasané.

Saiba mulyanya pasamuwané Gusti.

Reff.:

O, iba mulyanya,

pasamuwané Yésus Gusti.

Pra abdinya setya lan bingah ing driya.

nambut saliring pakaryané Gusti.

- 2) Lamun dudu Yéhuwah kang ngreksa negara,
tanpa guna, tanpa gawé njaga gapurané.

Lah, ing samangya kita ngrasakké karyané,

saiba nikmatnya ing pangreksané Gusti. Ref.: ...

Pandongang Pisungsung

(Umat Jumeneng)

M: *(Mimpin pandonga pisungsung)*

Kidung Pangutusan

(Umat Jumeneng)

U: *(Ngidungaken: **KPKL 79: 1, 3 Wungunipun Gusti Yésus**)*

- 1) Alléluyah Gusti wungu, Antaka kalah saèstu
Dé astaNya kang rosa, Pinujia Sang Prawira
Kang ngantukken pangapura, Lan mulyakken tyang
dosa
Slamet Gusti sampun unggul, Wus nyaaur pundhat
panebus
Tandhasta wus tinulis, SabdaNya Allah kang mirma
Tinrimah kurban kang Putra, Marganya sira urip
- 3) Alléluyah, Gusti wungu, Antaka kalah saèstu
Wus tan jrih kubur kula, Gusti séda krana kula
Wunguné dados panjernya, Tangi kula amulya
Slamet donya dimèn ical, Ing akhir anèng kamulyan
Kula nyameni Gusti, Binabar pra putra suci
Sadhèrèké Gusti sami, Sarta langgeng memuji

PANGUTUSAN

(Umat Jumeneng)

PS: Panjenganipun ingkang wungu lan rawuh, sampun
netepi prasetyani-Pun kanggé kita. Eneraken manah
panjenengan dhumateng Gusti

- U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti.**
- PS: Sumanggema dados seksinipun Sang Kristus
- U: **kawula sumanggem dados seksinipun Sang Kristus**
- PS: Pinujia Gusti Allah kita
- U: **Sapunika lan salaminipun**
- PS: Mengkera kanthi kabingahan, dèn-ènet sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun ingkang wungu tansah makarya lan rawuh wonten ing gesang panjenengan sadaya. Katindakna pakaryan kanthi tekun lan tansaha ngaturaken panuwun, tuwin setya ing timbalanipun Gusti. Gusti nyarengi gesang panjenengan kanthi berkahi-Pun:

BERKAH

- PS: “Pangéran Yéhuwah maringi berkah panjenengan, lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan, lan maringi tentrem-rahayu. Amin.”
- U: (Ngidungaken: **“HALÉLUYA! AMIN!”**)

[YWN/TK]

LITURGI

Minggu Paskah 2

Minggu 7 April 2024

Katerangan:

PS.: Palados Sabda
PL: Palados Liturgi
M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)
U: Umat
L: Lèktor

**“Andum Tentrem
Rahayunipun Sang
Kristus”**



PACAWISAN (miturut pakulinan ing pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang ndayani umat ngraosaken lumebet dhateng pangibadah
- Umat nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi
- Pamaosing pawartos pasamuwan
- *Prosesi lilin* dipun jumbuhaken kaliyan pakulinaning pasamuwan

TIMBALAN PANGABEKTI

(Umat Jumeneng)

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, wekdal punika kita mlebet wonten ing Minggu Paskah kaping kalih. Kita ngraosaken Gusti Yésus ingkang maringi tentrem rahayu dhateng para murid-Pun lan mirunggan ingkang sampun kaparingaken kanggé kita. Sumangga kita ngeneraken manah dhumateng Gusti lan murwakani pangibadah kita ing wekdal sapunika.

U: *(Ngidungaken: **KPJ 14:1-3 KULA SAMYA TETUNGILAN**)*

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran, wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan

Ref.:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti, wit ing ayom ing sihira sèstu tentrem raharja.

- 2) Kula rinoban ing begja rintén-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat. Ref.: ...
- 3) Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah.
Ref.: ...

VOTUM

PS: Pitulungan kita wonten ing asmanipun Gusti ingkang
nitahaken langit lan bumi

U:

1 = C, 4/4 Adante: 70

3 .5 5. // 2 .5 5. // 4̣3 2̣1 2 .3 // 3...//

A min A ... min A|min

3 .5 5. // 2 .5 5. // 4̣3 2̣1 2 .1 // 1...//

A min A ... min A min

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama,
lan saking Gusti kita Yésus Kristus wontena ing
panjenengan sadaya.

U: **Wontena ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

PL: Tentrem rahayu dados pangajeng-ajengipun sadaya
tiyang, mirunggan tumrapping para tiyang ingkang nembé
ngalami kangèlan, paprangan, lan kasangsaran. Jagad
punika tansah mbetahaken tentrem rahayu. Kita sampun
nampi saking Sang Juruwilujeng, Gusti kita Yésus
Kristus. Tentrem rahayunipun Sang Kristus kita raosaken
lan kita pahargya ing pangabekti punika, supadaos kita
sumanggem dipun utus Gusti dhateng jagad ingkang
mbetahaken tentrem rahayu.

U: (*Ngidungaken: KPJ 20 PANGÉRAN MAMULYA*)

- 1) Pangéran Mamulya yogya kula puja;
déné agung kadarmannya kang sumrambah mring kula.
Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya.
Pangéran Mamulya yogya pinuja.
Pangéran Mamulya yogya pinuja.
- 2) Pangéran Mamulya yogya kula puja;
déné karsa maringaken Putranipun pribadya,
dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula
Pangéran Mamulya yogya pinuja. (2x)
- 3) Pangéran Mamulya yogya kula puja;
dé tan karsa malesaken sagung klepatan kula,
malah dipun sucèkaken sarta ingangkat putra.
Pangéran Mamulya yogya pinuja. (2x)

PANGAKENING DOSA

PL: Kita nampèni pangandikanipun Gusti lumantar Yakobus 1: 22, 4:7, “Nanging padha nglakonana ing pangandika, aja mung ngrungokaké baé, jalaran manawa ora mangkono kowé ngapusi awakmu dhéwé.” 4:17: “Dadi sing sapa mangreti ing bab panggawé becik, mangka ora nglakoni, iku dadi lan dosané.”

Pangandikanipun Gusti punika minangka panyaruwé kanggé kita bilih kita dèrèng saged gesang mituhu dhawuhi-Pun, satemah tentrem rahayu dèrèng kalampahan ing gesang kita tuwin sakiwa-tengen kita. Awit saking punika sumangga kita sowan Gusti kanthi keduwung lan andhap asor. Kita uningakaken pangakening dosa kita dhumateng Gusti, tuwin netepaken manah badhé mratobat lan ndandosi gesang.

U: (*Ngidungaken: KPJ 49 GUSTI KANG MAHAWILASA*)

- 1) Gusti Kang Mahawilasa, mugi paring aksama.
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng.

- 2) Gusti Inggang Mahatresna, mugi ngruwat kawula;
temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti.
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.
- 3) Gusti Inggang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;
ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka.
Awit kwasaning Roh Suci, nyingkur karsèng pribadya,
nglawan kapéncuting donya, mrih raharja slaminya.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Sih-katresnanipun Gusti langkung ageng saking sadaya ingkang wonten, temahan Gusti karenan paring pangapunten dhateng kita ingkang pitados lan kanthi gumolonging manah mratobat ing ngarsani-Pun. Katresnani-Pun inggih nenuntun kita sangsaya kasagedaken sinau mbangun-turut dhumateng Gusti. Nampènana pawartos sih-rahmat lumantar Yérémia 29: 11, “Awit Ingsun iki nguningani rancanganingSun tumrap sira, yaiku: rancangan tentrem rahayu lan dudu rancangan bilai, yaiku supaya sira kebak pangarep-arep kang becik tumrap ing besuké, -- mangkono pangandikané Sang Yéhuwah.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

(Umat sesalaman lan pratéla “Tentrem Rahayu”)

U: *(Ngidungaken **KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI**)*

- 1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumlegering gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta.

Ref.:

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

- 2) Lamun nlasak tengahing wana-wasa
sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gumelar sesawangan adi. Ref.: ...

PALADOSAN SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Mimpin pandonga Épiklése)

Waosan Sapisan

L1: Waosan ingkang sapisan saking **Lelakoné Para Rasul 4:32-35**

Makten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan

L2: Waosan tanggapan saking **Jabur 133** (*saged kakidungaken, kawaos déning lèktor, utawi sesautan kaliyan umat*)

Waosan Kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Yokanan 1:1–2:2**

Makaten pangandikanipun Gusti


U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Yokanan 20:19-31**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti sarta ngèstokaken ing gesang padintenan. HALÉLUYA.

U: (Ngidungaken: **Haléluya**)



Khotbah “Andum Tentrem Rahayunipun Sang Kristus”

Wekdal ening

Pangaken Pitados *(Umat Jumeneng)*

M: Sesarengan umatipun Gusti ing sauruting wekdal, sumangga kita mratélakaken pangakening pitados kita kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli

U: *(Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)*

Pandongga Syafaat *(Umat Lenggah)*

PS: *(Ngunjukaken pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG

M: Sumangga kita unjukaken panuwun kita lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken ingkang tinalesan pangandika ing Kolosé 3:15, “Muga tentrem-rahayuné Gusti Kristus ngerèh ana ing sajroning atimu, marga iya kaya mangkono iku anggonmu padha katimbangan dadi badan siji. Sarta saosa sokur.”

U: *(Ngidungaken: **KPJ 165 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG**)*

- 1) Konjuk mring Kang Mahaagung, kula saos pisungsung;
cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah;
sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa,
dadya srana mumpangati, mrih kamulyaning Gusti.
- 2) Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos umat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

Pandongga Pisungsung *(Umat Jumeneng)*

M: *(Mimpin pandonga pisungsung)*

Kidung Pangutusan *(Umat Jumeneng)*

U: (*Ngidungaken: KPJ 203 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ*)

- 1) Rahayu kang utama lakuné ngambah dalaning préntahé Pangéran.
Rahayu kang netepi dhawuhé; wong kang manut ing sapangrèhé Gusti.
sarta tansah telatèn netepi sakarsané klawan éklas ing ati.
- 2) Dhuh Gusti, punapa sarananya tyang nèm-nèman saged jujur ing lampah
kejawi dipun rèh, mituruta sapangandika lan préntahing Allah?
Kawula sampun Paduka uja nyalèwèng nilar pepakèn Paduka.
- 3) Gusti mugi ngirid lampah kula manut-mituruta préntah Paduka,
datan pegat salami-laminya; kula kaparingana manah padhang.
Dhawuh Paduka kula èstokna klayan éklas lan gumolonging manah.

PANGUTUSAN

(*Umat Jumeneng*)

PS: Gesangana timbalan kapitadosan panjenengan kanggé andum tentrem rahayunipun Sang Kristus dhateng jagad, lan enerna manah panjenengan dhumateng Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti**

PS: Sumanggema dados seksi kagem Sang Kristus

U: **Kawula sumanggem dados seksi kagem Sang Kristus**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

U: **Sapunika lan salaminipun**

PS: Mengkera kanthi kebak ing kabingahan, dèn-ènget pangandikanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang panjenengan. Lampahi gesang kanthi panuwun lan setya nindakaken timbalani-Pun. Gusti nganthi gesang panjenengan sarana berkahi-Pun.

BERKAH

PS: Gusti Allahing tentrem rahayu, ingkang awit rah prasetyani-Pun ingkang langgeng ingkang mungokaken saking antawising tiyang pejah, Pangon Agung sarupaning ménda, inggih Gusti Yésus, Gusti kita, badhé anjangkepi panjenengan ing sarupaning pandamel ingkang prayogi kagem nindakaken karsani-Pun, ing salebeting gesang ingkang karenan dhumateng Gusti, déning Gusti Yésus Kristus. Kagem Panjenenganipun kamulyan ngantos ing salami-laminipun! Amin.

U:

do=a 4 ketuk

||: 3 4 | 5 5 . 1̣ 2̣ | 3̣ . 2̣ 1̣ . 1̣ 2̣ | 3̣ 3̣ .
 Ha-le - lu - ya, ha - le - lu - ya, ha-le - lu - ya,
 2̣ 1̣ | 2̣ . . 3̣ 2̣ | 1̣ . 2̣ 3̣ 2̣ 3̣ | 1̣ . 6̣ 1̣ .
 a - min. Di se - tiap ka-ta dan kar - ya - ku,
 1̣ 2̣ | 3̣ . 2̣ 1̣ . 1̣ 7̣ | 1̣ . . :||
 hal-le - lu - ya, a - min.

[RAK/TK]

LITURGI

Minggu Paskah 3

Minggu 14 April 2024

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda
PL: Pelados Liturgi
M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)
U: Umat/Pasamuwan
L: Lèktor

Pawartos Bab Pamratobat lan Pangapuraning Dosa ✠

A. UMAT NYAWIJI

TIMBALAN PANGIBADAH [Pasamuwan Jumeneng]

PL: Para kadang kinasih wonten ing Gusti Yésus Kristus. Kita sowan ing pangibadah punika linambaran raos sokur lan bingah : *Hé bumi kabèh, padha surak-suraka ana ing ngarsaning Yéhuwah. Padha ngabektia marang Pangéran Yéhuwah kalawan sukarena, padha sowan ing ngarsané kambi surak-surak! Padha sumurupa manawa Pangéran Yéhuwah iku Gusti Allah Panjenengané iku kang nitahaké kita lan kita dadi kagungané, umaté lan pepanthan wedhus ngèngènané.*

Sumangga kita sami jumeneng kanthi ngrepèkaken Kidung Pamuji **KPJ 27: 1 – 2**

1

Sakèhing titah ing bumi padha giranga memuji. Haléluya, haléluya! Surya prakosa sumunar, candra, kartika kababar. Puji Gusti saben wanci. Haléluya, haléluya, haléluya!

2

Angin tan kendhat lumaku, méga lan mendhung lumintu. Haléluya, haléluya!

Hawa ketiga ngresep, mangsa rendheng kang gumanti. Puji Gusti saben wanci. Haléluya, haléluya, haléluya

(Peladosing pangibadah lumebet ing sasana pamujan).

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Paskah Kaping tiga punika kelampahan awit Sih Pitulungipun Gusti Inggang anyipta Langit Bumi sak-isinipun.

U: (*Memuji: **Amin, Amin, Amin***)

SALAM

PS: Sih Rahmat lan Tentrem Rahayu Saking Gusti Allah Rama kita, tuwin Gusti kita Yésus Kristus wonten ing Panjenengan sedaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi. Amin.**

PAMBUKA

[pasamuwan pinarak]

PL: Paskah, wungunipun Sang Kristus minangka lelampahan ingkang ngédab-édabi tumrap manungsa sajagad waradin. Amargi tanpa lelampahan wungu Dalem Sang Kristus, mila gesang kita badhé nglaha tanpa gina amargi tetep winengku ing bebendu.

Wungu Dalem Sang Kristus dadya pratandha wiwitaning gesang anyar. Para tiyang pitados lumebet ing kawontenan tentrem rahayu anampèni kawilujengan jati: donya - ngakérat. Punika Injil ingkang Satuhu, ingkang kaparingaken dhumateng sedaya manungsa sajagad waradin ingkang kadunungan iman.

KIDUNG PAMUJI

U: (*Memuji **KPJ 78: 1, 3 IBA BEGJAKU***)

1. Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyaruripku krana rahé.
Reff.
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané slamanya.
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya.

- 3 Dakaturaké jiwa-raga marang Gustiku, atiku lega,
klayan anganthi sarawuhé, matemah antuk sih-
rahmaté. Refr: ...

PENGAKUAN DOSA

PL: Ibu, Bapa, para kadang sedaya wonten ing Gusti Yésus Kristus. Dosa anjalari manungsa koncatan kautaman; matemah manungsa datan kadunungan sesambetan klayan Gusti Allahipun. Manungsa mbaléla tumrap Gustinipun, mila menawi kita kepéngin wilujeng kanthi tentrem rahayu Kita tinimbalan mratobat. Sumangga, kita sedaya sami nelangsani dosa-dosa saha mratobat.

*(- - - - Hening/sumené sawetawis - - - - , kirang langkung... 15
sekon. Nyawiji ing pangakening dosa, PL sigra ngunjukaken
Pandonga Pangakening dosa)*

KIDUNG PAMRATOBAT

- U: *(Pasamuwan memuji KPJ 45: 1 – 3)*
1. Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti
 2. Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
 3. Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: Sumangga kita tampi Pawartos Sih Rahmat ingkang kapethik saking Mikha 7:18-19.
*Dhuh Allah, mboten wonten Allah ingkang kados
Paduka. Paduka paring pangapunten dhateng dosa-
dosanipun umat Paduka, ingkang taksih gesang.
Mboten selaminipun Paduka mbendoni, malah Paduka
rena nandukaken sih-kamirahan dhateng umat Paduka.
Paduka badhé melasi kawula sepisan malih. Dosa-dosa
kawula badhé Paduka idak-idak lan Paduka bucal ing
tengahing seganten!*

Mekaten Pawartos Sih Rahmat Saking Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS: Sumangga, sesarengan mbudidaya gesang ingkang
tentrem lumarap sesami. Tentrem Rahayu.

*(Umat/pasamuwan sami nindaaken **Salam Namaste**
kanthi ngucap: “Tentrem Rahayu”)*

U: *(Pasamuwan memuji Kidung Kesanggeman **KPJ 68**
Allah Maha Asih)*

1. Allah Maasih asung Putranya,
Allah Maasih mring manungsa
Reff:
Mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Maasih mring manungsa
2. Gusti ingutus dadya Pamarta,
Gusti ingutus nebus kula. Reff: ...
3. Gusti Pamarta ngurbanken nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa. Reff: ...
4. Gusti nyirnakken salir prihatin,
Gusti nyirnakken ajrih kwatir. Reff: ...
5. Kula sinungan tentrem-raharja,
kula sinungan pangaksama. Reff: ...

B. PALADOSAN SABDA

Pandonga Nyuwun Panuntuning Sang Roh Suci
(Pasamuwan Pinarak)

PS: *(Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntuning Sang
Roh Suci)*

Maos Kitab Suci *(Pasamuwan Pinarak)*

Waosan Kapisan: **Lelampahan Para Rasul 3:12-19**

L1: *(Maos Lelampahan Para Rasul 3:12-19)*

Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan: Jabur Masmur 4 (Umat Pinarak)

L2: (Maos Jabur Masmur 4, saged kawaos gentosan kaliyan umat)

Waosan Kaping Kalih: 1 Yokahaman 3:1-7 (Umat Pinarak)

L3: (Maos 1 Yokanan 3:1-7)
Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil: Lukas 24:36b-48 (Pasamuwan Jumeneng)

PS: Waosan Injil Saking Lukas 24:36b-48
Mekaten Pangandikanipun Gusti. Rahayu sinten ingkang mirengaken Sabda Pangandikanipun Gusti Allah, saha dipun gatosaken ing gesang padintenanipun. Amin.

U: (Memuji: **Haléluya**)
Haléluya, Haléluya, Haléluya.

KOTBAH

WEKDAL HENING

SAHADAT RASULI (Pasamuwan Jumeneng)

M: Pasamuwan ingkang kinasih... Sesarengan kaliyan para pitados ing sadhéngah papan lan wekdal... Sumangga nélakaken Pangaken Sahadat Rasuli sesarengan: *Kawula Pitados ...lsp.*

U: (Sesarengan nélakaken **Sahadat Rasuli**)

PANDONGA SYAFAAT (Pasamuwan Pinarak)

PS: (Ngonjukaken pandonga syafaat, kalajengaken Pandonga Rama Kawula)

C. PISUNGSUNG SOKUR

M: Pasamuwan ingkang kinasih; Gesang tansah binerkahan déning Gusti Allah. Pramila sumangga sami atur Panuwun sokur kanthi ngempalaken pisungsung sokur

linambaran Pangandikanipun Gusti ing Jabur **Masmur 118:1**,

Padha saosa puji marang Allah, sebab Panjenengané saé, penggalihé lan sih-kasetyané langgeng selawasé.

U: (Sesarengan memuji **KPJ 154 Adrenging Tyas Kula**)

KPJ 154 ADRENGING TYAS KULA

- (1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun Gusti
Paduka ngasihi, kula kagunganta
Reff:
Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sumaos Gusti
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula, kagama Paduka pirantos sapala.

*(Kanthong Pisungsung kaidheraken kairingan iringan
instrumèn, menawi kawawas cekap pasamuwan jumeneng
memuji KPJ 154:2)*

- (2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti
kula kagunganta, Paduka rimati.
Reff:
Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sumaos Gusti
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula, kagama Paduka pirantos sapala.

Pandongan Ngaturaken Pisungsung (Umat Jumeneng)

M: (Ngonjukaken pandonga ngaturaken pisungsung)

D. KAUTUS

KIDUNG PANUTUP *(Pasamuwan Jumeneng)*

U: *(Ngunjukaken Pamuji* **KPJ 446:1 Nalika Ngambah Margi Kang Sepi)**

1. Nalika ngambah margi kang sepi,
giris uwas manah kula.
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
mugi tansah angamping ampingi.
Reff.
Mlampah pyambak datan kedugi
Gusti mugi anganthi
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti

KAUTUS

PS: Enerna atimu marang Gusti Allah

U: **Kawula sami Ngeneraken manah dhumateng Sang Yéhuwah Allah.**

PS: Madega minangka seksining Sang Kristus

U: **Puji sokur kunjuk Gusti**

PS: Linuhurna Asmaning Gusti

U: **Samangké lan ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: Déné Gusti Allah sumbering sakèhé sih-rahmat, kang wis nimbali kowé kabèh ana ing Sang Kristus marang kamulyané kang langgeng, bakal nyampurnakaké, neguhaké, nyantosakaké sarta ngukuhaké kowé, sawisé kowé padha nandhang sangsara sawatara mangsa. Iya Panjenengané iku kang kagungan panguwaos langgeng salawas-lawasé! Amin.

U: *(Memuji: Haléluya, Amin)*
Haléluya (5x), Amin (3x)

(CKL/LES)

LITURGI

Minggu Paskah 4

Minggu 21 April 2024

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

M: Majelis (Pinisepuh/Dhiaken)

U: Umat/Pasamuwan

L: Lèktor

Pangon Kang Utama

Mranata Gesang

Kita



Pra ibadah :

- Wekdal ening sawetawis

A. PASAMUWAN NYAWIJI

PROSESI/ARAK-ARAKAN

(Pasamuwan Jumeneng)

KIDUNG PAMUJI

(Pasamuwan Jumeneng)

U: *(Memuji KPJ. 28:1, 2, 3 Suci, Suci, Suci)*

1. Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi
titah sadaya memuji samnya
2. Suci, suci, suci, pujining pra suci
angumandhang sora ngèbeki akasa.
Pra mlaékat sami sujud angabekti,
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.
3. Suci, suci, suci, Allah Mahasuci.
Gumuruhing kidung nggunggung-nggunggung Gusti.
Tetalesing bumi gonjing déning puji.
Pra makiuk wrata girang memuji.

VOTUM

(Pasamuwan Jumeneng)

PS: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Sang
Yéhuwah Allah, ingkang anyipta langit bumi saisinipun;
ingkang kadunungan kasetyan ing salami-laminipun.

U: (Memuji: **KPJ 464b Amin, Amin, Amin**)
Amin, amin, amin.

SALAM (Pasamuwan Jumeneng)

PS: Sih Rahmat lan tentrem Rahayu saking Gusti Yésus Kristus, sihing Allah tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci mugi tumraha ing panjenengan sedaya,

U: **Tumraha wonten ing Panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA: Yésaya 40: 10-11 (Pasamuwan Pinarak)

PL: Delengen, iku Pangéran Allah.
Anggoné rawuh kalawan kakiyatan sarta ngasta pangwaos.
Lah kabèh kang dadi pituwasing rekaosé padha nunggal kalawan Panjenengané;
kabèh kang wus dadi kagungané padha lumaku ana ing ngarsané.

Kayadéné pangon Panjenengané anggoné ngengèn pepanthané,
sarta iku padha diklempakaké kalawan astané;
cempéné padha dipangku,
embokné padha katuntun kalawan ngatos-atos.

KIDUNG PAMUJI (Pasamuwan Pinarak)

U: (Memuji: **KPJ 211:1-3 Yéhuwah Pangénku**)

1. Yéhuwah Pangénku, aku rinimat;
wah dèn-plégungaké nèng pasuketané,
dèngiring mring toya ngenggon kang Tentrem
2. Nadyan ngambah jurang telenging pati,
kula tan sumelang, Gusti nganthi kula
Kakwatan Paduka, anglipur kawula
3. Saèstu kabegjan miwah kadarman,
ngiring lampah kula, slami kula gesang
Kula badhé manggèn ing Kraton Swarga

PANDONGA PANGAKENING DOSA (*Umat Pinarak*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga pangakening dosa*)

KIDUNG PANGAKENING DOSA (*Pasamuwan Pinarak*)

U: (*Memuji: KPJ 55 Kula Tyang Dosa*)

1. Kula dosa klangkung ageng, rinentahan palimirma.
Punika ngéraméramaken, kawula séwu tan nyanya.
Mangké tan wonten paniksa, mangké tan wonten paniksa
Ming rumentahing sihmirma, ming rumentahing sihmirma
2. Allah ngasihi dhateng kula, dosa kula ingaksama
Tan wonten mulading bendunya, wit kula ingangkat putra.
Kula punika sinten, ta, kula punika sinten, ta,
dé rinentahan sihmirma? dé rinentahan sihmirma?

PAWARTOS SIH RAHMAT (*Pasamuwan Jumeneng*)

PS: Tumrap sedaya titah ingkang sumarah lan sumadya
mratobat ing ngarsaning Gusti Allah, mila pantes
nampèni Pawartos Sih-Rahmat :

Sabab, yèn marga saka paneraké wong siji, si pati wus
masésa marga saka wong siji iku, méndahané manèh
wong kang wus padha nampani kalubèraning sihmirma
sarta ganjaran kabeneran, mesthi bakal urip lan masésa
marga déning wong siji, yaiku Gusti Yésus Kristus.

Mekaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti!

U: **Puji Sokur Konjuk Gusti.**

PS: Sumangga, Sesarengan mbudidaya gesang ingkang
tentrem tumarap sesami. Tentrem Rahayu.

U: (*Umat/pasamuwan sami nindakaken* **Salam
Namaste kanthi ngucap: “Tentrem Rahayu”**)

KIDUNG KESANGGEMAN (*Pasamuwan Jumeneng*)

U: (*Memuji: KPJ 103: 1, 2 Allah Yéku Pangèn Satuhu*)

- 1) Allah yéku pangèn satuhu,
pangréhnya nentremken kalbu

Kula tansah rinimatan, srana sagung ing kamirahan
Reff:

Ing jurang ing pati tan wedi bilai,
wit Gusti pribadi kang nganthi.

Nadyan mengsah kathah, manah datan semplah
wit berkahnya rumentah.

Mung kabegjan saha kadarman
ngiring salaminé gesang,
sarta kula badhé manggén tansah
ing dalemé Sang Yéhuwah

2. Ayem manah lan nyawa kula ing ayoming sihé Gusti,
sarta tinuntun astanya ing kayektosan kang sejati

Refr: ...

B. WEDHARING SABDA SUCI

PANDONGA PALADOSAN SABDA (*Pasamuwan Pinarak*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Sang
Roh Suci*)

WAOSAN KITAB SUCI

Waosan Kapisan

L1: (*Maos **Lelakoné Para Rasul 4: 5-12***)
Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti....

U: **Puji Sokur Konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan

Solist: (*Memuji **KPKL 5 Masmur 23** utawi maos **Masmur
23** saged gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L2: (*Maos serat **I Yokanan 3: 16-24***)
Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti....

U: **Puji Sokur Konjik Gusti**

Waosan Injil

Pdt: Waosan Injil Saking **Lukas 24:36b-48**

Mekaten Pangandikanipun Gusti. Rahayu sinten ingkang mirengaken Sabda Pangandikanipun Gusti Allah, saha dipun gatosaken ing gesang padintenanipun. Amin

U: (Memuji: **Haléhuya, Haléhuya, Haléhuya**)

KHOTBAH:

Pangon Kang Utama, Mranata Gesang Kita

WEKDAL ENING

SAHADAT RASULI (Pasamuwan Jumeneng)

M: Pasamuwan ingkang kinasih... Sesarengan kaliyan para pitados ing sadhéngah papan lan wekdal... Sumangga nélakaken Pangaken Sahadat Rasuli sesarengan:
Kawula Pitados ...lsp.

U: (Sesarengan nélakaken Sahadat Rasuli)

PANDONGA SYAFAAT (Pasamuwan Pinarak)

PS: (Ngonjukaken pandonga syafaat, kalajengaken Pandonga Rama Kawula)

C. PISUNGSUNG SOKUR

PANGATAG PISUNGSUNG (Pasamuwan Pinarak)

M: Pasamuwan ingkang kinasih; Gesang tansah binerkahan déning Gusti Allah. Pramila sumangga sami atur panuwun sokur kanthi ngempalaken pisungsung sokur linambaran Pangandikanipun Gusti ing **2 Korintus 8: 12**

Menawa enggonmu dhemen dedana klawan éklas, Gusti Allah bakal nampa pisungsungmu manut ukuraning kekuwatanmu sing sanyatané, ora nganggo wewaton sing ora nyata.

U: (Memuji **KPJ 179 Pisungsung Kagem Gusti**)

1. Pisungsung kagem Gusti, sinaosken klayan bingah;
tan owel miwah kapeksa, nging kanthi éklasing manah
Yèn kumed kang sinebar, nggih kumed pangundhuhnya;
yèn loma kang sinebar, nggih loma pangundhuhnya
Reff:
Kula sami memuji mring Allah Kang Mamirah;
srana panambut kardi, saged nampèni berkah
Kula mboten was-sumelang ing sadhéngah kabetahan,
yèn pitados mring Gusti, mesthi datan kekurangan
2. Pisungsung kagem Gusti, tan namung bandha kadonyan;
ugi raga-badan kita, dadosa korban kang gesang.
Nindakken karsèng Allah, nggih ibadah sejati;
tan kèntir ombyaking jaman, nging manut pangrèhé Gusti. Reff.: ...

-- Pasamuwan Jumeneng ---

M: (*Pandonga ngaturaken pisungsung, pasamuwan Jumeneng*)

D. KAUTUS

KIDUNG PANUTUP (*Pasamuwan Jumeneng*)

U: (*Memuji KPJ 346a nDedonga lan Makarya*)

1. Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya,
mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami,
murih tentrem raharja sumrambah sadonya.
Asmanya Kang Mamulya pinuji slaminya.
2. Ndedonga lan makarya kanthi sukarena,
martosken Injil suci wrata ing sabumi,
mrih sih rahmating Gusti tinampi sesami,
temah samya wilujeng sarta gesang langgeng

PANGUTUSAN LAN BERKAH (*Pasamuwan Jumeneng*)

PS: Eterna atimu marang Gusti Allah lan uga marang
sapidha-padhaning titah

U: **Kawula sami ngeneraken manah dhumateng
Sang Yéhuwah Allah tuwin dhumateng
Sesamining Gesang**

PS: Madega minangka seksining Sang Kristus

U: **Puji Sokur kunjuk Gusti**

PS: Linuhurna Asmaning Gusti

U: **Samangké lan dumugi ing salami-laminipun.**

PS: Mugi Sih Rahmat lan Tentrem rahayu saking Sang
Yéhuwah Allah, tuwin Kawilujengan wonten ing Gusti
Yésus Kristus, tuwin Pitulunganing Sang Roh Suci mugi
wontena ing Panjenengan sedaya. Amin

U: (*Memuji : **Haléluya, Amin***)

Haléluya (5x), Amin (3x)

(IWS/LES)

LITURGI

Minggu Paskah 5

Minggu; 28 April 2024

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda
PL: Pelados Liturgos
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

**Sanès
Kemladhéyan,
Sanès *Parasit***
☪

PECAWISAN (saged miturut adat sabening pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis wiwit ngungelaken kidung-kidung ingkang mbekta swasana pangibadah tumrapping pasamuwan.
- Umat nyawisaken dhiri srana ngeningaken manah.
- Pawartosing Pasamuwan kawaosaken.
- *Prosesi lilin* miturut adat sabening pasamuwan

TIMBALAN MANGIBADAH

(Umat Jumeneng)

- PL: Para sedhèrèk ingkang tinresnanan ing Gusti,
Dirukun kalawan Gusti Allah supaya kowé tentrem;
sarana mangkono kowé bakal olèh kabegjan. Tuwin
manawa Kang Mahakuwasa iku dadi tumpukanmu emas
lan salakamu kang éndah, ing kono kowé mesthi
ngrasakaké kasenengan marga Kang Mahakuwasa tuwin
bakal tumenga marang Gusti Allah. (Ayub 22:21, 25, 26)
- PL: Salumahing bumi kersanipun sami ajrih asih dhumateng
Sang Yéhuwah. Sedaya tiyang saisining bumi kersanipun
gumeter wonten ing ngarsanipun. (Masmur 33:8)
- U: **Hé para bangsa, Gusti Allah kita padha saosana
puji, lan padha ngunjukna pepujian marang
Panjenengané! Panjenengané kang nguripi
nyawa kita sarta ora marengaké manawa sikil
kita padha gloyoran. (Mas. 66:8,9)**

PL: Gusti Allah kinéringan ana ing kalangané para suci, lan banget diwedèni ngluwihi kabèh kang padha ngayap ing sakiwa tengené. (Maz 89:8)

U: **Padha ngluhurna Sang Yéhuwah, Gusti Allah kita, sarta padha sujuda nyembaha ana ing ngarsané gunungé kang suci,**

U: **Awit Pangéran Yéhuwah, Gusti Allah kita iku suci. (Maz. 99:9)**

PL: Kita repèkaken pepujèn sokur konjuk Gusti kanthi repèning KPJ 182: 1 – 3 “Puji Sokur lan Panggunggung”

U: **(Ngrepekaken KPJ 182:1-3 “PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG”)**

1) Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Maagung,

kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.

Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran.

Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèh-Nya.

2) Surya, candra, lan pra lintang samnya nyunarken padhang.

Peksi ngocèh mawurahan wah sato-kéwan girang.

Tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan.

Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa.

3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya, kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.

Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,

saèstu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah Paskah kaping gangsal punika kanthi pengaken: Pitulungan kita ingkang sejati ingih punika Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, lan ingkang setya netepi prasetyan kawilujengan ingkang sampun kawujudaken.

U: **(ngidungaken *Amin, Amin, Amin*)**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing para sedhèrèk sedaya.

U: **Wontena ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(Umat lenggah)

PL: Kawontenan anyar sampun kaparingaken dhateng kita karana sih rahmatipun Allah. Gusti Yésus punika pokokipun, lan kita sami punika pangipun. Tansaha tumèmplèk lan nunggil kaliyan pokok anggur, mesthi kita sami badhé ngedalaken woh. Tumèmplèk lan nunggil ing pokok tegesipun tansah mbangun sesambetan tanpa pedhot lan teras-terasan sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Punika sedaya badhé ndhatengaken prekawis-prekawis ingkang saé ing gesang kita, inggih punika nguwohaken woh ingkang manis. Woh ingkang kaedalaken déning para pendhèrèkipun Sang Kristus inggih punika kasaénan, kayektosan lan tentrem rahayu ingkang nyata ing bumi ingkang mbetahaken kawilujengan saking Gusti Allah.

U: *(Ngrepèkaken **KPJ 87:1-3**)*

KPJ 87:1-3 “NENG KASA NGUMANDHANG ASMA”

- 1) Néng kasa ngumandhang asma sajuga,
kang anepangaken jagad lan swarga.
Datan wonten asma kados punika,
kang kwsa nyirnakken pangrèhing dosa.
Napa sami dèrèng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?
- 2) Wus pantes asmané lan pakaryané.
Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
nebus tiyang dosa, sinalib séda,
gya wungu nyawisken papan ing swarga.
Napa sami dèrèng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?
- 3) Sang Kristus samangké ngratoni Swarga,
ngasta pangwasané Allah Sang Rama,

ngadili jagad ing mbénjing rawuhé,
kula pareng ndhèrèk ing kamulyané
Yésus Kristus Sang Pamarta,

PANGAKENING DOSA

PL: Srana lathi kita sami ngaken tepang Gusti, nanging punapa patrap kita sampun ngetingalaken pitepangan kita punika? Sumangga ing ngarsanipun Gusti ingkang Maha Suci, kita sami ngakeni dosa-dosa kita, “*Margi saking asma Paduka, dhuh Yéhuwah, mugi karsaa ngapunten kalepatan kawula, awit punika ageng. Paduka mugi karsaa mirsani lan melasi kawula, awit kawula kepencil tuwin kesrakat. Paduka mugi karsaa nglonggaraken manah kawula ingkang karupekan punika, mugi karsaa ngluwari kawula saking karibedan kawula! Paduka mugi karsaa mirsani kasangsaran saha kangèlan kawula, saha sakathahing dosa kawula mugi kaapuntena. Nyawa kawula mugi Paduka reksa saha mugi karsaa ngluwari kawula, sampun ngantos kawula manggih kawirangan, awit kawula ngayom dhumateng Paduka. Kawula mugi kairingna ing katulusan saha kajujuran, awit Paduka ingkang kawula antos-antos.* (Maz. 25:11; 16-18; 20-21)

U: (Ngrepèkaken **KPJ 49:1-2**)

KPJ 49:1-2 “GUSTI KANG MAHA WILASA”

- 1) Gusti Kang Mahawilasa, mugi paring aksama.
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng.
- 2) Gusti Ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula;
temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti.
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

PAWARTOSING SIH RAHMAT *(Umat jumeneng)*

PS: Krana sih katresnanipun kang tanpa winates, Panjenenganipun kersa nampèni panelangsaning para umat kagunganipun. Pamratobat ingkang tulus badhé mulihaken. Pramila ingkang Maha Asih makarya paring pangapunten lan panebusing dosa srana pakaryan ingkang agung lan mulya. Samangké tampènana Pangandikaning Gusti saking 2 Korinta 5:17-18 *“Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar: kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka. Lan kabèh iku pinangkané saka Gusti Allah, kang lumantar Sang Kristus wus ngrukunaké kita kalawan Panjenengané lan kang wus masrahaké ayahan karukunan iku marang aku kabèh”*. Awit saking punika sampun ngantos dados muspra lan sampun ngantos mboten pitados dhateng pangorbananipun tumrap kita. Tansaha setya ngantos kita katimbangan marek malih ing ngayunanipun.

Mekaten pawartosing sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Allah**

U: *(Ngrepèkaken KPJ 97: 1- 2)*

KPJ 97: 1- 2 “UWAL SING LAKNAT”

- 1) Uwal sing laknat; iba begjaku! Gusti wus séda, mbirat dosaku, temah luwar sing paukuman, dénya ngluwar babar pisan.

Refr.:

Babar pisan dénnnya nulungi, babarpisan dénnnya ngrampung.

Rumaketa ing pamenthangan, mesthi luwar babar pisan.

- 2) Saiki kita padha mardika, Gusti wus nanggél ing slamet kita, linuputken sing karusakan, sinucèkken babar-pisan, *Refr.:*

PELADOSANING SABDA

(Umat lenggah)

PS: (Pandonga nampèni Sabda)

Waosan sepisan

L1: Waosan sepisan saking **Lelakoné Para Rasul 8:26-40**
Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti srana maos
Jabur Masmur 22:26-32 sacara imbal-imbalan
(*utawi dipun kidungaken*)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Yokanan 4:7-21**
Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil, saking **Yokanan 15:1-8**
Mekaten injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika tiyang ingkang mirengaken
pangandikanipun Allah lan dipun gatosaken ing gesang
padintenanipun. **HALLÉLUYA.**

U: (*Ngidungaken **HALLÉLUYA***)

Khotbah: “SANÈS KEMLADHÉYAN, SANÈS PARASIT”

Wegdal Ening

Pengakening Pitados

(Umat Jumeneng)

M: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing saindenging
jagad lan ing sedaya mangsa, sumangga kita pratélaaken
malih punapa ingkang kita imani kanthi ngucapaken
Pengakening Iman Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken **Pengakening Iman Rasuli***)

Pandongga Syafaat

(Umat lenggah)

PS: (Ngunjukaken pandonga syafaat lan kapungkasan kaliyan donga Rama kawula)

PISUNGSUNG

M: Pratélaning sokur ingkang kita wujudaken kanthi atur pisungsung, ing wekdal punika kita landhesi srana pangandikanipun Gusti ingkang sinerat ing Kitab Kaimaman 19:9-10 “*Samangsa sira padha ngenèni pametuné buminira, iku aja sira enèni nganti entèk nganti tekan ing pinggir, lan gogrogané panènanira iya aja sira jupuki. Mangkono uga pakebonanira anggur iya aja sira undhuhi ambal kaping pindho, sarta wohé kang kècèr ana ing lemah aja sira kukupi, iku sira kèrèkna kanggo wong miskin lan wong manca; Ingsun iki Yéhuwah Allahira.*”

U: (Ngrepèkaken **KPJ 186:1,3**)

KPJ 186:1,3 “URIP KANG SAMESTHINÉ”

1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sukur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

Refr.:

Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yéku karsa-Nya!

3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sukur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus. *Refr.:*

Pandongga Pisungsung

(Umat jumeneng)

M: (nuntun pandonga pisungsung)

Kidung Pangutusan

(Umat jumeneng)

U: (Ngrepèkaken **KPJ 435: 1,3**)

KPJ 435:1,3 “GUSTIMU KEPARENG MUNDHUT”

1) Gustimu kepareng mundhut papan anèng atimu
Resik ana dimèn patut, Gusti karsa lumebu!

Refr.:

Rungokna pangandikanya, aja padha semaya!

Nyawisna papan mring Gusti anèng sajroning ati!

- 3) Rahayu tyang kang samekta saos papan mring Gusti; antuk padhanging wardaya kang tedhak saking swargi.

Refr.:

PANGUTUSAN

(Umat jumeneng)

PS: Tansaha tumèmplèk, nunggil ing Gusti Yésus, Sang Pokok ingkang leres, lan enerna manah panjenengan dhumateng Gusti

U: **Kawula nggeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Sampun ngantos dados kemladhéyan utawi *parasit*, nanging dadosa seksining Sang Kristus.

U: **Kawula sumedya dados seksining Sang Kristus.**

PS: Pinujia Gusti Allah, Rama kita

U: **Ing samangké lan ing salaminipun.**

PS: Wangsula kanthi suka rena, ngémutana sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun lestantun makarya ing satengahing gesang panjenengan. Lampahana gesang punika kanthi kebak sokur, lan ngedalna woh ing salebeting peladosan. Gusti anganthi gesang panjenengan sinartan berkahipun.

BERKAH

PS: Pinujia Gusti Allah Ramané Gusti kita Yésus Kristus, kang marga saka gunging sih-palimirmané wis nglairaké kita manèh tumuju marang urip kang kebak ing pangarep-arep lumantar wunguné Gusti Yésus Kristus saka ing antarané wong mati, supaya kita padha tanpa warisan kang ora bisa rusak, ora cacad sarta ora bisa alum, kang kasimpen ana ing swarga tumrap kowé kabèh.
(1 Pétrus 1:3-4)

Amin.

U: (Ngidungaken “**HALLÉLUYA! AMIN!**”)

(ISW/IP)



“BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI”

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 1
Mèngeti Rebo Awu

Waosan:
Yoèl 2:1-2, 12-17

Mratobat
Dhateng Gusti



Purwaka

Rebo Awu, dinten ingkang mratandhani kawiwitanipun mangsa Pra Paskah. Ing pangibadah Rebo Awu, kita badhé nampèni tandha awu ingkang dipun osèraken ing bathuk (palarapan), minangka tandha panelangsa krana dosa-dosa kita (Yunus 3:6). Awu ingkang kaginaaken inggih punika awu saking ron palem ingkang naté dipun anggè mahargya Dinten Minggu Palma setunggal tahun sadèrèngipun.

Mula bukaning awu kaginaaken ing tata pangibadah kapendhet saking tradhisi Prajanjian Lami, bilih awu kaginaaken kanggé mratandhani kasungkawan, kawontenan winates, panelangsa lan pamratobat. Tiyang ingkang nelangsani dosanipun padatan ngepyuraken awu ing mustakanipun, utawi malah ing sedaya badanipun (Èster 4:1,3).

Lajeng kados pundi supados kita saged nindakaken pangibadah rebo awu minangka wujud ing pamratobat kita ingkang saèstu dhateng Gusti?

Panggegilut ringkes saking Yoèl 2:1-2, 12-17

Mboten kathah cariyos ingkang saged kita panggihaken ngengingi sinten Nabi Yoèl punika, kejawi namung ing Yoèl 1:1, bilih panjenenganipun punika putranipun Petuèl. Panjenenganipun kautus dados Nabinipun Gusti ing satengah-tengahing bangsa Yéhuda (Yoèl 2:15-17, 23, 32; 3:1, 5-6, 16-17, 20-21). Bangsa Yéhuda kacariyosaken sampun mboten tepang kaliyan Gusti Allah, cara gesang tata karohanènipun sampun mboten murni lan pratingkahing pra Umat kapirsanan jahat ing ngarsanipun Allah.

Wiwit bab I kita saged niti babagan-babagan ingkang nggegirisi badhé nempuh bangsa Yéhuda, wontenipun pageblug walang (Yoèl 1; 2:18-27). Pageblug punika dados pepènget badhé rawuhipun “Dintening Pangéran Yéhuwah”, inggih punika nalika Gusti Allah ndhawahaken paukuman awit dosa-dosanipun para umat. Kita saged manggihaken tembung “Dintening Pangéran Yéhuwah” ngantos rambah kaping gangsal ingkang sinerat ing Yoèl 1:15; 2:1,11,31; 3:14.

Prelu dipun gatosaken, bilih dintening Pangéran Yéhuwah punika mboten namung nggambaraken dinten pangadilan namung kanggé umatipun Gusti (1:15; 2:2,11), nanging ugi wujuding dinten pangadilan kanggé bangsa-bangsa sanès (3:2). Kejawi punika, dintening Pangéran Yéhuwah ugi kagambaraken minangka dinten peparing kawilujengan kanggé umatipun Gusti. Menawi sedaya umat purun nelangsani dosa-dosanipun (1:13-20) lan mratobat ing ngarsaning Gusti kanthi sawetahing manah (2:12-13), umat mesthi uwal saking paukuman. Awit saking punika, sanajan dintening Pangéran Yéhuwah minangka dinten pangadilan tumrapping bangsa-bangsa sanès, ing dinten punika ugi minangka dinten peparing kawilujengan dhateng para umatipun Gusti. Gusti Allah karsa jumeneng dados papan pangungsèn lan balowarti tumrapping para umat (3:15-16).

Kanggé nanggapi “Dintening Pangéran Yéhuwah” punika, Nabi Yoèl ngundhangaken bab pamratobat. Pamratobat ingkang murni kalair saking manah ingkang keduwung lan purun wangsul ngener dhateng Gusti. Kados ingkang kinersaaken Gusti Allah ing Yoèl 3:12-13, *Pangandikané Pangéran Yéhuwah mangkéné: “Nanging saiki uga, padha mratobata marang Ingsun kalawan gumolonging atinira, kalawan puwasa, lan nangis sarta sambat-sambat.” Atimu suwèken, aja sandhanganmu, sarta mratobata marang Pangéran Yéhuwah Allahmu, déné Panjenengané iku asipat asih lan welasan, gedhé sabaré lan lubèr kamirahané, Panjenengané piduwung ing bab paukuman kang karancang.*

Lumantar ayat 12 lan 13 punika, kita saged manggihaken tembung *mratobata kalawan gumolonging atinira*, ing salajeng *atimu suwèken, aja sandhanganmu sarta mratobata marang Pangéran Yéhuwah Allahmu*.

Ingang sepisan, bangsa Israèl kedah énggal mratobat dhateng Gusti Allah kanthi gumolonging manah srana lampah siyam, nangis lan sesambat. Tembung “mratobat” ing basa Ibrani (PL) inggih punika SHUV. Kados ingkang sinerat ing ayat 12. Tembung שׁוּב – SHUV gadhah makna mbalik, wangsul malih. Bab punika mratélakaken patrap ingkang mbalik/wangsul saking dosa tumuju dhateng Gusti Allah. Tumraping tiyang Israèl, mratobat maknanipun wangsul malih dhateng Gusti Allah lan prasetyanipun, sarta ngeneraken sawetahing gesangipun namung dhumateng Allah. Bab punika saged dipun mangertosi krana ing wekdal Yoèl katimbalan, gesanging umat Yéhuda sampun nyingkur Gusti. Umat Yéhuda langkung milih cara gesang ingkang miturut kapéncuting daging tinimbang mituhu karsanipun Gusti.

Ingang angka kalih, “atimu suwèken lan aja sandhanganmu sarta mratobata marang Pangéran Yéhuwah Allahmu” (Yoèl 2:13). Tumraping tiyang Yahudi, nyuwèk rasukan punika minangka cara mratélakaken pangraosing manah ingkang pepes, sedhih, cilaka utawi prihatos, nelangsani dosanipun piyambak utawi dosaning tiyang sanès. Temtu kémawon patrap nyuwèk rasukanipun piyambak mboten badhé wonten maknanipun ing ngarsanipun Gusti Allah menawi panelangsaniipun mboten tulus. Pramila Gusti Allah ngersaaken para umat kagunganipun sami nyuwèk manahipun piyambak-piyambak, sanès rasukanipun. Lan ugi énggala mratobat dhateng Panjenenganipun.

Menawi para umat purun nglengganani lan mratobat dhateng Gusti, Yoèl paring katrangan (ay. 14), “*Sapa kang ngreti, bokmanawa karsa mengker lan piduwung, sarta nilari berkah, kagawé kurban dhaharan lan kurban unjukan sumaos marang Pangéran Yéhuwah, Allahmu.*”

Gusti Allah karenan dhateng pamratobat ingkang sejati mboten namung adhapur tata upacara utawi kanthi pawadan supados pikanthuk pangalembana saking asanès. Pamratobat sejati kawiwitan saking manah lan dhiri pribadhi. Sinten ngertos Gusti Allah karsa mengker lan apiduwung, malah njabel paukuman ingkang sampun karancang. Awit sanajan ta Gusti Allah karsa paring paukuman dhateng umatipun, nanging katresnanipun nglangkungi paukumanipun.

Kanthi mekaten tembung mratobat dhateng Gusti dados tembung ingkang baken kanggé nglandhesi anggèn kita lumebet ing mangsa Pra Paskah, ingkang kawiwitan ing Dinten Rebo Awu. Ing pèngetan Rebo Awu punika, kita sedaya kaatag purun ngakeni lan nelangsani dosa duraka kita sarta nilaraken sedaya patrap ingkang mboten sae, wangsul malih ngener dhateng Gusti. Wangsul ngener malih dhateng Gusti tegesipun mratobat dhateng Gusti ingkang kagungan gesang lan kayektosan. Tansah mituhu dhateng karsanipun.

Kanthi punapa ingkang kaundhangaken déning Nabi Yoèl punika, kita sedaya katimbangan wantun mratobat ing ngarsanipun Gusti. Mboten namung nyuwèk rasukan, nanging manah minangka wujud ing pamratobat sejati. Bab punika baken dipun lampahi supados saged kanggé landhesan anggèn kita saèstu kepéngin manembah lan mituhu dhateng Gusti. Punapa malih lumebet ing mangsa Pra Paskah punika, dados wewengan kanggé kita nyawisaken dhiri nampèni Gusti ingkang sampun ngurbanaken sarira wonten ing Sang Kristus kanggé paring kawilujengan tumrapping manungsa.

Mbeblesi Panggegilut:

1. Punapa akibat ingkang badhé kasanggi déning bangsa Israèl nalika sami ngilirwaaken Gusti Allah?
2. Punapa kémawon ingkang prelu kita raos-raosaken lan kita lampahi supados kita saèstu-èstu wangsul ngener dhateng Gusti Allah?

3. Éwah-éwahan saé punapa ingkang badhé rinaosaken déning tiyang ingkang purun wangsul ngener dhateng Gusti Allah?

(IAS/IP)

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 2
Ngraos-ngraosaken
Minggu Pra Paskah 1

Waosan:
Markus 1:9-15

Injil
Nganyaraken
Patraping
Gesang
ꦲꦺꦴꦭꦶꦁ

Purwaka

Ing salebeting gesang sesarengan, kathah tiyang ingkang dèrèng saged nampi kawontenan ingkang béda-béda. Kawontenan ingkang béda-béda punika yektosipun minangka sih rahmat kanggé sami déné kiyat-ingiyataken. Nanging ing kanyatan kawontenan béda-béda punika malah kanggé sami déné jlomprongaken, jégal-jégalan lan sami déné ngrisak. Sihipun Allah dados landhesan anggèn kita sami déné nampèni setunggal lan setunggalipun tanpa mawang béda-bédaning kawontenan. Sihipun Allah pinanggih wonten ing Injil, kabar kabingahan. Pramila tampènana Injil lan sami mratobata! Injil ingkang tinampi déning manungsa saged dados landhesan gesangipun. Injil punika badhé mbekta éwah-éwahan supadosa manungsa ingkang béda-béda punika sageda sami déné nampèni, kados déné Gusti Allah ing Sang Kristus, ingkang karsa nampèni kita punapa wontenipun.

Panggegilut ringkes saking Markus 1:9-15

Baptisan ingkang kaladosaken déning Yokanan Sang Pambaptis punika minangka baptisan pamratobat. Baptisan ingkang kaundhangaken dhateng tiyang-tiyang ingkang sami nelangsani lan mratobat awit dosa-dosanipun. Gusti Yésus ugi nampèni baptisan punika. Pramila asring tuwuh pitakènan, bilih Gusti Yésus punika tanpa dosa, menawi makaten punapa ginanipun Gusti Yésus kabaptis? Punapa maknanipun baptisan kagem Gusti Yésus punika?

Gesang punika perlu katata malih, supados manungsa saged ngadhepi mangsa ingkang badhé dhateng. Baptisan kagem Gusti Yésus ngémutaken kita bilih kanggé miwiti jumangkah ing gesang ingkang badhé dhateng merlokaken kekendelan kanggé milih lan ngleksanani punapa ingkang dados keputusan. Gusti Yésus sampun mendhet keputusan kanggé nilaraken Nazarèth, medal saking ngriku lan miwiti tugas timbalanipun. Kanggé mendhet satunggaling keputusan, tarkadang kita ngraosaken angèl. Nanging kanggé punika sedaya, Gusti Yésus masrahaken dhumateng Gusti Allah Sang Rama. Pramila Gusti Allah pratéla saking ing suwarga, “*Sira iku Putra kang Suntresnani, kang dadi kaparenging panggalihingSun.*”

Lumantar baptisan, satunggaling tiyang badhé nampèni jangkeping pirantos ing gesangipun. Sang Roh Suci rawuh kadya peksi dara. Punika dados perlambang alusing budi lan lembah manah. Menawi setunggaling tiyang karsa nindakaken peladosan, pramila mbétahaken patrap alusing budi. Kejawi punika, Sang Roh Suci ugi mitulungi para pitados nukulaken katresnan, kabingahan, tentrem rahayu lan lembah manah ingkang dipun betahaken kanggé leladi miturut karsaning Gusti.

Rohing Allah nuntun Gusti Yésus dhateng ara-ara samun lan ing ngriku Gusti Yésus kagodha déning iblis. Bab punika nélaaken bilih pangodha/pacobèn punika minangka pérangan saking lélampahaning gesang ingkang mboten saged dipun éndhani. Éwa semanten, wontenipun pacobèn badhé ndadar para pitados nuju dhateng kasaénaning gesang. Pacobèn ndadosaken para pitados dados *pejuang* ingkang tanggon, ngladosi kanthi tulus lan ngedalaken woh ingkang saé. Lumantar pacobèn punika, saben tiyang kagladhi supados sangsaya kekah ngadhepi sedaya ingkang perlu dipun perjuangkaken ing salajenging gesangipun.

Mangsa gegladhèn punika, tumraping Gusti Yésus dipun lampahi sadanguning 40 dinten. Gunggunging dinten mratandhani wontenipun mangsa ingkang cekap. Ing mangsa 40 dinten punika Gusti Yésus kagodha déning iblis.

Tembung *diabolos* ingkang kanggé nyebat iblis, maknanipun inggih punika tukang pitenah, tegesipun kados

déné tiyang ingkang tansah pados cara kanggé nantangi tiyang sanès ingkang kaanggep mengsahipun. Iblis punika mengsahipun Gusti Allah. Pramila iblis tansah ngupadi pados cara lan prekawis ingkang saged kanggé ngawrat-awrati gesanging tiyang ing ngarsanipun Gusti. Iblis dados *hakikat* (underan) saking sedaya ingkang mbrontak dhateng Gusti.

Ing ngriki, wangsul malih, kita saged manggihaken bilih Gusti Yésus kedah mutusaken kados pundi Panjenenganipun badhé nglajengaken pakaryanipun. Gusti Yésus paring tuladha kanggé tetep setya wonten ing marginipun Allah Sang Rama.

Nalika Gusti Yésus kedah *berjuang*, para malaikat sami nyaket paring pitulung. Nalika kedah ngadhepi pacobèn, yektosipun tansah wonten pitulungan saking Gusti Allah. Gusti Yésus mboten katégaaken lumampah, berjuang piyambakan. Lan mesthipun ugi mekaten tumrapping kita sedaya.

Nalika manungsa kadereng déning hawa nepsu ing bab kaleresan nut miturut pikiranipun piyambak, padatan sesami ingkang badhé dados korbanipun. Tindak ingkang mboten adil lan jahat saking manungsa dosa, punika ugi ingkang njalari Yokanan Sang Pambaptis karangkèt. Panjenenganipun karangkèt déning panguwasa kala semanten karana ngundhangaken kaleresan. Wonten ing kawontenan kados mekaten punika, Sang Juru Wilujenging jagad karsa rawuh sinartan angasta misi kaleresan, kawilujengan lan pemulihan tumrapping jagad.

Sasampunipun Yokanan Pambaptis kacepeng, Gusti Yésus rawuh ing laladan Galiléa lan nggelaraken Injilipun Gusti Allah. Kabar kabingahan kaasta déning Gusti Yésus dhateng manungsa sadaya. Kabar kabingahan punika ngemot kayektosan, ingkang saged mitulungi manungsa mangertosi katresnan lan panguwaosing Allah ingkang nyata. Kabar punika mbekta pangajeng-ajeng, temah saben tiyang ingkang mboten gadhah daya pikantuk semangat ingkang anyar. Sedaya ingkang kaudi kanthi tumemen ing kayektosan mboten badhé muspra tanpa gina. Saben tiyang ingkang purun nampèni lan ngrasuk Injilipun Gusti badhé nampèni tentrem rahayu sejati. Tentrem rahayu manjing ing gesang krana gesang dipun lampahi kanthi

kebak katresnan lan pangapunten. Kabar kabingahan punika ugi martosaken prasetyanipun Gusti Allah ingkang ngorbanaken dhiri kanggé nebus manungsa dosa supados pikantuk kawilujengan.

Kabar kabingahan punika kabar kawilujengan, mboten namung martosaken bab uwalipun manungsa saking paukumaning pati, nanging ugi martosaken bab gesang ing salebeting mimpang saking dosa. Kanggé nampèni punika sedaya, manungsa kedah purun mratobat. Pamratobat inggih punika wontenipun éwah-éwahaning batos, déné sasampunipun tepang dhateng katresnaning Allah lan nampèni kawilujengan saking dosa lan pati, manungsa gadhah patrap ingkang mboten purun dipun kuwaosi déning dosa malih.

“Pracayaa marang Injil”, mekaten pangandikanipun Gusti Yésus. Sok sintena ingkang pitados bilih Gusti Allah saestu ngasihi dhateng jagad badhé nampèni kawilujengan. Kratoning Allah inggih punika Gusti Yésus piyambak ingkang samangké sampun caket. Gusti Yésus rawuh nunggilaken raos kaliyan pangajeng-ajenging jagad. Pitakènan dhateng kita sami inggih punika, punapa jagad purun nampèni Panjenenganipun lan purun mratobat, wangsul ngener dhateng Allah?

Mbeblesi Panggegilut

1. Kénging punapa Yokanan Pambaptis kacepeng? Punapa ingkang nembé lumampah, lan menawi kedadosan punika kasambetaken kalian jaman samangké, punapa maknanipun? Menawi kita tumut ngraosaken akibatipun, punapa tanggapan kita lan kados pundi tumrap patraping iman kita?
2. Kados pundi tumrapping kita sapunika, ngemuti baptisan ingkang sampun kita tampi, punapa kita badhé tansah sumadya nuladha Sang Kristus?
3. Lumantar babtisan, Gusti Yésus mratélaaken anggènipun sumadya nglampahi tugas lan pakaryanipun ing jagad. Gusti Yésus tinampi minangka Putraning Allah ingkang dipun kasihi. Wonten swanten saking swarga, *“Sira iku Putra kang Suntresnani, kang dadi kaparenging panggalihingSun.”*

Menawi Gusti Allah ing dinten punika ngendika dhateng kita bilih gesang kita karenan ing ngarsanipun Allah, lajeng punapa ingkang badhé kita tindakaken?

4. Punapa ingkang saged kita sinau saking lelampahan anggènipun Gusti Yésus kagodha déning iblis selami 40 dinten?
5. Éwah-éwahan punapa ingkang saged kita ajeng-ajeng, sasampunipun kita sinau saking Gusti Yésus?

(PKM/IP)

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 3
Ngraos-ngraosaken
Lelampahaning Gusti Yésus

Waosan:
Rum 4:13-25

Mboten
Namung
Pranatan lan
Formalitas

Purwaka

Manungsa punika satunggaling titah ingkang anggènipun nglampahi gesang linandhesan *adat kebiasaan* utawi pakulinan. Pakulinan saèstunipun mitulungi manungsa nglampahi lelampahanipun kanthi langkung *èfèktif* utawi wonten dayanipun. Bab punika ndadosaken otakipun manungsa mangun solah tingkah ingkang badhé wongsal-wangsul dipunlampahi kanthi otomatis, tanpa dipun préntah. Temtu kémawon cara lampahipun otak kados punika dipun perlokaken supados manungsa saged trampil ngrampungaken damelan ingkang sampun biasa dipun lampahi. Namung mekaten, krana sampun dados pakulinan, pramila punika ugi saged ndadosaken manungsa nindaaken tumindak ingkang tanpa dipun pikir lan malah mboten dipun pikir kanthi panjang.

Manungsa ingkang gesang namung kanthi pakulinan teras-terasan badhé gampil kécalan maknanipun gesang. Nalika satunggaling tiyang nindakaken tumindak karana sampun dados adat saben, pramila adat saben punika badhé lumampah teras ngaten kémawon tanpa nukulaken pangaribawa kanggé dhiri pribadi tiyang punika. Adat saben ingkang tansah dipun lampahi dados satunggaling lelampahing ingkang kothong tanpa makna. Awit saking punika manungsa kedah waspada tumrap cara lelampahan ingkang linandhesan saking pakulinan punika, mliginipun ing babagan gesanging iman kapitadosan.

Tiyang pitados samangké ugi kathah ingkang gesang ing salebeting pakulinan kémawon. Adat saben anggènipun ngginaaken corak liturgi tartamtu, pakulinan modhèl

patunggilan (*pola persekutuan*), lan sanès-sanèsipun. Punika sadaya saged dados lelampahan ingkang linandhesan adat saben, tanpa makna lan wusananipun namung dados ila-ila (*formalitas*) kémawon. Menawi pakulinan sampun dados ila-ila tanpa makna, mila sedaya ingkang katindakaken badhé karaos kothong lan mboten nukulaken pangaribawa punapa-punapa kanggé tiyang pitados. Awit saking punika, samangké kita kaatag kanggé nggaliaken lan niti malih pakulinan-pakulinan kita, temahan kita mboten badhé kécalan maknaning lelampahan gesang kita.

Panggegilut ringkes saking Rum 4: 13 - 25

Ing pérangan serat Rum punika, Rasul Paulus karsa njlènrèhaken ngèngingi maknaning angger-angger torèt dhateng pasamuwan ing kitha Rum. Anggènipun njlènrèhaken ngginaaken tuladha cara gesanging Rama Abraham. Katrangan punika dados prekawis ingkang penting tumrapping pasamuwan ing kitha Rum ingkang kathah-kathahipun dumados saking tiyang-tiyang ing sajawining tiyang Yahudi. Ing ngriku wonten pangertosan ingkang kiyat bab tiyang pitados ingkang kedah ugi ngecakaken tradhisi Yahudi. Bab punika ndadosaken Rasul Paulus rumaos perlu nerangaken sambetanipun maknaning torèt lan tiyang pitados.

Rasul Paulus nandhesaken bilih Rama Abraham piniji déning Gusti lan pinasthi minangka ramanipun sedaya tiyang pitados, mboten karana sumuyuting Rama Abraham dhateng angger-anggering torèt, nanging karana agenging iman kapitadosanipun dhumateng Gusti Allah (ay.13). Punapa ingkang dipun ngendikaaken Rasul Paulus punika sanès prekawis ingkang langka lan anèh, awit ing jamanipun Rama Abraham, angger-anggering torèt dèrèng kaparingaken Gusti Allah dhateng para umat. Rasul Paulus ugi paring katrangan bilih wontenipun angger-anggering torèt malah ndatengaken bebenduning Allah (ay. 15). Awit mboten wonten setunggala tiyang ingkang saged netepi angger-anggering torèt punika kanthi sampurna, mila kawontenanipun angger-anggering torèt kanggé bobot-timbang bilih tiyang punika kaanggep leres utawi

lepat. Angger-anggering torèt malah ndadosaken tiyang gadhah pikiran ingkang kaken (*berpikir hitam-putih*), punika leres, sanèsipun mesthi lepat; punika pareng, sanèsipun mesthi mboten pareng. Krana punika, tiyang ingkang nalisir saking angger-anggering torèt kédah kaukum, kamangka èstunipun mboten wonten setunggala tiyang ingkang mboten nalisir saking torèt. Sedaya tiyang mesthi nalisir saking torèt, awit mboten wonten ingkang saged nglampahi torèt kanthi sampurna. Rasul Paulus kagungan pawadan bilih menawi gesangipun manungsa namung ngemungaken torèt, mesthi mboten wonten tiyang ingkang saged wilujeng.

Pemanggihipun Rasul Paulus bab torèt punika temtu kémawon mboten lajeng nganggep bilih torèt punika mboten penting. Nanging, éwa semanten, tumraping Rasul Paulus wonten bab ingkang langkung wigatos tinimbang namung migatosaken angger-anggering torèt utawi pranatan. Bab ingkang langkung wigatos, inggih punika Iman, kados ingkang dipun gadhahi déning Rama Abraham. Iman kapitadosan lan sikep pasrahipun Rama Abraham dhumateng Gusti Allah punika ingkang pantes dados tuladha. Ing gesangipun, Rama Abraham, tansah yakin dhumateng prasetyanipun Gusti Allah sanajan miturut étang-étanganing manungsa karaos mokal. Kados déné anggènipun Gusti Allah prasetya badhé paring turun dhateng Rama Abraham, punika karaos mokal. Malah Rasul Paulus ngendika bilih yuswanipun Rama Abraham kala semanten sampun wetawis 120 tahun lan guwagarbanipun Ibu Sara ugi sampun katutup (ay. 19). Éwa semanten Rama Abraham tetep gadhah keyakinan ingkang nglangkungi sedaya ingkang karaos lan kawistingal mokal.

Ingang dados pokok penggalihanipun Rasul Paulus inggih punika bab gesanging iman lan sikep pasrah dhumateng Gusti Allah ing Sang Kristus linangkung utami tinimbang namung menggalihaken bab torèt. Iman lan kapitadosan dhateng rancanganing Allah dados landhesan saking gesangipun para pitados ing sedaya kawontenan, malah-malah ing kawontenan ingkang karaos mokal. Dhateng pasamuwan Rum, Rasul Paulus karsa nandhesaken bilih minangka pendhèrèkipun

Sang Kristus sampun ngantos underaning gesangipun namung dhateng angger-anggering torèt, awit sanès torèt ingkang milujengaken tiyang pitados.

Bab ingkang sami ugi katandhesaken dhateng sedaya tiyang pitados ngantos sapunika (ay. 24-25). Tiyang pitados kaleresaken ing ngarsanipun Allah mboten karana anggènipun sami ngudi netepi angger-anggering torèt utawi pranatan ingkang sipatipun kaken (*hitam-putih*), nanging langkung saking punika, tiyang pitados kaleresaken awit kapitadosanipun dhateng rancanganing Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus. Menawi dhasar pemanggihipun Rasul Paulus punika kasambetaken kaliyan gesanging pasamuwan jaman samangké, kita badhé manggihaken bab-bab ingkang narik kawigatosan. Contonipun, sampun dados padatan ing kalangan tiyang Kristen Protèstan bilih ing saben pandonga ingkang kaunjukaken dhateng Allah, mesthi wonten pérangan pengakening dosa. Pengakening dosa panci dados piwulang ingkang ngoyod lan pengajeng-ajengipun sageda tansah dipun lestantunaken, mila kawujudaken wonten ing pérangan mirunggan ing salebeting saben pandonga, kados ta pandonga badhé dhahar, pandonga badhé tilem utawi tangi tilem. Temtu pengakening dosa ing salebeting saben ndedonga punika saé, nanging ugi sok asring ndadosaken pengakening dosa ing pandonga namung karaos ila-ila (*formalitas*) lan asipat ajeg dipun lampahi (*rutinitas*) ingkang tanpa makna.

Kita saged manggihaken conto-conto sanèsipun ing gesang saben dinten kita nalika kita nglampahi bab-bab ingkang sampun dados padatan, wusananipun namung dados ila-ila ugi. Kamangka kados ingkang katandhesaken ing waosan kita wanci punika, bilih ingkang utami inggih punika iman lan sikep pasrah. Iman perlu karimat. Déné pangrimating iman inggih punika kados pundi anggèn kita tansah nyambetaken sedaya pakaryaning Allah ingkang kita panggihaken ing padintenan. Kados déné Rama Abraham ingkang nyambetaken prasetyaning Allah ngèngingi turunipun kaliyan kawontenan nyata ingkang dipun alami. Menawi pakaryaning Allah lan kanyataning gesang tansah kita sambetaken teras ing gesang, pramila iman kita

badhé sangsaya tuwuh kanthi wewujudan ingkang tansah kaanyaraken. Awit saking punika, minangka tiyang pitados ing jaman samangké, kita kedah mboten namung nggesangi ingkang asipat ila-ila tanpa makna. Nanging minangka tiyang pitados, kita saged teras ngresepi lan nggaliaken pakaryan-pakaryaning Allah ing gesang kita minangka *dialog* utawi pirembagan ingkang mboten naté kèndel kaliyan Allah ingkang maha kuwaos.

Mbeblesi Panggegilut:

1. Punapa ingkang dados padatan panjenengan kanggé ngrimati iman panjenengan? Punapa ingkang panjenengan raosaken nalika ngrimati iman panjenengan?
2. Kados pundi kita saged ngéndhani padatan ingkang dados ila-ila (*formalitas*) ing gesang kita?
3. Kedadosan punapa ingkang sampun naté panjenengan alami lan ndadosaken panjenengan rumaos bilih iman panjenengan sangsaya tuwuh utawi malah kosok wangsulipun, sangsaya mangu-mangu?
4. Kados pundi caranipun supados tiyang pitados mboten dhawah ing sikep namung netepi wajib dhateng pranatan, nanging kosok wangsulipun saged tansah nuwuhaken imanipun?

(DL/IP)

BAHAN
PAYURAOS KITAB SUCI 4
Ngraos-ngraosaken
Mangsa Pra Paskah

Waosan:
Pangentasan 20:1-17

Angger-angger
Sedasa
Prekawis

Panuntun

Pdt Eka Darmaputera nyerat satunggaling buku bab Angger-angger Sedasa Prekawis. Jejer bukunipun awujud satunggaling pitakènan, “Angger-angger Sedasa Prekawis Kamuséumaken Kémawon? Saking pamawasipun Pdt Eka Darmaputera, wonten tiga pawadan kénging punapa Angger-angger Sedasa Prekawis kamuséumaken kémawon. Tigang pawadanipun inggih punika:

1. Angger-angger Sedasa Prekawis mblenggu gesang kita. Samangké sampun jaman mardika. Kita mboten perlu kécalan kamardikan namung awit kita nyepeng bakuh “Angger-angger Sedasa Prekawis”.
2. Angger-angger Sedasa Prekawis namung katinggal saking bangsa Israèl – jaman kino. Punapa kita – Warga Indonesia ingkang gesang ing abad 21 punika – taksih perlu nindakaken prekawis punika?
3. Angger-angger Sedasa Prekawis punika *produk* utawi asiling Prajanjian Lami. Angger-angger Katresnan ing Prajanjian Énggal langkung prayogi kita lampahi.

Sanadyan wonten sawetawis pawadan kanggé muséumaken utawi mboten nganggep Angger-angger Sedasa Prekawis, namung tumrap Pdt Eka Darmaputera linangkung kathah lan linangkung baken pawadan ingkang saged kaaturaken kanggé nélakaken bilih: “Angger-angger Sedasa Prekawis kedah kalestantunaken amargi ngemot bab kasugihan sacara

karohanèn murih kita saged mangun sesambetan ingkang caket antawisipun Gusti Allah lan manungsa lan antawisipun manungsa kaliyan sesaminipun.

Murih Angger-angger tetep nggadhahi sesambetan lan maknanipun ingkang langgeng wonten ing gesang kita, pramila kita perlu migatosaken sambetanipun kaliyan kalih prekawis, inggih punika:

1. Angger-angger Sedasa Prekawis, punika mboten angger-angger ingkang matesi kamardikanipun manungsa, ananging angger-angger ingkang ngajak manungsa kanggé ndhèrèk tumandang ing atur panuwun awit kasaénanipun Gusti Allah tumrap manungsa lan sedaya titah-Ipun. Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang awit katresnanipun ngluwari manungsa saking blengguning dosa lan ngajak manungsa gesang minangka manungsa ingkang mardika lan mboten gesang minangka batur tukon. Awit saking punika, sedaya pranatan saking Gusti, mboten kanggé mblenggu manungsa ananging kanggé mardikakaken.

2. Angger-angger Sedasa Prekawis punika sanès angger-angger ingkang milujengaken manungsa, ananging angger-angger ingkang dados sarana manungsa mangun sesambetan kaliyan Gusti Allah ingkang sampun milujengaken. Pramila, ing wekdal kita ngrembag Angger-angger Sedasa Prekawis, ingkang baken inggih punika ngicali pamawas bilih Gusti paring “angger-angger” dhateng manungsa namung kanggé dipun ugemi kados punapa wontenipun “amargi Panjenenganipun ingkang ngendika mekaten”. Ing sisih sanès, kita saged lan kedah mirsani bilih lumantar Angger-angger Sedasa Prekawis, Panjenenganipun badhé tansah mangun sesambetan kaliyan umat Israèl ing wekdal kepengker lan kita ing wekdal Samangké. Sesambetan ingkang kawangun punika adhedhasar katresnan.

Wonten Panyuraos Kitab Suci dinten punika, kita badhé mirsani bilih Angger-angger Sedasa Prekawis, ageng aosipun lan cundhuk tumrap kita minangka panuntun gesang ing salebeting sesambetan kaliyan Gusti lan sesami malah ugi sedaya titah

murih kita manggihaken tentrem rahayu ing gesang sesarengan ing donya Samangké lan dinten tembé.

Katrangan Cekak Pangentasan 20:1-17

Lembaga Alkitab paring jejer kanggé perikop punika “Angger-angger Sepuluh Prakara”. Nanging ing pirembaran padintenan, asring kita mirengaken kathah tiyang ingkang nyebat minangka Sedasa Sabda. Wonten ingkang nyebut Angger-angger Torèt, Angger-angger Sedasa, *Dasa Titah* lan *Dékalog* (saking tembung deka: sedasa lan logos: sabda). Ing panyuraos punika, kita badhé ngginakaken istilah: angger-angger sedasa prekawis lan kadhangkala *Dékalog*. Nanging punapa kémawon sebutanipun, kita badhé nélakaken bilih lumantar Angger-angger Sedasa Prekawis, GUSTI badhé damel prajanjian kaliyan umat-Ipun Israèl murih antawisipun Israèl lan GUSTI kebakar sesambetan lan patunggilan ingkang kiyat. Patunggilan ingkang kiyat kebakar nalika Israèl minangka umatipun Gusti Allah nggegesang Angger-angger Sedasa Prekawis wonten ing gesangipun umat.

Kanggé saged mangertosi waosan Kitab Suci, ing ngriki, kita mboten caos katrangan ing saben ayat utawi pérangan saking angger-angger sedasa prekawis, kadosta maknanipun angger-angger ingkang kapisan, kaping kalih, lan selajengipun. Ananging ing wekdal caos katrangan pérangan punika, kita namung badhé mirsani cengkorongan dhasaripun kadosdéné kita manggihaken maknanipun angger-angger sedasa prekawis sacara wetah.

Perlu kita émuti bilih, kejawi wonten ing kitab Pangentasan, Angger-angger Sedasa Prekawis kaserat ugi wonten ing kitab Pangandharing Torèt 5:6-21. Wonten bédanipun ing antawis kekalihipun, namung sacara prinsip mboten wonten bédanipun. Lan awit saking punika, perlu kita mirsani Pangandharing Torèt 5 minangka *rujukan* utawi sumbering pitedahipun.

1. Dékalog: Gusti Allah Yasa Prajanjian Kaliyan Umat-Ipun.

Angger-angger Sedasa Prekawis, punika wujud prajanjian antawisipun Gusti kaliyan umat-Ipun, Israèl. Prajanjian punika awujud *apodiktif* utawi tanpa syarat lan sipatipun *imperatif* utawi dhawuh lan mboten pamrayogi.

Dékalog punika, kawiwitan kanthi satunggaling pangandika bab sinten ta Gusti Allah. Panjenenganipun nepangaken dhirinipun kanthi ngendika: “Ingsun iki Yéhuwah Gusti Allahira, kang wus ngentasaké sira saka ing tanah Mesir, ing tanah pangawulan”. Atur pambuka punika, nélakaken bilih Panjenenganipun punika Allah *Pembebas* utawi Pangluwar. Minangka péhak ingkang ngluwari, GUSTI Allah sampun ngluwari umat Israèl saking tanah pangawulan. Ing wekdal Panjenenganipun nélakaken bilih Panjenenganipun punika minangka Gusti Allah Sang Pangluwar, ing wekdal ingkang sami, Panjenenganipun ugi mratélakaken bab idhèntitas énggal ingkang kaparingaken dhateng umat-Ipun, Israèl. Samangké, tiyang Israèl mboten malih dados tiyang utawi bangsa ingkang ngawula bangsa sanès, ananging dados bangsa ingkang mardika. Lan mboknawi dados péhak ingkang ngawula, samangké namung ngawula dhateng Gusti Allah Sang Pangluwar.

Kejawi minangka Gusti Allah Pangluwar, ing prajanjian kasebat, kapanggihaken kathah pitedah ingkang kiyat bab sinten ta Gusti ingkang yasa prajanjian punika. Kagambaraken sacara mirungga, ing pangandika ingkang kapisan, inggih punika: “Sira aja nduwèni allah liyané ana ing ngarsaningSun.” Pangandika punika nélakaken sipatipun Gusti ingkang setya. Kadodséné GUSTI ingkang paring prajanjian punika setya, pramila wonten ing prajanjian punika ingkang baken inggih migatosaken bab kasetyan.

Amargi ingkang paring angger-angger punika GUSTI ingkang setya, pramila Panjenenganipun punika kagungan daya ingkang ngiket lan *imperatif* utawi asipat paring dhawuh lan mboten paring pamrayogi. Tundhonipun, tiyang Israèl kedah ngandelaken GUSTI ingkang setya lan pitados bilih Panjenenganipun saged pinitados minangka panguwaosing

gesang. GUSTI minangka panguwaosing gesang, maringaken pranatan ingkang isinipun dhawuh lan awisan. Awisan mboten kapirsanan minangka satunggaling prekawis ingkang mblenggu, ananging satunggaling wujud katresnanipun GUSTI dhateng umat. Lumantar dhawuh utawi awisan, GUSTI mratélakaken katresnan lan kasetyanipun dhateng Israèl (kapanggihaken rambah kaping 8 tembung “Sira aja”). Israèl kedah nglampahi sedaya angger-angger sedasa prekawis punika kanthi kebak katresnan lan kasetyan murih sami manggihaken gesang ingkang tentrem rahayu. Ananging menawi umat mboten gesang kanthi kasetyan, tiyang-tiyang punika badhé manggihaken paukuman saking GUSTI.

2. Isinipun Prajanjian Ing Dékalog

Wonten ing Pangentasan 24:12, kita mangertosi bilih Angger-angger Sedasa Prekawis kaserat ing papan séla. Ing wekdal semanten, papan kanggé nyerat ingkang kawentar inggih punika papan siti. Awit saking punika, narik kawigatosan kanggé kapitakènaken kénging punapa séla lan sanès siti, kulit utawi papirus ingkang kaginakaken kanggé nyerat angger-angger sedasa dhawuhipun Gusti? Temtu, kathah pawadan ingkang kaaturaken, nanging ingkang narik kawigatosan kula inggih punika pamawas bilih séla punika mratandhani saèstu ageng aosipun angger-angger sedasa prekawis lan ugi ancas kanggé kelanggengan amargi séla ingkang bakoh lan langkung kiyat kabandhing sanèsipun.

Ing nginggil kasebutaken bilih angger-angger sedasa prekawis utawi Dékalog punika, prajanjian antawisipun GUSTI kaliyan Israèl. Wonten ing Tradhisi Kitab Suci, kanthi cetha bilih prajanjian punika kaserat ing kalih papan séla (Pangentasan 31:18; 34:1, 4, 29; Ul. 4:13; 5:22; 9:10–11). Ngèngingi péranganing kalih papan séla ing pundi prajanjian angger-angger sedasa prekawis kaserat, wonten kalih tafsiran. Tafsiran kapisan nélakaken bilih ing saben papan séla wonten gangsal prajanjian. Ing papan séla kapisan, angger-angger kapisan ngantos kaping gangsal lan ing papan séla ingkang kaping kalih ngemot angger-angger kaping enem ngantos angger-angger

kaping sedasa. Wonten ing tafsiran punika, kapanggihaken bilih ing papan séla kapisan mirungga nélakaken sesambetan ingkang raket antawisipun GUSTI lan umat Israèl lan papan séla ingkang kaping kalih ngemot bab dhawuh ingkang sipatipun langkung umum utawi katujokaken dhateng para manungsa. Wonten ing pamawas punika, kasebutaken bilih gangsal dhawuh wiwitan dados mirungga linangkung unggul katimbang kaliyan gangsal dhawuh ingkang kaping kalihipun.

Déné panafsiran kaping kalihipun, mérang papan séla kanthi papan séla kapisan punika angger-angger kapisan dumugi sekawan lan papan séla lan ing papan séla kaping kalih punika angger-angger kaping gangsal dumugi sedasa. Kapérang mekaten punika amargi angger-angger kapisan dumugi sekawan dipun pratandhani kanthi tembung “GUSTI Allahira..” déné ing angger-angger kaping gangsal dumugi sedasa, tembung punika mboten kapanggihaken. Kanthi pérangan ingkang mekaten punika, saged kamangertosi bilih papan séla ingkang ngemot angger-angger kapisan dumugi kaping sekawan punika, ngrembag bab sesambetan antawisipun Gusti Allah kaliyan manungsa. Déné papan séla papan séla kaping kalih ingkang ngemot angger-angger kaping gangsal dumugi sedasa ngrembag bab sesambetanipun manungsa kaliyan sesaminipun.

Saking kalih pamawas punika, pemanggih ingkang kaping kalih dados pamawas sacara tradhisi tumrap Pasamuwan Katolik lan Protèstan anggènipun mérang kalih papan séla ing Dékalog. Malah ugi, pamawas kaping kalih punika ingkang kapratélakaken Gusti Yésus ing wekdal wonten pandangan saking satunggaling ahli Torèt bab angger-angger ingkang utami kados sinerat ing Matéus 22:37-39. Paring wangsulané Gusti Yésus: “Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé....”

Menawi kagatosaken ancasipun angger-angger punika sipatipun pribadi, namung punika mboten nélakaken bilih

ing kang dados kawigatosan bab karaharjan pribadinipun. Ing kang dados kawigatosan baken saking angger-angger inggih punika bab timbalan, kanggé mbabar peladosan lan karaharjan gesang sesarengan, ing kang tundhonipun saben pribadi mbabar *peran* ing kang ageng aosipun. Anggènipun mbabar aosing *peran* punika, pérangan kapisan wonten ing Dékalog nélakaken bilih: cara kita mbabar pamikir bab Gusti punika badhé ndayani cara pamikir lan tumindak kita dhateng sesami.

Lampahing Pirembagan:

1. Saking pengalaman gesang padintenan, angger-angger ing kang kaping pinten ing kang asring kita terak? Angger-angger ing kang kaping pinten menawi dipun terak punika katanggapi kanthi saèstu lan punika nglingsemaken?
2. Kadospundi pamawas panjenengan menawi wonten pangandika: “menawi nerak angger-angger kapitu, “Sira aja laku jina” ing kang “karugèkaken” namung sekedhik tiyang. Déné néra angger-angger kaping wolu; “Sira aja nyenyolong”, korupsi ing kang kathah ing nagri punika ngrugèkaken kathah tiyang. Awit saking punika, ing kang paling nglingsemaken sanès angger-angger kapitu nanging angger-angger kaping wolu”?
3. Menawi kita nindakaken Angger-angger Sedasa Prekawis mboten ndadosaken kita wilujeng, punapa bakenipun kita nindakaken lan mbudidaya ing bab punika? Kénging punapa mekaten?

(BPT/WW)

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 5**

Waosan: **Yokanan 3:14-21**

**Panjenengan
Sayah?**

☪☪☪

Panuntun

Éwah-éwahaning jaman ingkang rikat nuwuhaken satunggaling *tuntutan* utawi panagih murih manungsa saged tansah gesang menawi mboten kepéngin gesangipun “kebak panandhang”. Menawi mboten ngatos-atos, manungsa saged kagodha ing bab punika lan nuwuhaken prekawis ingkang mboten saé. Contonipun, kanthi éwah-éwahaning jaman samangké, arta dados pathokan tumrap tiyang kanggé ngaosi dhateng sesami. Prekawis punika nuntun dhateng pamawasipun tiyang: sangsaya kagungan arta kathah, sangsaya santosa. Manungsa badhé ngetog karosan murih saged ngempalaken arta sakathah-kathahipun. Kanthi tembung sanès arta dados tandha “kasantosan”.

Mekaten punika muyekipun prekawis ing gesang ingkang sangsaya dangu sangsaya karaos awrat lan tanpa sadhar ndadosaken tiyang ngadhepi pambengan kadosta: ing satengahipun brayat piyambak taksih kathah laré ingkang kekirangan katresnan saking tiyang sepuhipun. Kathah tiyang sepuh ingkang repot kaliyan ayahanipun. Para tiyang ingkang nyambut damel ngalami strès amargi kapetek ing ayahan ingkang awrat, lampah korupsi ing mawarni-warni tataran papan panyambut damel.

Kawontenan ingkang mekaten punika sangsaya nuntun dhateng kawontenanipun tiyang jaman samangké gampil nglokro. Kawontenan ingkang saged kawastanan minangka kawontenan gesang ingkang “sayah”. Kesayahan punika nuntun tiyang mbabar kathah prekawis murih ngasilaken arta sakathahipun murih gesangipun saged kaanggep “wonten”. Tumindak punika saged ndadosaken gesang kécalan

maknanipun ingkang lebet. Lumantar Panyuraos Kitab Suci dinten punika, umat kaajab kagungan pangraos ingkang lebet bab katresnanipun Gusti Allah ingkang nglangkungi sedaya prekawis, kalebet bab bandha kadonyan.

Katrangan Cekak Yokanan 3:14-21

Kita miwiti ngraos-raosaken pangandikanipun Gusti kanthi migatosaken sacara lebet ayat 14-15 langkung rumiyin. Wonten ing ayat punika Gusti Yésus nyariyosaken lelampahanipun bangsa Israèl ing sauruting margi saking Mesir tumuju tanah prajanjian. Nalika semanten bangsa punika lumampah tumuju Seganten Teberau kanggé ndlajahi tanah Édom. Bangsa punika mboten saged ngempet manahipun ing margi lan samidéne nglawan Gusti Allah (Wilangan 21:4-5). Kawontenan karaos sayah sacara *fisik* lan *psikis*. Kawontenan punika ndadosaken patrapipun tiyang kangélan ngendhalèni dhiri. Punika sadaya amargi mboten saged mranata kesayahan *psikis*, émosi ingkang ageng (Bdk. Wilangan 21:4-9). Tanggapan kebak duka nggrenggani lampahipun bangsa, satemah sami aben ajeng kaliyan sawer mandi lan nyokot tiyang-tiyang Israèl. Sawer ingkang kakintun déning Gusti punika ngemutaken manungsa sinten ta sejatosipun Gusti Allah ingkang dipun pitadosi manungsa punika.

Pamawas wiwitan ingkang kapanggihaken ing ngriki mbok bilih inggih bab paukuman saking Gusti. Ananging sayektosipun ingkang dipun kersakaken Gusti inggih punika mangun kesadharan ing wekdal nglampahi gesang punika, Gusti kagungan rancangan ingkang saé. Sanadyan ing lampah gesang manggihaken pambengan, prekawis punika nuntun dhateng manah ingkang murni kanggé sangsaya celak kaliyan Gusti Allah.

Ing salebeting pirembagan kaliyan Nikodémus, Gusti Yésus ngemutaken bilih kerawuhan-Ipun nélakaken panguwaosipun Gusti tumrap jagad punika. Gusti Yésus paring pitedah dhateng sinten ta manungsa punika kedah nungkulaken dhiri. Anggènipun nungkul ing ngriki mboten dipun tegesaken minangka “ajrih”. Nungkul ing ngriki karaosaken minangka wujud pambangun turut. Tumrap umat ingkang mbangun turut

Gusti, badhé ngasilaken woh saking lampah pambangun turut kasebut. Awit saking punika saged kawastanan bilih Gusti punika tuk saking sedaya tuk (gesang, katresnan, kelanggengan) tumrap para tiyang ingkang lumampah sesarengan kaliyan Panjenenganipun.

Minangka tuk saking sedaya tuk, Gusti Yésus nélakaken bilih lumantar Panjenenganipun saben tiyang ingkang pitados dhateng Panjenenganipun badhé nyawiji ing kelanggenganipun Gusti Allah. Punika ketinggal ing ayat 15, lumantar tembung “langgeng”. Kelanggengan kasebut kadosdéne nggambaraken jaman énggal wonten ing Gusti. Kerawuhanipun Gusti Yésus minangka wujud nyata tanggulan gesang wonten ing Panjenenganipun ingkang paring kemantapan anggènipun manungsa nglampahi gesang ingkang kebak pitados dhateng Gusti ingkang Maha Tresna. Wonten ing ayat 16 kangendikakaken: “Awitdéné Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iku nganti masrahaké Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwèna urip langgeng”. Katresnanipun Gusti Allah punika katresnan ingkang paring gesang.

Kadospundi tanggapanipun manungsa tumrap katresnanipun Gusti Allah? Ing Yokanan 3:19 kangendikakaken bilih manungsa langkung remen dhateng pepeteng katimbang pepadhang. Manungsa nyengiti pepadhang lan mboten tumuju dhateng pepadhang punika, supados tumindak piawonipun mboten ketinggal (Yokanan 3:20). Kadospundi kaliyan para tiyang ingkang lumamah ing pepadhangipun Gusti Allah lumantar gesang ingkang leres? Ayat 21 nélakaken: “Balik sapa kang tumindak bener iku marani pepadhang, supaya tetélaa yèn panggawéné iku mau linakonan ana ing patunggilaning Allah.”

Ngraosaken Pangandika Sangsaya Lebet:

Tantanganing gesang ingkang dipun lampahi manungsa nuntun dhateng pilihan dhasar sikepipun manungsa punika. Punapa tetep lumampah kanthi ngendelaken Sang Kristus utawi

malah mangro tingal Sang Kristus. Ing wekdal kita kapetek ing gesang, pilihan ingkang kaping kalih punika milut amanah. Manungsa namung mburu ingkang paring kauntungan tumrap dhirinipun. Sikep mangro tingal Gusti ndadosaken manungsa kajiret ing dosa. Kanthi tembung sanès, manungsa wonten ing kawontenan mboten wilujeng. Tumrap wekdal ingkang panjang, punika namung muspra kémawon. Déné ing wekdal ingkang sekedhap nuwuhaken raos nglokro.

Ing pamawas sapérangan tiyang Jawi wonten istilah; **ngrabuk sarira, ngrabuk nala, ngrabuk sukma** (*memupuk raga, memupuk hati, memupuk roh*). Kapisan, Ngrabuk sarira utawi raga. Kita kaajak ngrimati raga kita, ing bab kabetahan tetedhan, pengomben, pepaès lan prekawis sanèsipun. Kaping kalih, ngrabuk nala utawi manah. Pangertosan punika ngajak kita ngrimati raos batin (swasana pangraos) kita, linangkung ing wekdal nglampahi gesang ingkang kebak pambengan punika. Kaping tiga, ngrabuk sukma. Kejawi kabetahan sacara raga punapa déné pangraos, kita kaajak ngrimati roh utawi kapitadosan kita. Tetiganipun punika perlu katampi lan karimat sesarengan murih dhiri kita saged satimbang.

Migatosaken kasunyataning gesang, kathah tiyang gampil strès utawi “sayah” amargi tigang prekawis punika kirang kagatosaken. Limrahipun tiyang namung ngrabuk 2 bab inggih punika magepokan raga lan pangraos kémawon.

Sinau saking punapa ingkang kangendikakaken Gusti Yésus dhateng Nikodémus, Gusti Yésus paring pangandika bab aosing kapitadosan dhateng Gusti ing gesang punika. Kapitadosan dhateng Gusti nuntun manungsa nggadhahi kekiyatan pondhasi gesang ingkang linangkung kiyat lan tumata.

Ing satengahing jagad ingkang risak punika, kita perlu niti priksa dhateng gesang kita malih. Punapa kita sampun saèstu ngrimati gesang kanthi saé? Punapa kita sampun ngrimati 3 prekawis ing nginggil?

Mila ing ayat 21 kangendikakaken: “*Balik sapa kang tumindak bener iku marani pepadhang, supaya tetelaa yèn panggawéné iku mau linakonana ing patunggilaning Allah.*” Saking ayat punika kita kaémutaken bab prasetyanipun Gusti

tumrap sedaya tiyang ingkang tansah gondhélán dhateng Panjenenganipun. Ing satengahing gesang punika, kita badhé tansah kasagedaken nglampahi prekawis punika. Sumangga kita tansah mbabar pambudidaya, ampun ngantos rumaos sayah, amargi wonten asta kita tansah nuntun kita.

Lampahing Pirembagan :

1. Punapa panjenengan taksih rumaos sayah nglampahi gesang punika utawi nglokro awit ayahan ingkang kedah panjenengan tindakaken?
2. Punapa panjenengan sampun nyobi ngrimati gesang panjenengan kanthi migatosaken 3 prekawis ingkang ageng aosipun, inggih punika ngrabuk sarira, ngrabuk nala, lan ngrabuk sukma (*memupuk raga, memupuk hati, dan memupuk roh*)?
3. Punapa wonten pengalaman panjenengan nglampahi gesang sesarengan Gusti minangka pepadhanging gesang? Kaaturna paseksèn panjenengan.
4. Pepanggihan kapungkasan kanthi samidéné ndongakaken.

(PN/WW)

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 6
Ngraos-raosaken Pra Paskah 5

Waosan:
Ibrani 5:5-10

Imam-Imam
Alit
Ing Gesang
Padintenan
☪☪☪

Panuntun

Ing Minggu Pra Paskah kaping gangsal punika, kita katimbalan ngraos-raosaken bab Gusti Yésus Kristus minangka Imam Agung miturut Ibrani 5:5-10. Wonten ing tradhisi agami ing Israèl, Imam punika satunggaling kalenggahan rohani ingkang kaparingaken Gusti Allah dhateng para tiyang tedhak turunipun Bani Lèwi. Tugas timbalanipun inggih punika ngaturaken korban panebusing dosa dhateng Gusti Allah. Namung para imam kémawon ingkang kagungan wewenang mirungga kanggé pepanggihan kaliyan Gusti Allah. Para Imam padatanipun nyaosaken kurban bakaran kanggé bangsa lan temtu kémawon ugi kanggé dhiri pribadinipun. Ananging, Gusti Yésus, minangka Imam Agung ingkang sejati, Panjenenganipun mboten caos korban kanggé bangsa lan dhiri pribadinipun. Panjenenganipun ngaturaken dhiri pribadin-Ipun minangka korban pisungsung lan korban punika mboten namung kanggé bangsa Israèl kémawon, nanging ugi kanggé sedaya tiyang ing jagad punika. Lila legawa anggènipun Gusti Yésus ngurbanaken dhiri punika, dados satunggaling tuladha kanggé kita. Kita punika mboten imam agung sejati kadosdéné Sang Kristus, lan mboten badhé saged nggentosi Panjenenganipun. Minangka pendhèrèk-Ipun, kita namung “imam-imam alit”. Tegesipun, kita punika tiyang ingkang ndarbèni semangat lan prinsip lila legawa atur korban kadosdéné Gusti Yésus. Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika, para panyuraos kaajak ngraosaken maknanipun dados “imam-imam alit” wonten ing gesang padintenan.

Katrangan Cekak Ibrani 5:5-10

Sampun wiwit kala rumiyin, para tiyang mitakènaken: “Sinten ta penyerat serat punika?” Punapa Paulus ingkang nyerat? Utawi salah satunggaling réncang peladosanipun Paulus kadosta Barnabas utawi Apolos? Kita mboten mangertos sacara gumathok. Tumrap sinten ingkang nyerat, kita nembé mangertosi ing bab 2. Kasunyatanipun piyambakipun punika kagungan sesambetan ingkang raket kaliyan para sakabat ingkang tansah caket kaliyan Gusti Yésus. Prekawis punika ngiyataken kita bilih saben piwucalipun ingkang kaserat ing kitab punika, kadhasaran piwucalipun para rasul.

Kita mboten namung mboten mangertos sinten ingkang nyerat serat punika, nanging kita ugi mboten mangertos sinten ingkang nampèni serat punika lan mapanipun wonten pundi. Senadyanta kita mboten mangertos sinten ingkang nampi serat, nanging kasunyatanipun panyerat kitab punika tepang kanthi saé sinten ta pamaosipun. Ketingal saking katrangan-katrangan ingkang kaginakaken déning panyerat. Panyerat ngginakaken katrangan ingkang limrahipun namung dipun mangertosi déning tiyang-tiyang ingkang ngrasuk tradhisi Yahudi. Para pamaosipun kagungan pamawas ingkang lebet bab kitab-kitab Prajanjian Lami. Mirungganipun gangsal kitab-kitab Torèt Yahudi (Purwaning Dumadi, Pangentasan, Kaimaman, Wilangan lan Pangandharing Torèt) ingkang ngemot bab: kadospundi brayatipun Rama Abraham dados Bangsa Israèl; Kadospundi Nabi Musa mandhégani umat luwar saking pangawulan ing Mesir; Kadospundi Gusti Allah maringaken Angger-angger Sedasa Prekawis lan kadospundi Bangsa Israèl damel prajanjian kaliyan Gusti Allah ing Redi Sinai; Kadospundi umat yasa dalem pasucèn lan nyaosaken kurban sembelèhan; Lan bab lampah tumuju lan lumebet tanah prajanjian inggih punika Kanaan.

Sang Panyerat pitados bilih ingkang sami maos sami mangertosi kanthi saèstu saben bab ing cariyos punika. Awit saking punika, kita saged mastani bilih para pamaos punika sayektosipun tiyang Yahudi ingkang selajengipun dados Kristen.

Tumrap tetunggilanipun para tiyang kristen Yahudi punika, kita manggihaken ing bab 10 bilih umat nembé nglampahi panganiaya lan pangancam kinunjara awit dados pendhèrèkipun Gusti Yésus. Kawontenan punika, ndadosaken sawetawis umat nilar kapitadosanipun dhateng Gusti Yésus lan wangsul malih dhateng kapitadosan laminipun inggih punika minangka tiyang Yahudi.

Awit saking punika, sang panyerat, nyerat seratipun. Sang Panyerat mbandhingaken Gusti Yésus kaliyan para pengajeng Yahudi lan lelampahan-lelampahan mirungga ing lampah gesangipun Bangsa Israèl. Kapisan, Sang Panyerat mbandhingaken Gusti Yésus kaliyan Malaékat ing kitab Torèt. Kaping kalih, Sang Panyerat mbandhingaken Gusti Yésus kaliyan Nabi Musa lan Tanah Prasetyan. Kaping Tiga, Sang Panyerat mbandhingaken Gusti Yésus kaliyan para imam lan Mèlkisèdèk. Kaping sekawan, Sang Panyerat mbandhingaken Gusti Yésus kaliyan korban sembelèhan ing prajanjian.

Lumantar sedaya pambandhing punika Sang Panyerat kepéngin ng yakinaken para pamaosipun bilih Gusti Yésus langkung inggil katimbang sok sintena lan punapa-a kémawon. Kanthi mekaten, Gusti Yésus pantes saèstu tetep pinitados déning para pamaos serat punika, sanadyanta, umat samidéne gesang ing satengahing panganiaya.

Ibrani 5:5-10, punika salah satunggal saking sekawan pokok pambandhing ingkang kaserat déning panyerat ing pundi piyambakipun mbandhingaken Gusti Yésus kaliyan para imam Israèl ingkang asalipun saking tedhak turunipun Imam Harun. Kadosdéne ingkang kita mangertosi sesarengan, tugas timbalan para imam inggih punika makili bangsa Israèl ing ngarsanipun Gusti Allah lan misungsungaken korban sembelihan minangka penebusing dosa tumrap sedaya tiyang Israèl. Kasunyatanipun, ing paningalipun sang panyerat, para imam punika tiyang-tiyang ingkang cacat moral. Tegesipun, para tiyang punika ugi kalebet tiyang ingkang mboten uwal saking dosa. Kawontenan punika ndadosaken para tiyang punika ugi kedah misungsungaken korban pisungsung kanggé nebus dosanipun piyambak.

Gusti Yésus Kristus punika imam ing sak nginggilipun para imam tedhak turunipun Imam Harun. Sanadyanta Gusti Yésus mboten tedhak turunipun Imam Harun, Panjenenganipun punika kasebut imam miturut tatanan Mèlkisèdèk. Mèlkisèdèk punika satunggaling raja lan ugi imam Yérusalèm ing wekdal kepengker ingkang kacariyosaken ing antawisipun cariyos bab Rama Abraham (Purwaning Dumadi 14). Minangka imam miturut tatanan Mèlkisèdèk, Gusti Yésus punika satunggaling imam ingkang sampurna. Panjenenganipun punika tanpa cacat. Panjenenganipun punika sampun dados pantara ingkang sampurna antawisipun manungsa lan Gusti Allah (ay. 7).

Lampahing Pirembagan :

1. Miturut panjenengan, kénging punapa Gusti Yésus Kristus kasebut minangka Imam Agung sejati?
2. Punapa aosing tumindakipun Gusti Yésus minangka Imam Agung sejati tumrap kita?
3. Menawi Gusti Yésus punika Imam Agung sejati, pramila kita kasebut minangka imam-imam alit. Tegesipun kita katimbangan ugi réla ngurbanaken dhiri kita, cariyosna lelampahan panjenengan ing antawisipun lila legawa ngurbanaken dhiri! Punapa ingkang dados pambengan kanggé mbabar prekawis punika? Kadospundi panjenengan ngawékani prekawis punika?

[NVS/WW]

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 7
Ngraos-raosaken
Lelampahipun Gusti

Waosan :
Yésaya 50:4-9

Pantara
Katresnanipun
Gusti Allah



Panuntun

Salah paham wonten ing salebeting komunikasi (sesrawungan) asring nuwuhaken prekawis ingkang mbebayani. Memitran ingkang sampun lumampah mataun-taun saged risak amargi salah paham. *Netizen* (tiyang ingkang mpeng ngginakaken internèt) samidéné ngamuk amargi salah paham. Sesambetan tiyang sepuh lan putra saged tebih amargi salah paham, malah gesang sesémahan saged ngantos pepisahan amargi salah paham ugi. Kadospundi kedadosanipun menawi salah paham punika lumampah antawisipun umat kaliyan Gusti Allah?

Kathah cariyos salah paham ingkang lumampah ing antawis kita. Salah paham ing satengahing komunitas lan bangsa perlu kapranata lan karampungaken kanthi tumata murih sesambetan ingkang tebih, risak, lan risak sanget saged kadadosi malih. Gusti Allah ngintun satunggaling pantara, inggih punika nabi kanggé ngrampungaken bab salah pahamipun umat. Sang nabi kapapanaken ing satengahing kawontenan ing pundi sesambetan ingkang kebak panandhang, pambuwangan, lan panganiaya, satemah tugas minangka pantara punika sanès prekawis ingkang gampil. Kadospundi caranipun? Punapa kita sumadya dados pantara katresnanipun Gusti Allah dhateng jagad ingkang kebak panandhang, pambuwangan lan panganiaya?

Katrangan Cekak Yésaya 50:4-9

Wonten ing ayat sadèrèngipun, Yésaya 50:1-3 nélakaken sesambetan antawisipun Israèl lan Gusti Allah ingkang risak. Nalika gesang ing pambuwangan Babèl, Israèl rumaos kapisah déning Gusti Allah lumantar gesang ingkang kebak panandhang, pambuwangan lan panganiaya. Punapa Gusti Allah ingkang nindakaken sedaya punika? Sejatosisipun Gusti Allah mboten ingkang nindakaken sedaya punika. Sedaya punika kelampahan awit saking sikepipun Israèl piyambak.

Ing satengahipun sedaya kangèlan punika, Gusti Allah ngutus satunggaling nabi kanggé dados pantara katresnanipun dhateng bangsa Israèl. Ing wekdal nindakaken tugas timbalanipun, sang nabi nanggèl sedaya pambengan ingkang ageng. Panjenenganipun nampèni panganiaya sacara *fisik*, inggih punika kagebug gegeripun (ay.6), ugi panganiaya sacara méntal inggih punika dipun bubuti jenggotipun lan dipun idoni pasuryanipun. Panganiaya sacara méntal mila mboten ndadosaken tiyang ngraosaken sesakit ing raganipun, nanging prekawis punika saèstu ndadosaken lingsem lan natoni manahipun tiyang punika.

Kénging punapa satunggaling pantara kedah ngraosaken kangèlan, panandhang lan panganiaya ingkang nyakitaken? Wonten ing lelampahan pambuwangan Israèl ingkang kebak panandhang lan panganiaya, punika nélakaken patrapipun pantara inggih kanthi dados sami kaliyan umat Israèl. Sang nabi minangka pantara nélakaken kawigatosan lan sesambetan ingkang caket kaliyan umat Israèl.

Lajeng kadospundi sang nabi sagah lan saged kanthi setya tuhu nindakaken tugas timbalanipun kanthi kebak pengajeng-ajeng (ay. 7-9)? Gusti Allah paring berkah dhateng nabi kanthi lathi lan talingan satunggaling murid. Punapa kaunggulanipun lathi lan talinganing murid? Kénging punapa mboten ayahan sanèsipun kadosta guru, hakim, imam, dokter, psikolog, lsp? Punika sedaya awit kaunggulanipun murid punika kersa sinau lan dipun sinaoni. Piyambakipun mboten ngandelaken pangertosanipun piyambak, namung ngandelaken kawicaksanan lan piwucal ingkang tansah kaénggalaken.

Satemah ing wujud minangka pantara, piyambakipun mboten namung nglepataken bangsa Israèl kémawon, nanging kersa naliti linangkung rumiyin kawontenan Israèl lan maringaken semangat énggal miturut pangandika ingkang katampi saking Gusti Allah.

Mekaten kedahipun anggèn kita sinau, anggèn kita saged dados pantara katresnanipun Gusti Allah tumrap jagad, kita mboten tanpa sabab mucal lan ngakimi jagad, namung wicaksana nyinau bab jagad punika, kanthi mberek semangat tumrap jagad, kanthi tansah mirengaken Gusti Allah.

Lampahing Pirembagan :

1. Miturut panjenengan prekawis punapa kémawon ingkang njalari wontenipun salah paham ing antawisipun manungsa?
2. Miturut panjenengan, punapa berkah saking Gusti ingkang saged kaginakaken satunggaling tiyang dados pantara tumrap sesami utawi gesang punika?
3. Miturut panjenengan kadospundi caranipun katresnanipun Gusti Allah saged dados pantara ing satengahing jagad ingkang mbetahaken pitulunganipun Gusti Allah?

[GESH/WW]

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 8**

*Ngraos-ngraosaken
Lelampahaning Gusti Yésus*

Waosan:

Lukas 24:33-35

**Sinau saking
Pengalamaning
Gesang**

Panganthi

Gesang punika lelampahan panjang ingkang kebak déning tikungan. Ing lelampahan punika kita ngalami sawernining kanyataning gesang, dadosa ingkang saé punapa-déné ingkang awon, dadosa bingah punapa-déné sisah ngiringi lelampahaning gesang kita. Saking sedaya jinising kedadosan gesang ingkang kita alami, kita sadhar bilih sejaosipun kita dipun gemblèng supados dados pribadi ingkang kiyat lan tanggon dumugi wekdal punika. Sedaya punika kelampahan awit kita sinau saking pengalamaning gesang kita punika.

Sinau saking pengalaman, penting sanget kanggé tuwuh lan mekaring gesang kita minangka pribadi. Lantaran réflèksi lan évaluasi (pambiji) pengalaman ingkang kepengker, kita pikantuk wawasan énggal lan cara pamawas énggal tumrap gesang kita, sarta kados pundi kita mawas gesang ingkang badhé kita lampahi. Menawi kita naté nggadhahi pengalaman traumatis, kados pundi kita saged ngéwahi traumatis dados migunani/nggadhahi makna? Bedhami kaliyan pengalaman *traumatis* saged katindakaken menawi kita purun sinau jujur lan ngakeni *trauma* punika, temah wusananipun kita saged kapulihaken. Kedadosan ingkang kita alami ing wekdal kepengker ngedalaken woh ingkang maédahi minangka wujuding évaluasi kita ing bab prosèsing gesang ingkang sampun kita lampahi. Lantaran punika kita sinau lan ngénggalaken dhiri kita. Bab punika mbereg kita nindakaken ingkang langkung saé katimbang sadèrèngipun. Saking ngriku kita nggadhahi pangajeng-ajeng, lan inggih pangajeng-ajeng punika ingkang

ndadosaken kita gesang kebak ing semangat lan kebak déning *optimisme*.

Pemahaman cekak Lukas 24:3-35

Punika mujudaken cuplikan waosan Paskah kita. Cariyos ing périkipun punika kirang langkung mekaten: wonten muridipun Gusti Yésus kalih ingkang lumampah tumuju Émaus. Tiyang kalih punika ngrembag sedaya kedadosan ingkang kelampahan ing bab panyaliban lan sédanipun Gusti Yésus. Jangkep ing dinten kaping tiga sédanipun Gusti Yésus, tiyang kalih punika kagèt. Kepireng pawartos saking para murid sanèsipun, mliginipun para murid pawèstri ingkang suka katrangan bilih layonipun Gusti Yésus mboten wonten ing pasaréan. Panjenenganipun sampun wungu. Bab punika cundhuk kaliyan paseksinipun para malaékat ingkang ngetingal dhateng para pawèstri wau (Lukas 24:22). Nalika sami ing salebeting rerembagan kanthi swasana batin ingkang mboten jenjem, Gusti Yésus nyelaki para murid wau lan tindak sesarengan kaliyan murid kalih wau, nanging sami pangling kaliyan Panjenenganipun. Para murid punika malah nginten bilih Gusti Yésus babar pisan mboten pirsawartos ingkang sumebar ingkang sampun ndadosaken Yérusalèm gègèr/horeg (Lukas 24:18). Murid kalih wau sami nyariyosaken sedaya ingkang kelampahan dhumateng Gusti Yésus. Ngantos wusananipun Gusti Yésus ngèngetaken para murid punika: “Héh wong kang padha tanpa budi lan kang randhat ing pamikir, temah ora pracaya marang samubarang kabèh, kang wis kapangandikakaké déning para nabi! (Luk. 24:25) Lajeng Panjenenganipun wiwit nerangaken isining Kitab Suci dhateng para murid wau srana maringi gegambaran kados pundi pameca-pameca bab Mésias ingkang sampun dipun jangkepi.

Sajakipun lelampahan tumuju Émaus dados mboten rinasa, awit sami ngrembag kedadosan ingkang ngemu makna. Lelampahan ingkang awrat dados ènthèng. Dumugi Émaus, para murid ndhesek Gusti Yésus kersa nyipeng, amargi sampun ngajengaken dalu lan surya samun serap. Gusti Yésus lajeng kèndel kaliyan murid kalih wau (Luk. 24:29).

Nalika wancinipun dhahar dalu, Panjenenganipun mundhut roti, dipun berkahi lajeng kacuwil-cuwil lan kaparingaken dhateng kekalihipun. Nalika punika mripatipun sami kabuka lan mboten pangling malih dhumateng Panjenenganipun. Tiyang kalih wau lajeng sapocapan mekaten: “Atiku rak wis padha ngangah-angah, nalika Panjenengané ngendika marang aku kabèh ana ing dalan lan nalika Panjenengané nerangaké Kitab Suci marang kowé lan aku?” (Luk. 25:2).

Lelampahanipun murid kalih sesarengan kaliyan Gusti Yésus mbikak rerangkèning pangalamanpun para murid. Para murid ngalami kedadosan Gusti Yésus kacepeng, panandhang, lan sédanipun Sang Guru. Kedadosan punika karaos nggitik gesangipun ingkang saèstu awrat. Salajengipun, lampahipun tumuju Émaus sesarengan kaliyan Sang Guru ndadosaken rerangkèning pengalaman punika dipun maknani secara énggal. Lelampahan sesarengan kaliyan Gusti Yésus nggesangaken piwulang ingkang ageng pangaosipun lan nuwuhaken woh ingkang penting tumrap gesangipun para murid. Para murid punika kawitan mboten mangertos punapa-punapa. Wusananipun manah lan pikiranipun kabuka. Kabikaking manah lan pikiranipun ndadosaken sami kapenuhan ing kawicaksnanipun Gusti Allah. Rerangkèning kedadosan ingkang dipun alami sesarengan kaliyan Sang Gusru maringi makna énggal ing gesangipun. Makna punika ndadosaken para murid mantep jangkahipun dados para seksi ing bab punapa ingkang sampun dipun tingali lan dipun alami. Wontenipun makna ing pengalaman punika ndadosaken éwah-éwahan ing gesangipun para murid. Para murid sami dados pribadi ingkang kendel. Anggènipun tinarbuka nampi Gusti Yésus lan lumampah sesarengan Panjenenganipun ngéwahi saben pengalaman *traumatis* ingkang nggegirisi dados gesang kanthi makna énggal. Gusti Allah makarya lan njangkepi pakaryanipun lantaran wungunipun. Kanthi pitados sami ngucap: “Gusti nyata wis wungu lan wis ngatingal marang Simon (Luk. 24:34).

Panggengilut bahan:

1. Kaaturan nyariyosaken satunggaling pangalaman gesang ingkang ngéwahi gesang panjenengan!
2. Kados pundi cara panjenengan ngéwahi pengalaman *traumatis* ingkang naté panjenengan alami kanthi maringi makna énggal kanggé gesang ingkang langkung saé?
3. Saking pegalaman punika kados pundi panjenengan ngraosaken bilih Gusti Allah rawuh, makarya, lan cawé-cawé mujudaken rerangkèning gesang panjenengan secara aktif lan wetah kagem gesang panjenengan?

[YWN/WMS]

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 9
Ngraos-Ngraosaken
Lelampahaning Gusti Yésus
Waosan:
Yokanan 20:9-31

Wungunipun
Sang Kritus
Ngasta Tentrem-
rahayu
❧❧❧

Panganthi

Katentreman punika dados pepénginanipun saben tiyang. Minangka pepénginan, katentreman dipun yakini dados kawontenan ingkang dipun idhamaken déning sinten kémawon. Émanipun, tiyang-tiyang utawi kelompok-kelompok ménginaken katentreman manut ukuran, pepénginan, lan standaripun ijèn-ijèn. Katemahanipun, sanès katentreman kaliyan sedaya péhak, ingkang kedadosan malah meksakaken pikajeng. Wusananipun, katentreman mboten maujud. Kados pundi ngupadi katentreman? Wiwitan kita pitakèn dhateng dhiri kia piyambak: “Punapa ingkang mbereg kita mbekta bedhami lan karukunan dhateng sesami?” Pitakènan punika mbekta kita sinau bab bedhami/karukunan ingkang sejati. Lantaran wungunipun Gusti Yésus ingkang ngasta karukunan, kita katimbangan mujudaken bedhaminipun Gusti Allah miturut tuladha lan semangat ingkang kaparingaken déning Sang Kristus.

Pemahaman Cekak Yokanan 20:19-31

Kuwatos, ajrih, lan trauma dados kawontenan ingkang dipun alami déning para muridipun Gusti Yésus sasampunipun sédanipun. Wungunipun sepisanan dipun mangertosi déning Maria Magdaléna. Pawartos punika dèrèng dumugi para murid sanèsipun. Rawuhipun Gusti Yésus ing satengahing para murid ingkang wonten ing kawontenan kados mekaten kados-déné obat ingkang nyarasaken sedaya tatu. Inggih punika maknaning peparing katentreman saking Gusti Yésus dhateng para murid.

Kanggé ngyakinaken para murid, Gusti Yésus nedahaken bekas tatu-tatunipun. Para murid sami bingah lan Gusti Yésus maringaken pitembungan tentrem rahayu malih. Sapunika kakanthènan kuwaosing Roh Suci dhateng para murid. Tomas ingkang mboten saged sesarengan kaliyann para murid sanèsipun, gadhah pepénginan ningali lan nggepok tilas pakunipun Sang Guru. Tomas celathu: “aku ora bakal ngandel pisan-pisan.” Punapa punika nélakaken patrapipun Tomas ingkang mangu-mangu? Punapa malah amargi kepéngin nggadahi pengalaman langsung kaliyan Gusti Yésus Sang Guru? Gusti Yésus rawuh malih ing antawisipun para murid, lan kados ingkang dipun pikajengaken déning Tomas, Gusti Yésus nedahaken tatu ing asta lan lambungipun. Pangandikanipun Gusti Yésus: “Rahayu wong kang padha ora ndeleng, nanging kumandel” punika pangandika ingkang gampil dipun tampi déning saben tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun. Bab punika kapratélakaken, awit Panjenenganipun pirsu bilih para tiyang pitados mboten badhé sesarengan kaliyan Panjenenganipun secara ragawi kados para rasul lan para murid nalika semanten. Patrap pitados dhumateng Gusti Yésus, kados-déné pangandikanipun damel kita bingah. Kabingahan punika asalipun saking sabdanipun. Kabingahan punika wujud ingkang tentrem-rahayunipun Sang Kristus ingkang kita tampi.

Panggengilut bahan:

Gusti Yésus ngasta lan andum tentrem-rahayu wonten ing wungunipun. Wungu ateges gesang, ing salebeting gesang wonten gerak lan *pertumbuhan*. Inggih punika ingkang kedadosan ing patunggilanipun para murid minangka pasamuwan wiwitan. Bab punika ngemu teges bilih para murid taksih wonten/èksis. Patunggilanipun para murid dados gesang, awit sadèrèngipun para murid tumut “pejah” sesarengan kaliyan Sang Guru. “Pejahipun” para murid damel para murid ngalami gesang ingkang surem (mboten sumringah), ajrih, ndhelik, lan kuwatos dhateng sedaya pangancam. Bab punika nyirnakaken tentrem-rahayu. Wungunipun Gusti Yésus damel para murid

nampi Roh Suci (Yok. 20:22). Kedadosan punika cundhuk kaliyan prosès nalika manungsa katitahaken déning Gusti Allah ing Purwaning Dumadi 2:7, nalika Gusti Allah nyebul ambeganing urip lan manungsa dados titah ingkang gesang. Nalika Gusti Yésus ndamoni para murid srana Roh Suci, patunggilanipun para murid dados patunggilan ingkang gesang. Wonten kuwaosing Gusti Allah ingkang makarya sesarengan kaliyan para murid. Patunggilanipun para tiyang pitados punika patunggilaning gesang énggal, pakaryanipun Gusti, ingkang dipun jangkepi srana kuwaosipun. Patunggilan punika kautus ing salebeting tentrem-rahayu. Utusaning tentrem-rahayu ateges utusan ingkang kakanthènan déning Sang Guru. Senadyan taksih wonten tatu ing asta lan lambung, Panjenenganpun tetep nunggil. Bab punika saged dipun tegesi bilih tentrem-rahayuning Sang Kristus ngatasi lan nglangkungi sedaya tatuning gesang. Pramila, ing salebeting nggegilut tentrem-rahayu saking Gusti Yésus ingkang gesang lan wungu, panggegilut punika kita bekta lan kita gegesang minangka semangating iman saking manah, pikiran, pitembungan, dumugi tumindak nyata gesang kaliyan sesami. Tuladhanipun Gusti Yésus kita tampi ing salebeting andum tentrem-rahayunipun, ing antawisipun inggih punika tuladhaning pangurbanan. Pakaryaning kawilujengan ingkang kawujudaken déning Gusti Yésus nuwuhaken tatu-tatu ing saliranipun. Dipun betahaken pangurbanan kanggé mujudaken tentrem-rahayu. Tumindak lan patrap ngurbanaken cetha mujudaken patrap ingkang nyingkiraken égoisme. Sumingkiripun égoisme mbiyantu kita nebih saking kapentingan sapéhak ingkang saged mambengi maujuding tentrem-rahayu. Pangurbanan dhiri punika salah setunggaling cara saking mawarni-warni cara kanggé mujudaken tentrem-rahayu, awit ngupadi kapentingan lan kawontenanipun sesami lan gesang sesarengan.

Tuladhanipun Sang Kristus penting sanget kanggé para murid ing salebeting nindakaken pangutusan. Pangutusan punika ngemu makna: kapisan, kados-déné Allah Sang Rama ngutus Putranipun ngurbanaken salira, kita ugi kautus supados sumadya ngurbanaken dhiri kanggé sesami. Kaping kalih, Gusti

Yésus ngersakaken supados jagad mirengaken lan wonten kalodhangan nampi lan pitados dhumateng Panjenenganipun. Pangurbanan punika tuladha nyata tumrap tiyang pitados ingkang ngegesang pakaryanipun Sang Kristus. Tuladhaning pangurbanan punika mesthi dipun gegesang ing gesang sesarengan kaliyan tiyang sanès ing brayat, masyarakat, pasamuwan, memitran kaliyan kanca karya lss. Gusti Yésus Kristus ingkang kuwaos ingatasing pejah punika andum tentrem-rahayu. Tentrem-rahayunipun makarya minangka kuwaosing sih ing antawis kita. Srana mekaten kita nuladha Sang Kristus, kuwaosipun ndhèrèk makarya sesarengan kaliyan kita. Kita nampi kakiyatan lan panuntunipun, temah saged ndhatengaken tuladha pangurbanan tumrap gesang srana andum tentrem-rehayu

Romo Anthony de Mello SJ nyerat bab bedhami ing salebeting cariyos. Cariyos ing seratanipun Anthony de Mello inggih punika rerembaganipun tiyang ingkang sinebut sang guru kaliyan tiyang sanès. “Punapa ingkang panjenengan upadi? (sang guru apitakèn). “Tentrem-rahayu”, wangsulanipun satunggaling tamu. “Tumrap tiyang-tiyang ingkang ngupadi pangayoman kanggé égonipun, tentrem-rahayu ingkang sejati namung badhé nuwuhaken gangguan.” Lajeng, dhateng saklompok réligius ingkang nuwèni lan nyuwun berkah, piyambakipun wicanten kaliyan èseman nakal : “Mugi-mugi katentremaning Allah tansah ngganggu panjenengan.” Saged ugi kita apitakèn kénging punapa sang guru ngendika “Mugi-mugi katentremaning Allah tansah ngganggu panjenengan”? Awit kelompok réligius ingkang dhateng nyuwun berkah, sejatosipun namung nyuwun kanggé dhirinipun piyambak (utawi saged kasebut kanggé égonipun piyambak). Sifat ngladosi égo lelawanan kaliyan spirit pangurbanan ingkang katuladhanaken dèning Gusti Yésus ingkang wungu ingkang ugi ngasta tilas tatu-tatunipun. Pramila, katentreman sejati namung kelampahan nalika tiyang-tiyang nyingkiraken égonipun lan gesang lila asung kurban kanggé sesami.

Aktifitas Pirembagan

Panuntun pirembagan.

1. Kaaturan ngrembag makna wungunipun Gusti Yésus ingkang ngasta tentrem-rahayu kanggé para murid.
2. Miturut panjenengan, kénging punapa kita mbetahaken tentrem-rahayu? Punapa akibatipun?
3. Bab-bab penting punapa kémawon ingkang kita panggihi ing waosan Yokanan 20:19-31?
4. Bab-bab konkrét punapa kémawon ingkang perlu kita tindakaken adhedhasar bab-bab penting ingkang kita panggihi kanggé mujudaken tentrem-rahayu kanggé sakiwa tengen kita?

[RAK/WMS]

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 10
Ngraos-Ngraosaken
Lelampahaning Gusti Yésus

Waosan:
Lelakoné Para Rasul 3:2-19

Miwiti
Gesang Énggal
srana
Pamratobat


FOKUS/KAWIGATÈN

Punapa kita naté merenung srana pitakènan: Apa tujuaning uripku? Kanggo apa aku katitahaké lan kalairaké ing jagad iki? Perenungan punika badhé mbiyantu kita kanggé manggihaken lan ngraosaken maknaning gesang lan mangsulaken gesang dhateng gesang ingkang leres menawi dumugi wekdal punika gesang kita tanpa makna. Perenungan punika dados wigatos, nalikanipun kita nyeksèni kados pundi gesang ingkang lumampah, dadosa tumrap dhiri kita piyambak punapa-déné tiyang-tiyang ing sakiwa tengen kita, inggih punika gesang ingkang kebak dosa. Gesang ingkang kebak déning dosa, saleresipun pangraman dhumateng Gusi Allah, ingkang damel kita gesang ing sajawining Gusti Allah lan tebih saking Gusti Allah, lan gesang ingkang ngener dhateng dosa badhé tumuju dhateng karisakan. Gusti Allah kersa nata gesang kita, supados kita nilar gesang lami, ingkang kebak déning dosa, kanggé nglampahi gesang énggal ing salebeting kaleresan. Gusti Allah makarya kanggé mulihaken gesanging manungsa, saking manungsa ingkang kablenggu déning dosa dados manungsa énggal ingkang bébas saking dosa. Gesang ing salebeting dosa punika gesang ingkang tanpa makna. Pamratobat, ingkang tegesipun mbalik, dados wiwitan, titik balik saking gesang ingkang kebak déning dosa dhateng gesang énggal ingkang bébas saking dosa, saking gesang tanpa makna dados gesang ingkang ngemu makna.

Pemahaman Cekak Lelakoné Para Rasul 3:12-19

Sabdanipun Gusti ingkang awujud kotbahipun rasul Pétrus ing Srambi Suléman punika, karumiyinan déning kedadosan nyarasaken tiyang lumpuh wiwit lair. Kedadosan punika damel kathah tiyang ngluhuraken Gusti Allah lan éram, lan sami apitakèn. Nalika tiyang kathah punika sami ngetutaken lan ngrubung rasul Pétrus lan rasul Yokanan, mila rasul Pétrus migunakaken kalodhangan punika kanggé martosakan Injil dhateng tiyang-tiyang wau. Kanthi andhap-asor rasul Pétrus ngandharaken bilih rasul Pétrus lan rasul Yokanan mboten pantes nampi pakurmatan ingatasing mukjijat punika, lan bilih pakurmatan punika sanès gadhahanipun, ingkang namung para peladosipun Sang Kristus, utawi pirantos ing astanipun Gusti kanggé ngawontenaken mukjijat punika. Kasarasan punika maujud awit Gusti Yésus lan bab punika nedahaken sinten Gusti Yésus lan kuwaosipun punika. Tiyang-tiyang punika sampun tepang kaliyan Gusti Yésus. Tiyang-tiyang punika sajatosipun sampun mireng punapa ingkang dipun wulangaken déning Panjenenganipun lan ningali piyambak pakaryanipun. Ananging tiyang-tiyang punika nampik Gusti Yésus, nalika sami milih ngluwari tiyang duraka setunggal katimbang ngluwari Gusti Yésus nalika dipun adili déning Pilatus. Lan karana punika tiyang-tiyang wau sampun nyédani Gusti Yésus. Ananging Gusti Allah ngwungokaken Gusti Yésus saking antawisipun tiyang pejah, ingkang nélakaken kuwaosipun tumrap pejah lan tumrap samukawis. Déning panguwasing Gusti Yésus ingkang sampun wungu punika, tiyang lumpuh punika kapulihaken gesangipun, kanthi nampi mukjijat kasarasan. Wiwitaning pamulihaning gesangipun tiyang lumpuh punika kedadosan mboten nalika piyambakipun nampi mukjijat, nanging nalika Gusti Yésus kawungokaken saking séda. Wungunipun Gusti Yésus dados punjering pemulihan gesang punika.

Rasul Pétrus paham bilih punapa ingkang katamakaken dhumateng Gusti Yésus, awit anggènipun sami mboten mangertos utawi persisipun tiyang-tiyang wau sami mboten tepang sinten ta sajatosipun Gusti Yésus punika. Éwasemanten, bab punika tetep kawawas minangka dosa. Lan pranyata

anggènipun mboten sami mangertos, kaagem déning Gusti kagem njangkepi pamecanipun bilih Mésias ingkang kautus kedah ngraosaken panandhang. Sapunika srana anggènipun nyarasaken tiyang lumpuh punika, tiyang-tiyang punika sami nyipati (malih) kuwaosipun Gusti Yésus lan sami kaparingan pitutur supados sadhar lan mratobat, supados ugi sami ngalami “kasarasaning” gesangipun saking dosa ingkang nguwaosi gesangipun.

MÉTODHE

Panyuraos Kitab Suci kalaksanakaken srana dhialogis, srana ngaturi papan ingkang cekap kagem *sharing* lan réflèksi tumrap gesang ingkang sampun, nembé, lan badhé dipun lampahi.

TUNTUNAN PIREMBAGAN

1. Para rawuh kaaturan andum bab tujuaning gesang: punapa kita mangertos punapa tujuaning gesang kita, kanggé punapa kita katitahaken lan kalairaken ing jagad punika.
2. Punapa ingkang ndadosaken kita mboten ngeneraken gesang dhumateng Gusti, nanging dhateng sanèsipun/dosa?
3. Mratobat mboten sami gampilipun kaliyan ngucapaken. Punapa ingkang damel kita angèl mratobat lan kados pundi supados kita saged mratobat?

[CKL/WMS]

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 11
Ngraos-ngraosaken
Minggu Paskah 4

Waosan:
Lelakoné Para Rasul 4:5-12

Kendel Neksèni
Awit
KawasésanÉ


Panuntun

Jejer minangka seksi menggah kawungokakenipun Gusti Yésus Kristus punika minangka timbalaning pangutusan ingkang kaparingaken tumrap sedaya pandhèrèkipun Gusti Yésus. Badhéa ing mangsa kapengker, samangké lan ing tembé. Sadhèrèngipun Gusti Yésus sumengka dhateng swarga, Panjenenganipun prasetya bilih kepareng badhé ngamping-ampingi para sakabat ngantos ing poncoting jagad. Panganthi lan panunggilipun Gusti kebabar wonten ing gesangipun Rasul Pétrus, ingkang netepi ayahan leladi punika lumantar piwulang lan pandamel ingkang kebak kaélokan wonten ing asmanipun Gusti Yésus Kristus. Njalari kathah tiyang ingkang sami mratobat lan pitados dhumateng Gusti Yésus. Miturut ayat 4, gunggungipun tiyang ingkang sami manjing pitados kirang-langkung 5.000 tiyang jaler.

Sanadyan ta makaten, boten saged dipun sélaki menawi pambeng lan reridu saben wekdal nempuhi. Menggahing umatipun Gusti sapérangan, punika sedaya dipun wastani pambudidayaning pangawak dursila, anggènipun ngangèl-angèl lan mambengi kebabaring timbalaning pasamuwan inggih punika atur paseksi. Sanèsipun malah nganggep péranganing pambeng lan reridu punika minangka pawadan anggènipun nilar ayahaning paseksi. Éwasemanten, taksih wonten péranganing pasamuwan ingkang ngayati bilih punika sedaya minangka prosès anggènipun ndadar katumemenanipun. Inggih punika minangka pribadi ingkang wicaksana anggènipun nélakaken

paseksi. Makaten ugi minangka pribadi ingkang mbangun turut lan setya; ing sadhéngah kawontenan.

Wonten ing panyuraos Kitab Suci dinten punika, kawula sedaya sinau; manggihaken cara ingkang trep punapa déné pérangan ingkang gumathok lan trep anggènipun nélakaken paseksi menggah kawasésanipun Gusti Allah wonten ing kawungonipun Sang Kristus. Jer awit kawasésanipun Gusti Allah punika ingkang ndayani para sakabat anggènipun mranata lan ndadar gesangipun minangka seksinipun Sang Kristus, sanadyan wontena pambeng lan reridu manéka warna.

Seserepan Ringkes Bab Lelakoné Para Rasul 4:5-12

Saksampunipun nyarasaken tiyang ingkang lumpuh wiwit lair mila, kathah tiyang kaéraman lajeng sami murugi lan ngrubung Rasul Pétrus wonten ing srambi Suleman. Wonten ing kalodhangan punika, Rasul Pétrus lan Yokanan dhatan kendat atur paseksi menawi wonten ing asmanipun Gusti Yésus, kawasésanipun patangèn kebabar. Pawartos bab kawasésanipun patangèn punika njalari para pangarsaning Imam lan tiyang Saduki; ingkang boten pitados wontenipun patangèn, banget kanepsonipun, lajeng nyepeng kekalihipun lan kalebetaken ing pakunjaran. Dinten candhakipun, para pangarsaning tiyang Yahudi lan para pinisepuh dalasan para ahli Torèt punapa déné Imam Agung Hanas lan Kayawas; Yokanan lan Aleksander dalasan sedaya ingkang kalebet trahipun Imam Agung, sami ngawontenaken parepatan wonten ing Yérusalèm. (ay. 3-5)

Nguningani kathahipun para pangagenging tiyang Yahudi lan ugi trahipun Imam Agung ingkang sami dhèrèk parepatan, njalari tuwuhipun raos giris lan geter wonten ing manahipun Rasul Pétrus, ingkang nalika semanten kalebet amung kawula jajar. Punapa malih wosing pirembagan ngingingi bab kawasésaning patangèn wonten ing Gusti Yésus Kristus, pérangan ingkang dèrèng saged dipun tampi déning para-para ingkang sami ndhèrèk pirembagan.

Paniti priksa dipun wiwiti kalawan pandangu: *“Panggawému kang mangkono mau kalawan panguwasa apa lan atas jenengé sapa?”* Pandamel ingkang dipun kersakaken inggih punika kaélokane ingkang katindakaken déning Rasul Pétrus nalika nyarasaken tiyang jaler ingkang lumpuh wiwit lair mila, ingkang saben dintenipun dipungéndhong lan dipun papanaken ing sacelakipun gapuraning Pedaleman Suci kang karan Gapura Éndah, pamrihipun saged ngemis dhateng tiyang ingkang mlebet ing Pedaleman Suci. (Lelakoné Para Rasul 3:1-10) Klawan kebaking kawicaksanan, Pétrus atur wangsulan: *“Panjenengan sadaya dalah sabangsa Israèl sami kula aturi uninga, bilih punika margi saking asmanipun Gusti Yésus Kristus saking Nasarèt, ingkang sampun panjenengan salib, nanging ingkang sampun kawungokaken saking antawisipun tiyang pejah déning Gusti Allah — inggih margi saking Gusti Yésus punika tiyang punika saged ngadeg, pinanggih sampun saras wonten ing ngarsa panjenengan sapunika.”* (Lelakoné Para Rasul 4:10) Punapa ingkang sampun kaparingaken Pétrus dhateng tiyang lumpuh punika nglangkungi sih piwelasiipun para-para ingkang maringi nalikanipun mlebet pedaleman suci. Tiyang-tiyang punika sami maringi arta ingkang saged telas, ananging Pétrus maringi kesarasan lan kawilujengan ingkang langgeng, ingkang saged ngluwari tiyang punika saking panandhang lan kasangsaranipun, minangka tiyang lumpuh lan tiyang ngemis. Sedaya awit kawasésanipun Gusti Yésus.

Kawisésanipun Gusti Yésus ingkang wungu lan ngatingal marang Rasul Pétrus, mungokaken Rasul Pétrus saking wewatekan ingkang jirih/ajrih lan ngupadi keslametipun piyambak srana nyélaki Gusti Yésus, santun dados pribadi ingkang kendel neksèkaken kawungonipun Gusti Yésus Kristus. Malah saking kakendelanipun Rasul Pétrus neksèkaken bab wungunipun Gusti Yésus, piyambakipun kaparingan sih nugrahaning Gusti Allah adamel kaélokane. Sedaya punika mligi awit saking kawasésanipun Gusti, sanès kekiyatanipun piyambak.

Wusana makaten, kalawan paseksi ingkang kawedhar, ngelèkaken paningalipun sedaya tiyang Yahudi bilih punapa

ingkang katindaken tumrap Gusti Yésus Kristus punika pérangan ingkang lepat. Anggènipun sami nampik Panjenengan-É Gusti Kristus punika pérangan ingkang klèntu babar pisan. Émanipun, kathah ingkang sami mangkotaken manahipun. Sampuna sami mratobat lan kumandel Gusti, malah kepara boten trenyuh lan ngaturaken pamuji sokur nalikanipun nguningani wontenipun sedhèrèk ingkang sewau lumpuh lan ngemis, awit saking kaélokanipun Gusti Allah, samangké sampun kepareng luwar saking sangsara lan panadhangipun.

Salajengipun, Rasul Pétrus nélakaken, wonten ayat 11 bilih saèstunipun, *“Gusti Yésus punika sèla ingkang kabucal déning para juru yasa padaleman – inggih punika panjenengan piyambak – ewadéné sampun dados sélaning pepojok.”* Tumraping bangunan, sélaning pepojok punika sèla kawitan, ingkang minangka pandom lan tetales, ing pundi sèla-sèla sanèsipun rinakit lan tumata, dados pondasi ingkang baku. Laras kaliyan wewayanganing Gusti Yésus minangka sélaning pepojok, paring pangertosan bilih Gusti Yésus, minangka ingkang dipun tampik, kepareng dipun papanaken Gusti Allah minangka under lan sangkan-paraning kawilujenganing manungsa.

Menggahing Rasul Pétrus, kawasésaning Allah ingkang milujengaken wonten ing Sang Kristus Yésus, boten mligi kanggé tiyang Yahudi kémawon, ananging kagem saguning tiyang ing salumahing jagad. Cunduk kaliyan pangandika wonten ing ayat 12 makaten: *“Kaliyan malih boten wonten karahayon wonten ing sintena kémawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika boten wonten asma sanèsipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita.”* Inggih saking sedaya paseksinipun Rasul Pétrus punika sedaya tiyang sami kèndel. Boten wonten ingkang kumowantun paring pambantah. Punapa malih, tiyang lumpuh ingkang kasarasakan, ngadeg ing saandhingipun Rasul Pétrus lan Rasul Yokanan.

Punapa ingkang njalari Rasul Pétrus nggadahi kalimpadan lan kakendelan atur paseksi menggahing Gusti

Yésus ingkang wungu, ing ngajengipun Para Imam Agung, Para Pinisepuh, Para Ahli Torèt lan tiyang Saduki? Boten sanès inggih awit kasektèning Sang Roh Suci, ingkang nyembadani. Awit saking kawasésaning Gusti Allah, Rasul Pétrus kepareng njlèntèhaken klawan bebles, punapa ingkang karaosaken, ingkang dados kapitadosanipun lan ingkang dados pandamelipun minangka kayektèn. Inggih kawasésan anggènipun klawan andhap asor mblakakaken bilih sedaya kalimpadan lan kasudibyan, anggènipun nélakaken paseksi, punika sedaya pinangkanipun saking kawasésanipun Gusti sanès kesagedanipun piyambak. Kawasésan ingkang kepareng nganyaraken gesangipun minangka tiyang ingkang jirih lan ngupadi keslametanipun piyambak srana nyélaki Gusti Yésus, dados tiyang ingkang kendel mbélani Gusti Yésus tanpa tedhèng aling-aling. Kendel neksèni awit kawasésaning Gusti Allah.

Wosing Pirembagan!

1. Alangan lan tantangan punapa kémawon ingkang naté kelampahan nalikanipun nindakaken ayahaning leladi minangka utusaning Gusti? Kadospundi anggènipun ngawékani lan ngadhepi prekawis punika? Mugi katerangna!
2. Cara utawi patrap kados punapa ingkang saged dados gegondelan anggènipun nuwuhaken kakendelan nalikanipun ngadhepi sawernining kangèlan punapa déné tantangan ing salebeting peladosan?

(IS/AJ)

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 12
Ngraosaken Pakaryaning Roh

Waosan:
Lelakoné Para Rasul 8:26-40

Fanatisme
Religius
☪☪☪

Panuntun

Tembung fanatisme, nggadhahi sipat *péyoratif*, inggih punika pérangan ingkang langkung asor; awon lan boten trep (miring). Tiyang ingkang fanatik, adhakanipun mbeneraken pemanggihipun piyambak kalawan temboking seserepan lan kawruh ingkang inggil lan boten nggadhahi pepinginan mangertosi kawontenan ing sakiwa-tengenipun tembok punika. Piyambakipun rumaos marem klawan punapa ingkang samangké dipun mangertosi lan dipun ugemi. Malah kepara mapanaken seserapan lan kawruhipun minangka pandom seserapan lan kawruhipun asanès. Awit saking punika, tiyang ingkang fanatis, kangèlan anggènipun ningali peranganing asanès ingkang becik lan saé. Punapa malih nampèni lan ngakeni seserepan lan kawruh punika minangka pérangan ingkang becik lan saé. Sampuna ngakeni lan nampi seserepan lan kawruhipun asanès, malah kawontenanipun tiyang sanès kémawon dipun tampik lan dipun sèlaki. Pérangan ingkang bènten dipun anggèp minangka reridhu. Toléransi dados pérangan ingkang tangèh lamun kebar. Wondéné musyawarah, ateges sedaya tiyang kedah nampi pemanggi lan pikajengipun. Fanatisme punika bebasan ngagem kaca tingal cemeng. Sesawangan punapa kémawon ingkang saèstunipun éndah, tiningalan cemeng lan boten wonten paédahipun.

Mbok menawi fanatisme punika namung kaprenah kanggé nuwuhaken semangat perjuangan lan identitas; kados déné fanatisme kelompok bal-balan lan identitasipun kedaéran, tamtu kémawon maédahi lan positif. Nanging nalikanipun fanatisme punika kaprenah ing pérangan ingkang pribadi, kados

déné kapitadosan lan agami, dados pérangan ingkang nyulayani lan mbabayani. Sumbering cecongkrahlan lan bilai. Punika ingkang dipun wastani fanatisme religius. Contonipun fanatisme religius sesambetan kaliyan baptisan ingkang kaserat wonten ing *Lelakoné Para Rasul* 8:26-40, ingkang asring dados paugeran bilih tata cara baptis ingkang leres inggih punika kalawan slulup. Punapa saèstu makaten? Lumantar Panyuraos Kitab suci wekdal punika, sumangga ngupadi lan madosi punapa ingkang dipun kersakaken Gusti dhumateng para pitados, mirunggan ngingingi bab baptisan.

Seserepan Ringkes Lelakoné Para Rasul 8:26-40

Menawi mbandhingaken Injil-injil lan *Lelakoné Para Rasul*, wonten pérangan ingkang bènten. Inggih punika sinten ingkang kadhapuk minangka lakon. Wonten Injil, jejerling lakon boten sanès inggih Gusti Yésus piyambak. Nanging wonten ing *Lelakoné Para Rasul*, jejerling lakon punapa nggih Para Rasul, kados déné Pétrus, Paulus, Yokanan lan Yakobus? Sanès! Inggih minangka lakon wonten ing *Lelakoné Para Rasul* boten sanès inggih Sang Roh Suci piyambak (Gerit Singgih, 1986). Sanadyan wonten ing *Lelakoné Para Rasul*, nyariosaken ayahaning leladi ingkang katindakna déning Para Rasul. Nanging sanyatanipun, anggènipun nélakaken ayahaning leladi mligi awit saking panguwaos lan panuntuning Sang Roh Suci piyambak.

Lelakoné Para Rasul 8:26-40 nyariosaken klawan cetha lelampahaning priyagung panjaga kaputrèn saking Étiopia anggènipun mratobat. Sanadyan saèstunipun, ingkang njalari tuwuhing pamratobat ing salebeting manahipun priyagung punika boten sanès inggih Gusti Allah piyambak, lumantar malaékatipun lan Sang Roh Suci. Parandéné sinten ta priyagung panjaga kaputrèn saking Étiopia ingkang dipun cariyosaken punika? Inggih punika priyagung ingkang pinangkanipun saking Sudan, wewengkon tapel watesipun Mesir sisih kidul. Inggih sami manggèn ing wewengkon punika inggih punika suku Hamit. Wondéné ingkang minangka nata agung inggih punika Ratu Sri Kandakhé. Miturut tata politik lan kabudayan,

papréntahan Karajan Romawi, saèstu nélakaken kawigatosan tumrap Étiopia. (Darmawijaya, 2006, hal. 115)

Sapérangan lakon lan wosing lelakon ingkang kacariyosaken wonten ing Lelakoné Para Rasul 8:26-40, inggih punika:

- **Filipus**
Ngatingalaken **pambangun turut** anggènipun ngèstokaken dhawuhipun Gusti: “*Ngadega lan mangkata!*”, “*Mronoa cedhakana!*” Radosan ingkang sepen nélakaken anggènipun sami ngèstokaken dhawuh, boten kapirsanan tyang kathah. Filipus makarya kalawan **inisiatif, pangatos-atos lan kreatif**. Sedaya dhawuhipun Gusti, kaparingaken tanpa gegambaran ingkang cetha. Nanging sedaya saged katindakna klawan becik ngantos rampung. **Pakaryanipun Filipus wonten kelajenganipun**. Sanadyan wonten ing pungkasaning cariyos, wonten pérangan ingkang sajakipun dados kekeranipun Gusti, inggih punika lakonipun Filipus ingkang sigeg lan ical makaten kémawon. Mbok menawi awit sampun netepi dhawuhipun Gusti, tinuntun déning Sang Roh Suci, Filipus nindakaken dhawuhipun Gusti sanèsipun. Tindakipun kalawan suka bingah. (Darmawijaya, 2006: 117).
- **Priyagung Panjaga Kaputrèn Étiopia**
Manggihaken wontenipun pérangan ingkang nutupi manah lan penggalhipun nalikanipun maos Kitab Suci. Pramila lajeng pratéla, “*Kadospundi anggèn kula saged mangretos, manawi boten wonten ingkang nuntun?*” Babagan punika nedahaken bilih piyambakipun kepareng dipun tuntun, kepareng dipun émutaken lan kepareng sinau. (Bonnie Andreas, 2012)

Pengalamaning gesang ingkang kaling-kalingan, anggènipun kepareng manunggal kalawan Gusti Allah, dipun alami déning Priyagung Panjaga Kaputrèn saking Étiopia punika. Sanadyan nélakaken pambudidaya murih wanuh kaliyan Gusti Allah srana pangibadahipun ing Yérusalèm, nanging tata panembahipun ing salebeting pangibadah dèrèng saged nyawabi piyambakipun mangertosi punapa ingkang dipun kersakaken Gusti Allah wonten ing gesangipun. Piyambakipun dèrèng saged mangertosi bilih sih katresnanipun Gusti Allah wonten ing Sang Kristus binabar nyata tumrap sagunging bangsa. Raos ajrih anggènipun netepi paugeraning agami ngalang-alangi piyambakipun mangertosi seratan wonten Kitab Yésaya 53:7-8 klawan pangertosan ingkang anyar.

Pangertosan ingkang anyar saking seratan punika, punapa ta? Inggih punika bilih Gusti Yésus Kristus, cempéning Allah ingkang kaulungaken wonten papan panyembelèhan, kanggé mratelakaken katresnanipun Gusti tumrap jagad. Pamiterang ingkang kaaturaken Filipus dhateng priyagung panjaga kaputrèn punika ingkang adamel piyambakipun nggadahi pangertosan ingkang anyar menggahing seratan punika, bilih sanyata Gusti Allah nresnani sagunging bangsa. Pangurbanan-Ipun sampun murwat, nuntun jagad ngayati sih katresnan-Ipun, ing salebeting patunggilaning manungsa lan Gusti.

Wosing Pirembagan:

1. Miturut pemanggihing panjenengan, punapa wosing pawartos ingkang kamot wonten ing waosan kitab suci punika?
2. Miturut pemanggihing panjenengan, katrangan ingkang boten gumathok nalikanipun priyagung panjaga kaputrèn Étiopia punika kabaptis, kedah kaparingan teges ingkang kados pundi?
3. Kados pundi patrapipun pasamuwan ngadhepi golonganing tiyang Kristen ingkang netepaken baptisan mawi tata cara ingkang tertemtu lan nganggep bilih cara punika ingkang paling leres?

4. Miturut pamanggih panjenengan, punapa ta bebayanipun fanatisme agami punika?
5. Lakon utami wonten ing Lelakoné Para Rasul inggih punika Sang Roh Suci. Ingkang punika, kados pundi maringi teges awit “icalipun” Filipus sapengkeripun mbaptis priyagung panjaga kaputrèn saking Étiopia? Punapa tegesipun tumrap gesanging kapitadosanipun pasamuwan ing jaman samangké?

Ilustrasi kanggé mbiyantoni lampahing pirembagan!

Sawijining dinten, wonten kalih wiku ingkang mapan ing papan pertapan. Kekalihipun saweg ngadhepi mangsa bedhidhing ingkang kalajeng-lajeng. Wusana sami katelasan lisah pirantining api-api kanggé mbentèraken raganipun. Salah satunggaling wiku lajeng ada-ada mendhet reca Budha ingkang kadamel saking kayu. Reca punika lajeng dipun sigar-sigar kadadosaken rèncèk. Rèncèkipun tumuli dipun obong, kanggé api-api. Mrangguli kawontenan ingkang kados punika, wiku sanèsipun kamitenggengen awit banget girisipun. Lajeng mbengok klawan sora, pitakèn dhateng réncangipun, “Généya reca Budha kok mbok obong?” Klawan kalem, wiku ingkang ngobong reca Budha punika mangsuli, “Cik bèn diénak atimu, Budha kang sejati ora bakal bisa kobong!”

(ISW/AJ)

“BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA”

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 1**

Waosan:
Rum 5:20-6:3

**Wangsul ing
Pangrengkuhing
Sih Rahmat**
ꦱꦶꦲꦫꦲꦩꦠ

1. WEKDAL SIDHEM

2. KIDUNG PAMBUKA

KPJ 71:1-2, “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”

1. Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumlegering gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta

Refrein:

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

2. Lamun nlasak tengahing wana-wasa
sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gumelar sesawangan adi. Refrein:

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG ÉPIKLÉSE

“Samangsa Anggegilut” (Bila Kurenung Dosaku, PKJ 37)

“Samangsa Anggegilit” (PKJ 37 “Bila Kurenung Dosaku”)

- 5 . 6 | 5 5 6 | 1 . 2 1 6 | 5 . 1 1 6 5 | 5 . .
 (1) Sa-mang-sa ngge-gi - lut do-sa ngar-sèng Pa - du - ka
 (2) Gu-me-dhe gu - mung-gung tansah a - nggi - ri go - dha
- 5 . 6 | 5 5 6 | 1 . 2 1 6 | 5 . 1 1 6 5 | 5 . .
 (1) tan kendhat ka - tin - dak-na mba-le - la Pa - du - ka
 (2) é - wa su - ja - na tu-ma - ma dha-tan ku - wa - wa

Reff. —
 1 . 2 3 3 2 | 3 . . 0 | 1 . 2 1 6 5 | 1 . . 0 | 5 . 6 1 2 1 | 1 . 2 1 6 |
 Sih piwe - la - sĕ Pa - ngayoman - ku ing sa-ngi-so - ring swi-wi-nĕ

5 . 6 1 2 1 | 1 . . 0 | 1 . 2 3 3 2 | 3 . . 0 | 1 . 2 1 6 5 | 1 . . 0
 Tentrem a - ti - ku Sih pi-we - la - sĕ Pa - nga-re - pan - ku

5 . 6 1 2 1 | 1 . 2 1 6 | 5 . 6 1 2 1 | 1 . . 0 ||
 A-drengé sih ka-se-tyanĕ tan-sah dak-an - tu

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Rum 5:20-6:3

6. WEDHARING SABDA

Wangsul Ing Pangrengkuhing Sih Rahmat

Rerantamaning gesang anggènipun sami dhèrèk Gusti inggih punika: ing satunggaling wekdal lan kalodhangan, kawula saged nglairaken sedaya dosa tuwin kalepatan wonten ngarsanipun Gusti, lajeng sami mratobat. Mbabaraken gesang anyar klawan sampurna ditanpa cacat. Wujudipun pamratobat, sepisan kanggé salami-laminipun.

Ėmanipun, kanyataning gesang asring nélakaken pérangan ingkang bènten. Pamratobat sing dosa kedah katindakna wongsal-wangsul lan makaping-kaping. Badhéa awit kejeglong wonten ing luwènging dosa ingkang sami, punapa déné kajiret ing dosa sanèsipun. Makaten ugi péranganing dosa ingkang boten dipun mangertosi

sadèrèngipun. Wusana, pamratobat karaosaken minangka pérangan ingkang dangu-dangu kaanggep sepélé lan ndadosna sayah. Punapa saèstu naté ngraosaken sayah awit wongsal-wangsul dhumawah ing dosa lan wongsal-wangsul kedah nélakaken pamratobat? Punika ingkang dipun wastani sawabing dosa. Wontena pangetrapipun paugeraning torèt, datan kawogan ngluwari manungsa saking sawabing dosa.

Lumantar seratipun ingkang kakintun dhateng pasamuwan Rum, Paulus mratélakaken: “*Nanging angger-anggering Torèt tumuli kawuwuhaké, supaya panerak dadi saya akèh,..*” (Rum 5:20a). Wondéné ing Kitab Suci terjemahan Baru, kaserat makaten: “*Nanging bareng angger-anggering Torèt kaparingaké, panerak dadi saya akèh*”. Paugeraning Torèt ingkang saèstunipun minangka pérangan ingkang becik lan saé, ing ngajenging manungsa malah njalari sawabing dosa sangsaya tuwuh lan misésa. Para durjana sangsaya adreng nindakakaken punapa kémawon ingkang dados awisaning paugeraning Torèt. Wondéné para ingkang ngupadi kamursidan, mbudi daya ing sauruting gesang, murih pangetrapipun paugeranipun Torèt kalawan jangkep lan sampurna. Tundhanipun sami pepes lan semplah awit sanyatanipun, ing ngajengipun paugeraning Torèt, pandamelipun manungsa datan naté jangkep lan sampurna.

Éwasemanten, Paulus mbacutaken pratélanipun kalawan tetembungan: “Déné ing ngendi kang dosané wuwuh akèh, ing kono sih-rahmat dadi saya lubèr.” (Rum 5:20b). Wondéné ing Kitab Suci Terjemahan Baru, sinerat, “*menawa dosa saya akèh, sih-rahmat dadi saya lubèr*.” Sanyata punika ingkang nganyaraken gesangipun umat. Sih rahmatipun Gusti ingkang sangsaya lubèr, nyingidaken dosadosing manungsa ingkang sangsaya kathah. Tinalesan ing pangandika punika, pamratobating dosa sami kapapanaken. Parang pitakènanipun: Punapa sih rahmat ingkang sangsaya lubèr njalari anggèn kita nindakaken dosa sangsaya kathah? Paring wangsulanipun Paulus, “*Babar pisan ora! Kita rak*

wis mati tumrapping dosa, kapriyé anggon kita isih padha bisa urip ing sajroning dosa mau?”(Roma 6:2).

Sanyata, nalikanipun kawula tumemen ngayati iman lan kapitayan kita; sangsaya nglengganani saklangkung katresnanipun Gusti anggènipun séda nggentosi kawula, sangsaya kawula sedaya kepingin ‘pejah’ nilar sedaya peranganing gesang ingkang lami. Lan sangsaya kita ndhadha sih rahmatipun Gusti ingkang lubèr ngekep kawula; manungsa ingkang dosanipun datan wilangan, sangsaya tumemen anggènipun sami nélakaken pamratobat wonten ing ngarsanipun Gusti. Pangrengkuhipun Gusti dhateng manungsa nélakaken; malah sadèrèngipun panelangsaning dosa kawedal saking tutuk lan lambé kita, saiba pangajinipun manungsa ing ngarsanipun Gusti. Nyawabi kebabaring gesang ing tembé langkung becik tinimbang gesang ing dinten punika. Nalikanipun Gusti ngekeb kita; malah sadèrèngipun jumangkah nyaketi Panjenenganipun, kawula nguningani yèn ta pamratobat punika boten ngemungaken boten nindakaken dosa malih, ananging gentos ngekeb Gusti, nresnani Gusti Allah nglangkungi katresnan kita tumrap sedaya punapa kémawon.

7. PANGIDUNG

KPJ 45:1-2, 4. “Anèng Ngarsané Gusti”

1. Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti
2. Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
4. Anèng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

8. PANDONGA

- Ngaturaken panelangsaning dosa tumrap sedaya dosa lan panerak ingkang taksih katindakna ngantos ari kalodhangan punika.
- Mbangun kekarepan utawi tekad, anggènipun gesang anyar ing salebeting sih katresnanipun Gusti Allah.

- Ngaturaken panuwun awit kebabaring pamratobat ingkang kebabar wonten ing para sedhèrèk patunggilan ing sakiwa-tengen kita.
- Nyadhong panjurung lan pitulunganipun Gusti Allah tumrapping para sedhèrèk ingkang mbudidaya gesang ing salebeting pamratobat lan mujudaken wohing pamratobat ing gesang saben dintenipun.

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ 77:1, 3, “Iba Adi Tuwin Éndahnya”

1. Iba adi tuwin éndahnya
Dinten ageng ingkang mulya.
Tiyang dosa wanuh Pamarta,
Samya nampi gesang nyata.
Gesang ing astaning Panutan
Inkang kebak kaayeman.
Sagung dosa sampun ical;
Mangkya ngrasuk gesang énggal
3. Tyang dosa dèn sami mirengna,
Yogya samya anilingna,
Napa sampun wanuh swaranya?
Lamun dèrèng, mangga samya
Énggal, umarek mring ngarsanya
Klayan éklas, manah suka.
Mung déning Yésus nggèn kita
Saged wangsul dhateng swarga.

(XND/AJ)

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 2**

Waosan:
Yérémia 33:3

PANDONGA



1. WEKDHAL SIDHEM

2. KIDUNG PAMBUKA

KPJ 31:1-3 “Swawi Pra Suci Nyawiji”

1. Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,
Sami ngabekti memuji mring Gusti.
Ajrih, sumelang, sedhih, lan kasangsaran
Ginantos kabegjan sihing Pangéran
2. Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbengrat,
Ngétang mukjijat lan gunging sih-rahmat.
Lubèring berkah sing swargi tansah tumrah,
Nyantosakken manah, nyirnakken semplah.
3. Di tansah ndedonga pasrah mring Sang Rama,
Miwah rumantya nglawan mring panggodha.
Amrih saliring tyang kang samya nyipati,
Dadya kepranan sami ndhèrèk Gusti.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG ÉPIKLÉSE

Tembang Karohanèn “Doa Mengubah Segala Sesuatu”

Saat keadaan sekelilingku
Ada di luar kemampuanku
Ku berdiam diri mencari-Mu
Doa mengubah segala sesuatu

Saat kenyataan di depanku
Mengecewakan perasaanku
Ku menutup mata memandangi-Mu
Sebab doa mengubah segala sesuatu

Doa orang benar bila didoakan
Dengan yakin besar kuasanya
Dan tiap doa yang lahir dari iman
Berkuasa menyelamatkan

Seperti mata air di tangan-Mu
Mengalir ke mana pun kau mau
Tiada yang mustahil di mata-Mu
Doa mengubah segala sesuatu

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yérémia 33:3

6. WEDHARING SABDA

Satunggaling cara ingkang gampil lan prasaja anggènipun pinanggih Gusti Allah, Sang Khalik lan mbangun sesambetan ingkang rapet kaliyan Panjenengan-Ipun, inggih punika ndedonga. Sanadyan ta makaten, boten sekedhik ing antawis kita ingkang rumaos kawratan nélakaken pandonga awit mawerni-werni pawadan ingkang kadamel. Saweg repot. Boten wonten wekdal. Boten saged ngrumpaka tetembungan. Rumaos nglaha awit pandonga ingkang dèrèng kaparingan wangsulan. Rumaos kedangon anggènipun nganti-anti kebabaring panyuwunan. Punapa malih menawi peparingipun Gusti karaos cengkah kaliyan punapa ingkang dados pangajeng-ajengipun. Wonten malih ingkang nggadhahi pawadan, sagedipun ndedonga nalika nampèni lelampahaning gesang ingkang awrat. Pawadan sanèsipun nélakaken pamanggih bilih Gusti Allah Maha Mirsa, mirsani lan nguningani punapa ingkang wonten ing prentuling

manah. Pramila boten perlu ndedonga. Saèstu mbetahaken ketlatosan, katemenan lan kasetyan anggènipun ndedonga.

Dadosna uninga bilih ndedonga punika sanès pilihan ananging satunggaling kabetahan. Kabetahan anggènipun ngraos-raosaken kerawuhanipun Gusti Allah ing sadhengah kawontenaning gesang. Ndedonga punika minangka patraping gesang para pitados ingkang samesthinipun kebakar wonten gesanging umat. Srana sesambetan ingkang rapet, ing antawising manungsa lan Gusti, kawula sangsaya kasagedaken nupiksani punapa ingkang dados kersanipun Gusti wonten ing gesang kita. Mangka gesanging manungsa rak inggih namung mangertosi lan nindakaken punapa ingkang dados kersanipun Gusti Allah ta?

Kitab Yérémia 33:3 nélakaken, “*Sesambata marang Ingsun, Ingsun mesthi bakal maringi wangsulan marang sira, lan Ingsun bakal paring sumurup marang sira, prakara-prakara kang gedhé lan kang sinamar, yaiku bab-bab kang ora sira sumurupi.*” Saking pangandika punika, wonten tigang prekawis ingkang saged kita bundheli.

1. Pambereg anggènipun sesambat dhumateng Gusti nélakaken perangan ingkang wigatos wonten ing gesanging manungsa. Rak inggih pandonga punika minangka ambeganing gesang tiyang pitados ta? Awit nalikanipun kita boten nemplok kaliyan Gusti, manungsa mangkènipun bakal pejah. Cundhuk kaliyan pangandika wonten ing serat 1 Tésalonika 5:17-18, ingkang nélakaken, “*Aja kendhat anggonmu ndedonga. Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang dikarsakaké déning Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus tumrap kowé.*” Kados pundia kémawon kawontenan kita, sesambata lan ndedongaa dhumateng Gusti.
2. Pangandel bilih Gusti Allah kepareng mangsuli pasambat kita. Ingkang asring dados prekawis, inggih punika bilih paring wangsulanipun Gusti punika asring dèrèng

nyondhongi ing panyuwunan kita. Malah asring cengkah kaliyan pangajeng-ajeng kita. Kamangka miturut pemanggih kita, punapa ingkang kita ajeng-ajeng, inggih punika ingkang paling trep tumraping gesang kita. Sanadyan ta makaten, kumandela bilih Gusti Allah punika langkung mirsa, nglangkungi punapa ingkang dados pangajeng-ajeng kita. Gusti Allah maringi punapa ingkang saèstu dados kabetahaning gesang kita. Yèn ta saèstu bilih Gusti Allah punika Maha Mirsa, rak sampun samesthinipun kawula sedaya sumarah punapa ingkang dipun kersakaken Gusti Allah wonten ing gesang kita.

3. Saèstunipun Gusti Allah maringi ingkang langkung. Sanadyan asring datan pinanggih nalar lan boten saged dipun mangertosi. Inggih punika ingkang dipun wastani kekeraning Allah ingkang boten saged ginayuh déning penggalhipun manungsa. Kejawi tumrap tiyang ingkang saèstu rumaket dhateng Panjenenganipun, kanugrahan narbuka wewados-wewados ingkang kaparingaken dhateng kita.

Pramila makaten, punapa malih ingkang dados pawadan déné kawula kok lumuh anggènipun ndedonga? Sumangga, kalawan tumungkul lan raosing manah ingkang asor, kinanthi ing katulusan; katumemenan lan kasetyan, kita tampi pangatag-atagipun Nabi Yérémia anggènipun sesambat dhumateng Gusti Allah. Boten ngemungaken awit wontenipun panyuwunan ananging ugi awit wujud ing raos sokur wonten ing ngarsanipun Gusti. Satemah dados renaning penggalhipun Gusti. Dadosna pandonga minangka patraping gesang ingkang utami minangka srana panggladhining karohanèn tumrap saben tiyang ingkang pitados. Wilujeng nindakaken pandonga lan mugi sami ngraosaken sesambetan ingkang rumaket. Manungsa lan Gusti. Gusti Mberkahi!

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 434:1-2 “Gusti Mugi Sampun Ngantos Nilar”

1. Gusti mugi sampun ngantos,
nilar kawula;
kula tansah ngraosaken
berkah Paduka.
Refrein:
Gusti, mugi nuntun kawula;
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
2. Gusti, mugi myarsakaken
pasambat kula;
awit kawula punika
putra Paduka. Refrein
3. Nggèn kula darbé panyuwun,
mung sih Paduka
ingkang dados paugeran
miwah landhesan. Refrein:...

8. PANDONGA

- Ngaturaken panuwun sokur awit sedaya pengalamaning gesang ingkang kebak kangèlan lan peranging karohanèn ingkang sampun kepareng dipun tanggurangi lan unggul sareng kaliyan Gusti Allah.
- Nyadhong kekiyatan lan semangat anggènipun nglajengaken gesang ngetut wingking Gusti minangka Pepadhanging Gesang.
- Nyadhong kaparingana katumemenan lan pambangun turut ing salebeting pandonga murih kebakaring sesambetan ingkang rumaket kalawan Gusti Allah.

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ 346a:1-3 “Ndedonga Lan Makarya”

1. Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya,
Mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami,
Murih tentrem raharja sumrambah sadonya.
Asmanya Kang Mamulya pinuji slaminya.

2. Ndedonga lan makarya kanthi sukarena,
Martosken Injil suci wrata ing sabumi,
Mrih sih rahmating Gusti tinampi sesami,
temah samya wilujeng sarta gesang langgeng
3. Ndedonga lan makarya di tansah waspada.
Yèn tinempuh panggodha tan gumiwang tiba,
Manggul salibing Gusti, manut ing préntahnya;
Tansah setya ngabekti lan manteb pracaya.

(KA/AJ)

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 3**

Waosan:
Matius 4:1-11

**Siyamipun Gusti
Yésus**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 34: 1-2 “Ulukna Pamuji”

1. Ulukna pamuji kanthi trusing ati
hé titah mring Gusti Allah
kang setya lan mahamirah,
wit sira rinoban berkah.
2. Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira wong kang pracaya
mring Allah sumbering berkah;
wit sira sinung raharja.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 197. “Kula Sampun Siyaga”

1. Kula sampun siyaga, Gusti;
sumadya nampèni sabdamulya.
Kula sujud manembah Gusti,
marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah
dhumateng kawula ing samangkya.
Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
Sabda Paduka datan èwah gingsir saking mula buka;
ugi sapunika wah salaminya.
Sabda Paduka wonten gesang kula.
Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

5. PAMAOSING KITAB SUCI : Matius 4:1-11

6. RENUNGAN

SIYAMIPUN GUSTI YÉSUS

Donald Whitney ing buku seratanipun kanthi jejer “*Disiplin Rohani 10 Pilar Penopang Kehidupan*” ngendikakaken : “Kristus mboten namung mulangaken para muridipun siyam, nanging Panjenenganipun piyambak siyam...” (Donald Whitney, kaca 199). Punapa ingkang dipunngendikakaken Whitney punika leres. Amargi sadèrèngipun Yésus memulang bab siyam (pasa) ingkang sinerat ing Matius 6:16-18, Panjenenganipun langkung-rumiyin nindakaken siyam. Pramila, srana siyamipun Yésus punika, kita saged sinau magepokan kaliyan siyam punika:

1. Siyamipun Gusti Yésus nedahaken bilih panjenenganipun punika Guru Agung

Yésus pantes sinebat minangka Guru Agung, amargi Panjenenganipun mboten namung wasis memulang, nanging ugi wasis nindakaken punapa ingkang dipunwulangaken. Mboten kados ing bebasan: “gajah diblangkoni, bisa ngojahi ora bisa nglakoni.” Yésus punika Guru ingkang saèstu *konsistèn* kaliyan punapa ingkang Yésus wulangaken. Sadèrèngipun Yésus memulang bab siyam (Matius 6:16-18), Panjenenganipun langkung-rumiyin nindakaken siyam. Pramila punika kathah tiyang sami kaéraman kaliyan piwulangipun Yésus. Matius 7:28,29 ngendikaken: “*Kacarita, bareng Gusti Yésus wus mungkasi pangandikané iku mau, wong kabèh padha gumun banget marang piwulangé, jalaran anggoné mulang kaya kang kagungan panguwasa, ora kaya para ahli Torèt.*” Karawuhanipun Yésus maringi warni ingkang benten ing “jagading piwulangan”. Amargi caranipun Yésus memulang bènten

kaliyan caranipun guru-guru agami (ahli Torèt) memulang. Para tiyang punika namung wasis memulang nanging mboten wasis nindakaken. Satemah piwulangipun, nambahi momotaning gesangipun umat-agami rikala semanten. Gusti Yésus ngendika: “*Padha mbongkoki gegawan kang abot-abot banjur ditumpangaké ing pundhaking wong, nanging dhèwèké dhéwé ndumuk baé ora gelem.*” (Matius 23:4). Satemah saged dipunwastani bilih *kurikulum* piwulangan agami ahli-ahli Torèt punika sanès “*kurikulum merdéka*” nanging “*kurikulum ingkang nindhes.*” Sayektosipun, wontenipun agami punika kedahipun, ndadosaken gesanging umat mardika! Mboten malah kosok-wangsulipun, mbekta panindhes lan nambahi momotaning umat manungsa! Kadospundi tumrap piwulang Kristen? Punapa sampun saged damel gesangipun umat manungsa mardika?

Donya ing jaman sapunika ketalipun mboten mbetahaken “piwulangipun Kristus.” Amargi piwulangipun Kristus sampun sumebar wrata ing jagading *internèt*. Sedaya tiyang saged lan gampil *ngaksès* utawi ngranggèh mawi *google, youtube, médsos (média sosial)*, utawi *média internèt* sanèsipun. Nanging ingkang dipunbetahaken donya ing jaman sapunika inggih punika karyanipun Kristus ingkang saèstu nyata katindakaken déning para tiyang pitados, ingkang mitadosi bilih Yésus Kristus punika Gusti.

2. Siyamipun Gusti Yésus nedahaken bilih siyam punika taksih dipunbetahaken.

Siyamipun Gusti Yésus nedahaken bilih rawhipun Gusti Yésus ing donya punika sanès kanggé nyuwak siyam. Nanging kanggé ngleresaken tumindak ing siyam ingkang maksudipun klèntu, kados-déné ingkang katindakaken déning para tiyang Farisi lan ahli Torèt (Matius 6:16-18). Maksud siyam ingkang klèntu ingkang dipunèngetaken Gusti Yésus inggih

punika siyam supados katingal utawi kaalembana déning tiyang. Krana punika ugi mbokbilih (supados mboten katingal déning tiyang), Yésus siyam ing ara-ara samun ingkang sepi. Pramila makna “ara-ara samun” ing ngriki saged ugi ateges supados mboten katingal déning tiyang.

Kita pantes ngucap sokur, déné ing tradhisi GKJ lan GKI taksih nguri-uri siyam. Mangsa siyam biasanipun katindakaken salaminipun 40 dinten, ingkang kawiwitan ing dinten Rebo Awu. Sinaosa sejatosipun kita ugi saged nindakaken siyam sacara pribadi, ing sajawining Mangsa Paskah. Lan ingkang paling baken saking sedaya punika, sumangga kita mujudaken siyam kados ingkang dipunwulangaken Gusti Yésus, inggih punika siyam ingkang mboten kanthi maksud supados katingal déning tiyang .

3. Siyamipun Gusti Yésus mulangaken bilih manungsa punika namung gumantung ing Gusti.

Ing hakékatipun, siyam punika wujud guman-tunging gesangipun manungsa wonten ing Gusti. Nalika Gusti Yésus siyam, Panjenenganipun nembé memulang kita supados kanthi saèstu kita namung gumantung (mboten setengah-setengah) wonten ing Gusti. Karana pacobèn-pacobèn ing gesang sapunika mboten saged kita adhepi kanthi kekiyatan raga, inggih punika kanthi tetedhan ingkang lumebet ing raga kajasmanèn kita. Nanging kanthi tetedhan “tan raga” (*non fisik*) inggih punika pangandikanipun Gusti. Karana punika Gusti Yésus naté ngendika: “*Uripé manungsa iku ora mung saka roti baé, nanging saka sakabèhing sabda kang miyos saka ing lésaning Allah*” (Matius 4:4). Karana ingkang kita tandhingi punika sanès daging lan getih. Nanging para rohing kadursilan kang ana ing langit. (Éfesus 6:12)

Siyam punika gegaman “tan raga” ingkang kita ginakaken nglawan pacobèn-pacobèn saking iblis. Nalika raga kita ringkih tanpa daya karana siyam, ing

kawontenan punika kita dipunèngetaken bilih semanten wigatosipun menawi kita namung gumantung wonten ing Gusti. Mboten kosokwangsulipun kadosdéné para tiyang Farisi lan ahli Torèt, ingkang nindakaken siyam kanthi pamrih supados dipun tingali tiyang lan angsal pangalembana. (Matius 6:16-18)

Ing pungkasanipun kita saged ningali, bilih srana siyam Yésus saged ngawonaken iblis. Lan kita ugi saged ngawonaken iblis srana siyam ingkang kita tindakaken. Menawi siyam kita dados wujud gumantunging gesang kita kanthi saèstu wonten ing Gusti. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 442 :1-2 “Kula Kaparengna Caket Gusti”

1. Kula kaparengna caket Gusti
mrih tentrem ing driya siyang ratri
Kasetyan Paduka nganthia slaminya,
tansah ambabarna kamulyan swarga.
2. Nadyan kaoncatan ing pepadhang
awit ngraosaken gung panandhang,
sèstu tansah panggah nggèn kula gondhèlan,
lamun Gusti nganthi, sung pitulungan.

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PAMUJI

Kidung KPJ 124:1-2 “Kula sèstu ndhèrèk Gusti”

1. Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèn janji tan wigih* karibedan
Ref. Dhuh nyawaku ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
2. Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi sira. *Ref.*
wigih* = *wegah*

[YR/HW]

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 4**

Waosan:
Lukas 23:34

Ngapunteni



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 5 :1-2 “Dhuh Pangéran”

1. Dhuh Pangéran Ingkang Maha Suci,
kula sami marek tetunggilan.
Salir bangsa salumahing bumi
amemuji asmané Pangéran.
2. Gusti tresna mring kula sadaya,
saking kilèn miwah saking wétan,
sami nunggil klayan Sang Pamarta,
Yésus Kristus kang dados Panutan.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 435 :1,3 “Gustimu Kepareng Mundhut”

1. Gustimu kepareng mundhut papan anèng atimu
Resik ana dimèn patut, Gustimu karsa lumebu!
Ref. Rungokna pangandikanya, aja padha semaya!
Nyawisna papan mring Gusti, anèng sajroning ati!
3. Rahayu tyang kang samekta, saos papan mring Gusti;
antuk padhanging wardaya, kang tedhak saking swargi.
Ref.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: LUKAS 23 : 34

6. RENUNGAN

“NGAPUNTENI”

Ngapunteni punika salah satunggaling prakawis ingkang mboten gampang katindakaken. Pancèn leres ngapunteni punika gampang kaucapaken, nanging asring kita mboten kasil salebeting maringi makna tembung ngapunteni sarta nindakaken kanthi leres. Pancèn tetembungan “*ya aku ngapurani sliramu*” kelangkung mirah kaucapaken nanging awis kalilaaken wonten ing manah. Mbokmenawi tutuk lan tangan kita kasil nata ukara sandiwara ingkang nedahaken ngapunteni, nanging isining manah kita, sinten ingkang mangertosi? Punapa kita saèstu nglilaaken tatuning manah kita lan paring pangapunten sacara wetah?

Pitakènan selajengipun inggih punika: ngantos dumugi kapan kita terus kémawon ngapunteni kanthi lelamisan? Punapa punika badhé damel manah lan pikiran kita dados jenjem? Patrap ngapusi manah punika sanès pilihan ingkang saé kanggé kita lampahi ing gesang kita. Kados ingkang kita mangertosi, nalika momotan tatuning batos tansah kémawon kita simpen ing pikiran utawi manah kita, tatu ingkang kita sandhang badhé ngambra-ambra.

Lajeng punapa ingkang kedah kita tindakaken ing prakawis punika? Nggih, kita kedah ngrampungaken kanthi tuntas. Mbokmenawi kita sampun nindakaken. Kita sampun paring pangapunten senadyan ingkang kita tindakaken dèrèng kanthi tulus saking telenging manah. Nanging ing sisih sanès, krana punika kita angsal kemareman. Wonten ingkang ing wekasanipun saèstu saged ngapunteni kanthi tulus lan leres. Wonten ugi ingkang sampun ngapunteni, nanging dèrèng manggihaken aosipun ingkang dipuntindakaken punika, utawi namung *formalitas* utawi ila-ila kémawon. Akibatipun inggih punika, pangapuntenan dèrèng kelampahan lan tatuning batos dados oyod pait ingkang

tansah tumèmpèl sarta kabekta ing pundi kémawon saha ing kawontenan punapa kémawon ing gesangipun.

Pramila, pancèn ngapunteni punika prakawis ingkang mboten gampang. Ngapunteni mbetahaken pam-budidaya ingkang ageng, amargi kita kedah nglilaaken dhiri kita ketaton lan nambani tatu-tatu punika. Punapa ingkang dados jalaranipun, satemah kita angèl nindakaken lan ngraosaken dayaning tambanipun? Kacondhonganipun manungsa inggih punika pepinginan migatosaken dhirinipun piyambak ingkang kelangkung kiyat, satemah nalika ngadhepi kanyatan saantawising nglawan utawi dipunkalahaken, biasanipun kita milih nglawan kanggé menang. Krana punika gesang karaos marem.

Gusti Yésus maringi tuladha ngapunteni. Caranipun inggih punika srana ngluwari raos lan penggalihanipun saking pepinginan rumaos dhiri marem nalika ningali tiyang sanès dipunkalahaken. Panjenenganipun mboten karsa males babar pisan dhateng tiyang ingkang sami tumindak maèka, nyiksa lan nyalibaken Panjenenganipun. Pangandikanipun ing kajeng salib: *“Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugè Paduka apunten, amargi sami boten mangretos punapa ingkang dipuntindakaken.”* Punika babaring pangapuntenan ingkang katindakaken déning Gusti Yésus. Panjenenganipun mboten namung ngapunteni, nanging ugi paring piwulang tetuladhan bab pangapuntenan. Ing kanyataning raga ingkang semanten lungkrah, lan manah ingkang kamomotan awrat Panjenenganipun paring pangaputen sacara wetah lan tuntas.

Temtu kémawon salebeting manah kita sami pitakèn; *“Wis lumrah Panjenengané punika Gusti, dudu kita manungsa?”* Inggih, Panjenenganipun punika Gusti, nanging ugi manungsa sawetahipun. Panjenenganipun ugi kagungan raos, ugi saged ngraosaken sakit. Panjenenganipun ugi saged ngraosaken kuciwa, panandhang lan raosing manah sanèsipun nalika semanten. Panjenenganipun ugi mangertos lan mboten naté kesupèn dhateng sinten kémawon lan punapa kémawon ingkang katindakaken ing ngarsanipun. Nanging

karana katresnanipun dhateng manungsa, Panjenenganipun mboten tumuju dhateng sinten lan pandamel punapa ingkang dipuntindakaken, nanging linangkung menggaliaken pamulihan gesang miwah patunggilan. Panjenenganipun kabereg déning welas asih ingkang tulus nalikanipun manungsa mboten mangertosi patrap pandamelipun. Dosa sampun nutupi rumangsaning manahipun manungsa. Ing katresnan lan pangajeng-ajeng, Gusti Yésus nyuwunaken pangapunten kanggé manungsa sangajengipun Allah Rama.

Nalika kita ngakeni dados pendhèrèkipun Kristus, pramila kita ugi kedah manut karsanipun Kristus, kalebet ing bab ngapunten. Gusti Yésus sampun paring tuladha dhateng kita bab kadospundi kita ngapunten. Sampun samesthinipun kita ugi purun sinau lan nindakaken pangapuntenan punika kanthi saèstu. Kita kedah mekak égo kita, mbikak dhiri kanggé linangkung nresnani lan gesang ing panampèn, sarta ngraos-ngraosaken sedaya ingkang kelampahan sakiwa-tengen kita miturut paningalipun Gusti Yésus. Nalika kita maringi pangapunten, paningal kita mboten tumuju malih dhateng kalepatanipun tiyang ingkang natoni kita, nanging linangkung tumuju dhateng katresnan sejati tumrap sesami lan Gusti.

Pramila sedhèrèk, enerna paningal panjenengan dhateng Yésus lan wilujeng ngapunten sesami kanthi saèstu, Gusti Yésus mberkahi. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 446:1,3 “Nalika Ngambah Margi Kang Sepi”

1. Nalika ngambah margi kang sepi,
giris uwas manah kula.
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
mugi tansah angamping ampingi.

Ref. Mlampah pyambak datan kedugi
Gusti mugi anganthi

Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti

3. Lamun thatit kilat sesamberan,
peteng ndhedhet lelimengan.
Manah kula kekes tan kantenan,
nanging Gusti paring pitulungan.

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- Nyuwun pangapuntenan awit kalepatan pribadi lan brayat kita.
- Nyuwun supados kasagedaken kanggé kuwagang ngapun-
teni kanthi linangkung saèstu.
- Dongaaken lan nyuwunaken berkah dhateng tiyang
ingkang natoni kita.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 395 :1-2 “Sawatara Aku Nolèh”

1. Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,
sihé Gusti kang dak tanpa kanthi éraming ati.
Sanadyan akèh alangan wah kandhang lelimengan,
nanging Gusti karsa nuntun, mulané aku ngungun,
wit asta ning Allah ngreksa, temah rumangsa begja
2. Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaéraman wit tansah binerkahan.
Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa?
Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

[OBz/HW]

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 5**

Waosan:
Èfesus 4:28

**Kanggé
Dhiri Pribadi
lan Sesami**


1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 23:1,3 “Puji Mring Allah”

1. Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisésa.
Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gusti ning pratitah.
3. Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu percaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 279:1,3 “Yèn Mandeng Salibing Gusti”

1. Yèn mandeng salibing Gusti, pucaking kasangsarané,
sagung dosa dakgetuni, wit sampurna lelabeté.
3. Gusti séda, nebus dosa, nglabeti tiyang sadonya;
sèstu nggih tumrap kawula, ngraosaken sih Paduka.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Éfesus 4:28

6. RENUNGAN

Kanggé Dhiri Pribadi lan Sesami

Ing jaman modèrn sapunika, sikep gesang *individualis* (menggalihaken dhiri pribadi) sangsaya cetha ketingal. Sangsaya kathah tiyang ingkang mburu kabetahanipun piyambak tanpa nggatosaken kawontenan lan kabetahanipun tiyang sanès. Wonten tiyang ingkang mbangun griya ingkang wiyar panggénanipun satemah ilèning toya jawah sami dhawah ing plataran lan griyanipun tetanggi. Wonten ugi ingkang mapanaken *sèptic tank* cecaketan kaliyan sumuripun tetanggi amargi mboten wonten komunikasi satemah sumur punika jember-mboten resik lan mboten saged kaginakaken malih. Wonten tiyang sepuh ingkang mbereg anak-anakipun supadhos suksès nanging mboten kabereg kanggé preduli lan nggatosaken sesami. Prakawis punika ndadosaken anak punika tuwuh tanpa *émpati* (ngraosaken punapa ingkang dipunraosaken tiyang sanès), satemah mboten gumun anak punika ketingal sopan ing griyanipun piyambak nanging saged kémawon dados laré ingkang remen ngina lan nyakiti kanca-kancaipun (*bullying*) ing sekolah.

Sikep ingkang ndadosaken dhiri pribadi minangka punjering gesang biasanipun tuwuh wonten ing tetiyang ingkang dèrèng rampung kaliyan prakawisipun piyambak. Tegesipun tiyang punika rumaos dèrèng kalimputan sih-katresnan, kirang kawigatosan utawi dèrèng kacekapan kabetahan gesangipun. Raos dèrèng cekap punika ingkang ndadosaken tiyang punika namung nburu kacekapanipun dhiri pribadi. Karana *fokus* dhateng pribadi, ngantos mboten preduli kaliyan kawontenan sakiwa tengenipun.

Dhateng pasamuwan kitha Éfesus, Rasul Paulus maringi wejangan lan ngèngetaken supados pasamuwan gesang minangka manungsa anyar. Prakawis punika wigatos karana pasamuwan sampun sinau bab Kristus ingkang sampun maringaken gesangipun kanggé kawilujenganing jagad. Rasul Paulus ngersakaken supados pasamuwan mboten damel Sih-Rahmatipun Gusti dados muspra tanpa

gina krana gesang ingkang badhé sirna, inggih punika gesang ingkang kesasar déning nepsu kadagingan.

Salah satunggaling bab ingkang dipuntindakaken inggih punika sampun mboten nyolong malih, nanging nyambut-damel kanthi tumemen supados pametunipun saged kanggé mbiyantu sesami ingkang kekirangan. Pancèn radi mboten lumprah kanggé napsiraken bilih saantawising warga pasamuwan wonten ingkang pakaryanipun nyolong ing satengahing raménipun palabuhan Éfesus ingkang sami nindakaken olah-dedagangan. Nanging samboten-mbotenipun wejanganipun Rasul Paulus nélakaken ingkang **sepisan** bab wigatosipun kanggé mboten nglampahi gesang ingkang cengkah kaliyan karsanipun Gusti Allah. Ingkang **kaping kalih** bab wigatosipun nyambut-damel kanthi tumemen lan jujur kanggé nyekapi kabetahanipun piyambak, mboten mundut ingkang sanès hakipun. Ingkang **kaping tiga** supados krana pametu ingkang jujur, tiyang saged dados talanging berkah kanggé sesami.

Sikep nindakaken karsanipun Allah, tumemen mbudidaya pametu kanggé nyekapi kabetahanipun piyambak lan dados talanging berkah kanggé sesami samesthinipun ngènetaken pasamuwan Éfesus bab tuladhanipun Rasul Paulus. Tiyang ingkang sewaunipun nganiaya pasamuwan, wewah dados tiyang ingkang tumemen nindakaken dhawuh-timbalanipun Allah minangka juru-pawartos Injil. Kanggé nyekapi kabetahaning gesang lan peladosan, Rasul Paulus ugi kanthi tumemen makarya dados tukang tarub (téndha) supados mboten dados momotaning tiyang sanès. Karana tumemenipun, peladosanipun Rasul Paulus dados margi lairipun pasamuwan-pasamuwanipun Gusti ing tanah Asia-Cilik lan Éropa sisih Kidul ingkang pitados, mratobat, kabaptis lan kawilujengaken wonten ing Yésus Kristus.

Karya kawilujenganipun Allah ingkang kababar srana pangurbananipun Yésus Kristus nedahaken bilih Allah ngersakaken tatanan gesang anyar, inggih punika gesang ingkang kapulihaken sesampunipun manungsa dhumawah

ing dosa. Ing gesang ingkang kapulihaken punika, ketingal bilih Allah ngersakaken supados manungsa mboten gesang namung kanggé dhirinipun piyambak. Karana sikep ingkang mekaten punika dados margining manungsa dhumawah kagodha kepéngin kadosdéné Allah?

Pangurbananipun Yésus Kristus kelangkung mulya kanggé dipunlirwakaken srana nindakaken pandamel ingkang asor ingkang ancasipun namung kanggé marem-aken dhirinipun piyambak. Mugi para pendhèrèkipun Kristus sami tumemen tumandang ing karyanipun Allah kanggé mulihaken jagad, kanthi tumemen lan jujur nyambut-damel, kejawi kanggé nyekapi kabetahanipun piyambak temah mboten dados momotanipun tiyang sanès, ugi minangka wujud ajrih-asih lan pangucap-sokuripun dhateng Gusti Allah ingkang sampun paring kawilujengan. Nalika tiyang pitados saged nyekapi kabetahanipun piyambak, pramila gesangipun tiyang pitados mboten dados pepalang utawi momotaning tiyang sanès. Ugi langkung saé malih, menawi saged woh-pametu karyanipun kaginakaken dados talanging berkah kanggé sesami ingkang mbetahaken satemah sesami ugi saged ngraosaken katresnan, kamirahan lan pangrimatipun Allah Rama wonten ing gesangipun.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 431:1-2 “Gusti Adhawuh”

1. Gusti adhawuh yèn kita sami
kinèn kadya lilin kang amadhangi
supaya saben wong padhang ing ati,
wah anggluhuraké Hyang Ma suci
2. Saka suwarga Gusti mirsani
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.
Gusti ya mirsa, apa kita iki
urip kadya lilin kang madhangi.

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- Ngucap sokur awit sedaya pakaryan ingkang Gusti pitadosaken dhateng kita.
- Nyuwun kekiyatan lan semangat kanggé makarya kanthi tumemen lan tanggeljawab.
- Nyuwun kaparingana daya émpati lan rila dados talanging berkah tumrap sesami, linangkung ingkang saèstu mbetahaken.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 452 :1-2 “Tekading Manah Kawula”

1. Tekading manah kawula, tansah ndhèrèk mring Gusti, yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.

Ref. Margining salib ingambah,
mbangun turut mring Allah.
Mbabarken tresna sejati,
mrih jagad tentrem basuki.

2. Kula sèstu ndhèrèk Gusti, ngantos slami - laminya, martosken Injil Suci, dimèn samya waluya. *Ref.*

(GPY/HW)

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 6**

Waosan:
Yohanes 13:21-30

**Makarya
Kanthi Bingah
Tanpa Kuciwa**
☪

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 257:1-2 “Gusti Yésus Sinalib”

1. Gusti Yésus sinalib sinrahken Allah priyangga,
karsa nyangga paukuman myang laknat,
dados lintuning berkat.
2. Gustiku kang sinalib, pasrah pyambak mring sédané,
supayané aku padha slameta,
sihé winangsulana.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 125:1,3 “Lamun Kula Mlampah”

1. Lamun kula mlampah nèng margining Allah,
kula sèstu ngraosken bingah.
Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu
mring tyangkan pitados satuhu.
Ref. Mung sawiji kabegjan sejati,
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.
3. Iba begja kula, sajroning ginodha
kiniyatken déning sabdanya.
Rineksa rinimat tan dhawah tan lesah,
wit saking sih-rahmating Allah. *Ref.*

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yohanes 13:21-30

6. RENUNGAN

Makarya Kanthi Bingah Tanpa Kuciwa

Nalika mireng tembung “makarya,” utawi nyambut-damel saged kémawon damel sawetawis tiyang dados eneg. Kénging punapa? Karana makarya biasanipun nggadhahi makna kanthi rekaos sanget, *rutinitas*, nelasaken kawigatosan, wekdal lan tenaga ingkang tansah damel bosen karana nindakaken ingkang dèrèng temtu dipunremeni.

Tetembungan “*I Hate Monday*” (aku gething dina Senèn) nélakaken saèstu awrat manahipun manungsa nalika kedah makarya, sinaosa piyambakipun ugi émut bilih srana makarya, kabetahaning gesangipun saged kacekapan. Mekaten ugi tetembungan “Tanggal tua” lan “Tanggal enom” tumrap tiyang ingkang nyambut damel, punika nélakaken bilih manungsa dados bingah nalika angsal pametu utawi gaji (upah) lan dados sedhih nalika pametu utawi gaji ingkang katampi gunggungipun suda, kantong sekedhik utawi malah ngantos telas.

Tiyang ingkang nggadhahi pangertosan ingkang mekaten pancèn tetep badhé makarya, nanging sinarengan panggrundel amargi rumaos kapeksa. Tandang damelipun namung kanggé jejibahan *formalitas* kémawon. Salajengipun, pituwasiipun nggih namung angsal upah saha pikiran lan raga ingkang sayah. Sinaosa menawi dipuntingali ing kanyatanipun, tiyang punika makarya namung manut awakipun piyambak lan asring ngendhé-endhé wekdal.

Tiyang ingkang ancas (tujuan) makaryanipun namung kanggé mburu upah, *fasilitas* utawi kalenggahan condhong gampil horeg. Punika saged kalampahan nalika piyambakipun ningali tiyang sanès ketinggal linangkung kasil utawi *sukses*, dumugi wekdalipun pènsiun utawi dumadakan dipunlèrèhi saking pakaryanipun. Tiyang punika dados bingung karana rumaos sampun mboten nggadhahi ancas kanggé kabudidaya. Langkung mbabayani malih menawi ngrumaosi menawi margi ingkang katempuh utawi ancas ingkang kabudidaya kanthi rekaos dumugi sapriki jebul klèntu utawi muspra, tebih saking pangajeng-ajengipun.

Kanyatan ingkang mekaten saged damel tiyang nglampahi gesang salajengipun ingkang winates punika kanthi kebak raos getun lan kuciwa.

Kitab Suci ngendikakaken bilih manungsa kedah makarya. Nalika manungsa kabucal saking patamanan Èden, Gusti Allah ngendika: “*Anggonira mangan rejeki bakal kalawan kringeten rainira.*” (Pd. 3:19a). Dhateng bangsa Israèl ing gunung Sinai, Gusti Allah ngandika: “*nem dina sira nyambuta gawé lan nglakonana sapagawéanira kabèh.*” (Pa. 20:9). Dhateng tiyang Yahudi, Gusti Yésus ngandika: “*RamaKu nindakaké pakaryan nganti sapréné, mulané Aku iya uga nglakoni pagawéanKu.*” (Yoh. 5:17b). Lan dhateng pasamuwan ing Tésalonika, Rasul Paulus ngandika: “*wong kang ora gelem nyambut-gawé iku iya aja mangan.*” (2 Tes 3:10b). Mila nalika pendhèrèkipun Kristus wekel makarya, ateges ugi sampun nedahaken bilih piyambakipun sampun nindakaken pangandikanipun Gusti.

Waosan dinten punika manggihaken kita kaliyan Yudas Iskariot. Ing dalu dungkap kacepeng, Gusti Yésus ngawontenaken kembul bujana sesarengan para murid. Pambujanan punika dados sarana Gusti Yésus maringaken piweling lan dhawuh pungkasan supados katindakaken déning para muridipun. Ing saantawising pambujanan punika, Gusti Yésus ugi paring pangandika bilih wonten salah satunggal saantawising para murid ingkang badhé ngulungaken Yésus. Injil Yohanes nyariyosaken bilih sesampunipun nampèni roti, Yudas ènggal-ènggal késah nindakaken pakaryanipun sinaosa wekdalipun sampun dalu. Punapa ingkang mberek Yudas kanggé sat-set makarya tanpa ngendhé-endhé wekdal?

Kitab-Suci paring paseksi bilih karana patrap cidranipun Yudas, piyambakipun nampi arta 30 sèkel pérak ingkang ing wekdal semanten reginipun sami kaliyan setunggal tiyang batur tukon. Temtu punika saèstu nggodha piyambakipun minangka tiyang nglembara ingkang tebih ing kamuktèn. Mila ancasipun Yudas cetha inggih punika mburu kauntungan kanggé dhirinipun piyambak, sanadyan srana

ngorbanaken gurunipun. Nanging ing pungkasanipun Yudas keduwung nggetuni pandamelipun. Ing pungkasanipun Yudas sadhar bilih ancas pandamelipun punika lepat. Nggih mung émanipun Yudas ngrumaosi menawi pandamelipun punika mboten bakal kaapnten. Ing pungkasanipun salebeting raos kuciwa lan keduwung ingkang lebet punika, Yudas milih ngukum dhirinipun piyambak kanthi cara nglalu.

Kita saged sinau saking Gusti Yésus. Kita saged nuladhani sedaya karyanipun. Panjenenganipun kagungan ancas ingkang cetha satemah kuwagang damel rantaman lan nindakaken saben lampahing karya kanthi yektos. Sedaya pacobèn ingkang badhé nebihaken saking ancas dipunadepi Gusti Yésus kanthi saé. Nalika wekdalipun dumugi, Gusti Yésus mboten ngendhé-ngendhé malih, kanthi teteg jumangkah tumuju Golgota kanggé nindakaken karsanipun Sang Rama srana dados korban sampurna kanggé kawilujenganing jagad. Mboten wonten sikep égois miwah raos keduwung, ingkang wonten namung pasrah sumarah dhateng karsanipun Sang Rama.

Keduwungipun Yudas lan sikep tetegipun Gusti Yésus nyadharaken kita supados nggaliaken kanthi permati nalika kita nemtokaken ancas gesang. Ancas punika badhé dados dhasar nalika kita ngarahaken gesang kita, kalebet dados *fokus* utawi underan lan semangat ing karya. Kados Yudas, keputusan ingkang sembrana biasanipun dipundhasari déning nepsu sawetawis wekdal kémawon, lan pandamelipun ngantos ngorbanaken lan natoni tiyang sanès, nanging pituwasipun namung raos kuciwa. Pancèn rikat, nanging lepat.

Kosokwangsulipun, Gusti Allah damel rantaman ingkang gumathok bab karawuhanipun ing jagad wonten ing Yésus Kristus, satemah sedaya lampahing rantaman saged dipunlampahi kanthi yektos. Kanyatan punika kabukti sesampunipun Gusti Yésus sumengka ing Swarga, karya kawilujenganipun Allah tansah lumampah srana karyanipun para pendhèrèkipun Gusti ing saindenging jaman lan papan

temah mboten wonten kuciwaning raos awit muspranipun pambudidaya lan karyanipun.

Sumangga sami nyuwun kawicaksananipun Gusti supados kita wicaksana salebeting nggalihaken lan selajenganipun nemtokaken ancas gesang supados luar saking raos kuciwa. Sesampunipun ancas katetepaken, sumangga makarya kanthi saèstu kanggé mujudagen kanthi wicaksana, tanggel-jawab, disiplin, sat-set tanpa ngendhèndhé wekdal kanthi tetep nyumèndhèkaken dhiri dhateng berkah pananthinipun Gusti.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 136:1,3 “Rahayu Wong Wedi-Asih”

1. Rahayu wong wedi asih mring Pangéran Yéhuwah, ramèng gawé sepi pamrih, kasengsem sabdèng Allah. Wong bener wah ngabekti slamanya dèn berkahi lan turuné lestari.
3. Wong loma sinung kabegjan, slamanya kinasihan: wong jujur tulus ing lampah, tansah rinoban berkah piala tan medèni, wit pracaya mring Gusti rineksa ing Hyang Widi.

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- Ngucap sokur awit sedaya pakaryan peparangipun Gusti.
- Nyuwun supados ingkang nembé pados pakaryan énggal kaparingan.
- Nyuwun kekiyatan lan semangat kanggé makarya kanthi tumemen miturut karsa lan rantamanipun Gusti.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 450:1,3 “Sumangga Makarya”

1. Sumangga makarya, para utusan setya ngundhangaken kabar adya, sih rahmat saking swarga, mrih tyang kang peteng manahnya, dadya padhang lejara. Sumangga samekta, tansah makarya.

3. Sumangga makarya, klayan mantep ing driya,
manggul salibing Sang Kristus mbélani kang siniya.
Kang tinindhes sinangsara,
bingar, tentrem gesangnya.
sumangga samekta, tansah makarya.

(GPY/HW)